# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

СЕНТЯБРЬ • 2018 • ОКТЯБРЬ

5



5

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2018

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2018

# Псалъащхьэхэр


**«Iуащхьэмахуэ» журналыр илъэс 60 ирокъу**

**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Сыт щыгъуи ди гъусэ гурыфIыгъуэ.......................... 3

**ЖьантIэ**

*УсакIуэ, щIэныгъэлI Къэжэр Хьэмид илъэс 80 ирокъу*

**Гъут Iэдэм.** Гъуэгум и бгъуагъыр.................................................................. 9
**Къэжэр Хьэмид.** *Усэхэр* ........................................................................... 17

*УсакIуэ Къуныжь ХьэIишэт илъэс 70 ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Си усэхэр жынукъым мывэу,
Си псалъэхэр, бзууэ, щхьэхуитщ» .................. 29
**Къуныжь ХьэIишэт.** *Усэхэр* ...................................................................... 35

**Прозэ**

**Мыз Ахьмэд.** Дыщэ жыг. *Повесть* .............................................................. 43

**Усыгъэ**

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Гукъинэ пщохъу........................................................ 87
**Нало Заур.** ПIаскIуэр усыгъэ щыпкъэщ........................................................ 87
**Джатокъуэ Юрэ.** *Усэ кIэщIхэр* .................................................................... 88

**Литературэ щIэныгъэ. Критикэ**

**Къэжэр Иннэ.** Лъэхъэнэм и сурэт................................................................ 97

**Публицистикэ**

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Адыгэ псори зэпещIэ............................................ 101

**Егъэджэныгъэ. Гъэсэныгъэ**

**Жыласэ Маритэ.** Гуп зэкъуэтым и пашэ.................................................. 108

**Хэхэсхэм я IуэрыIуатэ**

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Адэжь Хэкум къагъэзэж..................................... 113

**Сабийхэм папщIэ**

**Мэз Аниуар.** *Усэхэр* .................................................................................... 140

**Дэ къытхуатх**

**Гуэнгъэпщ Хьэсэнбий.** *Рассказ. Усэ* ........................................................ 150

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз........................................................... 157

# СЫТ ЩЫГЪУИ ДИ ГЪУСЭ ГУРЫФІЫГЪУЭ



«Зэманыр макІуэ шэ икІауэ» – жызыІам зыгуэр пэбдзыжыну гугъущ. Псом хуэмыдэу, уи ныбжь зыщІыпІэ нэсарэ, къэбгъэщІари плъэгъуари зы напІэІэтыгъуэу блэлъэтауэ къыпщыхъуж щыхъуам деж. Ауэ, философхэм зэрыжаІэмкІэ, дэтхэнэ зыри егупсысыпэмэ, и акъыл зыхуэкІуэжынури аращи, зэманыр апхуэдэ дыдэу щІихьауэ, щхьэрыхьу кІуэркъым, хуабжьу зихущыхьу и пІэ щиувэ щыІэщ. Аращ а философ хъужхэми щІытрагъэчыныхьыр зэманым, кІыхьагъым имызакъуэу, бгъуагъи, Іувагъи иІэу. Мис а бгъуагъымрэ Іувагъымрэ зы лъэхъэнэ пыухыкІакІэ къызэщІаубыдэфырщ зэманым и нэщэнэхэр къэзыгъэнаІуэри.

Иджы ар зыІэщІагъэгъупщыкІыжмэ нэхъ къэзыщтэхэри щыІэ хъуащ. Ауэ, ар хэт и жагъуэми, хэт и щІасэми, ди лъэпкъ тхыдэм ехьэлІауэ зы щыІэщ, уэщым я нэхъ иныр къапщтэу уеувэлІами, абы пхуимыудыжыну.



А Іуэхум сыт ухуеймы фІэщи, ди лъэпкъым, дэ тхуэдэ нэгъуэщІ лъэпкъ мащІэхэу Урысей империем исахэм нэхъыщхьэ, нэхъ лъапІэ дыдэу е 20-нэ лІэщІыгъуэм къахэхъуар абыхэм я бзэкІэ тхыгъэ яІэ зэрыхъуарщ. Мис аращ псори къыщежьэр – ди тхылъхэми, газетхэми, журналхэми, театрхэми, радиоми, телевидениеми я лъапсэр. А псор иджы дигу къыщІэдгъэкІыжым щхьэусыгъуэ иІэщ.

1957 гъэм, нэхъапэм щыІа альманах сыт хуэдэхэм я пІэкІэ пІалъэ пыухыкІакІэ къыдэкІ адыгэбзэ журнал къызэІухын хуейуэ къыщалъытам, Іуэхур тращІыхьат а зэманым ирихьэлІэу къэбэрдей литературэм зыужьыныгъэшхуэ зэригъуэтам. Ар и щапхъэ наІуэт зэманым и бгъуагъ-Іувагъым Іуэхушхуэу итІэсэнур зыхуэдизым, лъэпкъ тхыбзэщІэ къежьэныр абы и къупхъэм зэризэгъам укъыдэбжэмэ, лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ зыхэлъ куэдым ухуэкІуэнкІэ зэрыхъунум.

Абы и лъэныкъуэкІэ щыгъупщэх ухъу хъунукъым, ауэ мыри куэдрэ къыдрамыгъэжеймэ нэхъ къэзыщтэ щыІэщ. Аргуэрыжьщи, пэжыр дэнэ пхьын? Лъэпкъ журнал ягъэувыныр зи Іэужьырщ зи гугъу тщІыр. Сэ «Іуащхьэмахуэм» и юбилей кІуами сыхэтащи, абы щхьэкІэ жаІэу, ятхыу щытахэр фІыуэ сощІэж. Журналым и къежьэкІэ хъуар языныкъуэхэм зэрагъэхъыбарыжым ущІэдэІумэ, пщІэнтэкъым мыдэ адыгэ щІалэфІ гуп литературэ Іуэхухэм теуэршэрыхьу здэщысым, «Уэлэхьи, моуэ зы журналыжьыфІи диІамэ хъунтэм» жиІэу зыгуэрым къыхидзэу, адрейхэми «АтІэ, ар куэдрэ?!» жаІэу къежьууэ, я Іэхэр зэрыубыду зэбгъэдэкІыжа нэхъ хэмылъу, «Іуащхьэмахуэр» дунейм къытехьауэ фІэкІ. ТІэкІу гушыІэ хэлъу сытопсэлъыхьыж, ауэ зыгуэр къызыгурыІуэр щыгъуазэ хъунщ апхуэдэ Іуэху къызэрымыгуэкІыр зэтебгъэпсэныр «тхьэкІумэкІыхь унафэкІэ» зэрызэфІэмыкІым. Абы къэрал унафэ, хэку унафэ хуейт, текІуэдэну мылъкум и гугъу умыщІыххэми.

Зэрыщыта дыдэм теухуауэ сэ сызыщыгъуазэрщи, журнал Іуэху япэу къыщаІэтар «Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ

илъэс 400 щрикъур» (а махуэшхуэм зэреджэу щыта дыдэм хуэдэу сотхыж) 1957 гъэм зэрагъэлъэпIэнум и программэр щызэхалъхьэм щыгъуэщ. А илъэс бжыгъэшхуэм ирихьэлIэу Совет правительствэм ди республикэм къыхуищIэну зыщIэлъэIухэм ари хагъэхьэну зэгурыIуахэт. Ауэрэ илъэс 400 Iуэхум хыхьэжат а гъэ дыдэм Октябрь революцэ Иныр илъэс 40 зэрырикъури. А IуэхугъуитIыр гъэлъэпIэн нагъыщэм щIэту къыдэкIат журналым теухуа унафэри – Къэбэрдей культурэм хуащI саугъэт хьисэпу. Дауи, я фIыщIэр гъэкIуэдын хуейкъым ар япэу гукъэкI зыщIа, къыпэув щыIэми (щымыIэу дауэ хъунт?!), яукъуэдияр ерыщу пхызыгъэкIа ди нэхъыжьыфIхэми. Псом хуэмыдэу нэхъ цIэрэ щхьэрэ яIэу а зэманым хэкум исахэм ящыщ КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Шортэн Аскэрбий сымэ. Абыхэм къадэкIуэуи, партым и обкомым, республикэм и правительствэм я унафэщIу щытахэми.

Зэманыр кIуэурэ, дэнэ нэсами, фIыуэ сощIэж адыгэбзэ журнал къыдэкIыну япэу щызэхэсхар. Школым и е 10-нэ классым сыщIэст абы щыгъуэ. АдыгэбзэкIэ зыгуэрхэр суцIырхъыу щIэздзати, хуабжьу сыкIэлъыплъырт ди бзэкIэ къытрадзэ псоми, «Къэбэрдей» альманахым и къыдэкIыгъуэу ди библиотекэм щIэлъыр зэрыщIэспщытыкIрэ Iэджэ щIат. Абы фIыуэ щыгъуазэт ди егъэджакIуэ Абазэ Бетэ, цIыхубэм щIэныгъэ етыным, анэдэлъхубзэр псоми фIыуэ егъэлъагъуным хэлъхьэныгъэ ин дыдэ хуэзыщIа узэщIакIуэр. Псоми къапэщылъ гуфIэгъуэшхуэ гуэрым хуэдэу иригушхуэу абы къызжиIат журналыщIэ адыгэбзэкIэ къызэрыдэкIынур. Бетэ а гъэм пединститутыр, университет хъужар, къиухри къуажэм къэкIуэжа къудейт. Нэхъыжьми, егъэджакIуэми, ныбжькIэ здынэсышхуа щыIэтэкъым. Сэри, адрейхэм сакъыхэпIиикIыу, сыщIалэшхуэжь гуэрти, абы балигъыфэ къыстригъауэ хъунт – Бетэ, и ныбжьэгъум хуэдэу, псэлъэгъу сыщищI щыIэт. Езыр школым щыщIэтIысхьам и япэ егъэджакIуэу щытар си адэр арати, абы щхьэкIи нэхъ нэ лейкIэ къызэплъ хъунт. Псори къызыхэкIыжыр, дауи, адыгэ литературэм сызэрыдихьэхыпам гу зэрылъитарт. Литературэ гъащIэми къыщекIуэкI-ныщекIуэкIхэм тIэкIуи сыщыгъуазэти, школ программэм къимыубыд куэдми дыщытепсэлъыхь къэхъурт. Журналыр зэрыщытын хуейм и гугъуи куэдрэ тщIат.

Бетэ зэрыжиIэмкIэ, абы къыдэкIын щIидзэн хуейт а гъэ дыдэм – 1957-м. Апхуэдэуи траухуауэ щытагъэнущ япэщIыкIэ, зыгуэрхэр яхузэпымыщэурэ, къыкIэлъыкIуэ гъэм яхьыжагъэнт. Сытми, зы бэлыхь гуэр къысхэхъуэн хуейм хуэдэу сыпэплъат журналыр къыдэкIыу щIидзэным. Иджыпсту хуэдэуи сощIэж япэ номерым и теплъэр, абы ита тхыгъэхэр. Псом хуэмыдэжу сигу къинэжар, иджыри къэс тезгъэзэжурэ сызэгупсысыр Сокъур Мусэрбий и тхыгъэшхуэу къэбэрдей литературэм и зыужьыкIэм и щэху куэд дыдэ къызыхэзджыкIарт. Абы лъандэрэ «Iуащхьэмахуэм» и зы номер закъуи дэкIакъым пIейтеиншэу сыпэмыплъэу, къызэрысIэрыхьам сыщымыгуфIыкIыу. Американ тхакIуэшхуэ Хемингуэй Эрнест и тхылъ хьэлэмэтхэм ящыщ зым и фIэщыгъэцIэр урысыбзэкIэ къызэрыкIуэр сигу къокIыж: «Праздник, который всегда с тобой». Ар тхакIуэм Париж щигъэкIуа и щIалэгъуэм теухуа лирическэ повестщ. Сэри «Iуащхьэмахуэм» и дуней къытехьэгъуэр, и зыужьыгъуэр си щIалэгъуэм техуащ. Сэ сащыщкъым а журналым (адрейхэми) зэпымыууэ зи тхыгъэ къытехуэхэм. Уеблэмэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу сыщыщыта илъэс 16-ми къриубыдэу зэзэмызэххэщ (ари си юбилей гуэрхэу зыщIыпIи пхыыж мыхъуну-

хэм нэхъ ирихьэлІэу) абы си тхыгъэ, е сэ стеухуа гуэр щытрадзар. Мыпхуэди зэи къэхъуагъэнкъым: а илъэс къомыр екІуэкІащ нэхъ мащІэ дыдэу зи тхылъ къыдэкІхэм тхакІуэ союзым и тхьэмадэри ящыщу. Зыми и лажьэу къэслъытэркъым, сэращ зи лэжьэжыр: си щхьэ Іуэху псом япэ изгъэщу сесакъым.

Си тхыгъэ тет-темыт иІакъым, «Іуащхьэмахуэм» и дэтхэнэ номерыщІэри, ар нэхъыфІми, щымыфІыщэ къыхэхуэми, саугъэт лъапІэм хуэдэу къызощтэ, дэтхэнэри си дежкІэ махуэшхуэ тыгъэщ, сыт щыгъуи си гъусэ гурыфІыгъуэщ. Согугъэ ди бзэр, ди литературэр фІыуэ зылъагъу дэтхэнэм дежкІи, лъэпкъ псом дежкІи ар апхуэдабзэу гурыфІыгъуэ мыкІуэщІу.

КІуащ БетІал усэ хьэлэмэт иІэщ тхылъым теухуауэ. Зэреджэри мы ди зэгъэпщэныгъэм къыгуохьэ: «Си гъусэщ». Нэхъ пэгъунэгъужщ ар урысыбзэкІэ щызэрадзэкІым фІащар: «Всегда со мной» («Сыт щыгъуи си гъусэщ»). Арат зэреджэр усакІуэшхуэр псэуху урысыбзэкІэ дунейм къытехьа тхылъ закъуэми. Усэм мыпхуэдэ сатырхэр хэтщ:

*Школ кІуэгъуэм жьыуэ къыспежьащ,*
*Партэгъуи къысхуэхъуащ:*
*Щыгугъум дахэ къызжиІащ,*
*Щыуагъэм сыблишащ...*
*... ГушхуагъкІэ си пкъыр жан ищІат...*



Журналри аращ – тхылъщ, фІым ухуигъэпсын, ем ублишын, уи лъэ жан ищІын, уигъэгушхуэн, гукъыдэж къуитын хуейщ.

Зызумысыжынщи, я гуэныхь гуэрхэри стелъщ сэ «Іуащхьэмахуэм», абы и редакцэм япэу щылэжьахэм.

Дыщыстудентым аудиториехэм дызэрыщІэсым нэхърэ нэхъыбэт республикэ библиотекэм зэману щыдгъакІуэр. Абы «Іуащхьэмахуэм» и номерыщІэ къэс щытепсэлъыхь зэІущІэ къыщызэрагъэщт, редакцэм и лэжьакІуэхэри, нэгъуэщІ тхакІуэхэри кърихьэлІэу. «Докладчик нэхъыщхьэм» и къалэныр сэ куэдрэ къыстрагъащІэрт. Уи щІалэгъуэмэ, уи лъыр къиибыргъукІмэ, – Іуэхушхуэкъэ! Пэжыр (дэ пэжу къытщыхъур) жытІэмэ, абыкІэ дунейр зэтес хъуну дигугъэжти – еткъутэкІырт. Мис абы щыгъуэу къыщІэкІынущ зыкІи зэи сызыщымыгуфІыкІыжа ІэщІагъэр – литературэ критик ІэщІагъэр, фэжагъуэрэ губгъэнрэ нэхъ къызыхыумыхыр, – къыщысщтар. Журналым къытрадзэм и нэхъыбэр бжэныцрэ хьэцыпэу иткъухыырт. Редактор нэхъыщхьэ лІыжьышхуэри (Щомахуэ Амырхъант) критикэ башыр зэдгъапщэхэм ядэдгъакІуэу. ИужькІэ куэдрэ секІуэкІат абы сыщыукІытэжу. Ауэ, пэж дыдэу жысІэнщи, зыгуэрым гушыкъу текъутэным, хьэмэ, щІалэ цІыкІу хьэлу, сабэ дэпхъеиным дыдихьэхыу аратэкъым. «Критикэ, критикэ» – жаІэу арат зэхуэс къэхъуху псори тхьэ щІелъэІури, критикэр зэрыщытын хуейуэ къытщыхъум тещІыхьат жытІэри ттхыри. Быдэу си фІэщ хъурт (сэ а гупсысэкІэр иджыри скІэрыхуакъым) критикэр ар зыхуэгъэзам сэбэпышхуэ хуохъу жыхуаІэр. Хуэхъуу къыщІэкІынщ, ауэ щхьэрыжэ зыщІыр, гужьгъэжь зигу иридзэр нэхъыбэщ. Я жагъуэ сщІыуэ щытагъэнщ абы щыгъуэ редакторхэми, журналым и авторхэми. Къысхуагъэгъуну Тхьэм жиІэ! АтІэми, критикэм Іумахуагъэ, сэбэпынагъэ гуэр зэрыхэлъри пэжщи, «Іуащхьэмахуэм» и зыузэщІыгъуэ дыдэ зэманым абы къытехуэ тхыгъэхэр ткІийуэ зэпкърысхыу, ар газетхэми къы-

трезгъэдзэжу зэрыщытар журналым зиужьыным зыгуэркІи сэбэп хуэхъуагъэнщи – абы и фІыщІэри гъэкІуэдын хуейуэ къыщІэкІынкъым.

Гу зэрылъыстамкІэ, къызыщыхъу щыІэщ илъэс 60-р ар журнал хуэдэ Іуэхум ехьэлІауэ пІалъэ кІэщІ гуэру. Хьэуэ, кІэщІкъым. ИкъукІэ ныбжь хъарзынэщ. Дунейпсо литературэр щІупщытыкІрэ ику иту тепщІыхьмэ, журналхэм къагъащІэр куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Нэхъ зызыужьа дыдэ, нэхъ ныбжьышхуэ дыдэ зиІэ литературэхэр къапщтэмэ, абыхэм я журнал периодикэр къэунэху-кІуэдыж къыдэкІыгъуэхэмкІэ нэхъ къулейщ. Пэжщ, Францием, США-м, Англием, Испанием литературэ-художественнэ журнал зыщыплІ-зытхух е 19-нэ лІэщІыгъуэм лъандэрэ къыщыдокІ. Ауэ абыхэм я фІэщыгъэцІэр яхъумами, къыдэзыгъэкІхэмрэ политикэ, эстетикэ унэтІыныгъэкІэ зытет мэсхьэбымрэ Іэджэрэ яхъуэжащ.

Журнал къыдэгъэкІыныр псэзэпылъхьэпІэ Іуэхуу къыщогъуэгурыкІуэ Урысейм. Ар къызыхэкІыр политикэ, идеологие, эстетикэ лІэужьыгъуэу яІыгъ убыдыпІэ я лъэныкъуэкІэ зэпэщІэтзэныкъуэкъу гупхэм журналхэр я ІэмыщІэ зэрыралъхьэжырщ, журналхэр щхьэж и Іиман, и дин я уаз къэтыпІэ, я шордакъ къэпсэлъапІэ зэрыхъурщ. Дэ нэхъ дызрагъаджэу щытаращи, Белинский, Добролюбов, Чернышевский, Герцен, Писарев сымэт, зэрытлъагъущи, литературэ критикхэрт нэхъ уаз гуащІэ зытхэр. Ахэр нэхъ зыдэлажьэ «Современник», «Отечественные записки» журналхэр куэдкІэ ефІэкІырт, къапщтэмэ, «Вестник Европы», «Библиотека для чтения» жыхуаІэхэм.

Абыхэм я дерсхэм тепщІыхьмэ, куэд и уасэщ дэ ди журналым тхакІуэхэр гуп-гупу игуэшу, зыр зым пэщІигъэувэу, политикэу е художественнэ тхэкІэу зытетхэмкІэ, хьэмэ я динкІэ зэхэгъэж ищІу зэи зэрыщымытар. Ущыгугъ хъунущ дяпэкІи абы темыкІыну. Зэныкъуэкъум, зэпэщІэуэм фІы къишэркъым. Ар щынэрылъагъущ нобэрей урыс литературэм, национал-патриотическэ жыхуаІэ Іуэху еплъыкІэм тет журналхэмрэ («Наш современник», «Москва», нэгъуэщІхэр), либерал гупсысэкІэр зи пэрытхэмрэ («Новый мир», нэгъуэщІхэр) яку имыкІ хьэргъэшыргъэм деж.

«ЗэпэщІэуэ щымыІэн» жыхуэтІэм къидгъэкІыркъым псори зы ІэгукІэ телъэщІэн хуейуэ. Хуэмей дэнэ къэна, тхакІуэхэр, критикхэр, политологхэр, обществоведхэр культурэми, жылагъуэ гъащІэми, экономикэми, ди хамэ къэрал политикэми, ди тхыдэм и Іуэхугъуэ зэхэмыбзхэми зэтемыхуэу зэреплъыр нэхъ наІуэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ. Абы щыгъуэщ нобэрей дунейм и зэхэлъыкІэр щІэджыкІакІуэм къыщыгурыІуэнур, демократием и мардэхэри цІыхум къыщащтэнур, журналым и номерхэри щІэщыгъуэ щыхъунур.

1917 гъэм и пэкІэ щыІа революцэхэм я пэжкІэ Урысейм къыщыдэкІыу щыта литературэ-художественнэ журналхэм зыри яхэткъым илъэс 60 дэнэ къэна, илъэс 40-50-кІэ дунейм тета. Пушкин А. С. къызэІуихауэ щыта «Современник» зи хъыбар яхуэмыухыжыр илъэситІ къудейщ къызэрыдэкІар. УсакІуэшхуэр щыхэкІуадэм ари кІуэдыжащ. ИужькІэ а цІэ дыдэр иІэу Некрасовымрэ Панаевымрэ къызэІуахар илъэс 19, «Библиотека для чтения» хъужыр илъэс 31-рэ, «Отечественные записки» жыхуаІэр илъэсипщІ – аращ къызэрыдэкІахэр.

Революцэ нэужь илъэсхэм я пэщІэдзэ дыдэм журнал куэд щІэуэ къызэІуахат. Нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэр – «Молодая гвардия», «Звез-

да», «Новый мир», «Знамя», «Октябрь», нэгъуэщI журнал Iув зыбжани ди зэманым къэсащ. «Iувхэм» я IутIыжт 1985-м къыщежьэ илъэс зыбгъупщIыр, иджыри къэскIэ СССР-м къыщыдамыгъэкI тхыгъэ куэд дыдэ, ари гъэщIэгъуэнышцэ защIэу, къытрадзэну Iэмал щагъуэтар. Псоми я тиражхэр телъыджэлажьэу дэуеят. «Новый мир»-р 1990 гъэм традзэрт экземпляр 2.610000-уэ (мелуанитIрэ мин 610-рэ). Абы и нехьэкъехуэт адрей журналышхуэхэри. IутIыж махуэр зы тхъэжыгъуэ пIалъэ гуэрщи, блолъэтри мэкIуэдыж. Мыгувэу журналышхуэхэр ныджэм къытридзащ «рынок» угъурсызым. Иджы абыхэм я тиражыр ику иту минищ-миниплIщ. Ар урысыбзэкIэ псалъэу дунейм тету къалъытэ мелуан 250-м хуэзэу. Я кIэр бжыхьым дахуэжыпащ «региональнэ» жыхуэпIэну журналхэм, псоми фIыуэ тлъагъуу щыта, РСФСР-м и ипщэ лъэныкъуэм бжьыпэр щызыIыгъа «Дон»-ри хэту.

Дэ ди журналхэр, Тхьэм и шыкуркIэ, къызэтенащ. Уеблэмэ, щIэи къахэхъуащ, «перестройкэм» иужькIэ. Ар, дауи, и фIыщIэщ журналхэр къыдэгъэкIыным текIуадэр КъБР-м и къэрал бюджетым къыхэкIыну зэрагъэувам. ИтIани зыщыгъэгъупщэн хуейкъым щIэджыкIакIуэхэм, Iэ традзэу журналхэр къезыгъэхьхэм кIэрымыхун, ахэр къыдахьэхын хуэдэу номерхэр гъэщIэгъуэну зэхэлъхьэнымкIэ редакцэхэм я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр.

«Iуащхьэмахуэр» а къалэнхэм зэрыпэлъэщыр къэзыгъэлъагъуэ, иджы щыIэ бжыгъэхэм я зэхэувэкIэм ар къызэрыхэщыр нахуэ къэзыщI гуэрхэр сэ зэ къытрезгъэдзауэ щытащ, мы гуфIэгъуэ псалъэмакъым бжыгъэхэр иджыри зэ къыхэтшэкIэ, зыгуэрхэри щIэрыщIэу зэпэтлъыткIэ ягъэ кIыну си гугъэкъым. Узыщытхъужыну къекIуркъым, ауэ хэти зэгуакIуэр зэригъэпщэну хуитщи, бзитIкIэ ущеджэкIэ, хьэрэмыгъэ лъэпкъ хэмыхьэу, гукIэ зэпыболъыт дэтхэнэ бзэмкIэ къыдэкIыр нэхъыфIми, дэтхэнэр нэхъыкIэми. АнэдэлъхубзэкIэ ущеджэкIэ абы къуит дэрэжэгъуэр хэмыту, профессиональнэ и лъэныкъуэкIэ журналхэр зызогъапщэри, шэч лъэпкъ къытезмыхьэу жысIэфынущ «Iуащхьэмахуэр» адрейхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр. Тхыгъэ щхьэхуэхэр нэхъ Iей, нэхъыфIкIэ зумыгъапщэми, нэрылъагъущ номерхэр зэрагъэпс, зэрызэщIакъуэ, зыр зым екIуу зэрызэхалъхьэмкIэ, верстка, оформление жыхуэтIэхэри, корректурэм хуэсакъынри хэтыжу, къапщтэмэ, адыгэбзэ журналыр нэхъ тэмэму зэрызэрахьэр. ЩIэупщIэу иIэмкIи ар пажэщ. УрысыбзэкIэ емыджэфу ди республикэм иджыпсту исынур мащIэ дыдэщ. ИтIани «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и тиражыр нэгъабэ минитI хъууэ щытамэ, «Iуащхьэмахуэр» 2786-рэ хъурт. Абы щыгъуи адыгэбзэкIэ еджэу КъБР-м щыпсэухэм яхэтынур процент 15 хуэдизынщ. Пэжщ, мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм «Iуащхьэмахуэми» кIэричыжащ, ауэ итIани 2187-рэ хъууэ традзэ. Урысыбзэ журналым Iэ зэрытрадзэ бжыгъэмкIэ и пхъэ къикIыхакъым. Абы и тиражыр 720-рэщ зэрыхъужыр. Тираж политикэ и лъэныкъуэкIэ ди къэралым иджыпсту псори щызэпэщу пхужыIэнкъым. ИтIани, цIыхум къилъыхъуэр езыр зыхуэныкъуэрщ, и фэкIэ е игукIэ зыхущыщIэрщ. Анэдэлъхубзэм зи гур хуэмыгъуэ, абыкIэ иджын имыIэмэ, зи псэм зыгуэр хущыщIэу дунейм тет адыгэрщ журналым и щIэджыкIакIуэхэри, ахэр, абыхэм я бжыгъащхьэр зэи мыкIуэщIын дэнэ къэна, зэпымыууэ хэхъуэну, бэгъуэну Тхьэм жиIэ!

Апхуэдэу журналыр цIыхум зэрамыужэгъур, дауи, я фIыщIэщ редакцэм и лэжьакIуэхэм, журналым и авторхэм. Редакцэ коллективыр илъэс 60-м къриубыдэу ныбжькIэ куэдрэ зэблэкIащ. БжыгъэкIи къэп-

лъытэ хъунущ абы яхузэфIэкIар. А зэманым къриубыдэу журналым и номерхэу дунейм къытехьащ 360-рэ. Печатым къыщIэкI лэжьыгъэм и куэдагъыр къызэралъытэ хабзэ «авторскэ лист» жыхуэтIэм хуэдэу зы номерым ику иту 12 хуэзэмэ, а илъэс 60-м къриубыдэу къыщIедз редакцэ коллективым «продукцэ хьэзыру» лист 4320-рэ къыщIигъэкIауэ. Ар лэжьыгъэшхуэ дыдэщ.

ГуфIэгъуэ махуэм а гуфIэгъуэр зейм уехъуэхъуныр нэхъ екIущ. Ауэ творческэ лэжьыгъэм махуэл дебгъэхмэ, улъэIэсыжынукъым, атIэми ди бзэкIэ щыIэ литературэм, журналистикэм и Iуэху нобэ зыхуэкIуэм уримыпIейтейуэ хъуркъым. Псом я щхьэщ щIэджыкIакIуэр пфIэмыкIуэдыныр. Абы щхьэкIэ къалэнышхуэ куэд къоув. А псори иджыпсту утыку къитлъхьэну къезэгъыщэркъым. Сэ си щхьэкIэ нэхъ сызыгъэгузавэ зытIущ къыхэзгъэщынт. Псом ящхьэу къысщохъу бзэр хъумэным пыщIа Iуэхугъуэхэр. Ар адыгэбзэр арати, морати, къыдагуэрти, дагуэжырти, жыпIэу ушхыдэ защIэкIэ пхузэгъэзэхуэнукъым. Программэ хэха ухуейщ. ИтIанэ – уэ журнал ущыхъукIэ, езым уи бзэр къабзэу, тэмэму, адрейхэмкIэ щапхъэу щытыпхъэщ. Бзэхэм ятеухуауэ иджы къэралым щагъэув хабзэ мыхъумыщIэхэм дазэрыпэщIэтыфын Iэмалрэ къарурэ дыхуейщ. Дэ, интеллигент хьэкъуей гупым, баш дгъэдалъэу, хьэмэ ди мыгъуагъэм дытепыхьэу дызэхэскIэ зэфIэкIынукъым. Ди бзэм дызэрыригузавэр ди лъэпкъым къыддимыщтэмэ, къыддимыIыгъмэ, сыт тщIэми, сыт жытIэми зыри и уасэкъым.

Хуабжьу жьы щIегъэхун хуейуэ къысфIощI ди лъэпкъым и тхыдэм дызэрытепсэлъыхь щIыкIэми. Дауи, дызэрыгушхуэ, ди напщIэм телъ ди тхыдэ пасэр, ди хабзэ дахэхэр, ди лъэпкъ лIыхъужьхэр лъэныкъуэ едгъэз хъункъым. Ауэ, дызэресэжам хуэдэу, адыгэхэр мопхуэдэу щытати, мыпхуэдэу псэуати, дэр щхьэкIэ мобы мыр жиIати, модрейми арати, – жытIэу дызыщытхъужурэ, дыдэпсэлъейуэрэ лъэпкъым и къарур зэрыщIэткIукIыр къыдгурыIуэжыну и чэзу хъуащ. Ар лъапIэщ – ди адэжьхэр лIыгъэ, губзыгъагъэ яхэлъу дунейм зэрытетар. Нобэ дэ ди дуней тетыкIэри къэдвгъэпщытэ, маржэ. Ари дэр нэмыщI нэгъуэщI лъэпкъи зэрыщыIэхэр, абыхэм ядэпсэун, задегъэкIун, нэхъыщхьэжращи – ди къэралышхуэм дрицIыху пэжу, дрилъэпкъ узыншэу дыщытын зэрыхуейр тщымыгъупщэу. Мыр хьэкъыу тпхыкIыпхъэщ: къэралыр узыншэмэщ, мамырмэщ, къулеймэщ, абы ис лъэпкъ псори насыпыфIэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу щыпсэунур. Аращ ди щIэблэри зыхуэдгъэсэн хуейр. А къалэным зэрыпэлъэщын къарурэ гукъыдэжрэ Тхьэм къарит журналым хуэлажьэ ди ныбжьэгъу псоми!

«Iуащхьэмахуэм» и илъэс 60-р зы махуэ, махуитI IэгуауэкIэ, къафэрэ уэрэдкIэ зэфIэбгъэкIыу бгъэтIылъыж хъуну Iуэхукъым. Ар ди республикэми, нэгъуэщI хэку исхэми, журналыр зи хьэщIэ гуапэ псоми я махуэшхуэщ. 2018 гъэр «Iуащхьэмахуэм» и илъэсу дгъэуву, гъэр икIыху ар дгъэлъэпIэну къыттохуэ. Аращ илъэс 60-м хуагъэпса номер хэха къыдэкIами, мыр абы кIэлъыстхыжыну сыщIытегушхуар. Псоми сохъуэхъу ди культурэм и илъэс дахэм фIыгъуэ къахудэкIуэну. Сэращи, сыт щыгъуи си гъусэ гурыфIыгъуэу сызэса журналым иджыри куэдрэ сигъэгуфIэну сыщогугъ. Псоми гуфIэгъуэ кIыхь Тхьэм тхуищI!

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим**

*УсакIуэ, щIэныгъэлI Къэжэр Хьэмид илъэс 80 ирокъу*





# ГЪУЭГУМ И БГЪУАГЪЫР

Къэжэр Хьэмид сэ нэхърэ нэхъыжьщ, нэхъ пасэуи щIэныгъэ IэнатIэм пэрыуvауэ щытащ. Ауэ абы сэ схуэдэ куэдым нэхърэ нэхъыбэ хузэфIэкIамэ, и щхьэусыгъуэр нэхъыжьагъракъым, сыт щыгъуи ди япэ изыгъэт и Iэзагъымрэ емызэшу зэрылажьэмрэщ. Мы ди хэкум ису сэ лIищ нэхъыбэ сцIыхуркъым, литературэм зыгуэркIэ ехьэлIауэ адыгэбзэкIэ утыку къралъхьэ тхыгъэ псоми кIэлъыплъын хузэфIэкIыу. А щым ящыщ зыщ Къэжэрыр, икIи зэрысщIэж лъандэрэ ар апхуэдэщ. ЗэрысщIэж жыхуэсIэм и гъунэр студенту сыщыщыта зэманхэращ, илъэс щэ ныкъуэ нэхърэ нэхъыбэ ипэкIэщ.

Ар аспирантурэм щыщIэтIысхьам щыгъуэ сэ студент сыхъуа къудейт. Апхуэдэм деж зэрыхъу хабзэщи, ущынэхъыщIэкIэ, уи япэ итыр уэ япэу къыбоцIыху, ауэ зы щхьэусыгъуэ гуэр уимыIэу нэкIуэпакIуэу убгъэдыхьэныр емыкIут. АдэкIэ – гъащIэм узэрызэхуишэщ. Дэ зы факультетым депхат: сэ сыщеджэрт, ар ассистенту щылажьэрт, жыжьэрыеджэу аспирантурэм зыгъэкIуари ди университетрат. Абы нэмыщI, зы общежитышхуэм дыщIэст, зы къатым дытест, ди зекIуапIэхэри зы гъуэгут. Апхуэдэм деж, дауи, дэни ущызэхуэзэнкIэ хуэIуа щыIэкъым. АрщхьэкIэ, дыгъуасэ студенту щыта аспирантыр нобэрей студентхэм яхуэщхьэпэлъагэ зэрыхъум къыхэкIыу, ар егъэджакIуэхэм нэхъ япэблагъэти, гуп дызыхэхуэхэр зрыз мыхъуу къанэртэкъыми, ди Iуэху зэхэлъыщэтэкъым. КъинэмыщIауэ, студент псоми зэрахьэлщи, дэ

иджыри дырийпсырииным дыхэкIатэкъым, модрейм акъыл гъэтIыса иIэ хъуат. ИтIанэми, зэм факультетым, зэм общежит кIэлындорхэм хьэмэрэ библиотекэм зэзэмызэ нэхъ мыхъуми дыщызэIущIэти, сэлам есхым къезэгъыу пIэрэ хьэмэрэ емыкIу пылъу пIэрэ, щыжыпIэн лъэхъэнэм дихутауэрэ екIуэкIырт. АрщхьэкIэ еджэн IуэхукIэ зыкIи дызэпыщIатэкъым, ди группэр иригъаджэртэкъыми, сэ ди зэхуакум дэж псы цIыкIум япэу себэкъуэн сытемыгушхуащэу сыблэкI хабзэт. Зэгуэрым, мис апхуэдэу дызэIущIауэ, си щхьэр езгухыу сежьэжынщ щыжысIэм, езыр къызэджащ: «Iэдэм (си цIэри ищIэрт!), зы дакъикъэкIэ си деж унышIыхьэфын?». МащIэу Iэнкун сыхъуауэ Хьэмид иужь ситу и пэшым сыщIыхьащ (дэ тхурытху-хырыхыу дыщIэсти, мо зи закъуэ пэш щхьэхуэ цIыкIу зылъысыр хэгъэфIыкIауэ къытщыхъурт). «Щхьэрыгъажэ умыщIынумэ, зыгуэркIэ сыноупщIынут: джанэ пщампIэ инагъыу сыт зепхьэр?» – етIуанэу сыкъегъэуIэбжь абы. «ПлIыщIрэ зы». «Сыту фIыт, мыдэ зы джанэ гуэр сэ къызата щхьэкIэ схуэхъуркъыми, уэстыжынут, къапщтэмэ», – жеIэри джанэ хужь дахэ къызыкъуех.

Пэжыр жысIэнщи, джанэм сехъуэпсат, ауэ, ар къызэзытынур дахэдахэу сымыцIыхумэ, си мыкIуэгъужэгъумэ дауэ хьэпшып къеIысхынт. ЩыстIэгъэн симыIэу аратэкъым, ауэ къызэлъэлъэхыжыртэкъым, пэжыр жысIэнщи. Стипендие тIэкIумрэ унагъуэм зэзэмызэ къипхыф гъуэмылэмрэ укъуэсу устудентмэ, апхуэдэр лей хъунт? Нэхъапэжрати, нэхъыжьым апхуэдэкIэ гу къыплъитэныр лъапIэныгъэтэкъэ. ИтIанэми, емыкIур-щэ... А псори зызогъэзахуэ, шэми сес, шхуми сес, зыри схужыIэркъым. Абы сыздыхэтым, Хьэмид щабэурэ псалъэ гуэрхэмкIэ сытригъэхьэулеикIщ, джанэ дахэр къысIэщIилъхьэщ, «Зэзэмызэ къыщIэплъэ», жиIэри сыкъиутIыпщыжащ.

Мис апхуэдэу дызэрыцIыхури, абдежым щегъэжьауэ ди нэгу зэхуэдгъэза хъуауэ щытащ абырэ сэрэ. Уэршэрэгъу-псэлъэгъу дызэхуэхъуу едгъэжьащ. Ар езыр зэи ящыщакъым зэш уэршэрым зыдезыгъэшэххэм, «бзэзэр хъыбар» зыфIэфIхэм. И уэркъыгъэр сыт щыгъуи япэ итти, купщIэ зыщIэлъ псалъэ кърисъэжьэнти, езыми и гупсысэм зригъэшэщIырт, и уэршэрэгъуми и щхьэр мыхьэулейуэ игъэлажьэрт. Апхуэдэт Хьэмид а и зэманыгъуэ лъэхъэнэхэм щыгъуи. Адрейхэр къыпезгъэхыну аракъым, ауэ Хьэмид литературэр зи IуэхущIафэ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIтэкъым, лэжьыгъэм и псэр хилъхьэрт, проблемэ куэдым фIыуэ щыгъуазэт, дэ зи тхылъкIэ фIэкIа дымыцIыху тхакIуэ-усакIуэ Iэджи абы я щхьэкIэ ицIыхут. Литературэ гъуэгум теувагъащIэхэм я дежкIэ ар тхьэпэлъытэм хуэдэт. Абы нэмыщI, аспирантурэ жыжьэрыеджэу зыщеджэр Москва дэтти, къэрал псом щыцIэрыIуэ автор Iэджэми яхуэзауэ, илъэгъуауэ я гугъу ищIыфынут. МыдэкIэ, дызыхэт гъащIэм, факультетымрэ езы еджапIэмрэ щекIуэкIхэм сыт щыгъуи щхьэтечауэ тепсэлъыхьт, куэдым щыгъуэзат, лейуэ дзэлэшхэн зыфIэфIхэми ящыщтэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, ар дэ ди дежкIэ щIэныгъэри, акъылрэ щэн дахэм и пщалъэри зыдэплъагъу нэхъыжь тэмэмт, ныбжькIэ куэдыщэкIэ дыкъыкIэрымыхуми, бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ куэду жыжьэ ди япэ ищауэ. Ауэрэ, зэман дэкIри, дызэмыныбжьми, ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ абырэ сэрэ.

Нобэр къыздэсым сщIэркъым апхуэдэ гулъытэр сэ, хамэ щIалэжь цIыкIум, къыщIысхуищIауэ щытам и щхьэусыгъуэ хъуар – бэлэбэнафэ къызиплъа, хьэмэрэ сэри езым къыхиха щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр си натIэ зэрыхъунур къыгурыIуа. КъыгурыIуа-къыгурымыIуами, сэ си гъуэгур къыхэсхынымкIэ къысхуэщхьэпахэм а зэIущIэри ящыщ зыщ.

ЖыхуэсIа щхьэусыгъуитIри зэхэлъу къыщIэкIми гъэщIэгъуэн сщыхъунукъым. Ауэ мыри Iуэхум хэлъщ: зэман дэкIыу ар аспиранту здэщыIа институт дыдэм сэри сыщеджэну Москва сыщыкIуахэм щыгъуэ, зэкъым, тIэукъым «Мыпхуэдэ тхылъ къысхуегъэхь, уэри си хьэкъкIэ зы шэджагъуашхэ щIы», – жиIэурэ тхылъ зыхуейм и уасэм хуэдитI-щы хъун ахъшэ нригъэхьу зэрыщытар. Мыхьэнэншэ хуэдэ? Устуденту зыгуэрхэр щIэгъэкъуэн къыпхуэхъуми, ущыаспирантым деж балигъ дыдэ ухъуащ, уи унагъуэми, уи благъэхэми, нэгъуэщI гуэрхэми уащыгугъын хуейкъым. Абы щыгъуэми, аспирант стипендием уи щэр куэдрэ къигъэвэнукъым. Мис апхуэдэм деж езым зыгуэр зыхуигъэныкъуэрэ уэ зы сомкIэ къыпхуэупсауэ щыта дэтхэнэри уи гум гуапэу къонэж.

Ар Хьэмид и лъым хэлъу къыщIэкIынущ – хузэфIэкI мащIэмкIэ нэгъуэщIым сыт щыгъуи зыщIигъэкъуэн хуейуэ илъытэжу. Апхуэдэу щIыжысIэр си гум иджыри зы къэхъугъэ къинэжащи аращ. Зэгуэрым, дэ псоми фIыуэ тлагъу икIи ди нэхъыжь лъапIэ, дезыгъэджа, илъэс куэд хъуауэ Хьэмиди къыдэлэжьа Сокъур Мусэрбий и Iуэхухэр зыIыхьэщ, зы пхэнж гуэр хъури, лэжьапIэри фIэкIуэдауэ, дэхуэхауэ, и унагъуэр зэрипIын къудей имыIэжу ныджэм къытенауэ щытащ. Иужьым Мусэрбий сыхуэзауэ къызжиIэжат мыпхуэдэр. «Илъэс IэджэкIэ сызыIута кафедрэм къыщыздэлэжьахэм ящыщу зыми Алыхьым и ней къыпщыхуэ жесIатэкъым, псори зэхуэдэу фIыуэ слъэгъуахэт, сыкъалъагъужуи къысфIэщIырт, зыгуэрхэри си кIуэгъужэгъуу щытат, сэбэп сызыхуэхъуаи яхэтащ. Ауэ сэ сыщыбгъунлъэм, зыри къахэкIыжакъым псалъэ гъущэ къызжезыIэн мыхъумэ, зыгуэркIэ зыкъысщIэзыгъэкъуэну. Зэи згъэныбжьэгъу пажэу щымыта, зэи зыри зыхуэзмыщIа Хьэмид закъуэ псалъэ куэдым хэмыту си Iэблэр иубыдщ, лъэныкъуэкIэ сришэкIри: «Мусэрбий, – жиIащ, – мы уи Iуэхум сэ куэд хэсщIыхьыфынукъым, ауэ слъэкIынуращи, гъуэтыгъуэ гуэр уихуэхункIэ къыпхуэщхьэпэну мы тIэкIур сIых, – ар жиIэри ахъшэ зэкIуэцIылъыфI си жыпым кърилъхьащ. – Умыгузавэ, мыр зыгуэр зыщызгъащIэу си улахуэм къыхэсхыркъым, модэ къуажэм си пхъэщхьэмыщхьэр мы гъэм схуэбэгъуат, ар си ныбжьэгъухэм зыхуей хуагъэзэжыфати, уафэм къысхуехуэхам хуэдэу Алыхьым къызитащи, дэдзыхауэ щылъщ. Къыщызэптыжыф къызэптыжынщ, къызумытыжыххэми, уи хьэлэлщ». Ар къызжиIэри мыпхуэдэу иухыжащ Мусэрбий: «Уи ныбжьэгъур хэт, жаIэрэ къызэупщI хъумэ, япэу къисIуэнур абдежыращ сэ къыщысщIар».

Абы лъандэрэ илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIащ, езы Сокъурми, абы лъакъуэпэщIэдз къыхуэзыщIу щытахэм я нэхъыбэми, ныбжьэгъу нэпцIу къыхущыта куэдми я щIы Iыхьэ ягъуэтыжри, псори аддэ щызэгъэжащ. Абы къызжиIауэ щытар сэ иджы къэзмыIуэтэжмэ, зыщIэж щымыIэжыххэнкIи мэхъу. Сэр-сэру согупсысыжри, къызэрысщыхъумкIэ, кафедрэм щылажьэ адрейхэри гу щIыIэрэ нэпсей защIэу арагъэнтэкъым, абыхэми гудзакъэ гуэр яхэлъу къыщIэкIынут, ауэ цIыхур уи щхьэ еплъытрэ уи мылъкум – хьэмбырэбовэу щымыт уи мылъку мащIэм! – къыхэпхрэ, уэ зыхуэбгъэныкъуэу нэгъуэщIым хуэбгъэкIуэтэфын щхьэкIэ Къэжэр Хьэмид хуэдэу ущытын хуейщ – хамэм и гуныкъуэгъуэр уэ уи лажьэм хуэбгъэдэфу. Я уэркъыгъэр яхурикъуу псоми ар ялъэкIыркъым. НэгъуэщI абы зыри думылъэгъуами, мы къэсхьа щапхъэ тIэкIур ирикъункъэ зи гугъу сщIыр адыгэлI нэсу зэрыщытыр кърибгъэлъэгъуэну!

Иджы тIысыжауэ щысми, ар лекцэ къеджэу щыщыта зэманхэм щыгъуэ студентахэм я гум къызэринэжар егъэджакIуэ Iэзэущ, ущиякIуэ

Iущабэущ. Сэ абы и лекцэхэми семинархэми зэи срихьэлIакъым, ауэ студентхэм яхэпсэлъыхьу, щIэныгъэ конференцхэм къыщыпсалъэу зыбжанэрэ седэIуащи, Хьэмид фIыуэ илъагъу авторым щытепсэлъыхьым деж и макъыр уэрэд къришым хуэдэ мэхъу, и псалъэми макъамэ дахэм и палъэу узыщIегъэдэIу. Апхуэдэхэм деж абы и макъыр зэрыхуэпсыгъуэри, и теплъэкIэ нарт Сосрыкъуэу хьэмрэ Андемыркъану зэрыщымытри зэуэ мэкIуэдри, зи псалъэм бгы хуэкъутэну лIы ардэу, езыри хъыбарыжьхэм къахэкIыу телъыджагъэ гуэркIэ уи пащхьэм къихута лIыхъужьу, хуэмыщIэнрэ зыщцымыгъуазэрэ щымыIэу уи нэгум къыщIоувэ. Зытепсэлъыхьри дуней дахэу, лIыгъэшхуэмрэ цIыхугъэшхуэмрэ я дунейуэ уегъэлъагъуф. Абы и псалъэр иуха нэужьщ дэ тхуэдэ къызэрыгуэкIхэр щызекIуэ дунейм укъыщытехутэжыр.

Къэжэрым и лекцэ едэIуа студентым литературэр фIыуэ имылъагъун щхьэкIэ ар дахагъымрэ Iэзагъымрэ хуэдэгурэ хуэнэф дыдэу щытын хуейщ; зы хэлъэт гуэр уиIэххэмэ, абы и псалъэхэр уи щхьэм щIэныгъэу имытIысхьэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ зэгуэрым си фIэщу хэзгъэзыхьат Хьэмид, узыхэмытын ухэмыту, ди институтым накIуи, студент хуэмыху къыумыхуэкIыу, гупсэхуу щIэныгъэ-къэхутэныгъэм зетыж, уэ ущIэныгъэлIщ, лъэпкъ литературэр къэпщытэным куэд хэплъхьэфынущ, егъэджакIуэ уэрыншэуи щыIэщ, жысIэри. АрщхьэкIэ къысхутегъэхьакъым. «Сэ зэзгъаджэ авторхэмрэ езгъаджэ студентхэмрэ сепцIыжыфынукъым, – къызжиIауэ щыташ. – Уэ плъэгъуакъым а «хуэмыху» зыхужыпIа студентхэм уадэлажьэм-уадэлажьэурэ, уэр дыдэми зэрыхъуар умыщIэжу, абыхэм Iуэхум хуэшэрыуэ еджа къазэрыхэщIыкIыр, пщIэркъым егъэджакIуэм и гур абы зэрыхигъахъуэр. Ар къэзгъанэу си IэнатIэм дауэ сыпэрыкIын?».

Апхуэдэр жызыIэнур егъэджакIуэ-узэщIакIуэ IэнатIэм пэрытыныр езы Тхьэшхуэм зи натIэ кърифхауэ лъэпкъым и щIэблэр узэщIыным хуалъхуа зырыз дыдэхэращ. Ауэ щIэныгъэ Iуэхум ухыхьэми, абы Iэзагъышхуэ къылъыкъуэмыкIыу къанэркъым. БлыщI гъэхэмрэ ищIхэмрэ я зэпылъыгъуэ лъэхъэнэм абырэ сэрэ IуэрыIуатэ текстхэм дызэделэжьын хуей хъуати, IуэрыIуатэр зи IуэхущIафэу щыт сэ Хьэмид сыкъригъэкIуэтрэ сигъэукIытэжу, сызыщымыгъуазэ гуэрхэми гу щылъызигъэтэж къэхъуауэ щыташ. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунщи, сылитературоведщ жызыIэ гуэрхэр дэ, фольклористхэм, литературэ проблематикэм хэдгъэгъуэзэн хуей щыхъу щыIэщ.

Сыт хуэдизу Хьэмид мыузэщIакIуэшхуэми, зыкIи нэхъ мащIэкъым абы и литературэ критикэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ мыхьэнэуэ яIэр. Литературэм щыгъуазэхэм зэдыдощIэ ди критикэр узыншэным лъэпощхьэпо куэд зэрыхэлъыр. Зэрылъэпкъыу зы IэмыщIэ из ущымыхъум деж, мор усакIуэ хъуркъым, модрейм и прозэр сигу ирихьакъым, жыпIэу утыку къиплъхьэну уи дзэр мэш, а уи псалъэр зэхэзыхынухэми ягурыгъэIуэгъуейщ. Ауэ критикэ узыншэ зимыIэ лъэпкъ литературэми къижынышхуэ щыIэкъым. Арати, критикэм и пIэм фошыгъупсыр къоувэ. Псалъэ гъэIэфIахэм зыгуэр зыхузэфIэкIыну щыта авторыр ягъэбэлэрыгъри, езыр ямылейуэ ткIий дыдэу зыхущымытыжмэ, сыт итхми телъыджэ гуэру, сыт ищIэми езыр нэхъ захуэу къыфIэщIыж мэхъу. Дауи, критик жыхуаIэри Алыхьым и пащхьэ къыщимыкIакIэ, ари щыщыуэ щыIэщ, ауэ щыуэми, гъуащэми, и гум илъыр къехьэкI-нехьэкI хэмылъу жиIэфу щымытмэ, литературэ псом и пшыналъэр бгъунлъэныр зы напIэдэхьеигъуэщ. Ар фIыуэ зыщIэ Къэжэр Хьэмид хэти тегъэпсэлъыхь, хуэфащэу имыбжу, фэрыщIагъым къыхихыу, зыми пхущыт-

хъунукъым, ауэ зыхуэфащэу къилъытэм щхьэкIи псалъэ IэфI щысхынукъым. Абы и щапхъэ зыбжани ди литературэ тхыдэм къыхэнэжащ.

Илъэс зы тIощI ипэкIэ сэ си пщэ къыдэхуауэ щытащ адыгэ литературэм и тхыдэр къэзыпщытэ монографиешхуэ гъэхьэзырыныр къызэзгъэпэщын хуейуэ. Ар гупышхуэм хузэфIэкIын къудейуэ арат, адыгэбзэ вариантым и закъуэ томитI хъунут, урысыбзэри апхуэдизт. Япэу сигу къэкIар Хьэмид къесшалIэу, адыгэбзэ Iыхьэм абы и унафэм щIэту егъэлэжьыныртт. Ауэ ижь зыхуэсщIами, сэмэгу зыхуэсщIами, къысхутегъэхьакъым. Ар си жагъуэ хъуат. АрщхьэкIэ, зэман дэкIауэ, Хьэмид и IэдакъэщIэкI тхылъыщIэ, «Уэрэд щIаусыр. Литературэ портретхэр. Эссе» зыфIищар, къыщысIэрыхьэм, сэ къызгурыIуэжащ абы сыкъызэригъэщIэхъуар щхьэрыгъажэ пщIы зэрымыхъунур.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, литературэ критикэми, къэхутэныгъэхэми, езы литературэ тхыгъэ-усыгъэхэми зэман гуэрым ягъуэтауэ щыта гулъытэм и Iыхьэ плIани иджы къэнэжакъыми, жыхуэсIэ тхылъым гу лъызытар закъуэтIакъуэщ. Нэхъыбэу щытамэ, абы хуэдэ тхыгъэ куэдкIэ адыгэ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ зэрымыбейр псоми зыхащIэну къыщIэкIынт. Лъэпкъ литературэм и тхыдэр нэгъэсауэ къэппщытэу ар лъэпкъ щэнхабзэм и зы пкъыгъуэу хэбгъэувэжыныр Iуэху тыншкъым, ауэ Къэжэрыр къыддэлэжьэну къыщезгъэблагъэм ди гупым къыщIыхэмыхьар хьэлъагъым щышынауэ аракъым, икIи езым итха тхылъыр абыкIэ щыхьэтщ. Пэжщ, ар плъыфэ псомкIи къэпщытарэ зы пкъыгъуэу зэгъэкIужауэ литературэ тхыдэкъым, ауэ литературэм и купщIэр авторхэрауэ щытмэ, Хьэмид къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщIа автор гупышхуэм я шыфэлIыфэр тхылъеджэм я пащхьэм кърилъхьащ. Абы зи гъащIэмрэ тхыгъэхэмрэ зэпкърих тхакIуэ-усакIуэхэм яхэтщ нэгъуэщI критикхэм, щIэныгъэрылажьэхэм Хьэмид ипэкIэ къэхутэныгъэ зыбжанэ, уеблэмэ тхылъ зыбжанэ, зытратхыхьа. Апхуэдэхэщ ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ. Мы тхылъым ипэкIи гулъытэншэу къэнауэ пхужыIэнукъым Нало Ахьмэдхъан, КIэрэф Мухьэмэд, Нало Заур, Тхьэгъэзит Зубер сымэ. Ауэ Къэжэрыр абыхэм щатетхыхькIэ, адрейхэм гу зылъамытэу къэна куэд къеулъэпхъэщри, дымыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу къыдбгъэделъхьэж. Гу зылъытапхъэращи, Хьэмид и тхэкIэр нэхъыбэр дызэса къэхутэныгъэ стилистикэм зыкIи техуэркъым. Ар, псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ усыгъэхэмрэ щытепсэлъыхьым деж езым и тхыгъэри усэм щыхуэкIуэж къохъу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, абы и къэхутэныгъэр езыр гъуазджэм и зы лIэужьыгъуэщи, усыгъэм я нэхъ дахэм хуэдэу узыIэпешэ. Гукъыдэж зыщIу тхылъ къэзыщтэр мащIэ щыхъуа ди зэманым псэр къызэрыдэпхьэхыфынур апхуэдэхэрауэ къыщIэкIынущ. Апхуэдэу, нэри пэри зыхьэхущ Хьэмид мы тхылъым хигъэхьа дэтхэнэ зы очеркри. Ахэр ятеухуащ, ищхьэкIэ зи цIэ къисIуахэм нэмыщI, Къэшыргъэ ХьэпащIэ, Тубай Мухьэмэд, Шэвлокъуэ Пётр, Сокъур Мусэрбий, КIурашын БетIал, Елмэс Iэулдин, ХьэкIуащэ Андрей, ЩоджэнцIыкIу Нинэ, КхъуэIуфэ Хьэчим сымэ. Абыхэм яхэтщ нэхъыбэм яIэщIэгъупщыкIыжаи, зэи хуэфэщэн гулъытэ зымыгъуэтыххаи. Псалъэм щхьэкIэ, ди зэманым зыщIэж щIагъуэ щыIэжкъым Тубай Мухьэмэд драматург нэхъ Iэзэу ялъытэу хэкум исахэм ящыщ зыуэ зэрыщытар, абы лъэпкъ театрым зиузэщIынымкIэ фIыщIэшхуэ зэрыбгъэдэлъыр. Ещхьыркъабзэу, нобэ умыгъуэтыжын жыхуаIэхэм ящыщщ КIурашын БетIал бгъэдэлъ фIыщIэр зыщIэжри. Ауэ щыхъукIэ, ар яхэтащ пасэрей адыгэ узэщIакIуэхэм я гъащIэмрэ творчествэмрэ къэхутэн

лэжьыгъэр зэхэзыублахэм, лъэпкъ IуэрыIуатэ тхыжыным хэлэжьыхьахэм, япэу утыку къихьа театральнэ критик нэхъ Iэзэхэм. А псом я щхьэжу КIурашыныр республикэм и тележурналистикэр лъэ быдэкIэ зыгъэувахэми япэ иту яхэтащ. А псори зэрытфIэкIуэдым хуэдэурэ, нэгъуэщI гуэрхэри зэманым хэшыпсыхьыжынут, Къэжэр Хьэмид и фIыгъэкIэ тхылъхэм къахэмынэжатэмэ.

Хабзэ тхуэхъуащи, критикэм нэхъыбэу и гулъытэр зыхуэгъэзар тхакIуэ, усакIуэ, драматургхэращ, литературэм и теорием, и тхыдэм, и нобэрей щытыкIэмрэ къыпэщылъ проблемэхэмрэ къэзыпщытэхэм, литератор кадрхэр лъэпкъым къыщIэгъэхъуэныр зи пщэ дэзылъхьэжахэм я IуэхущIафэм куэдрэ дытепсэлъыхьыфыркъым. А щыщIэныгъэри куэдкIэ нэхъ зэгъэзэхуэжа щохъу Къэжэрым и тхылъым. Мыбдежым япэ итщ ди республикэм литературэ критикэр щызэпэщынымкIэ пашэу щыта Нало Жансэхъу теухуа очеркыр. Абы къыкIэлъокIуэ нобэ адыгэ литературэ щIэныгъэм и вагъуэ зэшищу Сокъур Мусэрбий, Нало Заур, ХьэкIуащэ Андрей сымэ я гъащIэмрэ IуэхущIафэхэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Куэду гуапэщ, ныбжькIэ фIыуэ нэхъыщIэми, зи IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр щIыпIэ Iэджэм щагъэлъапIэ, щIэныгъэрылажьэ икIи егъэджакIуэ Iумахуэ, КъБКъУ-м и профессор ЩоджэнцIыкIу Нинэ абыхэм зэрабгъурыувэр.

Дауи, ди литературэм псэ хьэлэлкIэ хэлэжьыхьыр, литературэ критикэми щIэныгъэми зезыгъэузэщIхэр Къэжэрым и тхылъым ихуахэм нэхърэ IэджэкIэ нэхъыбэщ, а псори къызэщIиубыдэну авторым и пщэ дилъхьэжакъым. Ауэ мы тхылъым зы автор закъуи ихуакъым езы Хьэмид и псэм хуимыхьу, фIэмылъапIэу икIи абыхэм я творчествэр тхылъ еджэну зыфIэфI псоми яригъэцIыхуным щIэмыхъуэпсу. Дэ ди къэхутэныгъэр том хьэлъитIу зэдгъэпэщри къыдэкIыжащ, къалэн къытхуагъэувам ипкъ иткIэ ди къэхутэныгъэм къэхъугъэ псори, авторхэри дигу ирихь-иримыхькIэ къыхэдмыщыпыкIыу гупсэ еплъыкIэр едгъэкIуэтэкIрэ, акъыл къудейкIэ псори къызэщIэубыдэныр япэ идгъэщу. Дэ дыхуитакъым дызыхуейр къыхэтхрэ дигу иримыхьыр гулъытэншэу къэдгъэнэну. Хэт шэч къытрихьэн апхуэдэ лэжьыгъэм лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэн зэрыхуейм? Ауэ Хьэмид и тхылъым хуэдэ а дыдейм имыгъусэжмэ, ди лъэпкъ литературэм и теплъэр нэгум къызэрыщIыхьэнур куэдкIэ нэхъ фагъуэущ.

Абы нэмыщI, дэ ди Iэдакъэ къыщIэкIар нэхъыбэкIэ информацэрэ анализрэщ, Къэжэрым и тхыгъэр апхуэдизу эстетикэ гъэпсыкIэм тетщи, ар езыр художественнэ тхыгъэу жыпIэми ущыуэнукъым. Си гугъэмкIэ, хэдэн хуей хъумэ, ар тхылъеджэ нэхъыбэм къыхахынущ, куэд къыщыIуэтэжауэ зэрыщытым нэмыщI, икIи нэхъ гурыIуэгъуафIэщи. Абы щыгъуэми, зыр адрейм и пIэ иувэу иригъэкIуэтынкIэ Iэмал иIэкъым, тIуми къалэн зырыз ягъэзащIэ, дэтхэнэри уимыIэнкIэ Iэмал зимыIэжщ.

Темэ щхьэхуэ ирокъу Хьэмид и поэзиер. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэхэр, прозэу тха усэхэр, балладэхэр зэрыт тхылъибгъу. Апхуэдэщ «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Нобэ», «Иджыпсту», «Усыгъэхэр», «Прозэу тха усэхэр», «ГъэунэхупIэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъур гъащIэм и пэжырщ, нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ ар зыщIэхъуэпсымрэщ.

Хьэлэмэтщ Къэжэрым и усыгъэхэм къахэщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэр. Ар и лэжьыгъэкIэ фIы дыдэу зыхэгъуэза европей УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм и идеалу литературэм къыхэщыжымрэ адыгэ лъэпкъым

къыдекIуэкIыу лIыфI нэщэнэ идеалхэмрэ куэдкIэ зэщхьу къыщIокI. Зэмыщхьуи дощIри, Хьэмид и поэзием а IуэхугъуитIыр щызэхэухуэнащ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абы и усэхэр темэрэ идеекIэ пасэрей европей усакIуэхэм я Iэужьхэм яподжэж. Ауэ я образ узэдыкIэр, лIыхъужьхэм я психологиер, гъащIэм зэрыхущытыр къызыпкърыкIыр адыгэбзэм и дунеймрэ адыгэ Iуэху зехьэкIэмрэщ. Апхуэдэу зы мэхъури зэхошыпсыхьыж лIэщIыгъуэрыбжэ тхыбзэ культурэм и щыгуу Iэташхьэ бгъэн хъуа щIэныгъэ лъагэмрэ Тхьэм къызэригъэщIауэ псэу жьэрыIуатэ тхыдэм къыхэхъукIа щэнхабзэм и идеалхэмрэ. Ар наIуэу къахощ гъащIэм, дуней зэхэлъыкIэм уезыгъэгупсыс, сэмэркъэу щабэ зыщIэлъ, макъ зэпэджэжхэмрэ акъыл жанагъымрэ зэщIаузэда лирикэ усэхэм.

*Си телевизорым*
*уэфI гугъу къысхуещI.*
*Щхъэгъубжэм сыдэплъмэ,*
*слъагъур нэгъуэщIщ.*
*Диктор щIалэшхуэр*
*дахэу погуфIыкI,*
*Уафэр мэгъуагъуэ,*
*шынагъуэу хохъуэпскIыкI...*

Мы псалъэхэр, дауи, ди гидрометеорологхэр зэзэмызэ зэрыхэукъуэми хуэпхьынкIэ къахуэт щыIэкъым. Ауэ абыхэм ящIэлъ щIагъыбзэри наIуэщ: «дуней жэнэтыр доухуэ», «мис иджыщ гъуэгуу щыIэм я нэхъ пэжыр къыщыхэтхар», «иджы дофIэкIуапэ» – жаIэ защIэуэрэ, дыкъагъэгугъэурэ, дапщэрэ дыкъагъэпцIа, къэралым нэхъ цIыху хьэлэлу исыр дапщэрэ ягъэщхьэрыуа – а телевизорым пыгуфIыкIыу исхэм «уэфI гугъу» фIэкIа ямыщIурэ!



УсакIуэм ар къеIуатэ гушыIэ щабэр хэлъу, езы лирическэ лIыхъужьыр жыIэзыфIэщу зэрыщытыр щIимыхъумэжрэ и щхьэри мащIэу ауан ищIыжу. Апхуэдэу пыдыхьэшхыкIыныр, дауи, европей авторхэу Хьэмид и «уэршэрэгъухэм» – Мольер, Гейне, Честерфилд, Уайльд сымэ – я гупсысэ гъэпсыкIэми тохуэ, абыхэм я жьыр ди авторым къызэрыщIихуари къигъэнахуэу. Апхуэдэ дыдэу, ар и усэ гъэпсыкIэмрэ образхэмкIэ адыгэ усэкIэ культурэм къыгуэх имыIэу зэрыпыщIар мыбдежым къыхощыж. Пэжщ, а хэкIыпIитIым ещанэу езы усакIуэм и гупсысэхэр зыкIи щIэмыхъумауэ къыщыкIуэр мащIэкъым:

*ИгъащIэм къагъапцIэу щытар*
*Иджыри къагъапцIэу йокIуэкIыр,*
*Пэжыну псалъэ зытам*
*ПцIы еупс, къимыгъанэу лъэкIыр...*

Псом хуэмыдэу Къэжэрым и усэкIэр европей литературэу зригъаджэм куэдкIэ зэрыпыщIар наIуэу къахощ абы и балладэхэм. Япэрауэ, балладэр езыр жанр хэхауэ къыщежьар къуухьэпIэ лъэпкъхэм я дежщ, икIи абы езым и тхыдэ иIэжщ. Нобэ сюжет укъуэдия зиIэ дэтхэнэ зы усэ мыкIыхь-мыкIэщIми балладэ фIащ хъуащ. Хьэмид и балладэхэр классикэр тепщэу щыщыта лъэхъэнэм абы жанр гъэнахуэу иIахэм тету зэхэлъхьащ. АбыкIэ нобэрей адыгэ усакIуэм усыгъэ теплъэ и IуэхукIэ гъуазэу щытыпхъэхэр дигу къегъэкIыжри, ди зэманым

къерегъэзэгъыж. КъинэмыщІауэ, абы нэгъуэщІ зы хьэлэмэти къыдокІуэ. ЗэрытщІэщи, балладэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр езы сюжетращ – къэхъукъащІэу къыщыІуэтэжарэщ. Абы тхылъеджэ къызэрыгуэкІыр, таурыхъым дихьэхам хуэдэу, къехьэху икІи лирикэ медитациехэм нэхърэ нэхъ гурыІуэгъуафІэ мэхъу. Мис ар икъукІэ яхуэщхьэпэу къыщІокІ зи акъылыр зэтеувэгъуэ пІалъэм нэса ныбжьыщІэхэу 6-9-нэ классхэм щеджэхэм! Къэжэрым и балладэхэр бзэ дахэкІи тхащ, сюжет удэзыхьэхкІи узэдащ, ущие псалъэ емыбэкІыщэри, къыхэмыпІиикІыу, хэгъэзэгъэжащ. ЖыпІэ хъуну къысфІощІ абыкІэ усакІуэм езым и тхылъеджэ хэщхьэхукІа гупыфІ игъуэтауэ.

Мы Іуэхугъуэм икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жыпІэмэ, зи гугъу сщІа ныбжьым ит сабийхэм яхуэгъэзауэ нобэкІэ дэ литературэу диІэр мащІэ дыдэщ. Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм, пэщІэдзэ классхэм щеджэхэм хухахауэ ди бзэкІэ тха усэхэри, къебжэкІ цІыкІухэри, хъыбар хьэлэмэт цІыкІухэри дэ мымащІэу диІэщ. Хэбгъэзыхьмэ, хрестоматие пэлъытэу къыдэкІауэ тхылъхэри щыІэщ. Абы хуэдэу, школакІуэ нэхъыжьхэм ятеухуауэ усэуи прозэуи зыкъом ди тхакІуэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІауэ щыІэщ. ЖанркІэ ахэр нэхъ зэмылІэужьыгъуэщ, романымрэ поэмэмрэ щегъэжьауэ, хъыбар кІэщІ цІыкІухэмрэ лирикэ усэхэмрэ щыщІитІыкІыжу. Темэрэ идеерэ жыпІэми, дзыхь зыхуэпщІ хъун Іэджи яхэтщ. Ауэ педагогикэм пыщІа псоми зэдащІэ школым щыкІуагъащІэхэм щыгъуэ зи гур еджэным къыхуитхьэщІыкІауэ щыта Іэджэр илъэс 11-13-хэм я ныбжьыр щынэсым ирихьэлІэу куэдкІэ нэхъ ІэубыдыпІэншэ зэрыхъур. Абы щыгъуэм деж сабийм и зэхэщІыкІым зехъуэж, ар зы щІэ гуэрхэм хуэныкъуэ мэхъури, и псэр зыхущыщІэр щимыгъуэткІэ, тхылъ еджэнри Іэпэдэгъэлэл фІохъу.

Сэ схужыІэнукъым а зи гугъу сщІым къыдэкІуэ проблемэр зэужьу Къэжэр Хьэмид и балладэхэмкІэ зэфІэха хъуну, ауэ къысфІощІ зи къэжэпхъыгъуэ ныбжьыщІэхэр тхылъ еджэнымкІэ, пэжым тетынымкІэ, дахагъэр нэсу зыхащІэнымкІэ абыхэм сэбэпынагъышхуэ къахьыну. Хьэмид и балладэхэм яхэтщ а Іуэхугъуэм хузэхалъхьам хуэдэу гъэпсауэ зыбжанэ – удэзыхьэх сюжет гъэщІэгъуэныр я лъабжьэу, бзэ зэрытхар гъэхуарэ шэрыуэу, идеекІэ пэжыгъэм, лІыгъэм, хабзэ дахэ зехьэным хуэузэдауэ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Налкъут щхъуантІафэ», «ГъэунэхупІэ», «Псалъэ зеиншэхэр», «ЩІегъуэжар», «Медан лъапІэ» балладэхэр. Абыхэм ящыщ гуэрхэр сатыр тІощІырыпщІ хъууэ аращ, адрейхэр поэмэ хуэдизу кІыхьщ. Ауэ псори зэщхьу уэзыгъэлъагъур ищхьэкІэ къыжысІа фІагъыу дэтхэнэми хэлъырщ. Шэч къытесхьэркъым ахэр зыхуэгъэпса ди щІэблэм гунэс зэращыхъунум, гъэсэныгъэрэ щІэныгъэкІи псэр дахагъэм къыхуэгъэушынымкІи мыхьэнэ хэха зэраІэнум.

ЩІэныгъэрылажьэм, егъэджакІуэ-узэщІакІуэм, усакІуэм, псэ зыІуту дунейм къытехъуа дэтхэнэ зыми – ар куэдрэ псэуами, и гъащІэ гъуэгур кІэщІу пыбзыкІа хъуами – и пщалъэр лъэужьу къигъанэращ. Хьэмид езым  зэрыжиІэщи, гъуэгум и бгъуагъыр и кІыхьагъщ. Илъэс 80-р гъуэгуанэ кІыхьщ, абы гуныкъуэгъуэ Іэджи, гухэхъуэгъуи къызэдиубыдащ. Ауэ сыт хуэдизу мыкІыхьми, ар пщэдей хэгъуэщэжын лъагъуэ Іушэнашэкъым, и кІыхьагъым нэхърэ мынэхъ тІасхъэу а гъуэгур бгъуфІэ ящІ Іэзагъым, цІыхугъэм, гуапагъым. Си щхьэкІэ сэ Къэжэр Хьэмид сохъуапсэ, зэплъэкІыжмэ, «еІ, бетэмал!» щІыжиІэжын щыуагъэ ІэщІэмыщІэу, мыгъуагъэу къыпэщылъахэми къамыгъэшауэ, и гуапагъымрэ цІыхугъэмрэ фІэмыкІуэдауэ, игу къитхьэщІыкІар япэ

иту нобэм къызэрысам щхьэкIэ. Лъэпкъыр лъэпкъыу дунейм тезыгъэтыр и бзаджэр хуэфащэм хуигъэзэфрэ и фIыр зэрыхуэфэщэн хуэдэу игъэлъэпIэжыфмэ аращ. Хьэмид лъапIэныгъэ зылъысыпхъэхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ, зылI хулъэкIын и IэнатIэм щилэжьащи, щэн дахэм, уэркъыгъэм я щапхъэу цIыхум яхэтыфщи, и IуэхущIафэхэмкIэ и Хэкур, и лъэпкъыр зэригъэлъэпIэн пылъу и гъащIэр ехьри.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

*Усэхэр*

# КЪЭЖЭР Хьэмид

## ЛЪАКЪУЭХЭР. IЭХЭР. ЩХЬЭХЭР

Лъакъуэ. Лъакъуэ. Лъакъуэ...
Лъакъуэ куэдыкIей
сэ тызолъагъуэ нобэ мы дунейм.
КъакIухь.
Къажыхь.
Долъей-къолъых.
Зэм зралъафэ,
Зэми къофэ.
Лъакъуэ. Лъакъуэ. Лъакъуэ...

Iэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ:
лъакъуиш къэс зы Iэ хуэзэн-хуэмызэнщ.
Абыхэми
автомат пщэпкъыр
е бащырыбэ къурмакъейр
быдэу яIыгъыу.
ХуэдищкIэ нэхъ мащIэрэ
я сэбэпри нэхъ мащIэжу...
Ауэ щхьэхэр...
Щхьэхэр мащIэ дыди —
Лъакъуэ куэдыкIейм,
абы я Iыхьэ щанэ фIэкI мыхъу Iэхэм
зэзэмызэххэ зы щхьэ гуэрхэри щахэплъагъуэ щыIэу...
Армырауэ пIэрэ езыр
ди нобэм и сэфэтыр?

* * *

Узижагъуэныр бжьэуэ къытиухьи
мы дуней гугъусыгъум:



2 Заказ №370

дэнэкIэ зигъазэми —
дыдж зэз
е зыгъэлIэн гын...
Дэнэ иджы абы,
а хъарып цIыкIу мыгъуэм,
дэнэ къыздрихынур Iэфl зыщIэлъ,
фо къыхищIыкI хъун хуэдэу?
... НэхъыкIэжи усакIуэм и Iуэхур.

## УСАКIУЭМ И ГУР

УсакIуэм и гур уIэгъэ пцIанэщ.
А уIэгъэр щIэмычэу елъэс
гуауэ зиIэм щIагъэж нэпс гуащIэм.
Апхуэдизыр зыгъэв усакIуэм,
и дзэр зэтрикъузэми,
и псэм къыпхев пщIэнтIэпс пщтыр.
Ар тхылъымпIэ къабзэм зэрытеткIуэу —
усэ сатыру къогъагъэ, —
аращ усэр къызэралъху щIыкIэри.



## АБЫ ЗЭРЕДЖЭР

ГъущIыр къэзыгъэш,
шэри зылъэщIэмыхьэ,
хьэуам епсынщIэкI,
кIэрэ пэрэ зимыIэ зэманри зыпэмылъэщ,
лъэщыгъэр зиIэм къигъэщIа псори зыгъэзджыздж,
сымаджэри къызэфIэзыгъэувэж,
ажал жыхуаIэр зымыщIэ,
блэкIамрэ къэкIуэнумрэ гугъу демыхьу зэпызыщIэ,
щIалэгур лIыжьым къезыт,
дуней дызытетым и Iэубыдыпlэ,
абы зэреджэр сыт жыпIэмэ -
псалъэщ.

* * *

Бгыр угъурлыщ,
бгырысыр насыпыфIэщ:
зэ худоплъейри бгым —
щхьэроху и пыIэр;

екIуэкIыурэ
щхьэрыху-къищтэжу —
щхьэрымыхужу мэхъу иужькIэ.

* * *

Дыгъуасэ изу щыта мазэр,
мес, нобэ мащIэу хэIэжаи.
Сэ мызэ-мытIэу срохьэлIэ
Зэ жиIа псалъэм епцIыжа.

ЩIэх-щIэхыурэ зэблахъур джани:
Псалъэр псэм и уэрэдщ, лIэун!
Псэм къебл уэрэдыр уэ жыIэфи,
Дыгъэр къепсыхукIэ ар псэунщ.

* * *



Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
удз цIыкIухэр къысхудэплъейуэ,
жыгхэри къызэхъуапсэу,
Сэ
цIыхуу сыкъыщалъхуам.

Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
тафэтесхэри къысхукъуэплъу,
къумырысхэри къысхуеплъэкIыу,
Сэ
къурш куэщIым сыкъыщихутам.

Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
цIыхуу дунейм тетым я нэхъ лъагэм —
къуршырыс вакIуэлIым —
и унагъуэм,
сымыщIэххэу, сыкъыщралъхуам.

## АХЫН, АПХУЭДЭУ...

— Ахын, апхуэдэу щхьэ уткIыбжь уэ?
— Адыгэ нэпсыр къызобэкIри.

— Ахын, апхуэдизу щхьэ уфӀыцӀэ?
— Адыгэ Ӏуэхум согупсысри.

— Ахын, апхуэдэу щхьэ угызрэ?
— Адыгэ гъыбзэм сегъэгуӀэ.

— Ахын, ущыгъуэу щхьэ епхьэкӀрэ?
— КъысщӀэплъэт: си щӀэр адыгэкхъи.

— Ахын, сыт плъапӀэу къыпхуэнэжыр?
— Сэ адыгагъэм сыщогугъ...

## КУЭБЖЭМ УДЭПЛЪМЭ...

Пщэдджыжьым куэбжэр зэӀубодзри,
удэплъу, куэдрэ ущытщ.
НтӀэ, сэхитӀым я зэхуакум
дэплъагъуэр сыт?

ИщхъэрэкӀэ къыщыс гъунэгъум
унэшхуэ щӀэуэ къигъэуваи.
Къэнжал хужьыбзэ, нэр щыджылу,
унащхьэми трибзэжаи.

А къэнжал хужьыр фӀыцӀэ пщыхъуу,
щиухрэ уи дунейр абдеж?
Хьэмэ — абы къытещӀэ уафэр
Плъагъуфу утет мы дунейм?

* * *

ЦӀыху кӀуэм и
вакъэм уемыплъыщэт:
аракъым Ӏуэхур.
Ар хуабжьу кӀуэрэ,
хуэму кӀуэрэ
е абы и лъэгудыгъуэм
гъуэгушхуэ щӀэшыхьа, —
ари мыӀуэху.
Псом ящхьэр —
цӀыху кӀуэм
и гупэр здэгъэзарщ.

* * *

Пшхын и пэ къихуэу, мыӀэрысэм
нэщхъыфӀэу уеплъмэ, мэхъу нэхъ ӀэфӀ.
Пщэдджыжьым уафэм удэплъейрэ
ущыгуфӀыкӀмэ — мэхъу уэфӀ.

МывэкӀэ къоуэм пӀастэ Ӏыхьэ...
Псалъэжьым жиӀэр, дауи, пэжщ.
Ауэ, мывэм мыӀэбэ щӀыкӀэ,
ӀэщӀэлъхьэт цӀыхум пӀастэ уэ, —
ар пэжу щыӀэм я нэхъ пэжщ.

ИтӀанэ, мывэ къыхэмыхьэу,
фи Ӏуэхур дахэу зэфӀэкӀынщ;
гужьгъэжь кӀыфӀыжьым зигъэзэнщи,
гуапагъэр, дыгъэу, къыщӀэкӀынщ.

* * *



ТӀэкӀу къепсэпсауэу нэху къекӀамэ,
уэфӀ мыхъужыну къыпщымыхъу.
«Ерэхъуу» жаӀа псом ефӀэкӀыу,
«хьэуэ» щыжаӀи куэдрэ къохъу.

Хъыджэбзым «хьэуэ» къыбжиӀакӀэ,
уи пыӀэр къапщтэу уемыжьэж,
жыӀэзыфӀэщу «ерэхъу» дэжэр
кӀасэӀуэ хъуауэ зэ щӀогъуэж...

Мыри щӀызгъунут:
уи жагъуэгъум
уэ нобэ ӀупщӀэ къыпхуищӀа?
УзэрефӀэкӀыр и нэм бжэгъуу
щӀэуэжри — кууэ хурищӀащ!

* * *

Насыпыр лӀыгъэкӀэ къамыхьми,
уэ лӀыгъэ зыхэгъэлъыт, къуэш.
Сыт лӀыгъэр?
ЛӀыгъэр, укъэмыскӀэу,
сыт щыгъуи жыпӀэфынырщ пэж.

Ауэ жыпIам утемытыжмэ —
«Сэ жысIэр щIэ, умыщIэ сщIэр» —
уэхыйуэ уафэм укъехами,
уи псалъэм зэи иIэнкъым пщIэ.
Пэж жыIэ, пэжуи псэуфи —
ар лIыгъэ нэсщ.
ЗэгъащIэ, апхуэдэм и псалъэрщ
ящыхъур бэм гунэс.
Насыпыр лIыгъэкIэ къамыхьми,
лIыгъэм уемыпцIыж, ущIегъуэжу;
насыпыр, къуэш, къыпхуигъэфащэрщ,
лIыгъэр — уэ зыхуэбгъэфэщэжырщ.

* * *

Дэ тщIэ-дымыщIэми, дунейм
тетщ тхьэIухуду куэдыкIей.
А тхьэIухудхэм я нэхъ дэгъуэм
иIэнкIэ хъунукъэ зы дагъуэ!

НэгъуэщIым хуэщI уешыхукIэ дагъуэ
е фIэщ, уфIэфIмэ, дахэкIей,
Сыт фIэпщыжынур фIыуэ плъагъум?
Ар фIыуэ плъагъуу аркъудейщ...

* * *

Хьэуэ, хьэуэ, сэракъым а махуэм
уэ щэху дыдэу «ерэхъу» зыжепIар;
а пщыхьэщхьэм, мазэщIэу, гуфIэжу
сэрмыра, сэрмыра къыпIущIар.

Хьэуэ, хьэуэ, сэракъым, сэракъым
нэ къуэлэнхэм я хъуэпскI зылъысар;
гъатхэ хадэм, уи Iэпэр иIыгъыу,
сэрмыра, сэрмыра уизышар.

Ауэ а гъатхэ дахэр фэеплъу
щIалэ гуэрым уэ игу къыпхуинаи...
Хэт ар, жыпIэрэ укъызэупщIмэ,
ар сэращ, ар сэраи...

* * *

Унэм ущIэсмэ, дызэфIонэ,
узэрыщIэкIыу сыпхуозэш.
СыIутщ щхьэгъубжэм, сыныппэплъэу:
ПсынщIэIуэу, си псэ, къэгъэзэж.

СыкъызэщIэплъэм, псалъэ пщтырыр
сыпщымысхьыжу узоутIыпщ.
СыщIегъуэжауэ, соупщIыIужри,
сэ сошэчыж птеслъхьам хуэдипщI.

Ауэ, си тIасэ, ухей дыдэу
уэ цIыкIуми уимыгугъэж:
сэ сынолъэIуу схужумыIэм
иужькIэ уэ укъытохьэж!

Дауи, нэхъ тынш ди Iуэхур хъунти,
уесатэмэ дэпчыхыу зэ:
нэхъ кIащхъэу уэ укъыспэувмэ,
сэри нэхъ щIэхыу къэзгъэзэнт!



Ди Iуэхур нобэкIэ хэплъэгъуи:
зэрылъагъуитI зэгурымыIуэу!..
ЗдэщыIэм «лъагъу», — сэ согъэщIагъуэ, —
щымынэхъ мащIэу пIэрэ «гъэгъур»?

## СИ ФIЭЩ МЫХЪУ

Сыбужэгъуауэ къызжепIами,
сыкъыумылъагъуу си фIэщ мыхъу.

Ди гъуэгур тIууэ зэхэкIами,
сыпхуэмызэну си фIэщ мыхъу.

Мы гъатхэ махуэм и дахагъэр
уэ зыхыумыщIэу си фIэщ мыхъу.

Мо пцIащхъуэ цIыкIур нобэ си гум
къимылъэтауэ си фIэщ мыхъу.

Абы къриш и уэрэд гуапэр
уэ зэхыумыхыу си фIэщ мыхъу.

Ныщхьэбэ вагъуэм си хъыбар уэ
къыпхуамыщӀыну си фӀэщ мыхъу.

МазэщӀэр, мащӀэу уигъэкъуаншэу,
къомышхыдэну си фӀэщ мыхъу.

Пщэдей дыгуфӀэу дызэгъусэу
демыжьэжыну си фӀэщ мыхъу!

## ДАУЭ ЗЭРЫБГУЭШЫНУР?

Дауэ зэрыбгуэшынур:
Паркым ит ди шэнтжьейр
дауэ зэрыбгуэшынур?
ПхъэхкӀэ тӀууэ зэпытхыу,
ныкъуэ-ныкъуэу етхьэжьэжыну?
Дауэ,
        дауэ,
                дауэ
зэрыбгуэшынур мо мазэр?
Вагъуэу здэдбжахэр дауэ,
дауэ зэрыбгуэшынур?
ТӀууэ дгуэшыну уафэр?
Дгуэшыну мы жэщ мазэгъуэр?
Хьэуэ, ар слъэмыкӀыну,
дызэгъэкӀужи нэхъыфӀщ!

* * *

Хэт а зууэ дыжьын башкӀэ
си щхьэгъубжэм къеуӀуар?
СыкъыщӀэкӀмэ, гъатхэ жэщым
хуэмыухыр уи хъыбарщ.

Мазэр си нэм къыщӀолыдэ:
«Ситу гуакӀуэ а уи Нагъуэр!
А уи Нагъуэм хуэдэу дахэ
дуней нэхум тезмылъагъуэ!»

«Сэри фӀыуэ сыщыгъуазэщ!» —
жьыбгъэм сэ зыкъысхуегъазэ.
Удзхэми къызжаӀэ гуапэу:
«Дэри, дэри дыщыгъуазэщ».

«Дэри дощІэ, дэри дощІэ!» —
жаІэ жыгхэм япыт пщІащэм.
«Сэри, сэри» — щабэ дыдэу
псыІэрышэр мэІущащэ.

Си щхьэр сІэтрэ сыдэплъеймэ,
нащхьэ сэ къысхуащІри вагъуэм:
«Дэ дымыщІэ Іуэхум хэлъкъым —
Нагъуэм фІыуэ укъелъагъур».

Сыт иджы уэ жыпІэжынур?

## МЕДАН ЛЪАПІЭ

*Балладэ*

Хъаныжьым хуещІ унафэ
и везирым: «Пщэдей
мор-мыр жыхуаІэ хэкулІхэм
я къуэхэр къэгъэс си дей!»



Хъаным жиІар унафэщ,
везирыр дапщэщи хьэзырщ
(унафэм кІэлъэф хэзылъхьэ
везирыр мывезир!)

Арыххэу, етІуанэ махуэм
къызэхуос щІалэ бжыхь:
уахэплъэну гухэхъуэщ,
яхэмыт мыгурыхь.

ЩІалэхэр къызэпеплъыхьри,
хъаныжьым жеІэ мыр:
«ФыщІалэ къекІу защІэщ,
хэбдзыну зы фхэмыт!

Ауэ... сэ сыхуейщ къэсщІэну:
фэ фщыщу лІыхъу нэсыр хэт?
Дыгъужьыгур зышхауэ,
къимыкІуэтын фэ фхэт?

Мес, шордакъым къисщ Къундузи,
абы хэт ирикун?

Тегушхуэу, хъаным и пхъум
хэт ба хуищIыфын?

Къызэрехыж нэхъ хэмылъу
щхьэпылъэр къыпоплъэ абы.
Арщ уасэу хуэзгъэувыр
Къундуз дахэкIей и зы бам».

ЩIалэхэр зэрыхогъаплъэ,
запIытI-захузу зэхэтщ.
Ауэ, тегушхуэу, зы бакIэ
гъащIэр зытынур хэт!

Хъаным ещI унафэщIэ:
«ПIалъэ имыIэу, пщэдей,
дзэм хэту хъуа псори
жьыуэ къэгъэс си дей!»

Хъаным жиIар унафэщ.
Везирыр дапщэщи хьэзырщ
(унафэм кIэлъэф хэзылъхьэ
везирыр мывезир!)

ДзэлIхэр къызэпеплъыхьри,
хъаныжьым жеIэ мыр:
«ФыщIалэ къекIу защIэщ,
хэбдзыну зы фхэмыт...»

... ДзэлIхэри зэрыхогъаплъэ,
запIытI-захузу зэхэтщ.
Ауэ, тегушхуэу, зы бакIэ
ГъащIэр зытынур хэт!

Хъаным ещI унафэщIэ:
«ПIалъэ имыIэу, пщэдей,
лъахэм щIалэу исыр
жьыуэ къэгъэс си дей!»

Хъаным жиIар унафэщ.
Везирыр дапщэщи хьэзырщ
(унафэм кIэлъэф хэзылъхьэ
везирыр мывезир!)

ЩIалэхэр къызэпеплъыхьри,
хъаныжьым жеIэ мыр:
«ФыщIалэ къекIу защIэщ,
хэбдзыну зы фхэмыт...»

... ЩIалэхэр зэрыхогъаплъэ,
запIытI-захузу зэхэтщ.
Ауэ, тегушхуэу, зы бакIэ
ГъащIэр зытынур хэт!

... Арыххэу, зы щIалэщIэ,
псори еплъу, къахокI.
Шордакъым ныдокIуейри,
дахащэм ба ныхуещI.

А дыгъужьыгур зышхауэ,
зи лIыгъэр Iуащхьэу ин!
Ар — хъаным и бжэныхъуэ
щIалэщIэ Сэрэждинт.

Iэдэбу къегъэзэжри:
«Зи щIыхьыр лъагэу хъан!
СыбзыщIыркъым, куэд щIауэ
Къундуз сыдихьэхат.

Ауэ Къундуз дахащэ,
хъаным ипхъу тхьэIухуд
бжэныхъуэм дежкIэ уафэт
(уафэм дэплъеи щыт!)

Абы зэ ба хуэсщIынуи!..
Медан лъапIэу а зым
си гъащIэ псор щIэстыну
куэд щIауэ сыхьэзырт.

А си хъуэпсапIэ щэхум
нобэ сытеIэбащ!
Дауи, гъащIипщI я уаси
Къундузым и зы бар!..

Дэнэ щыIэ щхьэпылъэр?
Абы сыхуэхьэзырщ.

Сэ къыслъысам си гъащIэр
щIэстыну сыарэзыщ».

Хъаныжьым быну иIэххэр
Къундуз дахэкIейт.
Езыр кхъахэ хъуати, и пхъур
лIы иритыну хуейт.

Малъхъэ хуэхъум хъаныгъуэр
къыхуигъэнэну хьэзырт.
ЩIэхъуэпсырт илъагъужыну,
мылIэ щIыкIэ, а зыр.

Дауи, япэ къэс щIалэр
абы малъхъэ хуэмыхъунт!
Къундуз хуэфащэ щауэ
дэнэ къипхынт?

ЦIыкIутэкъым и хъаныгъуэр,
щIалэ къудани щыкуэдт.
Ауэ и пхъум хуэфащэ закъуэр,
а зы закъуэр хэт?

Иджы ар къихутащи,
жьыщхьэ махуэу зебжыж.
— КъакIуэ мыдэ, — йоджэ и пхъум, —
шордакъым къехыж.

Зэхэтхэм захуегъазэри:
— Iэгу-жи! Вгъэзджыздж дунейр!
Къундуз хуэфащэ щауэр
нобэ къэхъуащи сэтей!

*УсакIуэ Къуныжь ХъэIишэт илъэс 70 ирокъу*





# «СИ УСЭХЭР ЖЫНУКЪЫМ МЫВЭУ, СИ ПСАЛЪЭХЭР, БЗУУЭ, ЩХЬЭХУИТЩ»

*Къуныжь ХъэIишэт Мурадин и пхъур Шэджэм районым хыхьэ Щхъэлыкъуэ къуажэм 1948 гъэм майм и 5-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым Максим Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым щIотIысхьэ. Лэжьыгъэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ: Мэзкуу дэт институтхэм языхэзым, КъБР-м и радиом, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьащ. А лъэхъэнэхэм Къуныжьым и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу хуожьэ. Ахэр «Ленин гъуэгу» газетым къытехуащ, апхуэдэуи урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ «Поэтессы Советского Союза» серием хэту 1971 гъэм Мэзкуу къыщыдэкIащ, 1975 гъэм «Истоки» альманахым (Мэзкуу къыщыдэкIыу щытащ) къытрадзащ. А гъэ дыдэм дунейм къытехьащ Къуныжь Хь. «Япэ уэс» зыфIища и япэ усэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри: «Къру гъуэгу» (Усэхэмрэ поэмэхэмрэ, 1984), «ГъащIэм и сурэт» (Усэхэр, 1991), «Горсть солнца» (Стихи, 1993), «Хьэрхъуп» (Усэ тхылъ, 1996), «Псэм и губгъуэ» (Усыгъэхэр, 1998), «Зэман гъуэща» (Усэхэмрэ поэмэхэмрэ, 2003). УсакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхъэса «Удзыпэ тхъэлъэIу» тхылъыр 2015 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.*

*Къуныжьым и усэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдокI. Лирикэм нэмыщI, усакIуэр лиро-эпикэми щолажьэ: абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ поэмэ*

*зыбжанэ – «Шылэ удзхэр», «ГъащIэ уагъэ», «Си Алий» (ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу). Апхуэдэуи ар ныбжьыщIэхэм яхуоусэ, и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ «Нур» сабий журналым къытохуэ.*

* * *

Къуныжь ХьэIишэт и IэдакъэщIэкIхэм щытепщэр усыгъэм сыт хуэдэ зэмани къыдекIуэкI темэхэрщ (урысыбзэкIэ «вечные темы» жыхуаIэхэрщ). Апхуэдэщ хэкум, лъэпкъым, анэм ятеухуахэр, лъагъуныгъэ, пейзаж мотивхэр, гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэщIэзыкъуэ философие лирикэр. Ахэр зы усэм щызэхэухуэнауэ ХьэIишэт и тхыгъэхэм ущрихьэлIэ куэдрэ къохъу, икIи аращ усакIуэм и художественнэ Iэзагъым и нэщэнэу, и хъэтIым и щхьэхуэныгъэу къэлъытапхъэр.

Къуныжь Хь. и граждан лирикэр, хэкур фIыуэ лъагъуным ехьэлIа мотивыр и усыгъэм щытепщэхэм ящымыщми, щIыпIэ хэха щеубыд. УсакIуэр псэ къабзэкIэ и лъахэм зэрыбгъэдэтым и щыхьэтщ абы зэрызыхуигъазэ мыпхуэдэ сатырхэр:

*УзимыIамэ, сытыт си дунейр,*
*СимыIэу псэху*
*ЗгъэлъапIэ си щIыналъэ?*
*Пщэдей сихунум уи гум,*
*Къэбэрдей,*
*ИреувыIэ нобэ*
*Си пшыналъэр.*
***(«Си щIыналъэ»)***

УсакIуэм и лъагъуныгъэ усэхэр пщыдджыжь акъужьым хуэдэу къабзэщ, гуапэщ, литературэджым, критикым и нэкIэ уеплъмэ, щIэныгъэр и лъабжьэу зэпкърыпхмэ – образ щIэщыгъуэхэр къыщыгъэщIащ, гупсысэ къэIуэтэкIэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэщIэузэдащ. «Си лъагъуныгъэр езгъэпщэнут...» усэм и лирикэ лIыхъужьыр, псэм щигъафIэ гухэлъым и дахагъыр, кууагъыр, лъэщагъыр къиIуэтэн папщIэ, ар зыхуигъэдэн, зригъэпщэн дунейм щимыгъуэту гупсысапIэ йохуэ: «уэгу вагъуэм хуэдэ мыIэрысэм» иригъэпщэнути, ар «бжьыхьэм жьы къепщэнум ихьынущ игъуэ нимыгъэсу»; «жьэгум хъуаскIэ къыдэлъэтым» хуигъэдэнут, «щIымахуэр къэсрэ жьым къимыхьу щытамэ уэс щIыIэр, бзийр ипхъуатэу»; «пщэдджыжьым уафэм къихьэ дыгъэм» иригъэщхьынути, «дунейм имыхь сыт щыгъуи бзыгъэу...», нэгъуэщIу жыпIэмэ дыгъэри пшэм щыкъуилъафэ къохъу. ИкIэм-икIэжым, лирикэ лIыхъужьым къыгуроIуэ лъагъуныгъэ къабзэр зыхуэбгъадэ хъун зэрыщымыIэр, цIыху къэс езым и гухэлъ щIыкIэ зэриIэжыр, дэтхэнэми и гухэлъыр и псэм и плъыфэу зэрыщытыр. Ар зи гугъу тщIы усэм художественнэ бзэ дахэкIэ къыщыIуэтащ:

*НэгъуэщI ар зэщхь темыт мы щIыгум –*
*Си лъагъуныгъэр ещхъыжщ си гум.*
***(«Си лъагъуныгъэр езгъэпщэнут...»)***

Лъагъуныгъэ мотив къызыпкърыщ усэу Къуныжь Хь. и Iэдакъэ къыщIэкIахэм зэдыщIэкIыу зы щхьэхуэныгъэ япкърылъщ – гухэлъыр къабзэщ, ар зыпкърышыпсыхьа псэр итхьэщIыкIащ. Аращ усакIуэм и

лъагъуныгъэ лирикэр «къабзэ», «лыд» «нур» псалъэхэмкӀэ зэщӀэузэдауэ щӀыщытым и щхьэусыгъуэри. Къэтхынщ щапхъэ зыбжанэ: *«Уи теплъэ сызэжьэр къихьэн нэхъей, / Лыдыжу щхъэгъубжэр солъэщӀ»* («Си натӀэм, си Ӏупэм я ныбжьыр зытелъ...»); *«Лъагъуныгъэ пхузиӀари уэ зым фӀэкӀ / Темыплъэну, мазэ нурым кӀуэцӀашыхь»* («Уэрам захуэм унэ папцӀэхэр къытощ...»). Абы щыгъуэми, мазэмрэ дыгъэмрэ хуэдэу, ХьэӀишэт и усэхэм къыхэщ лъагъуныгъэм лъэныкъуитӀ иӀэщ: и зы лъэныкъуэр гуапэмэ, адрейр – гуауэщ. Гухэлъыр нэхъ къабзэхукӀэ, къару лъэщи хэлъщ икӀи нэхъ гуащӀэщ. А гурыщӀэр сыт щыгъуи гуапэу, ӀэфӀу зэрыщымытыр Къуныжьым «Сымымазэ, сымыдыгъэ...» зыфӀища усэм ӀупщӀу къыхощ: *«И щӀопщ гуащӀэм лъагъуныгъэм / Чыным хуэдэу сегъэльей...»*.

Къуныжь Хь. и пейзаж лирикэр и творчествэ псом щынэхъ лъэщ дыдэхэм, щытепщэхэм ящыщщ. УсакӀуэм и дэтхэнэ усэми щӀыуэпсым и теплъэ зэхуэмыдэхэр хэухуэнащ. Абы щыгъуэми, лирикэ лӀыхъужьым и псэм щыщӀэхэм, и гурыщӀэхэм дунейм и щытыкӀэр пэщӀэгъэувакъым, атӀэ поджэж: щӀыуэпсым и образхэмкӀэ цӀыхум и зэхэщӀыкӀыр, гухэлъыр, гупсысэр къэӀуэта мэхъу. «Зы гъатхэр тӀуми...» усэм деж фӀыуэ зэрылъагъухэм гъатхэми закъыдещӀ, къахуогуфӀэ, къопсэлъылӀэ, абыхэм я гурыщӀэм и плъыфэ фащэкӀэ дунейр зэщӀехуапэ:

*И лъагъуныгъэм*
*Къытхуищӏащ и гугъу,*
*Дэ тӀум ди лъагъуныгъэр*
*ТхуигъэльапӀэу.*
*КъыщищӀэм тӀуми*
*ПӀейтеяуэ дигу,*
*Хыхьащ жыг хадэм*
*ТхъэмпэкӀэ ихуапэу.*
***(«Зы гъатхэр тӀуми...»)***

ГъащӀэм ехьэлӀа гупсысэ куухэр къыщиӀуатэкӀи Къуныжьым щӀыуэпсым и образхэр Ӏэзэу къегъэсэбэп. Абы и усыгъэр щыхьэт зэрытехъуэщи, дунейм и щытыкӀэр къетхэкӀыныр мащӀэщ, ар цӀыхум и гупсысэ-гурыщӀэ гуэрхэм ехьэлӀауэ щытыпхъэщ, цӀыхупсэм и гъуджэу увыпхъэщ. Нэхъыщхьэжращи, усакӀуэмрэ щӀыуэпсымрэ псэкӀэ зэпыщӀащ, зэрощӀэ: *«ЦӀыху гуэр сфӀощӀ хуейуэ / Си гущӀэгъу, / Жьы щӀыӀэ ябгэм / СыӀущӀэхукӀэ»*, – щетх абы «Жьы щӀыӀэр жэщми мыгъуэлъыж...» зыфӀища усэм.

Къуныжь Хь. и усыгъэм гъащӀэм и философие куу хыболъагъуэ. УсакӀуэм къигъэщӀа илъэсхэри, игъэва гурыгъу-гурыщӀэхэри, акъылрэ псэкӀэ зыхуэкӀуа гупсысэхэри зэхыхьэжри, а псом къыхудэкӀуа Ӏущыгъэр и тегъэщӀапӀэу, езым и дуней еплъыкӀэ и усэхэм къыщигъэщӀыжын лъэкӀащ:

*Мырауэ сфӀощӀ и лъабжьэр гъащӀэм:*
*Зым хуэхъур хущхъуэ зым и щхъухьщ.*
*ТӀум яз хэмытмэ – гуапэр мащӀэщ.*
*ТӀум яз хэмытмэ – гуауэр кӀыхьщ.*
***(«Зэ хъуамэ псыӀэ пэшхьэку яжьэр...»)***

Мы сатырхэм усакӀуэм щӀагъыбзэу щӀилъхьэр гъащӀэм ӀэфӀри дыджри зэрыщызэщӀэлъырщ, гуфӀэгъуэри гуауэри зэрыщызэлъэпагъырщ, ер умыгъэунэхуауэ фӀыр зэрызыхыумыщӀэрщ.

Къуныжь Хь. и усыгъэм къыпкърыщ псэр къуэпс быдэкӀэ адыгэм и тхыдэм, пасэрей хабзэхэм, нарт эпосым, ӀуэрыӀуатэм, уэрэдыжьхэм зэрапыщӀар усакӀуэм и лъэпкъ зэхэщӀыкӀыр зэрылъагэм и щыхьэтщ. Абы щыгъуэми, тхыдэм щыхуэусэкӀэ, ХьэӀишэт и усыгъэм цӀыхухъу хьэл къещтэ – и псалъэр быдэу егъэувыф, и къэӀуэтэкӀэм ерыщыгъэ хелъхьэф, и гупсысэр къару къэмылэнджэжкӀэ епсыхьыф. ЖытӀам и зы щыхьэтщ тхыгъиплӀ къызэщӀэзыубыдэ «Уэрэд» усэ Ӏэрамэр. Абыхэм языхэзым адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекӀуэкӀа хьэл-щэныр екӀуу къыщыгъэлъэгъуэжащ. Мыращ, усакӀуэм пэжу зэритхымкӀэ, адыгэр къызэрыгъуэгурыкӀуар, зэрихьа хабзэ-бзыпхъэр, псэзэпылъхьэпӀэ ихуами, ӀэщӀыб ирамыгъэщӀыфу къыдекӀуэкӀа псэукӀэр:

*Къыхуепсыхамэ хьэщӀэу хамэр,*
*Къэмыхъут хуимыщӀу хамэм дзыхь.*
<...>
*Гурыщхъуэ щӀыныр имыхабзэт,*
*Къарум, акъылым ящӀт хэмыщт.*
*Хыхьамэ зауэм – хуэдэт шабзэм,*
*Мэш губгъуэм хисэмэ – емышт.*

*ХамэщӀ имыхьэт ихъунщӀэну,*
*И лъэпкъ нэмысыр ихъумэжт...*
**(«Си лъэпкъ насыпыр зи гуращэм...»)**

Щабэщ, гуапэщ, акъужь къабзэ къызыхихущ Къуныжь Хь. и усэхэр. Ауэ, апхуэдэу щытми, лъэпкъым и блэкӀар зы узыфэ ӀэпапӀэу къапхощ абыхэм. А тхыдэр усакӀуэм «гугъу» жыхуиӀэ эпитетымкӀэ егъэбелджылы.

«Тенджыз ФӀыцӀэм и Ӏуфэм» фӀэщыгъэм щӀэт усэм лъабжьэ хуэхъуар ИстамбылакӀуэрщ, Кавказ зауэм и кӀэухыу XIX лӀэщӀыгъуэм икухэм адыгэхэм я лъахэр зэрырагъэбгынауэ щыта Ӏуэхугъуэрщ, Тырку щӀыналъэм щагъэӀэпхъуэм, тенджыз ФӀыцӀэм ди лъэпкъэгъу куэд зэрыхэкӀуэдарщ:

*СыщымыӀа ТыркущӀым,*
*Чэбэр сымылъэгъуа.*
*Я гуауэм сегъэпӀыщӀэ*
*И щӀагъ тенджызым хъуам.*
**(«Тенджыз ФӀыцӀэм и Ӏуфэм»)**

УсакӀуэм къигъэлъэгъуэж лъэхъэнэ лъандэрэ лӀэщӀыгъуэрэ ныкъуэрэ дэкӀыжами, нобэр къыздэсым тхыдэм и гуауэр ужьыхакъым, усакӀуэпсэми ар гуащӀэу зыхещӀэ:

*Узыбгынахэр, Хэку,*
*ЩӀигъуауэ зы лӀэщӀыгъуэ,*
*Ягу къыпщӀэбэгыу*
*УэркӀэ, мес, мэщыгъуэ.*
*Хэкужьым икӀыжахэр*

*Зэрогъуэт,*
*Адыгэ бынщ...*
***(«Узыбгынахэр, Хэку...»)***

Къуныжь ХьэIишэт и усыгъэм и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ езым и хъэтI, и дуней еплъыкIэ зэриIэжыр, къыхиха гъуэгуанэм тезышыфын зэрыщымыIэр: *«Сыщыхасэм сыкъыщыкIыу, / Уэ, зэгъащIэ, – сымыдзэл, / Си къудамэр къыгуащIыкIым, / ГуэщIыкIыпIэр си анэлщ»* («Сыщыхасэм сыкъыщыкIыу...»). Зи гугъу тщIы а гупсысэм къыпащэ усакIуэмрэ усыгъэмрэ я зэхущытыкIэр къызыхэщ усэхэм. Усэ зытхыр и усыгъэм, и IэдакъэщIэкIхэм я тепщэу, художественнэ псалъэр здыхуей лъэныкъуэмкIэ иунэтIу тфIэщIми, абы къыпэщIэуэ еплъыкIэ Къуныжь Хь. и «Усэ сэ стхыркъым...» тхыгъэм дыщрохьэлIэ:

*Усэ сэ стхыркъым,*
*Езы усэм си гъащIэр зэхелъхьэ,*
*Зэрегъэзахуэ си хьэлыр.*
***(«Усэ сэ стхыркъым»)***

Къуныжьым и усэхэм я поэтикэм – зэрытха бзэм, ритмикэм, строфикэм, абыхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ лIэужьыгъуэхэм, н. – щхьэхуэу къытеувыIэпхъэщ. Псом япэу къыхэгъэщыпхъэраци, усакIуэм анэдэлъхубзэр Iэзэу егъабзэ, абы и Iэмал гъэщIэгъуэнхэр и усыгъэм IэкIуэлъакIуэу хеухуанэ. Нэхъыбэрэ абы узыщрихьэлIэхэм ящыщщ зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, къэгъэпсэуныгъэ Iэмалхэр, эпитет гъэщIэгъуэнхэр, егъэлеиныгъэхэр. Къэтхынщ щапхъэ зыбжанэ: *«Уэшхым къыхыхьауэ, дыгъэ бзийхэр къофэ»* («Укъысхуэзэну арагъэнщ»), *«Сыножьэ сэ бэшэчу, лIэм и гъунэу, / ЩIы зэгуэчар зэрежьэм хуэдэу псым»* («Сыножьэ»); *«Адэ щIэиныфIщи, гугъэм, / Сыщыхэтми бэлыхь, / ШыщIэм хуэдэу, гъатхэ губгъуэм / Емызэшу къыщежыхь»* («Гугъэ»); *«Еплъыт, пшэплъыр, бащлъыкъ плъыжьу, / ЕдзэкIащ бгы дамэм. / Псыри хуэдэщ бгырыс хъыжьэм / Игъэпса гъуэгуанэм»* («Дахагъэ»); *«Зэманыр, шыфIу, кIуэрт мыпIащIэу, / <...> / Гу лъыдмытэххэурэ, ди гъащIэр / Ди сабий щхьэцхэм, уэшхыу, пыжт»* («Зэманыр, шыфIу, кIуэрт мыпIащIэу»); *«ШыщIэм пщIэхэлъ дыжьын уэзджынэу, / Уи фIыщIэ жыгым мазэр фIэлъщ»* («Сыщалъхуа лъахэ»); *«Мазэр, хуэдэу кхъуейхьэл ныкъуэм, / Пшэ шэжыпсым ныхоткIухь»* («Мазэр, хуэдэу кхъуейхьэл ныкъуэм»), нэгъуэщIхэри.

Къуныжьым и усэхэм ритмикэ шэщIа яIэщ, языныкъуэхэм укъыщеджэкIэ макъамэ щIэлъу зыхыбощIэ. Мис, псалъэм папщIэ, щапхъитI:

*Къыдыхьэжам я жьэгум,*
*Къахохьэри къару,*
*Къыщофэ гуфIэу уэгум:*
*«Къру, къру, къру».*
***(«Къру гъуэгу»)***

*Дышыпсэу, дыпсысэу*
*Дихьэжми уафэгу,*
*Къэдгъанэ гупсысэр*
*Щыблэнур ди жьэгущ.*
***(«Дышыпсэу, дыпсысэу...»)***



3 Заказ №370

Рифмэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу ХьэIишэт и усэхэм нэхъыбэ дыдэрэ къыщыгъэсэбэпар кIэух рифмэ зэблэдзарщ:

*Зы щIалэгъуэщ цIыхум* ***иIэр…***
*Илъэс къэскIэ уэсыр* <u>*къос,*</u>
*ЩIымахуае щащыху* ***щIыIэр***
*ИгъэткIуну дыгъэр* <u>*къопс.*</u>
***(«Сымымазэ, сымыдыгъэ…»)***

ИщхьэкIэ къэтхьа щапхъэм деж рифмэ зэблэдзакIэ зэпыщIащ япэ сатырымрэ ещанэмрэ *(иIэр – щIыIэр)*, етIуанэмрэ еплIанэмрэ *(къос – къопс)* я кIэуххэр. Апхуэдэуи зи гугъу тщIы усыгъэм сатыркIуэцI рифмэм и щапхъэ дахэ ущрохьэлIэ: *«Си* ***нэбгъузым*** *щоджэгу уафэ* ***нэзыр****»* («УсакIуэ гъащIэ»). Мыбдежым сатырым и пэщIэдзэмрэ и кIэухымрэ *«нэбгъузым – нэзым»* жыхуиIэ рифмэ къулеймкIэ зэпыщIащ.

Гу зылъытапхъэхэм ящыщщ усэхэр зэрыгъэпса строфикэр. Адыгэ усыгъэм нэхъыбэрэ къигъэсэбэп сатыриплI строфам нэмыщI, Къуныжьым и усыгъэм сатыр бжыгъэ зэхуэмыдэу – сатырихыу, сатыриблу, сатырийуэ – зэхэлъ строфахэм ущрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, «Ди уэрэдыжьхэр» усэр сатырихыу зэхэлъ строфакIэ тхащ:

*Адыгэ уэрэдыжьхэм я макъамэр,*
*Кхъузанэм хуэдэу, си акъылым ез.*
*Си бзэ шэщIар хъыринэ ирегъащIэ,*
*ИмыщIа куэди си гум кърегъащIэ,*
*Темылъа куэди си псэм къытрелъхьэ,*
*Хэлъ дэп жьэражьэм махуэ Iэджи сфIес.*
***(«Ди уэрэдыжьхэр»)***

Сыт хуэдэ гъэпсыкIэ-ухуэкIэ ямыIами, Къуныжь Хь. и усэхэр зы жыпхъэ гуэрым е гупсысэ щхьэхуэм ихузауэ щыткъым: абыхэм псэ яIутщ, я щыIэкIэ-псэукIэ яIэжщ, купщIэкIи фащэкIи заужь зэпытщ. Абы щыхьэт тохъуэ усакIуэм и IэдакъэщIэкI мыпхуэдэ сатырхэри:

*Си усэхэр жынукъым мывэу,*
*Си псалъэхэр, бзууэ, щхьэхуитщ.*
***(«Си усэхэр жынукъым мывэу…»)***

Зэрыщыту къапщтэмэ, Къуныжь Хь. и усыгъэ дунейр псалъэ зыбжанэкIэ пхуэгъэбелджылынущ – «дахагъэ», «гуапагъэ», «щIыуэпс», «нэхущ», «лъагъуныгъэ», «гущIэгъу». Зи гугъу тщIы гурыIуэныгъэхэр дэтхэнэ усакIуэ нэсми и тхыгъэхэм образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ хэгъэткIухьауэ щыт хабзэщ. Сыт а къалэн мытыншыр Къуныжьми къыщIехъулIэр? – УсакIуэм и псэр дунейм щытепщэ дахагъэм, гъащIэм хэлъ гуапагъэм и плъыфэщи, щIыуэпсым хуэдэу щхъуэкIэплъыкIэщи, акъужьым хуэдэу къабзэщи аращ! Дэ дызэреплъымкIэ, эстетикэ лъагэм и щапхъэщ мы сатырхэр:

*Дыжьыныху макъыр хэльщ нэхущым,*
*Дыщафэ пшэплъым дыгъэр хэльщ,*
*Дунейм дахагъэу къыщыушым*
*Сэ си псэм зыхипщэну хэтщ.*
***(«Дыжьыныху макъыр хэльщ нэхущым…»)***

Мы едзыгъуэм зэрыщынэрылъагъущи, усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэхэр усыгъэ лъагэм и пщалъэу щыт гурыIуэныгъэхэрщ. Апхуэдэ нэщэнэхэм дэ шэсыпIэ драгъэхьэ Къуныжь Хь. и усэхэм гъащIэ кIыхь зэраIэнумкIэ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр*

# КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт

## СИ ЩIЫНАЛЪЭ

Ди къурш щхьэ тхъуахэр
Нэхъри ирелъапIэ,
ПщIымыгъум лъахэр,
ЩIыхьыр сыту пщIын!
НэхъыфIт
ДунейуцIэпIу къамылъхуам
Зи щIыхьыр лъахэм нэхъ
Зыгъэнэхъ лъагэр.
УзимыIамэ,
Сытыт си дунейр,
СимыIэу псэху,
ЗгъэлъапIэ си щIыналъэ?
Пщэдей сихунум уи гум,
Къэбэрдей,
ИреувыIэ нобэ
Си пшыналъэр.
Щхьэц налъэу,
Гъуэгу спэщылъри зэпреч,
Гугъэ нэхъыфIри
ПщIыхьу сщырегъупщэ —
КъызжепIэ псалъэм
КъыхэзгъэкIым упщIэ,
Пшыналъэ згъабзэм
КъыхуозгъэщIым шэч.



## СЫЩАЛЪХУА ЛЪАХЭ

ШыщIэм пщIэхэлъ дыжьын уэзджынэу,
Уи фIыщIэ жыгым мазэр фIэлъщ,
Уи тхыдэ гугъур сигъэджыну
КъызэIущащэу зэролъэлъ.

ЩIыналъэ дахэу Къэбэрдейми
Сэ япэ дыдэу сыщикIам,
Слъэгъуат мы щIышхуэм и пщэдейри,
Сигу фIыгъуэ защIэщ къыхуэкIар.

Уи акъужь къабзэм, схуэгуэпэну,
Губгъуэ джэдгыным и мэр хэтщ.
Мы щIы хъурейм уэ пхуэзгъэдэну
НэгъуэщI зы лъахи щызмыгъуэт.

* * *

Анэшхуэр унэм щIэст, щызэхихам
Жьым щIигъэхьае жыг къудамэ макъыр.
Ар къыфIэщIащ бзу мэжэлIам и макъыу.
Тхьэмпэ морафэ жыгым къыпынари
Бзу гъуабжэ цIыкIуу и нэм къыфIэщIащ.
Унэм къыщIэкIщ, зы гуэдз Iэбжьыб иIыгъыуи,
И щхьэцыр зэрытхъуар щыгъупщэжауэ,
Хуэдэу сабийм, уэс хужьыр иритхъуэкIри,
ЩIы фIыцIэм гуэдз Iэбжьыб трикIутащ.

* * *

Си анэм и таурыхъхэр жыг баринэщ,
Зэманым, хуэсакъыпэурэ, етхъунщI.
Ар къоIущащэ: «Уэ къызэдз хъырини,
Уи сабииплIым жьауэ сахуэхъунщ».

Къудамэхэр си анэм къедэхащIэу,
Щымысхьу гукъэкIыжхэр къагъэхъей,
И махуэхэр Iулъэтми, хуэдэу пщIащэм,
И бжьыхьэм IуощIэ мамэ мынэщхъейу.

Дунейм иIэхукIэ жыгыр таурыхъ кIасэу,
Си анэм имыIэну гуауэ, зэш...
Бжьыхьэ дыгъэшхуэр ещI уэрэдым Iэси,
Гъусэ фIэкIуэдхэм игукIэ хуегъэзэж.

* * *

Зэманыр, шыфIу, кIуэрт мыпIащIэу,
ТаурыхъкIэ ди псэм зедгъэтIыжт.

Гу лъыдмытэххэурэ, ди гъащIэр
Ди сабий щхьэцхэм, уэшхыу, пыжт.

А уэшх макъамэр, шыкIэпшынэу,
Си гъащIэ псом насыпу хэлъщ.
«ЗгъэкIуэдым» жысIэуи сышынэу,
Бэлыхь минищэхэм сыхэтщ.

Гур дахьэхыжкъым сабий шыпсэм,
Акъылым куэд зэхегъэкIыф...
Ауэ зэгуэрым сабиипсэр
ЗыIыгъа шыпсэхэр нэхъыфIт.

## ЯПЭ УЭС

Япэ уэс хужьыр псынщIэу,
Шэ тхъурымбэу,
Къэбырыбауэ
Ди губгъуэшхуэм телъщ.
ЗыщIумыуфэ,
ШхыIэн зытумыпIэ,
Унэм къыщIэкIи,
МыткIуж щIыкIэ еплъ.
ЩIыIэм уисынкIэ
Уэ умыгузавэ,
Гупсысэм,
Губгъуэ хужьу, згъэшэщI.
Уэ усэ птхыми,
Е къэбгъэкIми гъавэ,
Уи щхьэцыр гъащIэм
Уэсым хуэдэ ещI.



## ДАХАГЪЭ

Еплъыт, пшэплъыр, бащлъыкъ плъыжьу,
ЕдзэкIащ бгы дамэм.
Псыри хуэдэщ бгырыс хъыжьэм
Игъэпса гъуэгуанэм.

Дыгъэ бзийхэр, псым щыджэгуу,
Хогъуэщэжыр пшагъуэм.
А дахагъэм ухуэдэгумэ —
Уэ умыцIыху щIагъуэ.

* * *

МылIэжын къуршхэр си гум къихьэм,
Абы си гъащIэр пызолъыт —
Нэхущ бэмпIам и пшагъуэ Iыхьэщ,
Псы уэрым ихь зы пшахъуэ цIыкIущ.

Илъэс мин ипэ ункIыфIахэу
Вагъуэ лъэужьу тхуэблэ минхэм
Си гъащIэ тIэкIур сэ еслъытым —
Сабийм хуагъаблэ хьэрэфинэщ.

Ауэ зы гъатхэм щыщIэдзауэ
Бжьыхьэм нэсыху псэу хьэндырабгъуэм
Си гъащIэ мащIэр еплъытамэ, —
СыцIыхущ, сыкъуршщ икIи сывагъуэщ.

* * *

Губзыгъагъыр къамыщэху,
ГъащIэ IэфIым ар и тыгъэщ,
ГъащIэм и щIэр къегъэнэху —
Абы иIэкъым ухыгъэ.

Хьэлэлагъри къамыщэху,
ЗэIухащ абы и Iэгур,
Яужь иту кIуэм и гъуэгур
Жэщи махуи къегъэнэху.

ЛIыгъэр зыми къимыщэху,
Ар лIы нэсым и дамыгъэщ,
ЛIыгъэ зиIэр махуэу бзыгъэщ,
Къыхэмыщт апхуэдэр лIэху.

Хэлъщ а псор ди лъэпкъ уэрэдым,
Ди гущэкъу уэрэдми хэлъщ.
Ахэр гъуэгум щыпфIэкIуэдмэ,
Уэр фIэкIа зи лажьэр хэт?

## ТЕЛЪЫДЖЭ

Федерико и зы усэ
ЗэздзэкIыну сэ къэсщтащ.

Хэлъ макъамэм гур щеIусэм,
И пщтырагъым къигъэскIащ.

Апельсинхэр нуру маблэ,
И къамылхэр щыту малIэ.
И гитарэм и джэ макъыр
Джэрпэджэжым ещхьу мэIур.

Мазэ нурыр телъщи ныджэм,
Зэхызохыр сэ зэщыджэу...
ИспаныбзэкIэ телъыджэр
АдыгэбзэкIи телъыджэщ.

## УКЪЫСХУЭЗЭНУ АРАГЪЭНЩ

Гъатхэм дуней дахэр дощIэращIэ —
Ар укъысхуэзэну арагъэнщ.
Бзухэм я уэрэдыр щагъэтын мыпIащIэ —
Ар укъысхуэзэну арагъэнщ.
Уэшхым къыхыхьауэ, дыгъэ бзийхэр къофэ —
Ар укъысхуэзэну арагъэнщ.
Лэгъупыкъур гуапэу къысхуогуфIэ —
Ар укъысхуэзэну арагъэнщ.
ЩIы мэракIуэ IэфIу псалъэм Iупэр есыр —
Ар укъысхуэзэну арагъэнщ.
ЩIытемыпыIэжыр си гупсысэр
Уэ сыныпхуэзэну арагъэнщ...

* * *

Си натIэм, си Iупэм я ныбжьыр зытелъ
Щхьэгъубжэм хэлъ абджхэр солъэщI,
Жэщыбгым сыхэплъэу гу пщтырыр пIейтейм,
Си усэ сатырхэр сошэщI.
Гъатхэпэр къэсамэ, гу жейр къегъэхъей,
Акъылым тэлайкIэ полъэщ...
Уи теплъэ сызэжьэр къихьэн нэхъей,
Лыдыжу щхьэгъубжэр солъэщI.

## ЖЭП КЪЫТЕХЭМ...

Жэп къытехэм, дыджыжкъым зэрыджэр,
IэфIагъ гуакIуэр къыхохьэ, мызэз...

КъыхэкӀащи мэз Ӏувым семыджэу,
Сэ си гъащӀэм жэщ бзыгъэу зеузэщӀ.

Вагъуэр хэзмэ, жэщ кӀыфӀри телъыджэщ,
Къытехами бжьыхьэпэм и жэп.
Щыплъэгъуар уэ мэз Ӏувым зэрыджэу,
Си щӀалэгъуэ бэшэчым и дэпщ.

## СЫМЫМАЗЭ, СЫМЫДЫГЪЭ...

Псынэ къабзэм хуэдэу, гъащӀэр,
КъибгъэхъуэхукӀэ, из мыхъуж,
Жыг баринэу гъатхэм гъагъэу,
Бжьыхьэ къэскӀэ зэ мыгъуж.

Зы щӀалэгъуэщ цӀыхум иӀэр...
Илъэс къэскӀэ уэсыр къос,
ЩӀымахуае щащыху щӀыӀэр
ИгъэткӀуну дыгъэр къопс.

Сымымазэ, сымыдыгъэ,
Уэс си лъэгум щӀэкӀутам,
КъыслъэӀэсмэ зэ ухыгъэр,
Сыхэтаи, сахэмытаи...

Сымымазэ, сымыдыгъэ,
Сэ цӀыху псом сырамылей.
И щӀопщ гуащӀэм лъагъуныгъэм,
Чыным хуэдэу, сегъэлъей...

## ДИ УЭРЭДЫЖЬХЭР

Адыгэ уэрэдыжьхэм я макъамэм,
Кхъузанэм хуэдэу, си акъылым ез.
Си бзэ шэщӀар хъыринэ ирегъащӀэ,
ИмыщӀа куэди си гум кърегъащӀэ,
Темылъа куэди си псэм къытырелъхьэ,
Хэлъ дэп жьэражьэм махуэ Ӏэджи сфӀес.

Адыгэ уэрэдыжьхэм ящӀэлъ псалъэм
ПхузэфӀэмыкӀыу нэпсыр кърегъакӀуэ,
ЗыщӀегъури гупсысэм, зекӀуэ макӀуэ —

Адэжьхэм я сурэтым лъыхъуэжыну,
Я гурылъ щэхухэр къигъэушыжыну.

## УЭРЭД ХЕЙ

МафIэм исым хуэдэу,
Жыгхэр хъуащи плъыжь,
Зы жыг закъуи щхъуантIэу
Мэзым щIэмытыж.

Жыг зэхуаку бэджыхъыр
Жьыбгъэ жэрым хеш,
ШыкIэм нэхъ нэхъ псыгъуэ
И уэрэдыр хейщ.

Щымыгъыж и фащэр,
ПцIанэ хъуащ мэз псор.
Сэ сIахыжми гъащIэр,
Жыгхэр ирепсэу.



* * *

Сыщыхасэм сыкъыщыкIыу,
Уэ, зэгъащIэ, — сымыдзэл,
Си къудамэр къыгуащIыкIым,
ГуэщIыкIыпIэр си анэлщ.

Си гупсысэр, гугъэр, тхыдэр
Лъахэ уэгум щоджэрэз.
Уэ уи бийкъэ ар зымыдэр,
Умылъагъуми и шэрэз?

Дамэ стетщи, сэ си абгъуэр
ФIыщIэ жыгым тызощIыхь,
Си псэ тIэкIур, бэлэрыгъыу,
IумыщIарэт зы бэлыхь.

* * *

Бжьыхьэ тхьэмпэ, фымыщхъыщхъ.
Си псэр дзапэкIэ щысIыгъкIэ,
КъыщIэмыкIыу нэпс сыщыгъкIэ
Зэхызох жызыIэр «цырхъ».

Бжьыхьэ тхьэмпэ, фымыщхъыщхъ.
Фи макъамэр жьым дэфхъуэжу,
Зэмыфэгъуу — плъыжьу, гъуэжьу
ТIэкIу иджыри къэфлъэтыхь.

Бжьыхьэ тхьэмпэ, фымыщхъыщхъ.
Фи къэкIуэнур гъатхэм пыфщIэ,
Гум и гъатхэм тIэкIу схупыфщэ,
Гугъэ сщIащи дыгъуэпшыхь.

Бжьыхьэ тхьэмпэ, фымыщхъыщхъ.

## АДЫГЭБЗЭ

Адыгэбзэр си псэкъым,
Адыгэбзэр си нэкъым,
Си псэм хуэдэр си анэрщ,
Си нэм хуэдэр си адэрщ.

Адыгэбзэр псысэкъым,
Iейуи сыгупсысэркъым —
Ар си нитIым я нэщи,
Ар схэлъ си псэм и псэщи..

* * *

Сопсэу сэ си гур зэIухауэ,
ЖызмыIэу си щхьэр нэхъапэжщ,
Адыгэ фащэр зыщысхами,
Адыгэ псалъэм сыхуэпэжщ.

МЫЗ Ахьмэд

# ДЫЩЭ ЖЫГ

*Повесть*

ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ



Дзэ къулыкъум ираджэжу зэрыщыIа мазитIыр илъэситIу къыщыхъуат Беслъэн. IэнатIэщIэ зыпэрагъэувам гу щимыхуэу, мэкъумылапхъэр хаса къудейуэ, дашат. Председателыр, телефонкIэ зыпищIэри, елъэIуат военкоматым и нэхъыщхьэм, – «кхъыIэ, мыбы и гугъу мызэкIэ къэвмыщI, гъатхасэр йокIуэкI», – жери, арщхьэкIэ модрейм, – «жыпIэ хьэдэгъуэдахэр сыт, армэр Iуэху джэгукъым, империалистхэм пщэдей зауэ къыдащIылIэмэ, гъатхасэ уагъэлъагъунщ», – жиIэри тридзэжат трубкэр.

Иджы мис, мазитIыр къиухауэ къокIуэж и адэжь хэкум. КъокIуэж Минвод къикI автобусым ису. Мыгувэу ар къихьэжынущ мазитI енкIэ зыпэIэщIэу щыта, и псэр зыхуэзэша и щIыналъэм. А здэщыIам, Сыбырым, абы къыхуихуатэкъым щызэшыну. Махуэ къэс губгъуэм дашурэ нэщанэ ирагъауэрт, казармэм къэкIуэжамэ, лекцэхэм щIэсын хуей хъурт. Беслъэн щIэрыщIэу зригъэщIэжат автоматыр напIэзыпIэм зэрызэпкърахри, зэрызэпкъралъхьэжри, танкым ит пулемётымрэ топымрэ зэрагъэауэри. Махуэм сыт хуэдизу мылъэуджыджэми, жэщым щIагъуэу езэгъыртэкъым – абы и гупсысэр сыт щыгъуи щыIэт и къуажэжьым, я губгъуэм...

Мис, къэсыжащ и адэжь щIыналъэм. Автобус абджымкIэ дэплъу здэщысым къелъагъу гъущI, бетон дэщIеям кIэрылъ пхъэбгъум тет «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» псалъэхэр. И гур къилъэтыным хуэдэу, нэхъуеиншэу зрегъэлъагъу нэм къиубыдыр. Гъуэгубгъум Iут жыг гъэгъахэм, удзыщIэ къызэщIэрыуам, къэкIыгъэщIэхэр къызытеува хьэсэхэм щаIуплъэм, щIалэм и нэгур нэхъ зэлъыIукIащ, и псэм IэфIыгъэ гуэрхэр щыз хъуащ, уеблэмэ мащIэу и нэпсыр къыфIекIуащ. Автобус мыхъуу, машинэ псынщIэ исамэ, къикIынти хуиту зригъэлъагъунтэкъэ а дахагъэ къомыр, и хэку цIыкIум и хьэуа IэфIымкIэ бэуэнтэкъэ и гум щызу, и псэм зигъэнщIыху. Сытхэр щыхъыбару пIэрэтIэ и къуажэжьым? «Переподготовкэ» жаIэу щIэрыщIэу дашыжу къызэрыта мазитIым абы письмо тIэу фIэкIа къитхатэкъым. Зыр и анэм, адрейр и шыпхъу Индирэ деж. Гупсысэхэм апхуэдизкIэ гъэр ящIати, Налшык къызэрысыжам Беслъэн гу щылъитар автобусыр къэувыIэу абы исхэм зыкъаIэту хуежьа нэужьщ.

И къуажэгъу гуэр къыIэщIэлъэгъуэн и гугъэу зиплъыхьа щхьэкIэ, Беслъэн апхуэдэ гуэри Iуукъым. Я жылэм кIуэ автобусыр текIыным иджыри иIэт сыхьэтым щIигъу. Апхуэдизрэ тесыфынт вокзалым, такси къиубыдщ, уасэмкIэ зэгурыIуэри, ежьащ...

*КIэухыр. ПэщIэдзэр 4-нэ номерым итщ.

Мис, къоблэгъэж и жылэжьым. ГукъуэпскIэ зыпыщIа и къуажэжьым.

Илъагъу хуэдэщ и анэр къызэрыIущIэнур. Индирэ-щэ? IэплIэ къыхуищIынщ, зыкъыщимыгъэнщIу. «Письмо зэ фIэкIа къысхуэптхакъым», жиIэу зыкъыхуимыгъэгусэну пIэрэ? Сэнят-щэ? Сэнят... МазитIкIэ здэщыIа щIыпIэм абы къыщыгурыIуат и губампIэр къызыхэкIыр, жейм щIагъуэу щIемызэгъыр. Хьэкъыу пхыкIат а хъыджэбзым зэрыхуэныкъуэр. Хуей-хуэмейми, куэдрэ и нэгу къыфIыщIыхьэрт пщащэм и щхьэц гуэдз хъуам и щхьэмыжыр зи теплъэр. Ар игу къыщыкIкIэ, и псэр нэхъ щабэ хъурт, дамэ къытекIэу, и псэм щигъафIэм деж лъагъунлъагъу лъэтауэ къызыфIигъэщIырт. Ауэ Мухьэдин хъыджэбзым и ужь зэритым и гупсысэр хуэкIуэжа нэужь, хьэдэ изыхауэ, нэщхъей къэхъужырт.

Къуажэм къыдэлъэдэжыным куэд имыIэжу, Беслъэн таксир къигъэувыIэщ, фIыщIэ хуищIщ, ахъшэ IэщIилъхьэри иутIыпщыжащ. ИкIи и хъуржыныр зыпщIэхилъхьэри, я унэм пэмыжыжьащэу блэкI, губгъуэм ухуэзышэ лъэс лъагъуэм теуващ. Абы къыфIэщIащ щхъуэкIэплъыкIэу зыкъэзыхуэпа жыгхэри, къуалэбзухэри, пшэ гуэрэн пытхъахъуэхэм лъэныкъуэегъэз защIу, уафэ лъащIэр хуит зыхуащIа дыгъэри къыпэплъауэ, къыпежьауэ, гуфIэжу кърагъэблэгъэжауэ.

Жыгымрэ чыцэмрэ щIагъэна джабэм зэрынэсу, къоувыIэри йотIысэх.

Иджы хуэдэ зэманым, майм и пэщIэдзэхэм, сыту IэфI губгъуэ хьэуар. Сыту гунэджышхуэ къыуатрэ джабэ нэкIур щIэзыгъэна мэз цIырхъым зэзэмызэ къыхэIукI къуалэбзу макъ зэмыфэгъухэм. Уэс Iэтэ фIэкIа умыщIэну, аддэ бгы щыгум къытетIысхьа пшэ Iэрамэшхуэрщэ? И хъуржыным альбомыр кърилъхьэжа щхьэкIэ, къэрэндащ зэмыфэгъу къомыр къыщыгъупщат къыздищтэжыну. Бетэмал, ар дауэ IэщIэхункIэ хъуа? Къэрэндащхэр иIыгъамэ, нобэ къызыхэхута дуней телъыджэм сурэт трищIыкIынтэкъэ. Школым щыщIэс зэманым Беслъэн сурэт ирагъэщIу щытащ, «художник къыпхэкIынущ», жаIэрт абы и IэдакъэщIэкIыр зылъагъухэм. Уеблэмэ а IэщIагъэм хуеджэну тезыгъэгушхуи яхэтт и егъэджакIуэхэм. Ауэ епщIанэ классыр къыщиухым, сурэт щIыным Беслъэн и гур нэхъ щIыIэ хуэхъури, агроному еджэн хьисэпкIэ кIуат университетым. АрщхьэкIэ конкурскIэ пхыкIатэкъым. Армэ нэужьырщ щыщIэтIысхьэфар. Дзэ къулыкъуми къыщыхуэсэбэпыжат сурэт щIыным зэрыхуэIэрыхуэр. Абы иджыри IэщIыб ищIыпатэкъым а Iуэхур. Зэзэмызэ къищтэрт альбомымрэ и къэрандащ зэмыфэгъухэмрэ. Ауэ иужь илъэсхэм, Бухъарид и дэIэпыкъуэгъуу лэжьэн зэрыщIидзэрэ, а Iуэхур лъэныкъуэегъэз ищIат. Хьэуэ, хыфIидзэ хъунукъым абы сурэт щIыныр. Мис, и хъуржыным илъщ армэ здыдашыжам щиуцIырхъа сурэт къомыр зэрыт альбомыр. Уеблэмэ Сэнят уэрэд жиIэу губгъуэм иту, и щхьэцыр жьым зэкIэщIипхъауэ. ГъэщIэгъуэнщ, сытыт Сэнят жиIэнур, а сурэтыр илъэгъуамэ? ЗыкъыцIыхужыну пIэрэт?

*«ЖэщкIэрэ си нэгум*
*ПщIыхъу уэ ущIокI,*
*Сэри си щIалэгъуэр*
*Уэ сыножьэу йокI». –*

Сэнят губгъуэм щыжиIа а уэрэдыр зикI игу ихуртэкъым Беслъэн. ПIалъэ кIэщIкIэ здыдашыжа дзэ къулыкъум ар сыт щыгъуи гукIэ щыжиIэрт. Псом хуэмыдэу нэщанэ еуэну полигоным яша нэужь. Лъэныкъуэ зригъэзынти, уафэм дэплъейуэ, а уэрэдыр Сэнят жиIэу и нэгу къыщIигъэхьэу щысынт. Ауэ, хуей-хуэмейми, пщащэр игу иримыгъэхуу хъунукъым. Абы иIэщ щIалэ, Мухьэдин... Езыр къэтыху, ар дэкIуами-дэмыкIуами ищIэркъым.

Къуалэбзу макъхэм я гугъу умыщIмэ, джабэ нэкIум кIэрыт мэзыр Iэуэлъауэншэт. Школым щыщIэса зэманхэм мащIэрэ къакIуэрэт ар мы щIыпIэм, хьэблэдэс сабийхэм ящIыгъуу. Псом хуэмыдэу щIымэракIуэм и хъугъуэм. ЗэрымэжалIэри ящыгъупщэжауэ, махуэ ныкъуэкIэ мыбдеж щыджэгурт, жыгхэмрэ къуацэ-чыцэхэмрэ яфыщIыжауэ. Джабэм дэжейуэ-къежэхыжу. Шындырхъуохэр кърахуэкIыу. Жыг мэракIуэ мащIи щишха абы мы щIыпIэм, мэзыдэ мащIи къыщыпича. Иджы сыт, щIымэракIуэри кIуэдащ, тутейхэри щыIэжкъым. Уеблэмэ хьэблэ сабийхэри къэкIуэжкъым мы щIыпIэм.

ГукъэкIыжхэм Iэпхлъэпх ящIауэ, Беслъэн зэманыфIкIэ кIэрысащ удзыпцIэм иуфэбгъуа джабэ нэкIум. Лъэс лъагъуэм тету уэршэру къыдэкI цIыхубзитIыр щилъагъум, зыкъиIэтыжри и гъуэгу теувэжащ.

* * *



Лъагъунлъагъу къэкIуа и Iыхьлыхэр, гъунэгъухэр зэбгрыкIыжа нэужь, Беслъэн иунэтIащ Бухъаридхэ я унэмкIэ. Иужь тхьэмахуэ зы-тIум абы тIэкIу зигъэIыхьшыхьауэ, сымаджэщым къыщIатхыкIыжа къудейуэ къыжраIат. Беслъэн ищIэртэкъым и бригадэм и Iуэху зытетыр. Езыр къэтыхункIэ гупым дэлэжьэну и пщэ иралъхьат колхозым и ревкомиссэм и унафэщIым. Ар нэхъапэм щытат бригадиру.

Хьэ банэ макъ щызэхихым, унэгуащэр къыщIокI унэм. Беслъэн къыщилъагъум, IэплIэ кърешэкI гуфIэжу:

– Къохъусыж, си щIалэ, къэт жебгъэIаи!

– Дауэ фыщыт, Масирэт?

– Тхьэ, лIыжьым тIэкIу зыкъытхуегъафIэ, армыхъумэ... НакIуэ, нышIыхьэ. Алыхь, уэ ухьэщIэ дыдэм.

Сенэм зэрыщIэбакъуэу, унэгуащэр япэ йощри, пэш пхыдзамкIэ щIалэр ешэ. Бжэр ныкъуэIух ещIри:

– А лIыжь, хьэщIэ къытхуэкIуащ. ХьэщIэ лъапIэ!

Бухъарид зигъэукIурияуэ щылът, газет IэщIэлъу. Беслъэн къыщIыхьэу щилъагъум зыкъиIэтащ:

– КхъыIэ, укъэмытэдж, Бухъарид. Уэ...

АрщхьэкIэ модрейр къызэфIэувэри, быдэу IэплIэ къыхуищIащ.

– Уэ къохъусыж, къохъусыжыпэ! Уэлей, пэжым ухуейм, дыпхуэзэшатэм. КъэтIыс моуэ.

Шэнт къыхуагъэувам Беслъэн зэрытетIысхьэу, Бухъарид абы пкърыупщIыхьын щIедзэ:

– НтIэ, дауэрэ къепхьэкIа уи армэр?

ЩIалэм къыжриIэнум пэмыплъэу, бжэщхьэIум деж щыт щхьэгъусэм зыхуегъэзэ:

– ИIэт, ущымыту къэгъэхьэрычэтыт дызэдзэкъэн гуэрхэр.

– Хьэуэ, Бухъарид, сызэрышхэрэ куэд щIакъым.

– Сыт «хьэуэ» жыхуэпIэр? Армэм къикIыжам хабзэ кIэлъызумыхьэу...

– Сыт и армэ абы? МазитI къудейщ... Уэ дауэ ущыт, Бухъарид? Усымэджауэ зэхэсхати. Сыт нэхъ укъыхэзыгъэзыхьыр?

– Ауей, дохутырхэм Iэджэ жаIэ. Уэ нэхърэ нэхъ узыншэ щымыIэми, узыфэ мин къыпхуагъуэтынущ. Жьы ущыхъуакIэ, зыгуэри къоузынщтIэ. Тхьэ сыгъыIэ, абы хущхъуэу сызрагъэфамрэ сыкъыщыщIэкIыжым схуатхамрэ ди жылэ псом яримыкъум.

– Уэрей, Бухъарид, жьы жыхуаIэр уэ пхуэмыдэ.

– Куэдщ, и гугъу думыгъэщI абы. И чэзу дыдэу укъэсыжащи, ар хъарзынэщ. Нартыху сэным махуэ зы-тIукIэ щIадзэну я гугъэщ. Уэлбанэм я нэр игъаплъэркъым губгъуэм итхэм. Нобэ махуэ етIуанэ хъууэ аращ уафэм и нэщхъ зэрызэхихрэ. ЩIыр иджыри псыфщ...

Куэд дэмыкIыу Масирэт унэкум къригъэуващ лыцIыкIулыбжьэ, пIастэ, нащэфIэIу зытелъ Iэнэ лъакъуищыр.

– А шкафым дэт абджыр къэхьыт, фызыжь.

Масирэт Iэнкун щыхъум, Бухъарид къыпещэ:

– Дохутырым жаIэ псом уедаIуэмэ, уэлей, уи гурыгъыр ижынмэ. Ягъэ кIынкъым си ныбжьэгъу нэхъыщIэм сэрэ стэчан ныкъуэ зырыз деIубкIэ.

– Бухъарид, пэжу, дыхыумыгъэт абыхэм. Уэри сэри абы дызэрыдимыхьэхыр...

– СощIэ, сощIэ, ауэ... хэт ищIэн, дяпэкIэ къытхуихуэжыни къытхуимыхуэжыни бжьэ зырыз здэтIэтыну?

– Сыт апхуэдэу щIыжыпIэр? Мухьэдин къишэмэ...

– Ауей, а щхьэгъавэм, уэлей, и Iуэхур къыбгурымыIуэну. МащIэ къыхуагъэлъэгъуа абы, зыри игу иримыхьу аращ и анэм жиIэр. Езыр зыхуейхэм къыщызэрамыпэскIэ... ИтIанэ, уэ дэнэ сыпхьыжын, тIэкIу щхьэхуещэIуэ хъуащ ар. А зи унэр бэгъуэн, си хьэтыркIэ зоотехникыу ягъэувынути, уи Iэли уи уди, дыхэзэгъакъым. Гугъу зримыгъэхьу, ауэ сытми гуэту псэуну хуейщ. СщIэркъым ар къыздикIар. Си къуэ нэхъыжьитIым жыжьэрэ гъунэгъуу ещхькъым. Iейуэ сыщыуащ си щIалэ нэхъыжьыр щхьэхуэу щызгъэтIысыжам. Мырат дэзгъэкIын хуеяр... Ауэ, пэжщ, зэрыпсэун Iуэху зэрехуэ. Ди жыгхэр, дэбгъуэн щымыIэу, зэрехьэ. Ахъшэ къыпэкIуэну ищIэмэ, гугъу зригъэхьынущ.

Бжьэр тIэурытIэ яIэта нэужь, Бухъарид кърищэжьащ:

– «Мухьэдин къишэмэ», жыбоIэ. Беслъэн, уэ-щэ? Уэ сыт уи къан гъэшхэгъуэр? Фэ тIур фызэныбжьщ. И щхьэ течауэ бжесIэнущи, быдэу къызэдаIуэ. Уи адэм сэрэ шыгъупIастэ мащIэ здэтшхакъым. Ар сыт хуэдэлIт. Илъэс хыщIи къигъэщIакъым тхьэмыщкIэм. Ихьыжащ зауэм кърихa уIэгъэм. Сэ, Алыхьым и шыкуркIэ, къалэм дэс си къуитIым ейуэ, щIалищрэ хъыджэбзитIрэ сиIэщ, зэрыпщIэщи. Уи адэм иIэкъым къуэрылъху. Уи шынэхъыжьитIыр я щIалэгъуэ-дахэгъуэу маршынэм иукIри... Къысхуэгъэгъу, усабийуэ уи псэм къытехуа уIэгъэр къызэрызгъэетэжам щхьэкIэ. Ауэ си гум илъ гупсысэр нобэ пхуэзмыIуатэу хъунутэкъым. Уэ сызэрыпхущытыр бощIэ, си къуэхэм уапездзыхыркъым...

Бухъарид зыкъомрэ щысащ, хэплъэу.

– Уи адэшхуэм хуэдэлI жылэм дэсауэ къыщIэкIынкъым. Абы и хъыбар зэхэпхагъэнщ, дауи. Сэ фIыуэ сощIэж ар. А зэманым, щэщI гъэхэм икухэм, илъэс пщIыкIутIхэм ситагъэнщ. ЛIы бжьыфIэ, лIы

къекIут. Адыгэ цейр сытым хуэдэу екIурэт, сыт хуэдэшт зытесри. Шы пцIэгъуэплъ абрагъуэ. Си нэгум щIэтщ нобэ хуэдэу а шыр. Уи адэшхуэр щыбригадирт губгъуэм. Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхут. Нэхъ пелуан ди жылэм дэмысауэ яIуатэ. Езыр плIабгъуэрэ плIабгъуэу. Абы и шы тесыкIэр, и Iэпкълъэпкъ уардэр уэзгъэлъэгъуащэрэт. Мис арат адыгэлI жыхуаIэр. Иджы ди цIыхухъу языныкъуэхэм, ди агрономым хуэдэхэм, уи гур ящокI, фыз лъэщыджэ нэхъей, ныбапцIэ хъужауэ... Ауэ фыгъуэм ихьащ мо лIы ахъырзэманыр. Къуажэ унафэщIхэм ящыщ зы екIэ и ужь къихьэщ, щыхьэт нэпцIитI къигъуэтщ, властыр иуба хуэдэу пцIы трилъхьэри, дригъэшащ. Илъэс плIыщI хъуа-мыхъуа жыпIэу арат и ныбжьыр. Къигъэзэжакъым, тхьэм ещIэ и кIуэдыкIар. ПщIэрэ а унафэщI жыхуэсIэр екIэ абы и ужь щIихьар? Фыгъуэм и закъуэкъым. УфIэфIмэ, нэхъыщхьэри аракъым. Уи адэшхуэм и щIалэгъуэр хуэзащ революцэмрэ граждан зауэмрэ я зэманым. ЗэраIуэтэжымкIэ, властыщIэм и телъхьэхэри властыжьым и лъэныкъуэхэри мызэ-мытIэу къелъэIуащ «къытхыхьэ», жаIэурэ. АрщхьэкIэ тIуми акъылэгъу къащIыфакъым. А зэманым уи анэшхуэм, Дахэзилэ, нэхъ хъыджэбз зэпэщ дэсакъым ди жылэр зи кIыхьагъым. Набдзэ зытелъым я нэхъ дахэт, жаIэ. Абы щIалэжь мащIэ и ужь къита, а уэ пщIэ унафэщI жыхуэсIэри яхэтащ а псэлъыхъуэхэм. Абы щыгъуэ колхози щыIэтэкъым. Уи адэшхуэр тIэкIу нэхъ хуэщIауэ псэухэм ящыщт. Сытми, къыхузэпещэхэм хъыджэбзым къахихар уи адэшхуэрщ. А унафэщI зи гугъу сщIыр, властыщIэм и лъэныкъуэ занщIэу хъури, мылицэм хагъэхьащ. Ауэрэ зэман дэкIщ, колхозыр къэунэхуа нэужь, мылицэр жылэм и унафэщIхэм ящыщ зыуэ ягъэуври, ищIэр къыхуэгъуу дэсащ къуажэм. Хэт ар жыпIэу укъызэмыупщI. И пэжыпIэ дыдэр сэри сщIэркъым, IуэрыIуэтэжу зэхэсхауэ аращ... Зи зэран къекIахэр умыщIэмэ нэхъыфIщ, а пцIы къыкIэрызыцIэлъахэм я щIэблэ дэсщ жылэм. Абыхэм сыт я лажьэ? Ар блэкIа Iуэхущ, зыри пхуещIэжынукъым...

Бухъарид щым хъури заулкIэ щысащ, и нитIыр плъызу.

– Егупсыс, Беслъэн, и чэзу хъуащ унагъуэ зэбгъэпэщыну. Хьэбил и къуэпсыр гъуж хъунукъым. Хэт ищIэн, иджыпсту абы и псэм дыкъищIэу къыщIэкIынщ. ЩIы фIыцIэм щIэзэгъэнкъым, и унэцIэр зезыхьэн щIалэ цIыкIу, абы и лъапсэм къинэн къуэрылъху къыщIэмыувэмэ. Егупсыс. Ар Iуэху джэгукъым... Мес, уи анэри и закъуэу дэсщ махуэ псом. Сэри си нэ къокI сыпсэу щIыкIэ уи гуфIэгъуэ сыхэплъэну.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Беслъэн пщIантIэм къыдыхьэжри, и щыгъынхэр зэрихъуэкIащ. Зы нартыху кIэчан къищтэри, Iуэм ихьащ. Нэжэгужэу къыпежэжьа танэ цIыкIум хуишияр ишхыху и пщэм Iэ дилъэри, къэнацIэу къаплъэ жэмым мэкъу Iэмбатэ худилъхьащ шхалъэм.

– ЩIэупщIакIуэ узыхуэкIуар дауэ щыт? – хадэм къикIыжри, набжэм къыбгъэдыхьащ и анэр.

– НэхъыфIщ. Пщэдей лэжьэн щIидзэжынуращ жиIэр. Масирэт сигъэхьэщIащ. Сэ щхьа лейуэ умыпщафIэми хъунущ.

– СыпщэфIакIэщ. Уи шыпхъуитIыр лъагъунлъагъу къызэрыкIуэнур умыщIэу ара?

– Уэрей, сымыщIэт.

– Бухъаридхэ я дейкIэ бунэтIа къудейуэ, телефонкIэ къэпсалъэри хъыбар къызагъэщIащ.

«Аргуэру а уэ пщІэ пластинкэр тралъхьэнщ, «къашэ», жаІэнщи», – игу къэкІащ Беслъэн.

– Сытхэра къыщыкІуэнур?

– Тхьэ, сымыщІэ. Ди малъхъэ нэхъыжьыр, СуІэдин, лэжьапІэ къызэрикІыжу и маршынэмкІэ къежьэну аращ жаІар.

... И шыпхъуитІымрэ и малъхъэхэмрэ ежьэжа нэужь, Беслъэн и пэшым щІыхьэжри, зимытІэщІу гъуэлъыпІэм зригъэукІуриящ. Абы и гупсысэр, зым хутемыубыдэу, фІызэбгрыжырт. Псом япэрауэ, пщэдджыжь жьыуэ колхоз председателым деж щІыхьэн хуейщ. Правленэр зэхуэмыс щІыкІэ. ЩІэмыхьэу хъурэ, и бригадэм и Іуэхур зыІутыр тэмэму ищІэркъым. Бжьыхьэ кІуам хьэцэпэцэ зытращІа хьэсэм и щытыкІэр зыхуэдэми щыгъуазэкъым. Сэхьид, агрономым, зыхуигъэзами хъунут, ауэ... хьэуэ, абы деж щІэкІуэн щыІэкъым. Бригадиру ягъэувыну щагъэлъэгъуам, абы зэрызифыщІыжар зэхимыхыжу къэнэнт Беслъэн. Дауэ дэлэжьэну а лІым? Бухъарид зытримыгъэгушхуа щхьэкІэ, езым къытегуплІэну хуемыжьэну пІэрэ? Хьэуэ, Сэхьид хуэдэу зызыгъэкъыу, ихъу-ипкІыу, къикъуэлъыкІыу дунейм тет гуэрхэм мызэ-мытІэу Іууащ ар. Армэми, еджапІэми. ЖиІэр захуагъэу къилъытэмэ, едэІуэнщ. Ауэ ещанэ бригадэм и нэхъыжьым, Сыхьэтджэрий ещхьу, абы и пащхьэ зыщигъэшынкъым...

Ауэрэ Беслъэн и гупсысэр хуэкІуащ Бухъарид. Пэжщ абы къыжриІахэр. ФІокІ и къэшэгъуэр. И анэми и шыпхъухэми и щхьэр ирагъэуужэгъуащ. Къыхукъуагъэплъ къомым ицІыхуу зы-тІу фІэкІа яхэткъым. Иужьу зи сурэт кърагъэлъэгъуар лъагъугъуафІэщ. Абы нэхъ хъыджэбзыфІ щымыІэу жеІэ и шыпхъу етІуанэм. АрщхьэкІэ и фэр дахэрэ и кІуэцІыр банэу къыщІэкІмэ-щэ? Беслъэн ар зригъэцІыхуну къытехьэнкІи хъунт, Сэнят мыхъуамэ. Хуейтэкъым нэгъуэщІ епсэлъэнуи илъагъунуи. Ауэ сыт, Мухьэдин ар къишэну и ужь итщ. И ужь имытамэ, школым ІэнатІэ къыщыхуигъуэту къалэм кърищыжынт? Арат къызэрысыжу абы Индирэ япэ дыдэу хъыбарыщІэу къыжриІар. Сэнят къалэм егъэджакІуэу зы мазэ фІэкІа щымылэжьауэ, Мухьэдин хэлІыфІыхьри, къуажэ школым ягъэувыжат. Иджы езыр лейщ. Бетэмал, нэхъ пасэу иужь зэримыхьа а Іуэхум, Мухьэдин хъыджэбзым нэ иримыщ щІыкІэ. Уэшх блэкІам щІакІуэ къэлъыпщтэжкІэ сыт и пэрмэн иджы... Дунейм сыт-тІэ ищІэнур? Хэт псэгъу ищІынур? Индирэ и лэжьэгъу Фарузэ хъыджэбз щэныфІэщ, адыгэ унагъуэ тэмэм зэрыщагъэсар бэянщ. И адэ-анэри ецІыху. Езырщи, гуапэу къыхущытщ. Индирэхэ я унэ тІэу-щэ щызэрихьэлІати, хъыджэбз хъарзынэ цІыкІуу къыщыхъуат. Ар къыдэкІуэну къыщІэкІынт. Ауэ, къишапэми, Сэнят хуэдэу хуэлъагъуну ар? Къызэрыта мазитІым кърииубыдэу зэ и нэгу къыщІыхьакъым а Фарузэр. Сэнятщ гупсэхугъуэ къезымытар, и гупсысэм щигъэфІар, и псэр зыхуэзэшар. Дауи, Бухъарид жыжьэрэ гъунэгъуу и пщІыхьэпІэ къыхэхуэркъым и къуэр зи ужь ит пщащэр абы и псэм зэрыщигъафІэр. Зыми ищІэркъым ар. Зыми дзыхь хуищІыфынукъым и щэхур.

* * *

Пщэдджыжьым жьыуэ правленэм Іулъэдат Беслъэн, арщхьэкІэ председателым и шофёрырт япэу зыІущІари, къыжриІащ нышэдибэ

правленэр зэрызэхуэмысыр. Колхоз тхьэмадэр районым ираджауэ, абы я унэ кIуэрт, ар къригъэтIысхьэу гъуэгу теувэну. «Хъалид абы щыгувэ хабзэкъым, сыхьэтипщI-пщыкIузхэм фIэмыкIыу дыкъэсыжыну хъунщ», къыщыжриIэм, сыт ищIэнт, губгъуэмкIэ иунэтIащ.

Бригадэм и Iуэхур зытетыр и дэIэпыкъуэгъум къыжриIа нэужь, нартыху зыхасэну ягъэхьэзыра хьэсэр и хъуреягъкIэ къызэхижыхьри, илъэгъуамкIэ игу зэгъауэ, къежэлIэжащ пщыIэм. СыхьэтипщI нэужьым и машинэм йотIысхьэри, къуажэмкIэ треукъуэдие. БгыщIыкIущхьэкIэ зэджэ тафэм кIуэцIрыкI гъуэгум къызэрытелъадэу, маплъэри къелъагъу Шухьиб и кхъащхьэм деж щыIэбэлъабэу щыт цIыхубзитIыр. Абыхэм сэху иратырт мывэкIэ зэтралъхьа кхъэлэгъунэм. «ТекIуэныгъэм и махуэм зыхуагъэхьэзыр», – игу къэкIащ Беслъэн. Махуищт абы иIэжыр. Майм и 9-м мы щIыпIэм щрагъэкIуэкI хабзэт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу къуажэдэсхэм яфIэфIт шыгъажэм еплъыну. Беслъэни зэи зыхигъэн хабзэтэкъым апхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм. Хэн хъурэт, и адэри яхэтат нэмыцэм ятекIуахэм. БгыщIыкIущхьэм ерыскъы хъушэ къыщаIэтырт, унагъуэхэр, щхьэж зэрыхуэкъулейм хуэдэу, пщафIэрти шхын къыдахырт. Апхуэдэхэм деж я IутIыжт къуажэ сабийм. Абыхэм гуфIэгъуэу зэрахьэр плъагъуныр Iэджэ и уасэт.

Правленэм нэсщ, председателымрэ абырэ зы сыхьэт ныкъуэфI хуэдэ зэпсалъэри, Беслъэн игъэкIэрэхъуэжащ губгъуэмкIэ. Имыгъэзэжми хъунут, пщэдейт сэным щыщIадзэнур, ауэ хьэсэм хыхьэну жыласэ машинитIыр лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр и нэкIэ зригъэлъагъумэ нэхъ къищтащ.

БгыщIыкIущхьэм кIуэцIрыкI гъуэгум теувауэ здэкIуэм, и щхьэусыгъуэм емыгупсысу, игъэшри иунэтIащ Шухьиб и кхъащхьэмкIэ. Кхъэлэгъунэр зыхуей хуагъэазэри IукIыжат цIыхубзитIыр. И сабиигъуэми, школым щыщIэса зэманми мащIэрэ къэкIуа ар мы щIыпIэм. Губгъуэм лъэсу дэкIхэм, къехыжхэм дей щIагъыр я тIысыпIэзыгъэпсэхупIэт. Уеблэмэ фадэ зи нэрыгъ гуэрхэм мы щIыпIэр къагъэунэхуауэ, и хъуреягъкIэ птулъкIэмрэ тхылъымпIэжьымрэ ясеяуэ екIуэкIащ илъэс зыбжанэкIэ. Къуажэ Советым и унафэщIыр къыдэкIыурэ абдеж щызэхэсхэм щэрэ-плIэрэ елъэIуат, «мы щIыпIэр фымыуцIэпI, емыкIущ, ди щхьэм пщIэ хуэдвгъэщIыж», жиIэу. АрщхьэкIэ аркъэм дишэххэм, абы и жыIэр уэим ящIа мыхъумэ, къафIэIуэхуакъым. Апхуэдэ щытыкIэм кIэ езытар къуажэ ефэндырщ. И ныбжькIэ здынэса щымыIэми, ар лIы ткIийт. Кхъэ кIуэцIым ущыуэршэруи тутын ущефэуи идэртэкъым. Жылэм щыщ зы лIыжь щIалъхьауэ кхъэм къыздикIыжым, «моуэ зэ фыкъэдаIуэт», жери псори къызэтригъэувыIащ. ИтIанэ нэщхъеягъуэм кърихьэлIахэм цIыхуиплI къахишри: «Мис мы щIалэжьиплIыращ Шухьиб и кхъащхьэр ефапIэ зыщIар. Дапщэрэ жраIа, уэгъури-чыхури къагурыIуэркъым. Сэри зэрэтIэурэ сайлъэIуащ. Иджы псори зэхэту быдэу вжызоIэ: «Сяпэ фищмэ, фыщIэзмылъхьэну фыкъызогъэгугъэ, фяпэ сищмэ, си пIэм иувэну ефэндым уэсят хузощI фи дыуэщIым ныдэмыхьэну». Абы и ужькIэ пачащ а щIыпIэм щефэн.

Кхъэлэгъунэм и бгъум щыт деишхуэм и щIагъыр жьауапIэфIт. Машинэм зы джанэжь кърихщ, удзыпцIэм щиубгъури, етIысэхащ Беслъэн. Дунейр уэмт. «Уэлбанэ къыттемыхъуарэт пщэдей», – уафэм дэплъеящ ар. АрщхьэкIэ зы пшэ Iэрами къыIэщIэлъэгъуакъым. Здэщысым,



4 Заказ №370

аргуэрыжьти, и гупсысэр иубыдыжащ Бухъарид къыжриIам. Ауэ сыт и Iуэхум хэкIыпIэу иIэр? Сыт хуэдэ лъэбакъуэ ичынур? Фарузэ къишэу, и шыпхъуитIым я жьэр зыкIэригъэкIын? И анэри игъэтыншыжын? Пщэдей губгъуэм йохьэжри, къишэпэнуми, бжьыхьэ пщIондэ хущIыхьэнукъым апхуэдэ Iуэху зэрихуэну. Жьыуэ дэкIынущ, гувауэ къыдыхьэжынущ. Ауэ езыми къыгурыIуэжырт ар щхьэусыгъуэ зэрымыхъур. И щхьэрт абыкIэ къигъэпцIэжыр. Сэняту щытамэ... Къишэнур Сэняту щытамэ, махуэл дихынтэкъым. Сыту пIэрэ а цIыхубз цIыкIум апхуэдизу абы дилъэгъуар? Лъагъуныгъэ... ИтIани Зубер лъагъуныгъэ щымыIэу жеIэ.

* * *

Сэнят и дневникым иретхэ.

М. а сызэригугъэм хуэдэу цIыху Iейуэ къыщIэкIынкъым. Абы и фIыгъэшхуэ къызэкIащ. Си гуи си пси щызмыгъэтIылъ къалэр къэзбгынащ абы и фIыщIэкIэ. СщIэркъым къысхуищIар зэрыхуэсщIэжынур. Езыр си ужь икIыркъым. Хъыджэбз зыкъомым ягу ирохь ар. Псом хуэмыдэу Н. толIэ абы, езыр щIагъуэу къеплъыркъым ахъумэ. ПсэуакIуэщ, IэнатIитI зэрыIутым хуэдэу, жыг хадэ бэлыхь зэрехьэ. ЩIалэ къекIущ. НтIэ, нанэ зэрыжиIэм хуэдэу сэри сесэжыну пIэрэ? Хьэуэ, хьэуэ! Сыт делагъэ а сигу къэкIыр? ЗиIысыр къысхуэмыщIэу, схужымыIэу, си гур бгъэдимыгъэхьэу зы хьэл гуэр хэлъщ абы. Ар зыхуейр къулыкъу зыIыгъ унагъуэ къулейм япхъущ, итIани сщIэркъым си ужь щIимыкIыр.

Ди унагъуэр къулыкъу зыIэщIэлъми къулейми дащыщкъым. ТIэу кърихьэжьати, тIэуми трахыжащ. Абы щыгъуэми, етIуанэу къихьар, зэрызэхэсхамкIэ, къэнэну хуейуэ, пыхьэу, залымыгъэкIэ щIашыжащ. ЩIашыжри, езым яхуэфащэу ябж унагъуэ гуэрым я къуэм иратащ. М. къыгурыIуа хъунщ къулыкъушхуэ зыIыгъ унагъуэм благъэ къащIыну зэрыхуэмейр. Абы щыгъуэми, къуажэм дэсу. КъулыкъущIэшхуэхэм къуажэр зрапэсрэ? Дауэ щымытми, сэ ар си псэм къищтэркъым. Уи гум фIэмыфIыр дауэ псэгъу зэрыпщIынур? Б. апхуэдэу къысхущытамэ... Ауэ гуапэу къызэпсэлъа, къызэплъа мыхъумэ, игу срихьми сримыхьми и нэгум къизджыкIыфакъым. Адрейхэм зэрахущытым хуэдэущ. Зымахуэ И. «си дэлъхур къэсыжащ», жери гуфIэжу хъыбар къызигъэщIащ. СщIэххакъым къэкIуэжауи. Собранэ нэужьым концертым щIэсу зэрыслъагъурэ зэ закъуэ фIэкIа и нэгу сиплъакъым. Ари къалэм сыкIуэу сыщежьэ махуэ дыдэм. Абы лъандэрэ мазэ дапщэ хъуа... Дауи, Б. сэ сыкъыфIэIуэхукъым. Игу сыкъэкIыххэу къыщIэкIынкъым. СыкъыфIэIуэхуу щытамэ, собранэр щыщыIа лъандэрэ зыгуэрурэ зэ зыкъызигъэщIэнтэкъэ... Сыту Iуэхушхуэ хъыджэбзым и Iуэхур. Уигу дыхьэ щIалэм зыкъебгъащIэ мыхъуну. Нанэ жиIэм пэж гуэри хэлъу къыщIэкIынщ. «Уигу ирихь щIалэм зыкъебгъэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым, абы щыгъуэм абы и дей пуд ущыхъунущ», жи. Хэт ищIэн Б. къыщIимышэр. Аращ, фIыуэ илъагъуу щытар зэрыIэщIахарщ. Зэщыуагъэнщ и гур. I. и ужькIэ нэгъуэщIым еплъыжыфкъым.

* * *

Колхоз правленэм къыщIигъэзыкIыжри, Беслъэн и «Нива»-м итIысхьэжащ, губгъуэм дэжу хьэцэпэцэр зэрыхъуамрэ нартыхур

зытращӀэну хьэсэр гъущарэ мыгъущарэ  и нэкӀэ зригъэлъагъуну. Школым щынэблагъэм гу лъитащ пщӀантӀэ дыхьэпӀэм деж щыт гупым Индирэрэ Мухьэдинрэ зэрахэтым. Блэжын и гугъащ, имылъагъу нэпцӀ зищӀу. АрщхьэкӀэ и шыпхъур гуфӀэжу Ӏэ къыхуищӀу къащыхэбэкъукӀым къэмыувыӀэу хъурэт. КъикӀщ машинэми, ябгъэдыхьащ. Зи щӀыбагъыр къэгъэзауэ щыт хъыджэбзитӀым я зыр Сэнятт. Абы и щхьэр ехьэхауэ щытт, Мухьэдин зыгуэрхэр къыжриӀэу. Ар щилъагъум Беслъэн и гукъыдэжыр Ӏэпыхупащ. Ауэ дэнэ кӀуэнт, ябгъэдэмыхьэу хъуакъым.

– Уэ къохъусыж, къохъусыж, си ныбжьэгъур! – Мухьэдин къыпежьэри ӀэплӀэ кърикшэкӀащ.

Беслъэн хъыджэбзищри ицӀыхурт. Ещанэр Фарузэт.

– Дауэ фыщыт?

– Упсэу, – къыхуэгуфэу и Ӏэр къеший Фарузэ. Абы и ужькӀэ Сэняти и Ӏэр къеубыд.

Мухьэдин зыкъомрэ къыпкърыупщӀыхьа мыхъумэ, адрейхэм жаӀа щыӀэкъым. «Урокым щӀидзэным иӀэжыр дакъикъэ бжыгъэщ», жари, цӀыхубзищыр школ пщӀантӀэм дыхьащ, Беслъэни и машинэм итӀысхьэжри ежьащ губгъуэмкӀэ.

Хьэцэпэцэр хьэсэм къызэрытеувамкӀэ игу зэгъауэ, Беслъэн кӀуащ и бригадэ пщыӀэм. ЩӀалэр къыщилъагъум, хьэ домбейр гуфӀэжу къыпожажьэри, и кӀэр игъэкӀэрахъуэу, зыкъыщихъуэу хуожьэ. Машинэ макъ щызэхихым, унэм къыщӀэкӀащ хъумакӀуэ ТӀэхьир. Абы тӀэкӀу дэуэршэрри, нартыху жылэр зыхасэну лъэныкъуэмкӀэ иунэтӀащ.

ЩӀыр гъущатэкъым иджыри. НэхъыфӀщ емыпӀэщӀэкӀмэ. «Къуэшрокъуэр пӀащӀэри унакъым», жи. Комиссэ къишэнщи, иригъэплъынщ. Адрей бригадэхэм сэным щыщӀамыдзакӀэ, езыри япэ илъэдэнкъым. Нартыху жылэкӀи, гъэсыныпхъэкӀи, жыласэ машинэ и ӀуэхукӀи бригадэр хуэщӀауэ къыжриӀащ председателым. И пӀэкӀэ къэна, ревкомиссэм и председателым щытхъуащ, «укъэтыху хъарзынэу къызэригъэпэщащ», жери.

Машинэм итӀысхьэжри зэщӀигъэна къудейуэ, Беслъэн и гупсысэр хуэкӀуэжащ Сэнят. Абы къыщыхъуащ нетӀэ, и Ӏэр къыщыхуишийм, хъыджэбзым и нэхэр гуфӀэу къилыдыкӀауэ, ямылейуэ къыщыгуфӀыкӀауэ.

Е къыфӀэщӀауэ пӀэрэ? Хьэмэрэ Сэнят  псоми апхуэдэу яхущыт? Мухьэдин къыщыпкърыупщӀыхьым щыгъуи хъыджэбзыр къызэреплъым гу лъимытэу къэнакъым. Ауэ...  зыщымыгугъыным щремыгугъи нэхъыфӀщ.

Мухьэдин зэпсалъэ, къишэну зи ужь ит хъыджэбзым ар щхьэ игу къыхуэкӀыххэрэ?.. ЛъэкӀыу къыхуэкӀрэ... Дэнэ кӀуэми, сыт имыщӀэми, и гупсысэр абы щиӀыгъкӀэ, сыт и Ӏэмал. Хьэуэ, и насып хэлъкъым ар зыщыгугъым. КъыкӀэрыхуащ. КъытекӀуащ Мухьэдин и насыпыр.

* * *

Жыласэр зэфӀагъэкӀа къудейуэ, пщыӀэмкӀэ къиунэтӀауэ машинэ гуэр къазэрыхуэжэм гу лъитащ  Беслъэн. Мухьэдин и «Жигули»-р къимыщӀыхужу къэнэнт. «И мыхабзэу, сыту пӀэрэ мыр къытхуэзыхьыр?» – игу къэкӀащ абы. Машинэр къэсщ, къэувыӀэри, Бухъарид

къикIащ. Абы къыкIэлъикIащ и къуэри. Зы хъугъуэфIыгъуэ гуэр къыхэхъуа хуэдэ, Беслъэн щыгуфIыкIащ и бригадиру щытам:

– Къеблагъэ, къеблэгъапэ, Бухъарид! – пежьащ абы Беслъэн.

– ФIым дыхуиблагъэ, – Бухъарид пщыIэ унэм пэгъунэгъуу щыт щIалэхэм я Iэр иубыдащ. – Уэлей, нартыхур зэрыхасэм сеплъынщ, жысIэри мыбы зыкъыдезгъэшам.

– НтIэ, ар хъарзынэкъэ! Уи узыншагъэр сыт хуэдэ зымахуэ лъандэрэ?

– Сылъэрытетщ, утхьэусыхэ хъунукъым. Ауэ, уэлей, складым сакъыфIыIукIам. Сыувыххэн хуеякъым абы. Ар си IэщIагъэкъым. А сэ къэзлэжьар куэдым, уэлей. Илъэс пщыкIуплI сызэрыхъу лъандэрэ губгъуэм ситщ, кIуэ зауэм сызэрыщыIа илъэсиплIыр хэдзыжи, сыт хуэдиз хъурэ ар... Фи сэныр фуха?

– Моуэ сыхьэт ныкъуэ хъуами аращ зэрызэфIэкIрэ. И чэзу дыдэу укъэрихьэлIащ, шэджагъуашхэ здэтщIынщ.

ПщыIэм пэмыжыжьэу къыщыувыIа тракторым къепсыха лIыр тетIысхьэпIэм тесхэм къабгъэдохьэ. Бухъарид къыщилъагъум:

– Уо-о, хьэщIэ лъапIэ диIи! – и Iэр гуапэу екъузри пещэ: – Уэрей, Бухъарид, пэжыр бжесIэнщи, уэ дызэрубгынэрэ, Iейуэ дыпхуэныкъуэм. СщIэркъым, зыгуэр тфIэкIуэдауэ, зыгуэр дыхущыщIэу къытщохъу гупым. Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ ди бригадирыщIэм зыгуэркIэ гукъеуэ худиIэу аракъым...

– Пэ зиIэм кIэи иIэщ, жи. НтIэ, игъащIэкIэ улэжьэн. А зиунэрэ, си ныбжь хэтыжкъым колхозым.

Бухъарид и псалъэхэр щызэпигъэум, Мухьэдин абы зыкъыхуигъэзащ:

– Сэ сежэхыжынщи зызмыгъэгувэу къэзгъэзэжынщ, дядэ. Документ гуэрхэр райком комсомолым щхьэкIэ...

– Умыгузавэ, Мухьэдин, дэ нэдгъэсыжыфкъэ, – къэпсэлъащ Беслъэн. – УтIыпщыж уи къуэр, Бухъарид.

– Хъунщ, кIуэ.

Мухьэдин щежьэжым, Беслъэн абы кIэлъопсалъэ:

– УмыпIащIэ, иджыпсту хьэзыр хъунущ шэджагъуашхэр.

– Хьэуэ, хьэуэ, фи хьэлэлщ.

Шэджагъуашхэр зэфIэкIа къудейуэ, «Москвич» гуэр къыIуолъадэ пщыIэ бжэIупэм. Машинэм къокI нэхъапэм бригадэм пIалъэ кIэщIкIэ щылэжьа Мушэхьидрэ ТIэхьиррэ.

– Iэу, колхозыр зыгъэунаитIыр дэнэ фыщызэрыгъуэта? – сэлам ярех абыхэм Бухъарид.

– Уэрамым сыщыхуэзауэ, губгъуэм сынэгъэс, жиIати...

– Уэлей, ущIегъуэжу бригадэм къэбгъэзэжа си гугъам, – пещэ Бухъарид.

– Сыт щхьа къэзгъэзэжу? Сытыншыжаи.

– Сыт-тIэ къалэм щыпщIэр? Сыт уи IуэхущIафэ?

– Щэн-къэщэхун.

– Тхьэм ещIэ, джэдыкIэ къэпщэху-пщэжу утес хъунщ бэзэрым.

– Уэрей, джэдыкIэри хэтым а зэзгъэкIуэкIхэм. Къуажэм пуду къыщызогъуэтри... Сыт-тIэ нэгъуэщI пщIэнур? Заводхэм щылажьэхэм ялэжьын ямыгъуэту IуагъэкIыж.

– Уэлей, Мушэхьид, а завод жыхуэпIэхэм дэтхэм лэжьыгъэр я щхьэм къэсу яIэу щытами, уэ абы гугъу зыщебгъэхьыну къыщIэмыкIынт. Сэ усцIыхужыркъэ уэ! Ущхьэгъэтыншщ. Уи жагъуэ умыщI ар зэрыбжесIэм щхьа. Уэ узихамэкъым, зэрыпщIэщи.

– Сыт щIэсщIынур? Рабочэ, механизатор лэжьыгъэр тыншу щытамэ, уэрей, си Iуэхутэм къулыкъущIэхэм къыплъагъэстэмэ.

– НтIэ, иджы ущыхущIыхьэ зэманым сыт пщIэр? Ухадэкъым, упщIантIэкъым, уIэщкъым. Тхьэм ещIэ, хьэм и пщэм пщэхъу ибдзауэ къепшэкIыу удэт, «гъынцI, гъынцI» жыпIэу сагъыз бгъэныщкIуу.

– Уэрей, зы сымыщIэ. Хьэи къезмышэкI. Бэзэр Iуэху щызезмыхуэм дей телевизор соплъ, паркым, кином сокIуэ.

– КIэщIу жыпIэмэ, жэнэтым уисщ.

– Сисщ.

– Унэ зэтетым хэт фэтэрым ущIэсу аракъэ?

– НтIэ, аращ.

– Уэлей, сэ апхуэдэ гъащIэ сыхуэмей. Си гур зэгуэудынти. Ахэр лэжьыгъэ хъуркъым, Мушэхьид, къэщэху-щэжын жыхуэпIэр. АдыгэлIым къекIуркъым ахэр. Нобэ хъарзынэу укъикIмэ, пщэдей уи Iуэхур шыпхэ хъункIэ зыхуэIуа щыIэкъым. ГъэпкIауэ укъэнэныр бетэмалщ.

– Уэрей, сыкъэмынэн, Iэмал гуэр щыIэххэу. Сату Iуэхум и хыхьэпIи и хэкIыпIи фIыуэ зэзгъэщIащ. ДяпэкIэ а бэзэр тесынри IэщIыб сщIыну си мурадщ. Оптовикхэм сыкъагъэгугъащ сызыхашэну. Къалэшхуэхэм фурэкIэ дыкIуэурэ хъушэу къитшынущ хьэпшып.

– Хъарзынэщ. Сыт пщIэми, уи Iуэху дэкIмэ, дыщыгуфIыкIыну мыхъумэ, нэгъуэщIкъым... Зэрыунагъуэу фыIэпхъуа къалэм?

– НтIэ.

– Сыти жыIэ, уэлей, къалэм щапIамрэ къуажэм къыщыхъуамрэ зэхуэмыдэ. А зиунэрэ жыIэ, си пхъум и щIалэ пажэр, школакIуэщ ар, нэгъабэ каникулым къэкIуэжауэ хадэм щыщ зы пакIэ къедгъэтIати, махуищкIэ щIэсымэджыхьыжащ. ЦIикъхэщ къалэм къыщалъхуахэр, бадзэ къателъамэ, я шхулъэ ипкIыу.

– СысеитIыр Iуэхуншэу дэзгъэсын уфIэщIрэ? Дачэ зэзгъэпэщмэ, вым хуэдэу изгъэлэжьыхьынущ.

– Тэмэмщ, тэмэм.

ИтIанэ, гупыр щым щыхъум, Бухъарид хъумакIуэм зыхуегъазэри:

– Сыт, ТIэхьир, уи Iуэху дауэ щыт? Беслъэн уи жагъуэ къищIрэ? – жи.

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, зы мастэкIэ къимыщI.

– КъищIмэ, хъыбар къэзгъащIэ, сэ абы хуэфI сыхъунщ. КъызжеIэт, ТIэхьир, телевизор уеплърэ?

– Соплъ... иныкъуэхэм дей.

– НтIэ, Верховнэ Советым къищта унафэр зэхэпхакъэ?

– Сыт унафэ? Уэи...

– Мыбдей тес псоми зэхахащ, уэ зэхыумыхар пэж?

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит...

– Пенсэ Iуэхущ зытеухуар. Сыт хуэдиз уиIэж пенсэм укIуэным?

– ИлъэситI.

– НтIэ, си къуэшыжь, унафэр зыхуэдэращи къедаIуэ. Илъэс хыщI ирикъуа цIыхухъум фыз имыIэу щытмэ, пенсэ иратынукъым. ЦIыхубзыращ пенсэ зратынур – унагъуэ ис-имысми.

– Пэжу жыпIэрэ?

– Пэжщ-тIэ. Ар Iуэху серьёзнэщ.

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, а депутатхэм цIыхум я IуэхуфI зэрамыхуэ.

– Пенсэм умыкIуэ щIыкIэ къыумышэу хъунукъым. ЛIо узыхэпсэукIынур?

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, къэсшэнтэм, ауэ хъун хуэдэ гуэр...

– Узыхэмытын ухэмыту, Лалусэ къашэ. Абы пенси кърат, ахъшэ гъэтIылъыгъи дыщэхэкIи и куэду жаIэ.

– Лалуси? Алыхьым жимыIэкIэ! Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, си щхьэм щыщIэдзауэ си лъакъуэм нэсыху налкъутналмэскIэ сиблэнуми, сыхуэмей.

ТIысыпIэм тесхэри къащхьэщытхэри зэщIэдыхьэшхащ.

– Уэрей, ТIэхьир, лажьэ имыIэ, цIыхубз хъарзынэмэ, ауэ сытми ухущIобжэ ахъумэ, – псалъэмакъым къыхыхьащ зы щIалэ.

– Си щхьэр умыгъавэ уэри, уигу щрихькIэ а уи фыз къашыргъэпэр игъэкIыжи къашэ, – жьэхэлъащ абы ТIэхьир.

Аргуэру удыхьэшхынумэ, къеблагъэ...

Гупыр зыкъомыфIрэ щысауэ, Бухъарид къэтэджыжащ.

– НтIэ, сэри сежьэжынщ. Тхьэ соIуэ, фэ сыкъызэрыфхыхьэрэ а къызэуз къомыр дэнэ кIуам сымыщIэ. НакIуэ, Бeслъэн, седзыхыж.

– Ухуеймэ, хьэцэпэцэр зэрыхъуам уезгъэплъынщ.

– Уэлей, сеплъми содэм.

Беслъэн и «Нива»-р зэщIигъанэри, мэзым ухуэзышэ гъуэгумкIэ ежьащ. Бригадэм и хьэсэ нэхъ пхыдзарат хьэмрэ гуэдзымрэ бжьыхьэ кIуам зытращIар. Мэз лъапэм нэсщ, къэувыIэри къэкIыгъэщIэм зыкъомрэ еплъу щытащ тIури.

– Хуабжьу хъуэпсэгъуэу къытеуващ. И хьер тхьэм фигъэлъагъу, Беслъэн.

– Тхьэм псоми дигъэлъагъу. Уэри уи Iыхьэ хэлъщ мыбы, Бухъарид.

– Сыт Iыхьэ?

– Iагъ, уэращ жылэр хэзысар. Уи Iыхьэр згъэкIуэдын уфIэщIу ара?

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, сыт жыпIэр? Сэ сызэрыIукIыжрэ...

– Бригадэм хэт щIалэхэм сепсэлъакIэщ. Псоми къыздаIыгъащ. НэхъыфI дыдэу лэжьа комбайнерым еттым хуэдизыбзэ къыплъысынущ. Ухуеймэ, гъавэу уэттыжынущ, хьэуэ жыпIэрэ, тщэмэ, ахъшэу.

– Тхьэразэ къыпхухъу.

Машинэм итIысхьэжыну бжэм щыбгъэдыхьэм, мэз лъэныкъуэмкIэ къиIукIыу Iэуэлъауэ, хъуанэ макъ зэхах.

– Сыту пIэрэ къэхъуар? НакIуэт, дыгъаплъэт.

Мэз щIыхьэпIэм нэблэгъауэ къалъагъу джабэм кIэрыт шыдыгур. ЛIы гуэр, кIий-гуоуэ, шыдым чы къурагъкIэ тоухь. Шыдыгум чыбжэгъу цIынэ Iуащхьэу илъти, шыдым къыхудэшыртэкъым.

– Е уанэ махуэ тезылъхьэн, Мухьэз, мы шыдым и фэр щIипхыр сыт? – машинэм къокI Бухъарид.

Модрейр абы нэщхъкIэ къопыдж:

– Шыдыр зейр сэращ, уэ сыт абы хуиIуэхур?

– А зиунэрэ, мыбы псэ Iутщ, гуэныхькъэ? Апхуэдизу щхьэ утецIыбыхьрэ мы псэущхьэ тхьэмыщкIэм?

– Уэ сэ сумыгъасэу, клубым щIэс а уи къуэ Iуэхуншэр гъаси нэхъыфIщ. Уи Iуэху лъэпкъ къысхэлъкъым. УзиIыхьлыкъым, узиблагъэкъым.

– Си къуэм IэнатIитI зэрехьэ. Уэ сыт, игъащIэм колхозым зы чымпэ къыщыпIэтакъым.

– Сыхуейтэкъыми къыщысIэтакъым. Уэ лIо, упрокурору ара?

«Ауулей, уэ сынопсалъэкIи сыт и пэрмэн», жыхуиIэу и Iэр ищIри, Бухъарид машинэм итIысхьэжащ. Джабэм зэрыдэжыжу, Беслъэн гулъэф ирет.

– СыкIуэнщи шыдыгум сыкъыдеIэнщ, Бухъарид, армыхъумэ шыд тхьэмыщкIэр Мухьэз ныкъуэдыкъуэ ищIынкIэ хъунущ.

– КIуэ, псапэщ. Шыдым дежкIэщ жыхуэсIэр.

* * *

Май мазэр и кIэм нэсат. Къалэм къикIыжри, шэджагъуэ нэужьыфI хъуауэ, я пщIантIэ къыдэлъэдэжащ Беслъэн. ХъуэхъуакIуэ щыIат и шыпхъум деж – абы и щIалэ пажэм школыр къиухат тху защIэкIэ. Махуэр апхуэдизкIэ хуабэти, «псыхъуэм зыгъэпскIакIуэ щхьэ сыдэмыхьэрэ», жиIэу зэми къытехьат ар. Ауэ, къызыхэкIар имыщIэу, щIегъуэжащ. «Уэлбанэ дыгъэу пIэрэ?» – уафэм дэплъеящ Беслъэн хадэм здитым. Куэд дэмыкIыу жьышхуэ къыкъуэуащ. НапIэзыпIэм къызэщIэуфIыщIащ дунейри. Жьапщэр апхуэдизкIэ инти, и гъунэгъум я гуэщыщхьэм телъ шиферхэм ящыщ зыбжанэ къызэрыридзыхар абы и тхьэкIумэм къиIуащ. Беслъэн унэм къыщIыхьэжри щхьэгъубжэм IутIысхьащ, уэшхыр къыщрикIутынум пэплъэу. ТхьэмахуитI хъуауэ уэлбанэ щыIатэкъым. Пэжу, ауэрэ уэшх ткIуэпс пIащэхэр къызэпхидзу хуежьащ. Заул дэкIри, пэгункIэ кърыкIыых фIэкIа умыщIэну, уэшхышхуэ хъуащ. «Иджы си Iуэхущ нартыхум псыкIэ зимыгъэнщIми», – и гур фIы къэхъуащ Беслъэн. Ар игу къэкIа къудейуэ, уэ хьэдзэхэр, нартыху жылэ хуэдиз хъууэ, къызэпхидзу хуежьащ. Уэр, пулемётышэу, къытелъалъэрт щхьэгъубжэм, икъутэнкIэ шынагъуэу.

– Адыдыд, Алыхьым гущIэгъу къытхуищI, – Беслъэн и пэшым къыщIыхьащ Хьэжыгуащэ. – Сыту шынагъуэ хъуа дунейр!

И анэм жэуап иритыжакъым Беслъэн. Абы и гур занщIэу жащ нартыху хьэсэмкIэ. «Насып диIэмэ, губгъуэмкIэ уэр нэсагъэнкъым», – егупсысащ ар. Илъэсит I ипэкIэ, нобэ хуэдэу, уэшхуэ къыщехат жылэм. Абы щыгъуэ ар хьэсэхэм зэран хуэхъуатэкъым. Ауэ нобэ Беслъэн гузавэ къищтат. Дунейр къыщызэщIэуфIыцIэм, ар плъат губгъуэ лъэныкъуэмкIэ. Абыи пшэ фIыцIэ гуэрэныр Iуву щхьэщытт.

Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу щигъэтыжащ уэлбанэм. Уэс къеса фIэкIа умыщIэну, пщIантIэм дэзт уэ хьэдзэ тыкъырхэр. Беслъэн унэм къыщыщIэкIам, зыри къэмыхъуа хуэдэ, къуухьэпIэмкIэ зыунэтIа дыгъэр къыкъуэплъыжат. Куэдрэ мыгупсысэу, и машинэр зэщIигъанэри, щIалэр дэжащ пщIантIэм. Нартыху хьэсэм гъунэгъу хуэхъуху, абы и гур гузавэм икъузырт. Икъузынтэкъэ, жыжьэу узыIуплъэ губгъуэр зэрыщыту хужьыгъэт. Хьэсэпэм нэсри, и машинэр къигъэувыIащ. КъикIщ, щIым къытеува къэкIыгъэщIэм Iуплъэри... и нэпсыр къыфIекIуащ. Нартыху цIыкIухэм я нэхъыбэр щIым хэлът, уэм хигуауэ. БащэкIэ зыщыгугъ гъавэр хъуакъэ псыхэкIуадэ. Еплъ абы къыщыщIам. И бригадир

ӀэнатӀэм зэрыпэрыувэри куэд мыщӀауэ. Уи лэжьыгъэр зэребгъажьэм хуэдэущ, жи, зэрекӀуэкӀынур. Машинэм зридзэжри, хьэсэм и адрей кӀапэмкӀэ иунэтӀащ. ИхъуреягъкӀэ къызэхижыхьщ-нызэхижыхьри, къежэлӀэжащ хьэсэпэм. А зэригугъам хуэдэу Ӏей дыдэкъым и Ӏуэхур. Уэм хьэсэкур, гектар зытӀущ къиубыду, натӀэрыӀуапӀэ ищӀри, къэкӀыгъэщӀэхэр ирищӀыкӀат, ауэ и нэхъыбэр къызэтенат. Хэплъэу здэщытым, Беслъэн и тхьэкӀумэм къоӀуэ машинэ макъ. Плъэмэ, агроном нэхъыщхьэм и чэтэнышцхьэ «Уазик»-рт. Машинэр къэсри, колхоз председателыр къибэкъукӀащ. Абы къыкӀэлъикӀащ Сэхьиди – хьэлъэу бауэу, и ныбапцӀэр ерагъыу зэрихьэу. Сэлам нэужьым Хъалид хьэсэр зыкъомрэ къызэпеплъыхьри, Беслъэн зыкъыхуегъэзэ:

– Сыт уи мурадыр? ЩӀэрыщӀэу хэсэжын хуейуэ пӀэрэ?

– НэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ щыӀэкъым, – япэ зыкъригъэщащ агрономым. – Иджы хэпсэжым гъавэшхуэ къыуитын, ауэ силосыпхъэ хъунщ, нэгъуэщӀ мыхъуми.

– Хьэуэ, – идакъым Беслъэн, – псори щӀыхэпсэжын щыӀэкъым. Уэр и кум ирикӀуауэ аращ, Шыхулъагъуэм ещхьу кӀуэцӀрыкӀыу, щӀы Ӏыхьэфӏ къиубыду.

– Хуейрэ хуэмейрэ сэ слъагъуркъэ! – къэлыбащ Сэхьид. – Уэ, щӀалэ, укъыщамылъхум щыгъуэ губгъуэм ситт сэ. Апхуэдиз удын зылъэӀэсам сыткӀэ узэрыщыгугъыр?

Хъалид Беслъэн къыхуеплъэкӀащ, «сыт абы пэбдзыжынур», жыхуиӀэу.

– Сэ хьэсэр зэрыщыту къызэхэзжыхьащ, – председателым и нэгум иплъащ Беслъэн, – хуейкъым псори хэсэжын. Ауэ, шэч къытезмыхьэжын щхьэкӀэ, пщэдджыжь Бухъарид къыдэсшу езгъэплъын си гугъэщ.

– Сыт Бухъарид? – и макъым зригъэӀэтащ агрономым. – Мы лӀыжьыр тӀысыжамэ, и пӀэ игъэс. ЛӀо, бегъымбар хъуа уи гугъэрэ ар? Дэри пэкӀэ псы дефэркъым, зыгуэр хыдощӀыкӀ мы Ӏуэхум.

– Хъунщ, – жиӀащ председателым, – уигу нэхъ щызэгъэнукӀэ, къыдэши егъэплъ. Ауэ уи мурадыр пщэдей къыджепӀэжынщ – е Сэхьид, е сэ.

* * *

Сэнят и дневникым иретхэ.

Нобэ Б. сыхуэзащ зэрымыщӀэкӀэ. Мухьэдин къызэрыдбгъэдэтам щхьэкӀэ абы сепсалъэ и гугъэу пӀэрэ? И гугъэми щоуэ. И. си ныбжьэгъу пэтрэ зыри хищӀыкӀыркъым и дэлъхур сигу зэрырихьым, абы фӀэкӀа си псэм къыдыхьэ, слъэгъуарэт, сепсэлъарэт жыхуэсӀэ нэгъуэщӀ зэрыщымыӀэм. Езырауэ щытамэ, сщибзыщӀынутэкъым. Абы и щӀалэри мыгувэу къэсыжынущ, институтыр къиухынурэ. ЗикӀ, зызэщагъэнщӀыркъым, махуэ къэс жыхуаӀэм хуэдэу письмо зэхуатх. Я насыпкъэ апхуэдэу фӀыуэ зэрылъагъухэм. Сэ-щэ? Тхьэм ещӀэ сэ си Ӏуэхур зэрыхъунур. Си ужь къитыр сигу къыдыхьэркъым, сызыхуейм, си нэ къызыхуикӀым сыкъищӀэркъым. СыкъищӀапэми, къысхуеину ущыхьэт? Абы фӀыуэ илъэгъуар зэрахьрэ игу зэщыуауэ, хъыджэбзхэм епсэлъэн Ӏуэхуи зэримыхуэу фэ тетщ. НтӀэ, апхуэдизу лъагъуныгъэ гуащӀэ хуиӀауэ ара Ӏ-м? ПщӀэнукъым.

– КIунэ, а си нэху, къакIуи шхэ, – бжэр дамэдазэ ищIри къыщIэплъащ и анэшхуэр. – Уи анэр нышхьэбэ тIэкIу къэгувэнущи, уемыжьэ.

– Иджыпсту.

Дневникыр зэгуипIэжри, Сэнят пщэфIапIэмкIэ иунэтIащ. Iэнэм, и мэ гуакIуэм узыIэпишэу, тетт лыцIыкIулыбжьэ. Хъыджэбзым фIэфIт и анэшхуэм тIэкIу дэгушыIэн, ехъурджэуэн.

– Тхьэ, нанэ, мы уэ къысхуиплъхьам хуэдиз сыгъэшхи, пшэр сыхъунщи, самышэу сыкъыдэнэжынмэ.

– Ар куэд-тIэ? Махуэ псом шкIуолым ущыIащ, умэжэлIащ.

– СымэжэлIакъым, нанэ, дэ столовэ диIэщ. Шэджагъуэм абы дыщодзакъэ. Нобэ котлетышхуитI езгъэмэрэкIуэха уфIэщIкъэ.

– Аууей, абы уагъэшхым, тхьэ, хъери-махъи щIэлъу си фIэщ мыхъун. Хъысэпылым къыхэщIыкIа къыщIэкIынщ.

– Сытылми сщIэркъым, ауэ псоми тфIэIэфIыпсу дошх.

И къуэрылъхум и пщыхьэщхьэшхэр и кIэм щынэсым, кIэнфет сэмб Iэнэм къытрилъхьащ.

– Мыбы шей дефэ, си нэху, шыкэлад жыхуаIэм хуэдэщ мыр.

– Дэнэ къипха?

– Алыхь, нобэ напэIэлъэщI щэху сыкIуауэ тыкуэным сыщIэту Бухъарид и къуэр ныщIыхьати, зысхъунщIэурэ къысIэщIилъхьам. Ауэ къыщIищэхуар уэрауэ шэч сощI. Язалыхь, сыту щIалэфIыщэ ар. Сытуи щIалэ гуапэ. Апхуэдэ малъхъэ уиIэныр сыт и уасэ!

«Аргуэру Мухьэдин!» – и гукъыдэжыр тIэкIу нэхъ мащIэ хъуащ Сэнят.



– Ар цIыху фэрыщIу аращ, нанэ, уи фIэщ умыщI...

– Дэнэ къикIа фэрыщI? Абы и адэр сцIыхуркъэ сэ? Езыр щIалэ дыдэу, зауэм къикIыжа къудейуэ, губгъуэм дыщигъэлэжьащ. Адрей бригадирхэм цIыхубзхэм бзаджэ жраIэу, зытезышащIи яхэту щытамэ, Бухъарид ауэ жыжьэрэ гъунэгъуу абыхэм ещхьтэIым. ЦIыхугъэшхуэ, икъукIэ гущIэгъу зыхэлъ цIыхущ. Апхуэдэм къилъхуар Iей хъун?

– ЛIыфI къуэфI хуэщкъым, жаIэу зэхэпха, нанэ?

– Зэхэсхащ, тхьэ, ауэ...

Сэнят къэтэджщ, и анэшхуэм и щIыбагъым къыдэувэри зыкъришэкIащ:

– Нанэ, си зы щэху бжесIэнущи, сумыIуэтэж. Мамэ къыумыгъащIэ. ХъунIэ?

– Хъунщ, си нэху.

– Уи фIэщ щIы, сэ сигу ирихьу зы щIалэ щыIэщи, а Мухьэдиныр абы и лъэпхъуамбэжьакIэм и уасэу къысщымыхъу.

– Ана-а-а, ар сыт жыIэкIэ? Мухьэдин хуэдэ цIыхум...

– Тхьэ, пэж дыдэу жызоIэм.

– Алыхь, а зи гугъу пщIыр дыщэзэрылэ къыщIэкIынмэ. Ар... хэт? Ди къуажэ?

– Ди къуажэщ. Ауэ езым сыкъищIэркъым. Хэт жыпIэу иджыпсту сыхыумыгъэзыхь. ИтIанэ, и чэзур къэсмэ, бжесIэнщ. ХъунIэ, нанэ, уи жагъуэ умыщI.

Анэшхуэр къыпыгуфIыкIащ:

– Сыту фIыт, Iей, дызэрикъуажэр... Зэт, си нэху, умыгъуэлъыж щIыкIэ уэстынуIащи...

ЩIокI, бэлътокум кIуэцIылъу зыгуэр къыщIехьэри и къуэрылъхум къыIэщIелъхьэ.

– Сыт, нанэ, мыр зиIысыр?

– Мыр асмыж жыхуаIэращ. Ди танэ дукIам и лъэгуажьэм дей къыхаха къупщхьэ цIыкIущ. УщыгъуэлъыжкIэ, уи пIэщхьагъым щIэдз.

– Сыт щхьэкIэ?

– ЩIэбдзмэ, узышэну щIалэр пщIыхьэпIэу болъагъу, жаIэ.

Сэнят къыщеудри мэдыхьэшх:

– Ар уи фIэщ хъууэ ара, нанэ?

– Мэхъу, на! Мыхъуу щытам уэстынт.

– Уэ ущыхъыджэбдэсым щIэбдза?

– Алыхь, щIэздзатэм!

– НтIэ, плъэгъуа узышэнур хэтми?

– Сэ сымылъэгъуами, уэ плъагъункIэ хъунщ, си нэху. ЩIэдз уэ.

* * *

Гъэмахуэпэ мазэщ. Дунейр зэуэ пщтыр къэхъуащи, бригадэ бжэIупэм Iут мэракIуей щIагъым щIэт тIысыпIэм зыщызыгъэпсэхухэм хуабэр къатохьэлъэ. Хьэцэпэцэр пызыупщIу хьэсэм хэт комбайнитIым тесхэр дауэ къэнэжрэ? Абы егупсысу здэщысхэм, пщыIэ бжэIупэм къыIуолъадэ агроном нэхъыщхьэр.

– Дауэ хъурэ? – къабгъэдохьэри, я Iэр къеубыд щIалэхэм.

– Тэмэму дежьа хуэдэщ, – жэуап къет Беслъэн.

– ДахуэдизкIэ фухын?

– Нобэрэ пщэдейрэ зэфIэдгъэкIын ди гугъэщ, уэлбанэ къыттемыхъуэмэ.

Сэхьид абы къыфIимыгъэкIыу, игъэкIэрахъуэри хьэсэмкIэ иунэтIащ.

КомбайнитIым я зыр хьэсэпэм къыщыблагъэм, пожьэри абы тесым Iэ хуещI.

«Сыту пIэрэ къыщIриджэр?» – агрономым и мурадыр къыгурымыIуэу, Беслъэн абы кIэлъокIуатэ.

Комбайным тесыр къыщыбгъэдыхьэм, Сэхьид зыкърегъэзэкIри Беслъэн къыжреIэ:

– СуIэд и комбайныр къутауэ, зы яхуещIэркъым, мыр абы дей дымыгъакIуэу хъунукъым.

Беслъэн къыжриIэнум пэмыплъэу, щIалэ къыбгъэдыхьам унафэ хуещI агрономым:

– Толэ, уи комбайным шэсыжи, СуIэд и хьэсэмкIэ псынщIэу екъу. КъыбгурыIуа?

Комбайнер щIалэм и щхьэр ищIри, и бригадирым дежкIэ къеплъэкIащ.

Беслъэн япэщIыкIэ Iэнкун хъуат, ауэ, зыкъищIэжри, агрономым и нэгум иплъащ:

– Сыт жыпIэр, зиунагъуэрэ? Си лэжьыгъэр къэзгъанэу, нэгъуэщI бригадэм щIэзгъэкIуэнур сыт?

– Уи лэжьыгъэ-си лэжьыгъэ жыхуэпIэр сщIэркъым сэ. Дэ дызыколхозщ. Мы губгъуэм щекIуэкI псоми и унафэр сэращ зыIэщIэлъыр, щIалэ, умыщIэу щытмэ!

ИтIанэ комбайнерым дежкIэ зегъазэри:

– ЖьэкIэ укъызэплъу щхьэ ущыт? БжесIар къыбгурымыIуауэ ара?

Абдежым Беслъэн игу къэкIыжащ Бухъарид къыжриIауэ щытар: «Ущызахуэм деж зэи укъимыкIуэт. Зэ укъикIуэтамэ, уи гъащIэр пхынущ апхуэдэу – укъикIуэт зэпыту».

– Толэ, зыщIыпIи укIуэнукъым, – макъ хэкъузакIэ жриIащ абы механизаторым, – кIуэи лажьэ. Мы бригадэм и унафэр зыщIыр сэращ.

Комбайнерым дзыхьмыщI-дзыхьмыщIурэ IуигъэзыкIыжащ. Асыхьэту агрономыр къэлыбри, и ныбапцIэр къыжьэхегъауэ жыпIэу, Беслъэн къыбгъэдэкIуэтащ:

– Уэ уи щхьэм куэдыIуэ фIумылъхьэу пIэрэ, щIалэжь цIыкIу? Сыт сэ укъыщIыспэувыр? Сэращ главнэ агрономыр, уэракъым.

АрщхьэкIэ Беслъэн къыхуикIуэтакъым:

– Сэхьид, комбайнхэр зейр ди бригадэращ, договоркIэ правленэм къеIысхауэ. ХозрасчётkIэ дызэрылажьэр фIы дыдэу бощIэ. Си хьэсэр сымыухауэ зыщIыпIи згъэкIуэнукъым.

– Уэлэхьи, уэ щIалэм уи щIыфэр машхэм. Си псалъэр тIу ищIу зы бригадир колхозым хэткъым. Уэ дэнэ укъыздикIар? Ауэ умыпIащIэ, сэ пхуэфI сыхъунщ. Бухъарид щхьэкIэ и дзэр шыуэ, дыгъуасэ председателым бригадиру уигъэувамэ, апхуэдэурэ зыщIэбгъэбэлацэр сыт, уэ пхуэдэ щымыIэ уи гугъэу? Уэ щхьэзыфIэфIыр уи бригадирыгъэм упызмыгъэкIмэ, сэ сы-Сэхьидкъым. КъыбгурыIуа?

Беслъэн абы жэуап иритыжакъым.



* * *

ЕджакIуэ цIыкIухэр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм яутIыпща щхьэкIэ, егъэджакIуэхэр иджыри хуит къэхъуатэкъым. И Iуэхухэр зэфIигъэкIауэ, Сэнят школ пщIантIэм къыщыдигъэзыкIыжым, шокъу жиIэу Индирэ Iууащ.

– НакIуэ, Сэнят, умыпIащIэмэ, тIэкIу дыуэршэрынщ.

– ЗыщIыпIи сыпIащIэркъым.

Махуэр хуабэт. Школым къегъэбыдылIа хадэм хъыджэбзитIыр ихьэри, жыг жьауэм щIэт тIысыпIэмкIэ яунэтIащ.

– Дыгъуасэ Мухьэдин къакIуэри къызэпсэлъащ, – кърigъэжьащ Индирэ. – «Сэ къэсшэн гъунэжу согъуэт», жи, ауэ уэращ зыхуейр. Тхьэ, пэж дыдэу, жызоIэм, мыщIалэ Iей ар. СщIэркъым нэкIи-пэкIи ущIемыплъыр.

«Аргуэру Мухьэдин! – и щхьэр ирихьэхащ Сэнят. – Сыт мыгъуэ хэпщIыкIрэ уэ си Iуэхум».

– ЩIалэ Iейкъым, ауэ...

– Сыт «ауэ»-р?

– Сэ сигу ирихькъым.

– Тхьэ, сымыщIэ дэбгъуэр. ЩIалэ зэкIужщ, аркъафэкъым, тутынафэкъым, нэгъуэщIкъым. Праздникхэм дей зэзэмызэххэ еIубу аращ. Уэ бощIэ, ар куэдым ягу ирохь. Псом хуэмыдэу Натусэ.

– НтIэ, дрырекIуэ.

– Ар зыхуейр уэращ, Натусэкъым.

– Сэри сызыхуей гуэр щыIэнкIэ хъунщ, ауэ...

– Тхьэ сымыщIэ-тIэ... Мулид уи ужь къитщ-къитри, укъыщыхутемыгъэхьэм, нэгъуэщI къишащ. Абыи сытыт и лажьэр? ЩIалэ зэпэщт, лэжьапIэфI иIэт. Мухьэдин гуэрыр зыIэщIэбгъэкIмэ, ущIегъуэжынкъэ?

– Хьэуэ, Индирэ, сыщIегъуэжынукъым... Хъунщ, мы темэр тедгъэх. Уэ уи Iуэху дауэ щыт? Дапщэщ уи мыгъуэр къыщесылIэжынур?

– Июлым е августым. Къызэрысыжу, бжьыхьэм фIимыгъэкIыу, сишэну жеIэ.

– Зи насып!

– Уэри къыплъыхъухэм уемыпэгэкIыу щытамэ... ХэплъыхьIыхьэншэу укъыдэнэжынущ, жызори сыбогъэгузавэ. Тхьэ сымыщIэтIэ, си дэлъхум, Беслъэн, уезгъэшэнщ. НэгъуэщI сщIэркъым къыпхуэзгупсысынур.

Абдежым Сэнят зэуэ плъыжь къэхъуащ. Ауэ Индирэ гу къылъитакъым.

– Ари зыIурамылъхьэж гуэрщ, тхьэ. И шыпхъу нэхъыжьитIми сэри «къашэ» жетIэурэ дужэгъури щыдгъэтыжащ. А зэпсалъэу щыта фи гъунэгъур, Iэсят, зэрыдэкIуэрэ, зи, хъыджэбзхэм я дейкIэ еплъэкIыжыркъым. Тхьэ, икIэщIыпIэкIэ абы зыгуэр къыхуэзмыгъуэту мыхъуну. И ужь сихьэнщ мы каникулым. И анэм сыхуэзэху, «Си къуэм нысэ симыгъэлъагъуу сылIэмэ, жызори согузавэ, уэри тIэкIу и тхьэкIумэр хуэIуантIэ», жи...

* * *



Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым и анэмрэ и анэшхуэмрэ куэдрэ ябгъэдэсакъым Сэнят, «тIэкIу сытхэн хуейщ», жери и пэшым щIыхьэжащ. Дневникыр къищтэри, Индирэ къыжриIамрэ абы кърикIуа гупсысэмрэ иритхэну и ужь ихьат, арщхьэкIэ зы хьэрфи хуэмытхыу куэдрэ щысащ, IэщIэлъ ручкэм и нэр теплъызауэ. Щымыхъум, имыхабзэу, гъуэлъыжащ нэхъ пасэу. АрщхьэкIэ дэнэт, и жеин къакIуэртэкъым. Хэлъащ Iэджэрэ, и лэжьэгъум, Индирэ, къыжриIар гукIэ игъэныщкIуу. Хьэл хуэхъуауэ, Iэуи-лъауи и тхьэкIумэм къимыIуэу щизакъуэм дежт зэхихар е илъэгъуар абы хуиту гукIэ щызэригъэзахуэр. Индирэ и псалъэхэм ар зы лъэныкъуэкIи щыгуфIыкIат, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи игъэнэщхъеят. «Беслъэн уезгъэшэнщ» къыщыжриIам абы и гур, къилъэтыным хуэдэу, къеуэу хуежьат, ауэ икIэщIыпIэкIэ Беслъэн зыгуэр къыхуигъуэтыну зэримурадым къыIуригъэупщIыIуэжат зэрыгуфIар. НтIэ, и гум илъымкIэ дэгуэшэн Индирэ? Дэмыгуашэмэ, иужькIэ хущIемыгъуэжыну узиIэ. Индирэ зыгуэрым и ужь ихьамэ, зригъэхъулIэху бэяу хабзэкъым. Хьэуэ, хьэуэ, ар тIэкIу жьэнахуэIуэщ, «Сэнят къыптолIэ», жиIэнщи, къуацэкIэ хэуэнщ. Шэми шхуми ес, жыхуаIэракъэ... Индирэ зыкъримыгъащIэми, иужькIэ кIасэ хъууэ, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу, и гъащIэр дэгъэзеигъуэу имыхьыну узиIэ. Езы Беслъэни зыгуэр къызэрыжримыIэ... ГурыIуэгъуэкъэ къыщIыжримыIэр. Къыхуейуэ щытамэ... ИтIани иужьу щыхуэзам, армэм мазитIкIэ щыдашыжым, «къалэм соIэпхъуэ», щыжриIам ар нэщхъей къызэрыхъуам гу лъитат хъыджэбзым. Ежьа нэужьи къыкIэлъыплъу зыкъомрэ зэрыщытари илъэгъуащ, автобусым и кIэм иIэ тIысыпIэр иубыду къыщызэплъэкIыжам. ЩIалэр темыгушхуэу арауэ пIэрэ-тIэ, «сыкъызэримыпэсмэ», жиIэу?..

... Сыту телъыджэ ихъуреягъкIэ! Губгъуэм къыщызэщIэрыуа удз гъэгъа зэмыфэгъу къомыр къахуогуфIэ Сэнятрэ Беслъэнрэ. Сытуи мэ гуакIуащэ къапихрэ абыхэм! Сэнят нэхърэ нэхъ насыпыфIэ тету пIэрэ мы щIы хъурейм? ИкIэм-икIэжым къехъулIащ и хъуэпсапIэр: Беслъэн къыжриIащ фIыуэ къызэрилъагъур. А тIум зыщагъэнщIыркъым нэм къиубыдыр щIэзыгъэна удз гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэми, къащыгуфIыкIыу къателъэщIыхь дыгъэ бзийхэми, IэпкълъэпкъымкъедэхащIэу къепщэ акъужь мащIэми. «Дамэ стетамэ, сылъэтэнт», – жеIэ Сэнят. «НтIэ, ар куэдрэ», – Беслъэн къоIэбэ, Сэнят и IэблитIыр еубыдри, сабий цIыкIум хуэдэу егъэкIэрахъуэ. ЕгъэкIэрахъуэри-егъэкIэрахъуэ, жьым зэбгрипхъа и щхьэцым хъыджэбзым и нэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ щIихъумэу... Ауэрэ, фIыуэ зэрылъэгъуаитIыр нос Беслъэн и бригадэ пщыIэм. Абдеж абыхэм къащыпэплъэрт Зубери, ар зи пашэ художественнэ самодеятельностри, губгъуэм илъ гъавэр зэщIэзыкъуауэ нэщхъыфIэу зэхэс мэкъумэшыщIэхэри. «ИIэ, джэгу зэхэдвгъашэ, – жеIэ Зубер. – Еуэт пшынэм, Мурадин!» Пшынэ макъ къызэрыIуу, Зубер аргуэру къопсалъэ: «Беслъэн, уэращ бригадирри, япэ къэфэгъуэр къыплъос. Хэдэ ди тхьэIухудхэм». Къилъэтыным хуэдэу Сэнят и гур къоуэ: «Хэту пIэрэ къигъэфэнур?» Беслъэн утыкум къохьэ, самодеятельностым хэт хъыджэбзхэм, къеувэкIауэ щытхэм, яблокIри езым къыбгъэдохьэ. Къыбгъэдохьэри, и щхьэр мащIэу егъэщхъ. Я нэхэр зэхуозэ. Арати, укъэфэнумэ къеблагъэ – Iэгур къытракъутэ... Абдежым, къыздикIари къыздихуари мыгурыIуэгъуэу, хьэ гупым гъунэгъу зыкъыхуащIри, я макъ къызэрихькIэ банэу щIадзэ. «Къэхъуар сыту пIэрэ?» жиIэу Сэнят а лъэныкъуэмкIэ щыплъэм... къызэщоу. Тхьэм ещIэ, пщIантIэм джэду къыдыхьат е хамэхьэ къыдэщхьэрыуат, я хьэр банэрт зиукIыжу.



* * *

А пщыхьэщхьэм Беслъэн нэхъ жьыуэ къыдыхьэжащ я пщIантIэ. Дыгъуэпшыхь Индирэ къакIуэри, «щхьэусыгъуэ лъэпкъ зэхэсхыну сыхуейкъым, пщэдей сыхьэтиблым кином ди гъусэу унокIуэ, билетхэр къытхуащэхуакIэщ», жери, и тхьэкIумэр къиIуэнтIат. «Хэт уи гъусэнур?» – жиIэу щыщIэупщIэм, Натусэрэ Сэнятрэ зэрыщIыгъунур, Мухьэдини закъыгуидзэнкIэ зэрыхъунур къыщищIэм, зриIуэнтIыхьу хуежьат, арщхьэкIэ и шыпхъум зыкъыхуигъэгусэ хуэдэу зыщищIым, сыт ищIэнт, арэзы хъуащ. СыткIэ хуейт ар и гум телъ уIэгъэр къигъэетэжыну – и гупсысэр зыIыгъ, и жей зыгъэныкъуэ хъыджэбзым Мухьэдин бгъэдэсу илъагъуну. Хьэуэ, зыщимыгъэгъупщэу хъунукъым Сэнят... Хэт и гугъэнт илъэсипщIкIэ зыдеджа Мухьэдинрэ абырэ зы хъыджэбз фIыуэ ялъагъуну. Жыжьэрэ гъунэгъуу и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым и псэр бэлыхь хэзыдза апхуэдэ Iуэху къылъыкъуэкIыну. Хэт ищIэн, езыр нэхъапэIуэкIэ и ужь ихьамэ... Ауэ, дауэ щымытми, къэшэн Iуэху зэримыхуэу хъунукъым. Илъэс тIощIрэ ирэ мэхъу, и щхьэцми дыжьыныфэ налъэр хэз хъуащ. Апхуэдэурэ кIуэмэ, къыдэкIуэн имыгъуэтыжынри хэлъщ. Ауэ хэт къишэнур? МащIэрэ гукIэ щIипщытыкIыжа абы и цIыхугъэ хъыджэбзхэр, къыхуагъэлъэгъуахэм я сурэтхэри хэту. Ауэ и гур гъэр зыщIын яхилъэгъуакъым. Яхилъэгъуэпэнуми, абыхэм ящыщу зыми епсэлъакъым. Я гъусэу кIуакъым зыщIыпIи.

... Беслъэн клубым щынэсам, абы и бжэIупэм деж уэршэру щытт Индирэ сымэ, Мухьэдин ящIыгъуу.

– Уи лъагъуж фIы ухъу! – и Iэр къеший Мухьэдин. – Уэрей, бригадир зэрыхъурэ ди ныбжьэгъур зэзэмызэ фIэкIа дымылъагъуж. Ягъэ кIынкъым кином зэ укъакIуэми.

Беслъэн хъыджэбзхэм сэлам ярехри, псори зэгъусэу клубым щIохьэ. Мухьэдин Сэнятрэ Натусэрэ яку дотIысхьэ... Беслъэн и гум мастэ къыхаIуу къыщыхьурт, Мухьэдин зригъэзэкIыурэ Сэнят щехъуцацэм деж. «Дунейм, щхьэи сыкъэкIуат, – и щхьэр зыфIиудыжырт абы. – ДяпэкIэ сэ апхуэдэ мыл сытехьэжым си Iуэхущ». Кинор иухыхункIэ Беслъэн щысащ псалъэ жимыIэу, зэзэмызэ Индирэ зыкъригъэзэкIрэ кино екIуэкIым теухуауэ зыгуэр къыжриIэмэ, пимыдзыжIауэ, и щхьэр ищIу.

Кино нэужьым клубым къыщIэкIыжхэри бжэIупэм къыщызэтеувыIахэщ, а зэплъар къазэрыщыхъуам тепсэлъыхьыжу. Беслъэн пIащIэрт зричыжыну, ауэ Индирэ къигъанэу дауэ IуигъэзыкIыжынт?

– Натусэ, гъунэгъущи, и Iуэхур щхьэхуэщ, – къэпсэлъащ Мухьэдин, – Сэнятрэ абырэ сэ нэзгъэсыжынщ, Беслъэнрэ и шыпхъумрэ зы хьэблэщи, а тIур гъусэ зэхуохъу.

Клуб бжэIупэр мынэху дыдэми, Беслъэн гу лъитащ нэщхъейуэ Сэнят абы къызэрыхуеплъэкIам. Сыту пIэрэ а плъэкIэм къикIыр? Мухьэдин ящIымыгъуамэ, ишэжатэкъэ иджы я унэ...

Абдежым щIалэжь зыщыплI гъунэгъу къахуэхъуащ абыхэм, ину псалъэу, хъуанэ-цIанэу. Абыхэм тIу яхэтт, Беслъэн фэкIэ ицIыхуу. ТIури мылажьэрэ мыпщIантIэу, дыгъуэшх-дыгъуэлIу къэгъуэгурыкIуэу.

– Тутын фIыгъ, къуэш? – зыр къахокIри къабгъэдохьэ.

– Хьэуэ, – жэуап яритащ Мухьэдин, – дефэркъым.

А къыбгъэдыхьар лъэныкъуэкIэ Iуишри, щэхуу жриIащ:

– Мыбдей хъыджэбз зэрыщытыр фолъагъу, щхьэ фыхъуанэрэ? ЕмыкIукъэ?!

– Уэрат иджы сэ мораль къысхуемыджэжар, – къапхъуэри Мухьэдин и джанэбгъэр иубыдащ щIалэжьым. – Уэ езым куэд щIауэ сыпхуэбампIэти, хъарзынэу укъысIэрыхьащ.

Мухьэдинрэ абырэ зэрызелъафэу щыщIадзэм, адрей щIалэжьхэм Мухьэдиныр къаухъуреихьащ.

– Фыбэяу! – Мухьэдин къепщэфыIэ щIалэр зэщIиубыдэри къыIуилъэфащ Беслъэн.

– Уэ уи мыIуэху зумыхуэ, уи щхьэм баш къытехуэну ухуэмеймэ, – жери, зы щIалэжь къыбгъэдыхьэри Беслъэным тIэкIу къеIунщIащ.

– Мыбы ущIедэхащIэр сыт? – къыIухьахэм нэхъ пIащэу яхэтым зыкъиишэщIри IэштIымкIэ къэуащ, арщхьэкIэ Беслъэн и щхьэр лъэныкъуэкIэ IуишиикIри, блэукIащ щIалэр. Езыр еуэри тIэрабгъуу къриудащ къыщыхьар. Ар щалъагъум, щIалитI зэуэ къобгъэрыкIуэ Беслъэным. Хъыджэбзищыр магъ-мэкIий. Мухьэдин тIум ираудауэ, лъакъуэкIэ кIуэцIакъухьу щилъагъум, къебгъэрыкIуахэм чэзууэрэ фIыуэ яхукъуилъхьэри, Мухьэдин хэзыкухьитIым я зыр лъэныкъуэкIэ Iуидзащ. «Iыхь-сыхь» жаIэу щIым щылъитIым я зыр асыхьэтым къыщопщ, сэ кърех, Беслъэным и щIыбагъымкIэ къыдохьэри зыкъытрешащIэ. ИкIи щIалэм зыкъыщригъэзэкIым и Iэблэм къытохуэ. Хъыджэбзхэм я кIий макъыр зэхэзыха лIитI къыIуолъадэ абдей.

ЩIалитIым къебгъэрыкIуахэм ящыщ зыр зиIуантIэ-зишантIэу щылът, адрейхэм кIэбгъу защIыжат. Беслъэн и Iэблэр лъым зэщIищтауэ щилъагъум, Индирэ гъуэгыу щIидзащ.

– ПсынщIэу «Скорэм» къеджэн хуейщ! Натусэ, звонить щIы.

Беслъэн и джанэ Iэщхьэр лъы защIэу щилъагъум, Сэнят къызэфIэщIэри, Натусэ дежкIэ пхъуащ.

– Уэри сыт мыгъуэ къыпщыщIар? – Натусэ абы и блэр быдэу иубыдащ.

Сытми, Сэнят куэд дэмыкIыу зыкъищIэжри, Беслъэнрэ Индирэрэ къабгъэдэлъэдащ:

– И Iэблэр пыпхыкIын хуейщ, лъы фIэмыкIуэдын щхьэкIэ.

– Сэ бинт сIыгъщ, – и сумкэм зы зэкIуэцIылъ къыдихащ Натусэ, – ари сщIэжрэ, сыгузэващи.

Мухьэдини и пэм лъы къижу къабгъэдэтт, бэлътокур Iуилъхьэ-Iуихыжу. «Скорэр» мыгувэу къэсащ. Беслъэн и Iэблэм зыгуэрхэр щахуэри, япхащ.

– Мыр е екIуэнкIэ хъунущ. Угъуэлъръэ, махуэ зы-тIу ущIэлъмэ нэхъыфIщ, – жиIащ дохутырым.

– Хьэуэ, хьэуэ, – и щхьэр ищIащ Беслъэн, – а тIэкIум щхьэкIэ...

– Мыр Iуэху джэгукъым, щIалэ, – нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъащ зи ныбжьыр хэкIуэта дохутыр бзылъхугъэр, – лъы пфIэкIуэдащ. ИужькIэ ухущIегъуэжынщ. Дэри дыхуиткъым мыпхуэдэу утыку укъиднэну.

– Тхьэ, укIуэнум-тIэ! – и макъым зригъэIэтащ Индирэ. – Сэри сынэкIуэнущ уи гъусэу.

– Хьэуэ, уэ абы щыпщIэн щыIэкъым, – жиIащ дохутырым, – кIэлындорым утесынура?

– Сытесынущ. Мыр си дэлъхущ.

– Индирэ, сыхуейкъым... КIуэжи, ди анэм гурыгъаIуэ ныжэбэ сызэремыкIуэлIэжынур. Мы къэхъуар жумыIэ. И гум хуэшэчынкъым. Зыгуэр къэгупсыс. ИтIанэ... ныжэбэ ди дей щыIэ. Хъункъэ?

– Хъунщ. Сэ пщэдджыжь жьыуэ сыкъыплъыгъуэзэнщ.



* * *

Пщэдджыжьыпэм тIэкIу Iурихащ, армыхъумэ Сэнят а жэщым жеякъым. Ужеифынт а къэхъуам и ужькIэ – уи гупсысэр зыIыгъ, уи гум щыбгъэфIэ щIалэр яуIауэ. Бетэмалу хэкIуадэ пэтащ. Насып иIэти, сэр и Iэблэращ зытехуар. Ар и гум лъэIэсамэ... Ныжэбэ кино нэужьым и унэ къыщыщIыхьэжам, анэм гу лъитат и пхъум и фэр шэхум хуэдэу зэрыпыкIам, зэрыщымыт гуэр зэрыхъуам. «Зыгуэр уи лажьэ?» – жиIэу къыхигъэзыхьа щхьэкIэ, «ТIэкIу си жеин къокIуэ, къэхъуа щыIэкъым», – жери, къыфIимыгъэкIыу, шхэни имыдэу, и пэшым щIыхьэжат...

– А си нэху, нобэ шкIуолым укIуэнуIэ? – бжэр дамэдазэ ещIри, унэм и щхьэр къыщIешие анэшхуэм.

– НтIэ, – къыщолъэт Сэнят.

– Уимыхабзэу ухэжеяи?

ПIащIэ-тхъытхъыу зетхьэщI, зызэпелъэщIыхьыж, зехуапэри, лъэ псынщIэкIэ дегъэзыкI пщIантIэм. Сыт хуэдизу мыпIэщIами, дакъикъэ зыбжанэкIэ къыкIэрыхуащ. Сабийхэр къежьэу зэхэст, унащхьэр трачыным хуэдэу зэрыгъэкIийуэ. ЕгъэджакIуэр къыщIыхьауэ ща-

лъагъум, псори зэтесабырэжащ. Арщхьэк Iэ Сэнят урокыр дахэ-дахэу хуегъэкIуэкIыртэкъым. Абы и гур щыIэт Беслъэн здаша район сымаджэщым. Дерсыр зэрызрагъэщIар къищIэн хьисэпкIэ доскам къыдиш ныбжьыщIэхэм жаIэри зэхихыртэкъым. Сытми, сыхьэтитIыр ера-гъыу ирилъэфэкIри, егъэджакIуэхэр зыщIэс кабинетымкIэ иунэтIащ.

– Индирэ флъэгъуа нобэ? – щIэупщIащ ар, кабинетым зэрыщIыхьэу.

– Хьэуэ, больницэм кIуауэ жаIэ, и дэлъху яуIам дей, – къитащ жэуап егъэджакIуэ гуэрым.

Абы зыри пимыдзыжу, здэщыс хабзэ тIысыпIэр зригъэгъуэтыжащ Сэнят. Апхуэдэу заулкIэ щысащ, тегупсысыкIауэ.

– Сэнят, зыри зэхэпхыркъыми, – зы егъэджакIуэ къыбгъэдыхьэри и дамащхьэм къытеIэбащ, – уи лажьэIауэ ара?

– Сыт жыпIа? – къыщхьэщыт цIыхубзым къыхудэплъеящ ар.

– ТIэу сыкъоджати, сызэхэпхыркъым. Тхьэ, уэ зыгуэр уи лажьэмэ... Уплъыржьэрщ. КIуэжи нэхъыфIщ унэм.

– Хьэуэ, сэ...

– Урок уиIэ иджыри?

– НтIэ, сыхьэтитI.

– А уи щытыкIэр уи щытыкIэу, тхьэ, умылэжьэфын. Завучым жепIэрэ, зебгъэутIыпщыжмэ нэхъыфIщ.

– Хьэуэ, Нусэ, зыри си лажьэкъым. Ныжэбэ жейм семызэгъауэ аращ.

Къэтэджри щIэкIащ. Аргуэру урокитI, зэрыригъэкIуэкIари сытри имыщIэу, ирилъэфэкIри, егъэджакIуэхэм я кабинетымкIэ къиунэтIыжащ. 

– Индирэ къэмысыжауэ пIэрэ, къыфIэщIэлъэгъуа?

– Къэсыжащ, – жэуап къитащ зы цIыхубзым, – моуэ щIэкIа къудейщ, урок иIэу.

Сэнят къыщылъэтри, Индирэ здэщыIэ кабинетымкIэ пIащIэу иунэтIащ.

Классыбжэр Iуихри, и ныбжьэгъу хъыджэбзым бгъэдыхьащ, урок щрагъэкIуэкIкIэ щIыхьэ и мыхабзэми.

– Сыт? Дауэ щыт уи дэлъхур?

– НэхъыфIщ. Лъы хакIащ.

– НакIуэт, коридорым дей...

ХъыджэбзитIыр къыщIокI.

– Шэджагъуэ нэужьым иджыри тезгъэзэнущ, сыхьэтиплIхэм сынэсу, гъуэмылэ тIэкIу хуэсхьынурэ.

– Индирэ, сэри...

– Сыт «сэри» жыхуэпIэр?

Сэнят плъыжь къэхъуащ.

– Сэри уи гъусэу сынэкIуэнт щIэупщIакIуэ. Согузавэ. ЗыгуэркIэ сыкъуаншэу къысщохъу.

– Си щхьэр умыгъавэ, кхъа. Уэ сыткIэ укъуаншэ? Сэращ псори зи лажьэр. Кином фызышар сэракъэ?

– ИтIани, сынакIуэмэ нэхъ къэсщтэнут.

– НакIуэ. Тхьэ, и гуапэ хъунмэ.

– Сытхэм дежьэрэ?

– Щы нэужьым Мухьэдин сришэхыну сыкъигъэгугъащ. Сэри мы урокыр сухмэ, сыкIуэжынущ унэмкIэ.

«Аргуэру Мухьэдин!» – и нэгур къызэIууащ Сэнят. Индирэрэ абырэ зэрызэдэщIыгъур ищIамэ, апхуэдэ псалъэмакъ кърихьэжьэнтэкъыми... Иджы укъикIуэтыж хъурэ, «сынэкIуэнущ» жыпIауэ.

– НтIэ... сэ фи унэмкIэ сыкъехынщ щыхэм дей, пхъэщхьэмыщхьэ сыт къэсщтэнщи.

– ДызэгурыIуащ.

* * *

Халат хужь зырыз сымаджэщ щIыхьэпIэм деж къыщащтэри, щыри – Индири, Сэняти, Мухьэдини – щIыхьащ Беслъэн зыщIэлъ палатэм. И шыпхъум щIыгъуитIыр щилъагъум, щIалэм и гур къигуфIыкIащ. Абы ищIэрт Мухьэдин щIэупщIакIуэ къызэрыкIуэнур, ауэ Сэнят...

– Уа, зыбгъафIэу куэдрэ ущIэлъыну? – къыщхьэщохьэ абы Мухьэдин. – НакIуэ, утшэжыну дыкъэкIуащ.

– Уэлей, сынэкIуэжынтэм, ауэ, мис, зэрыплъагъущи, дохутырхэм гъэр сащIащ.

Мухьэдин и ужькIэ Сэнят къыбгъэдохьэри, и Iэр къеубыд.

– Сыт жаIэр? Куэдрэ ущIагъэлъыну? – сымаджэм и пIэ лъапэм щотIысэх Мухьэдин.

– МахуитI-щы хуэдиз.

ЗыкъомыфIрэ уэршэра нэужь, Мухьэдин къотэджыж:

– Узыншэ тхьэм уищIыж. Хэт ищIэн, си Iуэху хуэхъумэ, иджыри зэ сыкъыкъуэкIынкIэ хъунщ.

– Тхьэразэ къыпхухъу, Мухьэдин. Ауэ умыгузавэ. ЖызоIэри – махуэ зы-тIукIэ сыныщIатхыкIыжынущ.

Мухьэдин къотэджыж, Индирэ зыхуегъазэри:

– НтIэ, дэ дежьэжынщ. Уэ уи адэр тху нэужьым къыIухьэу уишэжыну щыжыпIакIэ... НакIуэ, Сэнят.

– Упсэу, Мухьэдин, – къопсалъэ Индирэ. – Сэнят сэрэ гъуэмылэр зэкIуэцIытхмэ, нэщIэкIыжынщ. ТIэкIу къежьэ.

Мухьэдин пэшым щIегъэзыкIыж. Индирэ къихьа гъуэмылэр къегъэIэгъуэ.

– Мыпхуэдиз щхьэ къэфхьа мыгъуэ, – мащIэу зыкъытреIэтыкI Беслъэн. – Мы къомыр хэт зышхынур?

– Къом хъурэ ар? Уи гъусэхэми яIубгъэхуэнщ.

– Хьыи, мо кIэлындорым тет холодильникым дэлъхьэ-тIэ.

Индирэ зэрыщIигъэзыкIыу, Сэнят къотэджри сымаджэм гъунэгъу зыхуещI:

– Беслъэн, уи уIэгъэр... къоузрэ?

ЩIалэр абы къыхудоплъей.

– Хьэуэ, Сэнят, къызэузыркъым.

– Сыту фIыт. Сэ абы щыгъуэ зыкIэ сыгузэвати... ар... зэрыжысIэнур сщIэркъым.

– Упсэу, гузэвэгъуэншэ ухъу. Пэжыр жысIэнщи, си гущхьэ къэкIынтэкъым уэ щIэупщIакIуэ укъэкIуэну. Уи фIэщ щIы, уэ укъызэрыщIыхьэрэ си узыр...

Беслъэн и псалъэр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ Индирэ къыщIыхьэжащ.

– Хъунщ-тIэ, сэри сежьэжынщ, – бжэмкIэ иунэтIащ Сэнят. – ДяпэкIэ къыпщыщIыну хъуар абыкIэ зэфIэкIауэ тхьэм къыщIигъэкI, Беслъэн.



5 Заказ №370

– Тхьэразэ къыпхухъу.

... Индирэ сымэ щIэкIыжа нэужь, Беслъэн блынымкIэ зигъазэри илъэгъуамрэ зэхихамрэ гукIэ зэригъэзахуэу хуежьащ. Ар Iыхьэлейуэ щыгуфIыкIат Сэнят щIэупщIакIуэ къызэрыхуэкIуам. Псом хуэмыдэу Беслъэн и псэр зэхэзехуэн зыщIар хъыджэбзыр абы къызэреплъа нэхэрт. А нэхэм лъагъуныгъи, гущIэгъуи, IэфIагъи, уеблэмэ... гугъи къащIихырт. Ар дауэ? Пэжу пIэрэ абы и гукъэкIыр? И гупсысэхэм зэрыщигъафIэмкIэ, Сэнят шэч ищIауэ пIэрэ? Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ, жи. ПщIэнукъым. КъищIагъэнкIи мэхъу. Сыти жыIи, Сэнят къызэреплъа нэм лъагъуныгъэ щIилъэгъуат абы. Хьэмэрэ къыфIэщIауэ ара? Ауэ... Мухьэдинрэ абырэ зэщIыгъуу къэкIуэнт, ар пэжмэ. Хьэуэ, и щхьэр къимыгъэпцIэжмэ нэхъыфIщ. Зыщымыгугъын щремыгугъ. ИтIани... итIани и гур гъэр зыщIа гупсысэхэм пэлъэщыртэкъым Беслъэн. Зыщигъэгъупщэну, емыгупсысыну игу ирилъхьэ щхьэкIэ къызэремыхъулIэнур иджыт абы хьэкъыу щыпхыкIар. Сэнят щыIуплъам абы къыфIэщIат мазэщIэр уафэм къехыу пэшым къыщIыхьауэ... НтIэ, сымаджэщым щIэкIыжмэ, тегушхуэу жриIэн фIыуэ зэрилъагъур? ЖриIэ хъурэ, Мухьэдин-щэ? Абы къишэну зи ужь ит хъыджэбзым уи гурылъыр хуэпIуатэу къаугъэ ухыхьэ хъурэ? И напэр текIынкъэ! Апхуэдэ делагъэ щхьэ игу къигъэкIрэ? Езы Сэнят-щэ? ФIыуэ илъагъуу пIэрэ абы Мухьэдин? Имылъагъумэ, а тIур зэбгъэдэту, зэпсалъэу апхуэдизрэ яIущIэнт? Хьэмэрэ зэщIыгъуу нобэ къежьэнт?

* * *



Сымаджэщым щIэлъыху, следователыр тIэу къэкIуащ Беслъэн и деж. КърагъэIуэтэжащ Iуэхур къызэрекIуэкIар, хьэргъэшыргъэр къызытехъеикIар. КъыщIэкIыжа нэужьи, мызэ-мытIэу ираджащ районым, «кхъыIэ, мыпхуэдизрэ лэжьыгъэм сыкъытевмыч, а япэм вжесIам щIызгъужын сиIэкъым», жиIэурэ лъэIуа пэтми. СэкIэ къепыджа щIалэм и адэ-анэри дапщэрэ къалъихьа я унэми, бригадэ пщыIэми, «ди щIалэр евмыгъэгъэтIыс, ди лъапсэр тщэжамэ, жыфIэм хуэдиз фэттынущ», жаIэу. АрщхьэкIэ Беслъэн «фи ахъши фи бохъши сыхуейкъым, щIалэр фхуэмыгъэсамэ, сэ сыт си лажьэ, абы и унафэ зыщIынур судыращ», жиIэурэ лъэIуакIуэ къэкIуахэр дигъэкIыжащ. Ауэ, пэжщ, судыр щащIэкIэ, зэран хуэмыхъуну къигъэгугъащ. Дауэ щымытми, зы къуажэщ. А сэкIэ къеуар ягъэтIыскIи ямыгъэтIыскIи абы и дежкIэ сыт – мис, хъарзынэу и уIэгъэр кIыжащ. Хьэуэ, а щIалэр тутнакъ ящIмэ, и Iуэхур нэхъыкIэ хъунуращ. Абы зэрисар дерс зыхуэхъуа, зи дуней еплъыкIэр фIы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI хъуа цIыху ирихьэлIакъым Беслъэн. ЖаIэуи зэхихакъым. Уеблэмэ, зэраIуатэмкIэ, тэмакъкIэщI хъуауэ, я узыншагъэри мыщIэгъуэжу апхуэдэущ и нэхъыбэр къызэраутIыпщыжыр. Сытми, мазитI-щы нэхъ дэмыкIыу, судым ираджащ Беслъэн, уIэгъэ щыхъуа пщыхьэщхьэм и гъусахэри щIыгъуу. Iуэхур къызэрекIуэкIам теухуауэ абыхэм къаIуэтэжар зэщхьэщыкIыртэкъым. Прокурорым къигъэуващ щIэпхъаджагъэ зылэжьам илъэсищ телъхьэн хуейуэ. Уэчылыр лъэIуащ, «условнэ дывгъэщI, лэжьапIэ дгъэувынщ, гуп узыншэ хэхуэнщи, гъуэгу захуэ теувэжынщ», жери. Тезырым теухуауэ Беслъэн и Iуэху еплъыкIэр къищIэну судыщIэм зыкъыщыхуигъазэм, абыи уэчылым жиIар диIыгъащ. Мыри

щIигъужащ, зи суд ящIэм и адэ-анэм мылъкукIэ и гур щабэ къащIауэ зэрыщымытыр къыхигъэщу: «Дамэкъухэ я унагъуэр хуэщIауэ псэуркъым. Абы нэхъртэ нэхъ къулей щымыIэми, ахэм зы сомкIэ сащыгугъыркъым икIи сыхуейкъым къэзмылэжьа мылъку. Ар яжесIащ мо хъарым ис щIалэм и адэ-анэм. Тутнакъэщым ар гъуэгу захуэ тригъэувэжыну си фIэщ хъуркъым. Абы къыхэкIыу, уэчылыр зыщIэлъэIур сфIэкъабылщ: условнэ хуэфщIыну сынывольэIу и тезырыр. Ирелажьэ, хьэулейуэ дэмыту. Iэмал имыIэу IэнатIэ гъэувын хуейщ». Лей зытехьамрэ уэчылымрэ жаIэр щызэтехуэм, судри абы я лъэныкъуэ хъури, сэ къыхэзыIуа щIалэм илъэситI тралъхьащ условнэу. Ар щызэхихам Беслъэн къыщыхъуащ и плIэм хьэлъэ гуэр дэхужауэ. Щхьэл мывэ шэрхъитIым я кум диубыдауэ икъузу къыфIэщI игури хуиту бэуэжащ абы и ужькIэ.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

«Ныщхьэбэ Iуэху тIэкIу сиIэщи, нэхъ пасэу семыхыжу хъунукъым», – жриIэщ и дэIэпыкъуэгъуми, и машинэм зридзэри бригадэ пщыIэм къытежыжащ Беслъэн. Ар сыт щыгъуи губгъуэм къыщикIыжыр псом я ужькIэт. Ауэ ныщхьэбэ, тIэкIу бэзэрыфэ зытригъэауэу, мыкIуэу хъунутэкъым и шыпхъум, Индирэ, и махуэ лъапIэм. Нобэ ар илъэс тIощI ирикъурт. Пшыхьым зэрыригъэблагъэр къыщыжриIам, Беслъэн зрилъэфыхьат, «соукIытэ, шкIащIэм ягъэдела танэ хуэдэ, фэ хъыджэбз гупым дауэ сызэрыфхэсынур? ЕмыкIущ», – жери. АрщхьэкIэ Индирэ и хьэлыр ищIэжыртэкъэ, иукъуэдиямэ, зэфIэкIат. ИтIанэ и лэжьэгъу хъыджэбз зыщыплIым фIэкIа емыджауэ, «уэ умыцIыхурэ укъэзымыцIыхурэ зыри нрихьэлIэнукъым. Зубери къэкIуэнущ, псори зэхэту зыхыбл нэхъыбэ дыхъунукъым», къыщыжриIэм, зихъунщIэжакъым.

Зубер щыщыIэнукIэ, уэршэрэгъу къыхуэхъунут. ИтIанэ... Сэняти къэкIуэну хъунщ. Ауэ Мухьэдини еджамэ, а тIур зэбгъэдэсынущ. Ар игу къызэрымыкIа. Дауи, Мухьэдин абы зыхигъэнынукъым. Аргуэру къэетэжынущ и уIэгъэр. НтIэ, щхьэусыгъуэ гуэр ищIу, мыкIуэнрэ? Сыт дунейм къигупсысынур? Адыгэм иужьрей акъыл жыхуиIэращ, нэхъ пасэу игу къызэрымыкIа ар? Иджы сыт... кIасэ хъуащ. Быдэу къигъэгугъащ «сынэкIуэнщ», жери. МыкIуэмэ, игъащIэкIэ къриудэкIыжынщ.

Я унэм дэмыхьэжу, Беслъэн иунэтIащ къуажэ тыкуэнымкIэ. Абы ищIэрт Индирэ зыщIэхъуэпс саугъэтыр зыхуэдэр. Хьэпшыпхэм зыкъомрэ хэплъэри, хьэ хужьышхуэ, уэс чэсейм хуэдэу, къищэхури, тхылъымпIэ къэпышхуэм ирыригъэлъхьащ. Ар и машинэм иригъэзагъэри, ириIуэнтIэхыжащ унэмкIэ.

– Мыр сыту ужь нобэ? – пщIантIэм къыдэлъэдэжа и къуэм къыпежьащ Хьэжыгуащэ.

– Индирэ и день рожденэщ нобэ.

– Алыхь, къызжепIатэм дыгъуасэ, сIэщIэхужащ.

ЗитIэщIыжщ, ваннэм щIыхьэщ, зигъэпскIри и щыгъын нэхъыфIыIуэхэр зыщитIэгъащ. И унэм мыхъуу, школырат Индирэ и Iуэхур щекIуэкIынур. Абы и щхьэусыгъуэри къыжриIат: зэпсалъэ щIалэр

иджыблагъэ къэкIуэжат къуажэм, военнэ училищэ къиухри. Ари иригъэблэгъэну хуейт Индирэ. АрщхьэкIэ модрейм «фи дейхэм ящIэ дызэрызэпсалъэр, дауэ уи унэ сынызэрыкIуэнур, ар хабзэкъым», жиIэу къыщыувым, дауэдапщэр школ шхапIэм щригъэкIуэкIыну триухуат.

«ЗыгуэркIэ сеIубын хуей хъумэ», жиIэри, машинэр гуэщым щIигъэувэжри, лъэсу ежьащ. Пшапэр зэхэуауэ, школ пщIантIэм щыдыхьэм, абы къыпежьащ физкультурэмкIэ езыгъаджэ щIалэр.

– Къеблагъэ!

– ФIым дыхуиблагъэ, – щIалэм и Iэр иубыдащ Беслъэн. – Сэ зыра фызэжьэр?

– СщIэркъым, уэра си гугъэщ къэтыр.

Беслъэнрэ щIалэмрэ зэщIыгъуу шхапIэмкIэ яунэтI. Езырат япэ итри, бжэр Iуехри щIохьэ. ЗанщIэу гу лъетэ Сэнят зэрыщыIэм.

– Ура! ТIутIэ къэсащ! – Индирэ къыщылъэтри зыкъришэкIащ.

ТхылъымпIэ къэпышхуэм илъ саугъэтыр къримых щIыкIэ Беслъэн йоупщI и шыпхъум:

– Сытыт уэ саугъэту къыуатыну узыхуейр?

– Хьэшхуэ, хужьрэ-хужьу.

– УзэрыцIыкIурэ апхуэдэ хьэпшып фIыуэ зэрыплъагъур сщIэрти, мис, къыпхуэсхьащ.

ТхылъымпIэ къэпым илъыр кърихa нэужь, Индирэ аргуэру абы зыкъришэкIащ:

– Уэсысыс, сыту хьэ дахэшхуэ! Тхьэ, псапэшхуэ къэпхьам.

Пэшым щIэсхэр чэзууэрэ къыбгъэдыхьэурэ Беслъэн и Iэр къаубыдащ.

ИмыцIыху яхэттэкъым абыхэм. ХъыджэбзиплIыр зэдэлажьэрт, физкультурэмкIэ езыгъаджэ щIалэр етхуанэу. Зубер нэмыщI, пэшым щIэс адрей щIалэр Индирэ и анэшт. Иужьу Сэнятт и Iэр къэзышияри, Беслъэн къыщыхъуащ абы и нэхэр гуфIэгъуэм зэрахьэу. Ар зыкIэ гуапэу къеплъащи! Хъуатэкъым къэмыкIуами. А зы Iуплъэгъуэм щхьэкIэ Сыбырым нэс укIуэ хъунти.

ЖьантIэмкIэ дэтIысхьа цIыхухъухэр зэпсэлъэху, абыхэм жаIэм едаIуэ хуэдэурэ, Сэнят хуиту еплъащ Беслъэн. ЗыкъримыгъащIэу. НэбгъузкIэ. Хэбдзыну зы хэлъкъым: щIалэ щхьэпэлъагэщ, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ. Тхъугъэ закъуэтIакъуэ зыхидза и щхьэц дэжьеяр зыкIэ йокIупсри! Абы и нэгум зы нэхугъэ кърехри, зэрыжыпIэнур пщIэркъым. ЗищIысыр къыхуэмыщIэу, малъхъэдисым хуэдэу узыщIишэу зыгуэр хэлъщ. Псэлъэрейкъым, ауэ зыгуэр щыжиIэкIэ, къыпэрымыуэIауэ, псори зрегъэдэIуэф...

– Узэжьэу хъуар къэса? – Индирэ дежкIэ еплъэкIащ Зубер.

– НтIэ. Натусэ хьэщIэ иIэти, къызэрымыкIуэфынумкIэ хъыбар сигъэщIащ. НэгъуэщI кърихьэлIэнIауэ сыпэплъэркъым.

– Абы щыгъуэ фынакIуэ, ди Iэм псы дэдгъэжэхынщи, дыкъыщIыхьэжынщ, армыхъумэ ди биологым, Сэнят, выговор къыдитынкIэ тIэу еплъынукъым.

Псори дыхьэшхащ, Беслъэн фIэкIа къэмынэу. Сэнят абы и лъэныкъуэмкIэ зэ къаплъэри, я нэхэр щызэхуэзэм, укIытэжауэ, и щхьэр ирихьэхыжащ.

«Мухьэдин кърагъэблэгъакъым, – и Iэр итхьэщIыну здэкIуэм игъэщIэгъуащ Беслъэн. – Сыту пIэрэ къызыхэкIар?» КIэлындорым тет кранхэм зырат псы къызэрыжыр. Зубер и ужькIэ и Iэр итхьэщIауэ

къыщыIуигъэзыкIыжым, Сэнят напэIэлъэщI къыхуеший. И Iэр елъэщIыжри, «насыпыфIэ ухъу», жреIэ. Аргуэру зэ гуапэу къеплъри, и щхьэр мащIэу ищIащ хъыджэбзым.

... Гупыр зэманыфIкIэ щысащ къакъэ-пщIыпщIу. Нэхъыбэу псалъэр Индирэрэ Зуберрэт. А тIум адрейхэм къылъагъэсыртэкъым щIагъуэу. Псом хуэмыдэу Зубер. Абы тIэкIу щидзамэ, фIырыфIкIэ и жьэр зэтрипIэнутэкъым. КIуэ, езым нэхърэ нэхъ псэлъэреиж гуэр хуэмызэмэ. Анекдот хъушэ ищIэрти, псори игъэдыхьэшхырт. Беслъэн «пщэдей жьыуэ губгъуэм сыдэкIын хуейщ, сефэ хъунукъым», жиIа щхьэкIэ, Зубер къыкIэрыхыжьэри, «уи шыпхъур махуэ къэс илъэс тIощI хъуркъым, ныщхьэбэ машинэ ущимыскIэ, ягъэ кIынкъым», жери, абыи Индирэ къыдежьууэ щыхуежьэм, ефэн хуей хъуащ.

Беслъэн и пащхьэ къисыр Сэнятти, хэт сыт жиIэми и зы тхьэкIумэм къихьэмэ, адреймкIэ икIыжырт. Арат нэхъыбэу зэплъыр. Хъыджэбзми ар къищIати, зэм плъыжь хъурт, зэми хужь хъужырт. Зэзэмызи къыхукъуэплъырти, и щхьэр ирихьэхыжырт. Тхьэм ещIи, тIэкIу емыIубамэ, Беслъэн тегушхуэу апхуэдизрэ хъыджэбзым и нэгу иплъэфыну къыщIэкIынтэкъым. Сэнят къищIауэ пIэрэ абы фIэкIа нэгъуэщI плъапIэ зэримыIэр? КъимыщIапIэр иIэ, и нэр щIагъуэрэ къытригъэкIыркъым.

Зуберт Iэнэм нэхъыжьу щысри, гупыр тIэкIу сабыр хъуауэ къыщыфIэщIым, физкультурэмкIэ езыгъаджэм зыхуегъазэ:

– Хьэсэн, щIэгъанэт магнитофоныр. Музыкэ щабэ гуэр къэгъуэт. Псори дыкъотэджри тангэ дыкъофэ. Как раз, тIурытI дохъу.

Макъамэ къызэрыIуу, Зубер къотэджри егъэджакIуэ хъыджэбзхэм ящыщ зы къытрешэ. Абы и ужьым иту Индирэ утыку къыщихьэм, зэпсалъэ щIалэр къыщолъэтри, абы и Iэблэр еубыд. Абдежым Беслъэнрэ Сэнятрэ я нэхэр зэхуозэ. Дэни кърихат апхуэдэ таучэл... Беслъэн напIэзыпIэм къызэфIоувэри жеIэ:

– НакIуэ, Сэнят!

Хъыджэбзыр хуэм дыдэу къотэджри, и пIэм ижыхьа нэхъей, стIолым къыпэрымыкIыу мэувыж. Беслъэн ар здэщытымкIэ къокIуэкIри, и Iэр хуеший. ИкIи утыкум кърешэри, хуэм дыдэу къызэдэфэу щIадзэ. Сэнят и щхьэр къыхудэхьейртэкъым. ТIуми ящIэртэкъым жаIэнур. Хьэуэ, жаIэн ямыIэу аратэкъым, я куэдт, арщхьэкIэ... тIури щымт.

– Сэнят, пщIэрэ, сэ игъащIэм иджы етIуанэу фIэкIа тангэ сыкъэфакъым. Уэ-щэ?

– Сэри аращ. Школыр къыщыдухам щыгъуэ зэ закъуэ...

– Адыгэ къафэ-щэ?

– Адыгэ къафэ сфIэфIщ, мызэ-мытIэу сыкъэфащ – хьэгъуэлIыгъуэ, день рожденэ, жыпIэми. Ди папэ сригъэсауэ щытащ.

– Сэ игъащIэм сыкъэфакъым. КъэфэкIи сщIэркъым.

Хъыджэбзыр абы и нэхэм къыщIэплъэри къыпыгуфIыкIащ.

– Себгъэсэн къэфэкIэ?

Сэнят аргуэру къыпогуфIыкI:

– Губгъуэм сынакIуэуи?

– Сыт щхьа, клубым...

– Сэ сыхэтыжкъым самодеятельностым.

– НтIэ, сщIэркъым, школым пщыхьэщхьэкIэрэ сыкъэкIуэнщ. Зэзэмызэ. Хъуну? Псори зэбгрыкIыжа нэужь.

Сэнят абы къыхудэплъеящ, гушыIэрэ и фIэщрэ къыхуэмыщIэу. Ауэ жэуап кърityжакъым. ТIури щым хъури, зыри жаIакъым заулкIэ.

Беслъэн иджы хуэдэ зэман игъуэтыжынт, и псэм зэрыщигъафIэр Сэнят жриIэну, и гурыщIэр ириIуэтылIэну, ауэ къызэрыригъэжьэнур къыхуэгупсысыртэкъым. Нэхъри щIытемыгушхуэр Мухьэдинт. Абы ищIэртэкъым а тIум яку дэлъ щытыкIэм и пэжыпIэр. ИтIани, тIэкIу зэреIубам къару кърита, зыкъызэкъуихри:

– Сэнят, пщIэрэ, сэ уэ... куэдрэ сыногупсыс.

Хъыджэбзыр абы «хъущт» жиIэу къыхудэплъейри, и напIэр иридзыхыжащ. Абы и ужькIэ аргуэру щым хъуащ тIури. Беслъэн къыфIэщIащ Сэнят и нэхэм нэпсыр щIэз хъуауэ...

«Сэнят, си гум лыгъэ ебдзауэ, си псэм сыкъызэрырихуэкIыр пщIэрэ уэ?» – хъыджэбзым и нэхэм щIэплъэурэ игукIэ епсалъэу хуежьащ Беслъэн.

«Уэ нэхъ пасэжу си гущIэм хъуаскIэ къыщыбгъэлыдащ», – щIалэм жиIэнур зыхуейр къыгурыIуа хуэдэ, уафэ лъащIэм къиува мазэщIэ къэунэхуам иригъэщхь и нэхэмкIэ къыхудэплъеящ абы хъыджэбзыр.

«Ар сыт щыгъуэ?»

«Губгъуэм сабийхэм щрахужьа машинэр къызэрыбгъэувыIэж лъандэрэ».

«НтIэ, сэ ар сщIакъыми?»

«УмыщIами, аращ».

«Ар дауэ? Мухьэдин-щэ? Абы укъишэну и ужь итщ».

«Мухьэдин фIыуэ слъагъукъым сэ».

* * *



Къалэм щэхуакIуэ кIуауэ бэзэр пщIантIэм здрикIуэм, Беслъэн къыфIэщIащ сабий хьэпшып щащэм деж щыт цIыхубзыр и цIыхугъэу. «Мыр ди къуажэщ, щхьэ къысхуэмыщIэжрэ?» Зыгуэр къызэреплъыр къищIати, езы цIыхубзри къэплъащ. БлэкIыу лъэбакъуэ зытхух ича нэужь къэувыIэри къызэплъэкIащ. Абы и къэплъэгъуэмрэ езым и плъэгъуэмрэ зэтехуэри... итIанэ Беслъэн къицIыхужащ ар. Къигъэзэжри:

– Iэсят...

– Сэращ, Беслъэн.

– Си гугъэнтэкъым апхуэдэу зэрымыщIэкIэ дызэIущIэну. ЗанщIэу укъэсцIыхужакъым.

– Тхьэ, сэ занщIэу укъэсцIыхужам, уи нэгум сызэриплъэу.

– Сыт щIа абы лъандэрэ...

– ИлъэсипщI мэхъу.

– Пэжщ, апхуэдиз мэхъу армэм сызэрыдэкIрэ. Абы лъандэрэ дызэрылъэгъуакъым.

– Сэ Iей сыхъуа щхьа, уэ щIагъуэу зыпхъуэжакъым, кIуэ уи щхьэцым тхъугъэ мащIэ хидзащ ахъумэ.

– Хьэуэ, уэри щIагъуэу зыпхъуэжакъым.

– Си жагъуэ умыщIыну аращ ар щIыжыпIэр... УщыблэкIым, «къэувыIэну пIэрэ хьэмэрэ нэмыплъ къызитыну пIэрэ», жысIэу сыпкIэлъыплъат. УкъызэтемыувыIами, укъызэмыпсэлъами, схуэфэщэпст.

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, сыт жыпIэр? Апхуэдэу...

– Армэм укъыщикIыжам, си фIэщу тезухуат сынэкIуэну, зыми имыщIэу, щэхуу зыпхуэзгъазэу си Iуэхур къызэрекIуэкIар гупсэхуу

уэсIуэтылIэну, ауэ сегупсысыжри, «дыдейхэм зыгуэркIэ сыкъащIэм, псалъэмакъ узыхуэмей къикIынщ», жысIэри къэзгъэнэжащ. Си губампIэр псэкIэ згъэвыжащ, бэлыхь стелъу. Ауэ уэ сыт уи лажьэ, сэращ ди насыпыр зымыхъумэфар. Нобэ къызгурыIуэр абы щыгъуэ къызгурыIуэу щытамэ, си адэм хьэIупс сищIами, а сыздахьам нэху сыкъыщекIынтэкъым.

– СощIэ, Iэсят. Си пащхьэ зыщумыгъэзэхуэжми, гукъанэ... иджы пхуэсщIыжыркъым.

– Тхьэ, пэжыр жысIэнщи, Iейуэ си нэ къикIтэм услъагъуну. Ауэ уэших блэкIам щIакIуэ кIэлъыпщтэжкIэ сыт и мыхьэнэ?..

– Хъунщ, блэкIар блэкIащ, абы къэгъазэ иIэкъым. Дауэ упсэурэ?

– Тхьэ, ди псэукIэр хъарзынэм. Си лIыр фермэм и унафэщIщ, бынищ диIэщ. Тшхын, тщIэн догъуэт. Ауэ... мылъкуми былымми сыт я мыхьэнэ, уи насыпыр щыкъутакIэ... Ар зэи мыкIыжын уIэгъэщ.

ЗаулкIэ тIури щым мэхъу. ИтIанэ Iэсят, хэпщIыкI къудейуэ, и Iупэр зэтожри:

– ПщIэрэ, уэ къысхуэптха письмохэр нобэми сохъумэ.

– Ар узыхуэмейщ, Iэсят. Псалъэмакъ къикIынщ. ЗэфIэтхъыж.

– Тхьэ, схузэфIэмытхъыжыну. Аддэ шкафыщхьэм щызгъэпщкIуауэ телъщ. Си лIым ещIэ зэрысхъумэр. Сыщихьам щыгъуэ езгъэлъэгъуауэ щытащ. СелъэIуауэ, мазэ зы-тIу и пэкIэ шкафыщхьэ лъагэр къыщезгъэлъэщIым, письмо зэкIуэцIыпхахэр илъэгъуати, «иджыри къэс зыбохьэри», жиIэу игъэщIэгъуа мыхъумэ, абы къыфIигъэкIакъым.



– ЦIыхуфIщи аращ.

– Тхьэ, цIыху Iейуэ схужымыIэну... Уэ дауэ ущыт? Сыт уи лэжьыгъэ?

– Колхозым сыхэтщ. Дэнэ укIуэн нэгъуэщIыпIэ. Аращ сызыхуеджар.

– Унагъуэ ухъуа?

– Хьэуэ.

... Къалэм къыщIэкIуа Iуэхур зэфIигъэкIыу и унэ нэсыжа нэужь, Беслъэн хадэм ихьэри, псы Iуфэм щетIысэхащ, и нобэрей махуэр гукIэ зэригъэзэхуэжу. Абы дапщэрэ и нэгу къыщIигъэхьэрэт Iэсятрэ езымрэ я зэIущIэр. Псом хуэмыдэу дзэ къулыкъум къыщикIыжа япэ илъэсым. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, и гум щыужьыха лыгъэр къэлындыжакъым. Уеблэмэ ерагъыущ къызэрицIыхужар. Беслъэн игъащIэкIэ и фIэщ хъунтэкъым а тIур зэпэIэщIэ зыщIын къару щыIэу. Ауэ гъащIэ жыхуаIэращи, абы узыхуишэну гъуэгур зыми ищIэркъым... ФIыуэ къилъагъуу къыщIэкIынущ нобэр къыздэсым. Армэм щыщыIам къыхуитха письмохэри ехъумэ. Езыми къыздихьыжат дзэ къулыкъум Iэсят къыхуигъэхьахэр, ауэ зыкъэмынэ жьэгум пэридзэри игъэсыжат, дэкIуауэ зэрызэхихыу. Иужьу къыIэщIалъхьэжа письмом фIэкIа къэмынэу.

* * *

ЖейкIэ зимыгъэнщIами, нэху зэрыщу къэтэджри хадэм ихьащ Беслъэн.

Зэрихабзэу, бокс IэлъэшхуитIыр IэритIагъэщ, хадэ пэIущIэм ит кхъужьейм фIэдза цы къэпыр фIыуэ «иубэрэжьри», хадэкум щежэх псы цIыкIум и Iуфэм Iухьащ. И бгым нэс зытрикIэри, джанэр щитIэгъэжащ.

КъыщIыхьэжщ, Iэуэлъауэ зимыщIыщэурэ пщэфIапIэм щIыхьэри шей къигъэпщтырщ, щIакхъуэм фо тIэкIу трицIэлъри дрифащ. Нэхъапэхэм щыгъуэ гунэщIу дэкIыу щытат губгъуэм, ауэ «шэджагъуэ пщIондэ уи джийм дзэкъэгъуэ емыхыу уолажьэ», жиIэу и анэр фIыуэ къешхыда нэужь, а хьэлыр зыхимынэу хъуакъым.

ТIэкIу зэIурыуа нэужь, и машинэр щIигъанэри теуващ бригадэ пщыIэм ухуэзышэ гъуэгум. Жылэр къызэщIэхъаерт хуэм-хуэмурэ. Хьэблэ-хьэблэкIэрэ я жэмхэр, танэхэр къыдагъэкIыу щIадзат, Iэхъуэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ яхуу. Сыхьэтым еплъри къыгурыIуащ жыIуэу къызэрежьар. Тхьэм ещIэ ТIэхьир иджыри жейрэ... Къуажэ командэр топ щыджэгу бгыщхьэ куэщI тафэшхуэм кIуэцIрыкI гъуэгум телъэда нэужь, ижьымкIэ егъэшри стадионымкIэ еунэтI. Абдей къыщоувыIэ, и моторыр егъэункIыфIри, машинэ абджыр ирегъэжэх. И нэхэм щIэIуэтыхьурэ къокIри, жьы щIыIэтыIэм зыкъомрэ хэтщ, и жейр зытригъэун хьисэпкIэ. Сыти жыIи, сыхьэт зытIущ нэхъыбэ жеятэкъым – школым жэщыбг пщIондэ щыIат, и шыпхъур къыщалъхуа махуэр дигъэлъапIэу. Мы лъэныкъуэмкIэ Беслъэн нэхъыбэу къыщIиунэтIар и закъуэу, зэран къыхуэмыхъуIауэ, пщыхьэщхьэ кIуар хуиту игукIэ зэригъэзэхуэну арт... ИкIэм-икIэжым Сэнят гуригъэIуащ фIыуэ зэрилъагъур. Ауэ езым жэуап кърита къым. Сыту пIэрэ зыри къыщIыпимыдзыжар? Сыт щхьа къыпидзыжын, лIот жебгъэIэнур? «Куэдрэ сыногупсыс», жриIа нэужь, абы къыфIэщIащ лъагъуныгъэрэ гугъэкIэ гъэнщIа нэкIэ хъыджэбзыр къеплъауэ. АдэкIэ-щэ? АдэкIэ сыт ищIэнур? Мухьэдин къишэну зи ужь ит хъыджэбзыр къыIэщIихыну дауэ и ужь зэрихьэнур? Имыхьэми, и гур зэгуэудыным нэсащ, фIыуэ зэрилъэгъуар щIихъумэурэ. Езы Сэнят-щэ? Сыти жыIи, и щытыкIэм, и псэлъэкIэм, и нэхэм къаIуатэ, къыхуэзэмэ, зэригуапэр, зэрыфIэфIыр. И къеплъыкIэ къудейм къыбжеIэ. Уи гур мынэф дыдэмэ, ар къыбгурыIуэн хуейкъэ? УIэгъэ къыщащIам, ар зэрыгужьеямрэ Индирэ щIыгъуу сымаджэщым нызэрыкIуамрэ и нэгу къыщIигъэхьэжмэ... НтIэ, тегушхуэу Индирэ дэлэлу къищтэн? И шыпхъум, зикI, махуэл къыхигъэкIынтэкъым – зэIуигъэщIэнт. Ауэ Мухьэдин-щэ? ГъэщIэгъуэнщ, сыту пIэрэ Индирэ и пшыхьым ар къыщIэмыкIуар? Е жрамыIауэ ара? Апхуэдэхэм Мухьэдин зыхигъэн хабзэтэкъым. Къишэну зи ужь ит хъыджэбзыр здэщыIэм сыту иримыхьэлIарэ? Индирэ япэ зэрыхуэзэу еупщIынщ. Дунейм дауэ ищIыну? Шэми шхуми ес. Дауэ щымытми, мы Iуэхум кIэ гуэр иримыту хъунукъым. Мухьэдин зыхуигъазэу, Сэнятрэ абырэ я Iуэху зыIутыр зригъэщIэн? Арщхьа... къыжриIакъэ къишэну зэримурадыр? Ауэ абы щыгъуэ езы хъыджэбзыр къыхуейрэ къыхуэмейрэ къыхигъэщакъым. Хьэуэ, афIэкIа зиIэжьэж хъунукъым. Е тегушхуэу хъыджэбзым жримыIэу хъунукъым абы фIэкIа гупсысапIэ зэримыIэр. Е, Мухьэдин абы и ужь щиткIэ, зыщигъэгъупщэн хуейщ. Ауэ... ар хузэфIэкIыну?..

* * *

ЖеинкIэ зигъэнщIатэкъым Сэнят. Жэщ ныкъуэм школым къикIыжу занщIэу гъуэлъыжа пэтми, куэдрэ зигъэкIэрахъуэу хэлъат, Беслъэнрэ абырэ тангэ къызэрызэдэфар и нэгу къыщIигъэхьэжу, и Iупэр зэтемыхьэу гуфIэу. АпхуэдизкIэ и гур къигуфIыкIырти, дунейм

фIыгъуэу телъыр зэуэ къеуэлIауэ къыщыхъурт. «Сэ уэ куэдрэ сыногупсыс...». Сыт щIауэ ежьэрэ ар апхуэдэ псалъэхэм. Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ, жыхуаIэракъэ, икIэм-икIэжым зэрыщIащ ягухэр. Хэт ищIэн, пшыхь нэужьым я унэ щыкIуэжым, Индирэ ящIымыгъуамэ, Беслъэн нэхъыбэ къыжриIэну къыщIэкIынт. Ауэ  и шыпхъум щхьэ щибзыщIу пIэрэ ар? Абы щхьэусыгъуэ гуэр иIэщ, дауи, езым къыгурымыIуэу.

ТIэкIу едзэкъа нэужь, Сэнят и хьэпшыпхэр зэрилъхьэри школымкIэ ежьащ. И гурылъхэр дзыхь зыхуищI дневникри къыздищтащ, жэщ кIуам и гум къыщебла гупсысэхэр япэ урокитIым и ужькIэ къыхудэкIыну зэманым  иритхэну. Уэрамым къытехьа къудейуэ, и щIыбагъымкIэ зыгуэр къэджащ. КъызэплъэкIмэ, и лэжьэгъу Натусэт. «Имыхабзэу, ди уэрамымкIэ сыту  пIэрэ къыщIыдыхьар?» – къыгурыIуакъым Сэнят.

– ТIэкIу пасэIуэу сыкъыщIэкIати, тхьэ, Сэнят сыхуэзэмэ, и гъусэурэ сыкIуэнмэ, жысIэри мыбыкIэ къэзунэтIат, – IэплIэ къришэкIащ абы.

– Тэмэму пщIащ.

– НтIэ, ныжэбэ дауэрэ евгъэкIуэкIа день рожденэр? Iейуэ си нэ къикIти, къызэхъулIакъым.

«Араи мыбыкIэ къыщIыдэбдзыхар», – егупсысащ Сэнят. Ауэ жэуапу иритар нэгъуэщIщ:

– Хъарзынэу дыщысащ. Жэщыбгырщ дыщызэбгрыкIыжар.

– Хэт сымэ щыIар?

Пшыхьым кърихьэлIахэр Санят къэрибжэкIа нэужь, Натусэ къоупщI:

– Мухьэдин сыту нэмыкIуарэ?

– Тхьэ, сымыщIэ.

– Уэ узэрыщыIэнур ищIамэ...

Сэнят и нэгур нэхъ пшагъуафэ къэхъуащ:

– Сыт, ищIамэ?..

– ИщIамэ, нэкIуэнут Iэмал имыIэу. Уэ абы игу урохь.

Сэнят къыпыдыхьэшхыкI зищIащ:

– Арат жыхуэпIэр! Сэри сигу ирихь гуэрхэр щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ Мухьэдин абыхэм яхэткъым.

– Пэж дыдэу жыпIэрэ, хьэмэрэ угушыIэрэ?

– Сыт сыщIэгушыIэр?

Натусэ, а зэхихар и фIэщ мыхъуу, зыкъомрэ щымащ. ИтIанэ, Сэняти зыри щыжимыIэм, къэувыIэри и лэжьэгъум и нэгум иплъащ:

– Тхьэ, жыпIэр пэжмэ, ущоуэм. Нобэ хуэдэ зэманым Мухьэдин хуэдэ щIалэ гъуэтыгъуейщ.

– Гъуэтыгъуей-гъуэтыгъуафIэми, Мухьэдин сэ сыхуейкъым.

– Ухуэмейми, сщIэркъым, ауэ тIу зыфщIауэ фызэпсалъэу тIэурэщэрэ фыслъэгъуащ.

– Натусэ, иджыри бжызоIэ: Сэ Мухьэдин сыдэкIуэну зызгъэхьэзыркъым. Уэ уигу щрихькIэ, щхьэ удэмыкIуэрэ?

– Тхьэ, иджыпсту сишэми, сыдэкIуэнтэмэ, ауэ ар зыхуейр сэракъым.

– НтIэ, сэ пхужесIэнщ уигу зэрырихьыр.

– Ар езыми ещIэ.

... Япэ сыхьэтитIыр зэрызэфIэкIыу, къыкIэлъыкIуэ урокхэр щригъэкIуэкIынум зэманыфI иIэти, Сэнят егъэджакIуэхэр зыщIэс кабинетышхуэм и кIэмкIэ тIысри, жэщ кIуам теухуауэ и гум щигъэтIыгъуэу

хъуар иритхащ и дневникым. Ар и сумкэм дилъхьэжауэ кабинетым къыщыщIэкIым, бжэщхьэIум деж шокъу жиIэу Индирэ щыIуоуэ:

– Зы общэ тетрадь щIэрыпс уиIэмэ къызэт, Сэнят, нышэдибэ къыздэсщтэну къысщыгъупщащ. Пщэдей къыпхуэсхьыжынщ.

– Кхъа, къызумыгъэгъэзэжу, мо си сумкэм къыдэх.

Сэнят щIигъэзыкIа нэужь, Индирэ и ныбжьэгъум и хьэпшыпхэр зыдэлъ сумкэр къещтэ. Тетрадь Iувыр къыщилъыхъуэм, гу лъетэ дневник гъэщIэрэщIам. «Мыри ситу пIэрэ?» – жери къыдехри, лъэныкъуэкIэ мэтIыс. Дневникыр къызэгуехри... хуэмыгъэтIылъыжу итым ирожэ, мо зэджэм хуиту щимыгъэсу, зэми къэтэджрэ етIысэхыжу, зэми къыпыгуфIыкIыу, зэми и нэпсыр щIилъэщIыкIыу. АпхуэдизкIэ зэщIиубыдат абы итми, тетрадь Iув къыдихыу зыгуэрхэр иритхэн зэрыхуейр щыгъупщэжат.

Зи чэзу урокыр зыуха егъэджакIуэхэр кабинетым къыщIыхьэжу щыхуежьэм, Индирэ дневникыр псынщIэу зэгуипIэжри, сумкэм дигъэзэгъэжащ. Тетрадь Iувыр къыдихри тIысыжащ здэщысам деж. И дэлъхум Сэнят къыхуищIа лъагъуныгъэм теухуауэ дневникым къриджыкIар абы и гум хыхьэщати, зэрыщымыт гуэр хъуат.

– Индирэ, къэпщта тетрадыр?

Хъыджэбзыр иджыри къиутIыпщатэкъым а зэджам.

– Сыт уи лажьэр, Индирэ, сызэхэпхыркъыми?

Къыдэплъеймэ, Сэнят къыщхьэщытщ.

– Ы-ы? А-а, нтIэ, мис...

Сэнят абы къеплъащ, къыгурымыIуэIауэ. Мо сыт щыгъуи нэжэгужэу, хьэуэжьыуэу щыт и лэжьэгъур зыгуэрым хигъаплъэрт.

– Тхьэ, Индирэ, уэ зыгуэр сщыбобзыщIым. СщIэркъым, утормозщ нобэ.

Индирэ къэтэджщ, зэи и мыхабзауэ Сэнят быдэу зришэкIри:

– Упсэу, тетрадыр къыпхуэсхьыжынщ, – жиIэри щIэцIэфтащ.

Абы и ужькIэ Сэнят гурыщхъуэ ищIащ, «си дневникым итыр Индирэ имылъэгъуауэ узиIэ», жери.

* * *

Шэджагъуэ нэужьым Беслъэн машинэм итIысхьэри пщыIэм къытежыжащ. Колхоз правленэм Iухьэн хуейт IуэхукIэ. ИтIанэ, Сэнят урокыр щиухымрэ и школ къыдэкIыжыгъуэмрэ зригъэщIати, еджапIэм щыблэжкIэ е къыщигъэзэжкIэ «зэрымыщIэкIэ» абы IущIэну игу ирилъхьат. Правленэ унэм щIыхьэщ, щIэкIуа Iуэхур зэфIигъэкIри, еджапIэмкIэ хуэмурэ ежьащ. ПщэдджыжьакIуэ цIыкIухэр къакъэпщIыпщIу пщIантIэм къыдэкIыжырт, еджэныр яухауэ. Беслъэн хуэм зищIри блэжащ, арщхьэкIэ а къыдэкIыжхэм Сэнят яхилъэгъуакъым. КъуажэкIэм нэс ежэхщ, къигъэшыжри напIэзыпIэм къыдриIуэнтIеижащ. Аргуэру зыхуей хъыджэбзыр яхилъэгъуакъым школ пщIантIэми, дыхьэпIэми уэршэру щызэхэт егъэджакIуэхэм. Блэжщ, правленэм нэс кIуэщ, тIэкIурэ зиIэжьэщ, къигъэкIэрэхъуэжри еджапIэмкIэ хуэмурэ къежьащ. Школым щынэблагъэм, маплъэри и щIыбагъымкIэ къецIыху пщIантIэ дыхьэпIэм деж щыт Мухьэдин. Абы и плIабгъуэм щIихъумат зэпсалъэр. Машинэм нэхъ хуабжь зрегъэщIри, гъунэгъу щахуэхъум къелъагъу: Мухьэдин зыбгъэдэтыр Сэнятт. Абдежым и щхьэм лъыр доуейри, Беслъэн нэхъ хуабжь зещI. Уеблэмэ

гъуэгум дэжэхри, унагъуэ гуэрым я пщIантIэ дыхьэпIэм щыхъуакIуэ къазхэр иригъэукI пэтащ...

А махуэр и кIэм дауэ нигъэсами ищIэркъым Беслъэн. Губгъуэм дэжыжщ, зыми къамылъагъуу кIэнауэм и Iуфэм зыщигъэукIурийри, шэджагъуашхэ къудей имыщIу, пщыхьэщхьэ пщIондэ щылъащ, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу.

Сыту Iейуэ къэпцIауэ къыщIэкIа ар. Гуапэу къызэреплъым, Индирэ и пшыхьым къызэрыщыдэфам щхьэкIэ и гугъащ Сэнят и гур къыхуэмыгъуэу. Иджы псори гурыIуэгъуэщ: Мухьэдинщ абы къыхихыр. Арыншамэ, щхьэхуэ защIу, зэпсалъэу зэбгъэдэтынтэкъым. Сымаджэщым щыщIэхуам а тIур зэгъусэу щIэупщIакIуэ къызэрыхуэкIуамкIи щхьэ имыщIарэ къызэрыхуэмейр? Аращ, дыгъэм зыщIифа пщэдджыжь уэсэпсу ткIужащ и гугъэр... Сыту гущIэгъуншэ мы гъащIэр. Зэпсалъэу, фIыуэ къэзылъагъуу щытар нэгъуэщIым допсэу, езым фIыуэ илъагъур, и гур хьэщыкъ зыхуэхъуар, и псэм къилъыхъуэр нэгъуэщIым псэгъу ищIынущ... НтIэ, сыт иджы адэкIэ ищIэнур? И гум Сэнят къридза лыгъэр дауэ зэригъэункIыфIынур? Сытыр и Iэмал?

Беслъэн игу къигъэкIыжащ махуэ зыбжанэ и пэкIэ Iэсят зэрыIущIар. ИкIи а тIур зэригъэпщащ: дэтхэнэрауэ пIэрэт нэхъыфIу илъэгъуар? Шэч хэмылъу, Сэнятщ. Iэсят и япэ лъагъуныгъэщ. Аращ и псэр япэу зыкIэрыпщIар. Уеблэмэ Iэсятщ япэ лъэбакъуэ зычар, зыкъезыгъэщIар. Ауэ, сыти жыIи, Сэнят хуэдэу, и гур абы хьэщыкъ хуэхъуатэкъым. Пэжщ, армэм щыдэкIам увыIэгъуэ ямыIэу зэхуэтхащ тIури. Iэсят дэкIуауэ къыщищIам, япэ лъэхъэнэм абы иринэщхъеями, хуэм-хуэмурэ IэщIэхужат, зэзэмызэ фIэкIа и гупсысэхэм къыхэмыхуэжу. Ауэ Сэнят дэкIуэмэ... фIэщхъугъуейщ ар и гум хуигъэхуну. Хъуакъым, къытеункIыфIащ дуней нэхур. Зрилъэфыхьурэ, таучэл имыщIурэ IэщIокI и псэм щигъафIэр, и пщэдейр зыгъэдэхэну, и гъащIэр IэфI къыщызыщIыну зыщыгугъыр...

А пщыхьэщхьэм кIыфI хъуауэщ Беслъэн я унэ къыщекIуэлIэжар. КъыздэкIуэжам, и анэмрэ Индирэрэ уэршэру зэбгъэдэст.

– Ныщхьэбэ сыту нэхъ зыкъэбгъэгува? – пэшым щыщIыхьэжым къэпсэлъащ Хьэжыгуащэ.

– Ущыгуви къэхъункъэ-тIэ.

– Сыту Iейуэ узэIууа? Уезэша хъунщ.

– Ари хэлъщ.

Индирэ къыбгъэдыхьэри зыкъришэкIащ, и нэгур къигуфIыкIыу, и Iупэхэр зэтемыхьэу.

– ФыкIуэ пщэфIапIэмкIэ, лыбжьэр хьэкум тетщ хьэзыру. Индирэ схуэмышхэу щысщ, уэ къожьэри.

ПщэфIапIэм щIыхьэхэри Iэнэм пэрытIысхьащ. Беслъэн, и гур зыIыгъ гупсысэ хьэлъэхэр зыIэщIигъэхун хьисэпкIэ, и шыпхъум дежкIэ зрегъэзэкI:

– Сыт, Индирэ, уи хьэм бажэ къиубыда? Уи нэгур къолыдыкIри нобэ?

– СыщIэгуфIэн сиIэщи аращ.

– А-а, къызгурыIуащ, Алыхьым ещIэ, уи щIалэм ущишэну пIалъэр къыбжиIа хъунщ.

– КъэпщIакъым-тIэ.

– НтIэ, сыт?

– СщIэркъым ар бжесIэ хъунуми, абы сыкъищIэмэ, сыIэщIэкIуэдэнущ. Ауэ, итIани, бжезмыIэмэ, си гур зэгуэудынущ.

– Хэт зи гугъу пщIыр?

– Си лэжьэгъу хъыджэбзым и щэху къэсщIащ, сымыщIэххэу и дневникыр къыспэщIэхуэри.

– НтIэ, абы и щэхум сэ сыт хузиIуэху?

Индирэ къотэджри и дэлъхум и щIыбагъымкIэ зыкъыщрешэкI:

– Е си дэлъхушхуэ, сыту гукъэкIыншэу укъыщIэкIа! А жыхуэсIэм уэ фIыуэ укъелъагъу. А дневникым итым укъеджамэ, ужэнти шубэ къысхуэпщэхунт.

– Уэрей, зы къызгурымыIуэ, сыт дневник?

– Жызори – лIэнкъэнэну фIыуэ укъелъагъу зыгуэрым, уэ пщIэркъым ахъумэ.

– Хэт зи гугъу пщIыр?

– Уэри боцIыху ар. Тхьэ, абы нэхъ нысэфI сэ сыхуэмей.

– И цIэр жыпIэ хъунукъэ?

– Сэнятщ.

Беслъэн Iэнкун къэхъуащ.

– Ар... дауэ? Мухьэдин ар къишэну и ужь иту зэхэсхащ.

Индирэ ину мэдыхьэшх:

– Сыт Мухьэдин? Сэри си гугъащ а тIур зэпсалъэу. Ауэ сыкъэпщIауэ къыщIэкIащ. Сыти жыIи, и щэхур ехъумэф Сэнят. Нобэр къыздэсым зы мэскъалкIэ зыкъызигъэщIакъым. Иджыри зыкъызигъэщIэну къыщIэкIынтэкъым, зэрымыщIэкIэ и дневникыр къыспэщIэмыхуамэ. БжызоIэри – уэращ фIыуэ илъагъур... КъызжеIэт пэжу, уигу ирихьыркъэ Сэнят?

Беслъэн зыри жимыIэу къэтэджщ, шкафым дэлъ альбомыр къыдихри иригъэлъэгъуащ и гур хьэщыкъ зыхуэхъуа хъыджэбзым и сурэт ищIауэ щытар. Абы щеплъым Индирэ и нитIыр къыицIыщхъукIащ:

– Япэм сыщеплъам зызбгъэумысатэкъыми мыр зэры-Сэнятыр щыбжесIам. Мис иджы къызгурыIуащ. Ей, фэри фэ! ТIуми зыфхуэзгъэгусэну къыволэжь, фи лъагъуныгъэр къызэрыщызвбзыщIам щхьа...

Индирэ щIэкIыжа нэужь, шхыным зэрыхэIэбаи щымыIэу, и пэшымкIэ щIыхьэжри, зимытIэщIыжу гъуэлъыпIэм зригъэукIуриящ Беслъэн. И шыпхъум къыжриIам ар ныжэбэ щIэх игъэжеину фIэщхъугъуейт.

* * *

ПщэдджыжьымбригадэпщыIэмщынэсамБеслъэнлъэтэным хуэдэт. И Iэпкълъэпкъыр псынщIэт, и гур дэрэжэгъуэм иIыгът, къыфIэщIырт ихъуреягъкIэ щилъагъуу хъуар – ирежыг, иреудз, ирекъуалэбзу – псори къыдэгуфIэу, «сыту унасыпыфIэ», жаIэу къыхуэбзэIэфIу. Хьэзырт дуней псом IэплIэ иришэкIыну. ПщыIэ бжэIупэм Iут жыгхэм япыс къуалэбзум я макъыр зэи хуэмыдэу псэм и щIасэт. ТIэхьир сэлам ириха нэужь, Беслъэн бригадэ унэм къыщIигъэзыкIри псы здрижэ кIэнауэмкIэ иунэтIащ, и гупсысэхъуэпсапIэхэр кърикIутыну. Ныщхьэбэ фIигъэкIынкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу, Индирэ щIыгъуу кIуэнщи къыдригъэшынщ Сэнят. ЖриIэнщ иджыри къэс и гум щызэтрихьа къомыр. АдэкIэ зигъэгувэ хъунукъым.

Iэсят хуэдэу имыщIэххэу яхьмэ... Абдежым Беслъэн зыхэт гупсысэм къыхишащ хъумакIуэм и джэ макъым:

– Беслъэн, телефоныр къоджэ!

«Пщэдджыжь нэмэзым хэту пIэрэ къысхуей хъуар? Председателыра къыщIэкIынщ. Ар жьы дыдэу макIуэ правленэм».

Беслъэн къегъэкIэрэхъуэжри, лъэ псынщIэкIэ унэм щIохьэ:

– Алло! СынодаIуэ.

– Зуберщ ар. Ныжэбэ унэм сынекIэпсэуэнут, ауэ жэщыбгым фIэкIати, сыпщысхьащ, къэзгъэушынкъым жысIэри. ХъыбарыщIэ щыIэщ.

– Сыт? ЖыIэт.

– Ныжэбэ ди ныбжьэгъум, Мухьэдин, къыхуэтхьа уфIэщIкъэ!

«Сэнят» – телефоныр IэщIэху пэтащ Беслъэн. И тэмакъыр щиубыдыкIри, зыри къыхудэшеякъым.

– Зыри жыпIэркъыми? ПщIэрэ хэтми? ФIыуэ боцIыху ар. Школым щолажьэ, уи шыпхъум щIыгъуу.

Ауэ щыт шэнтым Беслъэн ещэтэхащ.

– Бухъарид сымаджэщ-тIэ, бощIэ. «Сыпсэу щIыкIэ, фызыжьым нысэ къыхуашауэ слъэгъуамэ, солIэ жысIэнтэкъым», щыжиIэм, езы Мухьэдини тегушхуащ.

Аргуэру Беслъэн зыри щыпимыдзыжым, Зубер трубкэм къикIиящ:

– Зэхыумыхыу ара, Беслъэн? Ныжэбэ Мухьэдин нысащIэ къыхуэтхьащ.



– Зэхызох, – ерагъыу къыдришеящ Беслъэн.

– ПщIэрэ хэтми? Натусэщ...

* * *

«Индирэ дэмыкI щIыкIэ», жиIэри, нэхущым губгъуэм ихьа Беслъэн сыхьэтийхэм деж къуажэм къыдэлъэдэжащ. Я унэ Iулъэдэжри, машинэм епэщэщ хуэдэурэ пэплъащ и шыпхъур пщIантIэм къыдэкIыху.

– Нышэдибэ сыту угува? – Индирэ къыбгъэдыхьащ абы.

– Си моторым тIэкIу зигъэкъынтIэшынтIэти...

– НтIэ, дыгъуэпшыхь бжесIам теухуауэ сыт уи мурадыр? УкIуэну Сэнят дей свидание? Куэдрэ зумылъэфыхь, яхьмэ, сыкъэпщIэнщ.

– Дауэ сызэрыкIуэнур? Къыгуэслъэфу...

– Сыту узыIурамылъхьэж уэ. Уи ныбжь ирикъуакъэ хъыджэбз убгъэдыхьэу уепсэлъэну? ДыкIуэнщ зэгъусэу. КъыщIэсшынщи, фэ тIур фыкъызэхуэзгъэнэнщ. Школым щыгурызгъаIуэми хъунут, ауэ... Хьэуэ, имыщIэххэу я унэ дыIухьэмэ нэхъыфIщ. ЛэжьапIэм щыжесIэмэ, укIытэу щхьэусыгъуэ гуэрхэр ищIынкIэ тIэу еплъынукъым.

«Алыхьырразэ зыхуэхъун, си гум укъишхыдыкIаи».

– Зыри жыпIэркъыми?

– Хъунщ. Пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэхэм дей... КъитIысхьэ, школым унэзгъэсынщ.

... Сыту кIыхьт нобэрей махуэр. Беслъэн губгъуэм дигъэзыкIыжа щхьэкIэ, и пIэ изагъэртэкъым. Хэт сыт къыжриIэми, а зэхихам емыгупсысыщэу и щхьэр ищI е «хъунщ» жиIэ мыхъумэ, и гупсысэр зэтар ныщхьэбэ къыпэщылъ Iуэхурт. И шыпхъур мыхъуамэ, ар фIырыфIкIэ

тегушхуэну къыщIэкIынтэкъым Сэнят хуэзэну. Индирэ къыхуищIар сыткIэ ипшыныжыну абы?

Шэджагъуэ пщIондэ ерагъыу ирилъэфэкIащ Беслъэн. Абы и ужькIэщ шыгъушыпсыпIэм щыхэхуар. КъыфIэщIырт зэманыр къэувыIауэ, и пIэм иуджыхьу. Ныщхьэбэрей Iуэху къыпэплъэм зыхидза гупсысэр зыIэпигъэхун и мураду, пщыIэм къыщIэкIырт, нартыхур щыпаупщI хьэсэм хыхьэрт, и гупым я лэжьыгъэм зыкъомрэ кIэлъыплъырти къигъэзэжырт. Зэми кIэнауэ Iуфэм Iухьэрти зыкъомрэ Iуст хьэмбыIуу. Ауэ, дэнэкIэ имыгъазэми, Сэнят зэрыIущIэнум и гупсысэм къиутIыпщыртэкъым. Хуэзэмэ, сыт жриIэнур? Дауэ къызэрыщIидзэнур? Сыт щхьа, Индирэ и пшыхьым щыгъуэ жриIакъэ и гупсысэм куэдрэ къызэрыхэхуэр. Абы псори къикIыркъэ?.. И Iэпщэ сыхьэтым аргуэру еплъащ Беслъэн. Игу къэкIыжащ и армэ къикIыжыгъуэр. Иужьрей махуищыр абы зыкIэ къытехьэлъати... Ауэ нобэрей махуэр нэхъ хьэлъэжу, и пIэм инауэ, къыщыхъурт. Сэнятрэ абырэ Индирэ щызэхуигъэзэну зэманым нэхъуеиншэу пэплъэми, тIэкIуи гузавэрт. НэгъуэщI хъыджэбзхэм, Индирэ и ныбжьэгъуцIыхугъэхэм е колхозым хэт бзылъхугъэ щIалэхэм ар хуиту епсалъэрт, тIэкIуи щадэгушыIэ къыхэхуэу, ауэ Сэнят, щэрэ-плIэрэ IущIати, Iэнкун хъури жриIаишхуэ щыIэтэкъым...

И щыгъын нэхъыфIыIуэхэр щитIагъэри, Индирэхэ я дежкIэ пшапэ зэхэуэгъуэм екIуэкIащ Беслъэн. И шыпхъуми зихуапэри, къыщIэкIахэщ.

– КъызжиIакъым жумыIэж, дахэ-дахэу епсалъэ Сэнят, – и дэлъхум дежкIэ зыкъригъэзэкI Индирэ. – Уэ уи жьэм къурт жьэдэлъщ. УукIытэхщ, хъыджэбзым ещхьу.

– Умыгузавэ, си шыпхъушхуэ.

... Индирэ зэзэмызэххэ фIэкIа къакIуэртэкъым я уни, и лэжьэгъур къыщыщIыхьэм, Сэнят игъэщIэгъуащ:

– Уимыхабзэу, сытым укъытхуихьа? ФIы тхьэм къытхудигъакIуэ, – къыщыгуфIыкIащ ар Индирэ.

– Еплъыт мыбы! – щIыхуэ зытригъэхуакъым Индирэ. – Мыщэм дыгъужь фIэбэлацэщ, жыхуаIэракъэ. Уэ дапщэщ иужьу си дей уныщыкIуар?

КъыпыгуфIыкIа мыхъумэ, Сэнят абы къыпидзыжын игъуэтакъым.

– НакIуэ, зыхуапи ныщIэкI, тIэкIу къэткIухьынщ, дыуэршэрынщ. Тхьэ, жэщыр кIыхьщи сыщIэмызагъэ... Мы фи унэри сыту уэм. Сэ уэрамым дей сынысщыппэплъэнщ.

– УмыпIащIэ, шей дызэдефэнщи...

– Сыт шей? Сэ сыкъэбэкхъауэ сызэгуоуд, шей гуэрыр абы хэгъэхьэжи... ИтIанэ, сэ гъусэ сиIэщ... Уэрамым дэтщ къыспоплъэри.

– Хэт? Уи щIалэра?

– КъэпщIащ.

– НтIэ, сэ сылейкъэ?

– Улейкъым. НакIуэ, куэд жумыIэу.

Сэнятхэ я куэбжэм Индирэ и закъуэ къыдэкIыжауэ къыхуэкIуэу щилъагъум, Беслъэн и гур Iэпыху пэтащ.

– Дэнэ щыIэ-тIэ?..

– Умыгузавэ, иджыпсту къыдэкIынущ. Аращи, зэрыбжесIауэ, дахэ цIыкIуу епсалъэ. Сэ сокIуэж унэм. Сэнят къысщIэупщIэмэ, клубымкIэ дэкIуеящ жыIэ, и щIалэр и гъусэу.

Индирэ IуегъэзыкIри, дакъикъэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу Сэнят къыдокI пщIантIэм. КIыфI хъууэ хуежьат. Зеплъыхьри, Индирэ къыIэщIэлъагъуэркъым. И лъэныкъуэмкIэ къиунэтIауэ щIалэ гуэр къыхуэкIуэу гу щылъитэм, къызэтоувыIэри поплъэ, «хэту пIэрэ», жыхуиIэу. Лъэбакъуэ зыхыбл нэхъ я мызэхуакуу, гъунэгъу къыщыхуэхъум, Сэнят, лъэмыкIыу, зыкъречри щIалэм къыпожажьэ:

– Беслъэн...

– Сэращ, Сэнят...

## КIЭУХ IЫХЬЭ

Бжьыхьэсэ жылэр хасэн зэраухыу, шэджагъуэ нэужьым, Беслъэн къыдэлъэдэжащ я унэ. Мы гъэм щIымахуэр нэхъ пасэу къэкIуэну зэхихати, мыIэрысэр къыпычыжын хуейт. Зы гъэ къыщыщIам ещхьу, щIыIэм писхьэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Машинэр гуэщым щIигъэлъадэщ, зитIэщIыжщ, щыгъыныжь зыщидзэри хадэм ихьащ. Сэнят пкIэлъейм тету къыпичырт мыIэрысэр.



– Дянэр слъагъуркъыми? – бгъэдыхьащ абы Беслъэн.

– Мамэ и дэлъхум дей кIуащ щIэупщIакIуэ, тIэкIу зигъэсымаджэу къыжраIати.

– А зиунагъуэрэ, сэ дэсшеинти. Абы нэс дауэ лъэсу...

– Къалэм къикI автобусымкIэ дэкIуеящ.

– Куэд щIа?

– Моуэ укъыдыхьэжын и пэ итIысхьа къудейщ.

– Абы щыгъуэ нэхъ пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу сыдэжеинщи, къесшэхыжынщ. АпщIондэху щыIэну хъунщ.

– Телефон яIэтэкъэ абыхэ?

– А-а, яIэм, уэрей. Сигу къэкIыжтэкъыми.

Сэнят къохыж пкIэлъейм.

– Уимыхабзэу, нобэ сыту жьыуэ укъыдыхьэжа?

– Бжьыхьэсэр зэфIэдгъэкIащ. МыIэрысэ къыбдыпысчынщ, жысIэри...

– УмэжалIэ хъунщ, накIуэ, никIыж, лыбжьэ хьэзыру щыIэщ.

Беслъэн и Iэр щхьэгъусэм и дамащхьэм трилъхьащ:

– Хьэуэ, сыхуейкъым, шэджагъуашхэ тщIащ.

Сэнят абы и Iэр хуэм цIыкIуу кърехьэхыж:

– ЕмыкIущ, гъунэгъухэр къаплъэмэ...

Беслъэн и щхьэгъусэм гуапэу йоплъри, хадэкумкIэ еунэтI:

– Псы тIэкIу зыдэзгъэжэхынщи, щIэздзэнщ.

Куэд дэмыкIыу къегъэзэжри, и щхьэгъусэр зытеувэжа пкIэлъейм гъунэгъу зыкъыхуещI:

– Нышэдибэ лъандэм уит хъунщ, къех, тIэкIу зыгъэпсэху.

– Хьэуэ, сешакъым, – Сэнят нэщхъыфIэу къоплъых пкIэлъейм.

– Уэ къех. Сэ и щхьэкIэм зыгуэр есщIэнщ, уэ и лъабжьэм пыт узылъэIэсхэр къыпыч.

Сэнят пкIэлъеишхуэм къехри, пэгун Iубам тетIысхьа и щхьэгъусэм щхьэщыуващ:

– И, Беслъэн, сыноупщIынщ жысIэурэ сIэщIохуж, мо псы цIыкIум и адрей Iуфэм къыIут жыг закъуэр, пхъэхуейр, езыр-езыру къэкIа хьэмэрэ хэфсауэ ара?

– Уэрей, хэдмыса. Псым адэкIэ нэхъапэм къуацэ-чыцэу, хьэ хьэулеймрэ дзыгъуэшхуэмрэ я тIысыпIэу щытащ. СощIэж ар. Абы щыгъуэ школым сыщIэст – ещанэрат е еплIанэрат сыщеджэр. Зэгъунэгъухэр сельсоветыра хьэмэрэ колхоз председателыра зи дей кIуар, «зыри имысэбэпу щIыр мэхьэулей» жаIэу, сытми, хуит къащIри, я хадэхэм къыпагъэхъуэжат. Абдей иту хъуар зыкъэмынэ дядэм зэщIигъэкъэбзащ, ауэ мо жыгыщIэ пкъы лантIэ цIыкIур фIэгуэныхь хъури, ириупщIыкIатэкъым.

– Еплъыт ар дыгъэм зэрыпэлыдым! Жыжьэу укъаплъэмэ, псоми къахолыдыкI, и лъагагъкIи, и дахагъкIи. Фи дей сыкъызэрыкIуэрэ гъунэгъуу сыбгъэдыхьаIым, псым сикIыу.

– НакIуэ-тIэ, уеплъынщ хуиту...

Сэнят жыгым Iэ дилъэри, Беслъэн къыхуеплъэкIащ:

– ЗэрыжыгыщIэр и пхъафэмкIэ къыбощIэ. Илъэс тIощI и ныбжьын-и мыныбжьынщ.

– КIэщIу жыпIэмэ, фызэныбжьщ.

Сэнят къыпыгуфIыкIащ. ИтIанэ тхьэмпэ зытIущ къыпечри Беслъэн хуеший:

– Еплъыт мы тхьэмпэ цIыкIухэм я къабзагъэм, я щабагъэм, бжьыхьэ дыгъэм дыщафэу илауэ.

Беслъэн пщIащэхэр и щхьэгъусэм кърeIыхри зэпеплъыхь:

– Уи щхьэцым ещхьщ.

Сэнят щхьэгъусэм и нэхэм гуапэу щIоплъэри, и Iупэр зэтож:

– ПщIэрэ иджыпсту сигу къэкIыжар? Зэгуэрым ди дадэрэ папэрэ мэкъу еуэу мо мэз пэIущIэм дей щыIэти, гъуэмылэ хуэтхьри дыкIуат нанэ сэрэ. Абы щыгъуэ япэ классым сыщIэст. Бжьыхьэку мазэт, иджы хуэдэу. Дыкъыщехыжым, мо фи гъунэгъу чыцэ гуэрэным мыбы ещхьу жыг зытIущ къахэлыдыкIыу щыслъагъум, си анэшхуэм соупщI: «Нанэ, мор дэхуэдэ жыг? Сыт къыпыкIэр?» – жызори. Си анэшхуэм пхъэхуейм сыбгъэдешэ, тхьэмпэ гъуэжь цIыкIу зытхух къыпеч, къысхуешийри къызжеIэ: «Мыр дыщэ жыгщ, си нэху. ПлъагъурIэ, дыщэ тхьэмпэ къыпокIэ, уи тхьэгъу цIыкIумрэ уи щхьэцымрэ я фэм ещхьыркъабзэу...» СщIэркъым, абы лъандэрэ пхъэхуейр, зыхуэсхь щымыIэу, адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу солъагъу.

* * *

Бригадэ пщыIэм тет щIалэхэр щхьэж и къалэным зэрыпэрыхьэу, щIэупщIакIуэ зэрыкIуэр и дэIэпыкъуэгъум жриIэри, и «Нива»-мкIэ губгъуэм къригъэзыкIыжащ Беслъэн. Дыгъуэпшыхь къыжраIат Бухъарид нэхъ хьэлъэ зэрыхъуар. Сэнятрэ езымрэ я хьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIрэ мазэ нэблэгъати, абы лъандэрэ лIыжьым я дей дыхьатэкъым, нобэ-пщэдей жиIэурэ. ТелефонкIэ щIэупщIэну къы-

хуегъэзэгъыртэкъым, унагъуитIыр зэрызэпэмыжыжьэм къыхэкIыу. Нэхъыбэу щIэмыкIуэр къишагъащIэу мо лIыжьым и пащхьэ ихьэну къызэрыхуемыгъэкIурт.

– Къеблагъэ! – Масирэт къыпежьэри, IэплIэ кърищэкIащ.

– Уи благъэ куэд ухъу. Дауэ щыт Бухъарид?

– Тхьэ, нэхъ сымаджэ къэхъуам. Бэльницэм дгъэгъуэлъыну-ти, уи Iэли-уи уди – дыхэзагъэрIым. Дохутыр махуэ къэс къакIуэурэ къоплъ, мастэ къыхелъхьэ, «ахъшэ тIэкIу пIэщIэтлъхьэнщ», жытIэри делъэIуауэ. ЩIалэм пщыхьэщхьэ къэс районым кърещ, ешэж... НакIуэ, ныщIыхьэ.

Пэшым щIыхьэу Бухъарид зэрыIуплъэу, Беслъэн къыгурыIуащ абы и Iуэхур зэрымыщIагъуэр. Мо лIы фафIэу щытам иджы и фэр гъуэжьыбзэт. КъыщIыхьар щилъагъум, Бухъарид къызэфIотIысхьэ:

– Къеблагъэ.

– ФIым дыхуиблагъэ. КхъыIэ, укъэмытэдж, Бухъарид.

– Умыгузавэ, сэ щIэх-щIэхыурэ сыкъызэфIотIысхьэ... Уэ дауэ ущыт?

– Дыхъарзынэщ.

– Тхьэм жьы фыздищI, Беслъэн. Уи фIэщ щIы, зы хъугъуэфIыгъуэшхуэ гуэр къысхэхъуам хуэдэу, хуабжьу сыщыгуфIыкIам унагъуэ узэрыхъуам. Фэ тIум, ди щхьэгъумым уэрэ, къызэрывмышэр си гукъеуэти, иджы си псэр тыншыжащ.

– Тхьэразэ къыпхухъу.

– Iейуэ си нэ къикIырт уи гуфIэгъуэм сыхэтынуи, къызэхъулIакъым. Уэлей, уфIэфIмэ, сынэкIуэну тезубыдэри зысхуапэу щIэздзатэм, «нэгъуэщI мыхъуми, зы сыхьэт някъуэ сыщысынщ», жысIэри. Мес, фызыжьым пцIы сигъэупсынкъым, ауэ сытегушхуэжакъым, си щхьэр уназэу, си лъэр щIэщIэу хуежьэри.

А тIум япэмыжыжьэу щыт Масирэт дежкIэ Беслъэн йоплъэкI:

– Шхыным дауэ хущыт?.. ТIэкIу...

– Алыхь, сешхыдэурэ си жьэр ешам. Хьэнтхъупс тIэкIу еIуб мыхъумэ, тхьэ, нэгъуэщI зыIуимыгъахуэ.

– СлIо, зызгъэщIагъуэ уфIэщIрэ? СыбгъэщIэнур сыт, си гур хуэкIуэркъым, схуегъэхыркъым. Абы Iэджи жиIэнущ. Уэлей, псапэ къэпхьам, Беслъэн. Пэжым ухуеймэ, махуитI-щы хъуауэ сынаплъэрт, къыщIыхьэну пIэрэ, жысIэу. Уэри губгъуэри сигу фыкъэкIат. Ауэ... зэфIэкIауэ къыщIэкIынущ сэ абы сызэрыкIуэнур.

– Сыт жыпIэр? Апхуэдэу щхьэ...

– СощIэж ар сэ щIыжысIэр.

Бухъарид башыр къещтэри къотэдж:

– НакIуэ, Беслъэн, хуэмурэ щIыбымкIэ дыкIуэнщ.

– КхъыIэ, ущIэмыкI, – къыпоув и щхьэгъусэр. – ДэкIуеипIэм ущыджэлэнщи, дыбгъэунэхъуащ.

– Кхъа, жумыIэн жумыIэ уэри. Беслъэн щысщIыгъукIэ...

Бухъарид и блэ лъэныкъуэр Беслъэн иубыдри, пщIантIэм къыдыхьахэщ. Фызыжьым шэнт щабитI къахущIехри, жыг жьауэм щIегъэувэ.

– Сыту махуэфI нобэ, – и нэгур зэлъыIуокI Бухъарид. – Iэджэ нэхърэ нэхъ къэсщтэнт ди пщыIэм иджыпсту сыкъыщыхутэну.

– НтIэ, ар куэдрэ. Си машинэм уизгъэтIысхьэнщи...



6 Заказ №370

– Хьэуэ, хьэуэ, сыкъэзылъагъум «мы лIыжь никъуэлIэр емынэм къиxьа мыбы», жаIэнщ. ИIэт иджы, мы гъэ бжьыхьэм фи Iуэху зэрыхъуам и гугъу къысхуэщIыт. Вэныр фуха?

Я лэжьыгъэр зэрекIуэкIам, я гъавэр зыхуэдам Беслъэн и гугъу ищIа нэужь, Бухъарид нэхъри нэщхъыфIэ къэхъуащ:

– Сыту фIыт. Си гур бгъэзэгъащ. Сыщыуатэкъым уэ си пIэкIэ укъагъэнэну сыщылъэIуам щыгъуэ. Тхьэм ухущIигъэхьэ.

– Упсэу, Бухъарид. УкъызэфIэувэжауэ, мы башри хыфIэбдзэжауэ тхьэм дигъэлъагъу.

– Насып защIэ ухъу. Ауэ... сэ си Iуэхур зэфIэкIауэ къыщIэкIынущ.

– Апхуэдэу жумыIэ, Бухъарид, уэ илъэс хыщIрэ тхурэ фIэкIа...

– Илъэс бжыгъэра Iуэхур здэщыIэр? Мес, Хьэмзэт ищIым щхьэдэхащи, вы гъэшхам хуэдэщ. ИгъащIэм гугъу зригъэхьакъым. Гуэту, лажьэ хуэдэу ехь и дунейр. Сэ зэрысщIэжрэ колхозым зы белыпэ къыхуитIакъым, зы мэкъу аргъыни хупиупщIакъым. Налогхэхыу, иужькIэ хъумакIуэу къэгъуэгурыкIуащ. Зауэми дашакъым, мащIэу зэрещIэкъуауэм щхьэкIэ. Сыпартизанащ, жери нэмыцэр дэкIыжа нэужь къыдыхьэжащ жылэм, и бгъэр къригъэкIыу. Абы къипартизанар узотым, уэлей, уэ. Мэзым гъэпщкIуауэ щIэсащ, пхъашэ кIуэ лIыжьхэм гъуэмылэ хуахьу. Езым хуэдэ шынэкъэрабгъэ зыщыплI щIыгъуу. Сэ пщыкIуий фIэкIа сыхъуатэкъым нэмыцэшэ къыщыстехуам... Я гугъакъым сыкъелыну. Зы госпиталым сашэм, нэмыцэр гъунэгъу къызэрыхъуу, нэгъуэщIыпIэ садзурэ, мазитхукIэ сыщIэлъащ сымаджэщым. Сыхъужри, фронтым сыIухьэжащ. ТхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу етIуанэ гуэру гранат къутахуэ къыстехуэри, абы и ужькIэ къэзухащ си армэр... Сыту щIэхыIуэу ежэкIрэ зэманыр. Дыгъуасэ хуэдэщ а псор къыщыхъуар. Абы лъандэрэ мащIэ щIа... ЗэрыкIуар сымыщIэурэ ежэкIащ илъэсхэр.

Сыхьэт никъуэфI хуэдэ зэбгъэдэсауэ, Беслъэн зыдигъэIэпыкъуурэ Бухъарид къотэджыж:

– Куэдщ дызэрыщысар, уэри губгъуэм удэкIын хуейщ.

– Сэ Iуэху блэкI сиIэкъым, Бухъарид, уэ къыптемыхьэлъэмэ...

– Губгъуэм Iуэху пщIэн ущимыIэу зэи къэхъуркъым. Сэри аращ сызэрыщысыфынур. Шэджагъуэ нэужьым аргуэру, тхьэм жиIэмэ, зэ сыкъыщIэкIынщ.

ДэкIуеипIэм нэса нэужь, Бухъарид аргуэру зэ къызоплъэкIыжри уафэм доплъей:

– ЗикI, нобэрей махуэм зыщызгъэнщIыркъым. Сэ схуэдэу къыщIэкIынщ жьы хъуа псоми мыпхуэдэ махуэ уэфIыр къазэрыщыхъур: мы бжьыхьэкIэ мазэр сыту гъуэзэджэ. УэфIу, дыгъэр мыдзакъэу... СщIэркъым, си гум жеIэ афIэкIа мыпхуэдэ махуэ сымылъагъужыну. Си гум сыкъигъапцIэу къыщIэкIынукъым...

* * *

Сыт щыгъуи хуэдэу, бригадэ пщыIэм псом япэ нэсащ Беслъэн. И нэм щIэIуэтыхьурэ хъумакIуэр къыщIэкIри, бригадирым и Iэр къиубыдащ.

– Сыт, ТIэхьир, жейкIэ урикъуакъэ?

– Тхьэуэ ди щхьэщыгум ит, сримыкъуа.

– Къэхъуар сыт? Щхьэ уемызэгъарэ?

– Мо зэпытыр зыхуэкIуэн хьэжьым сигъэжеякъым. СщIэркъым къыщыщIар, нэху щыху къугъащ. МэжалIэ си гугъэу, лы тыкъыр естати, ауи епэмакъым.

Чэтэныщхьэ зытелъ хьэлъэзешэ машинэр мыгувэу къэсри, бригадэм хэт щIалэхэр къикIащ. Абыхэм я ужь кIэщIу иту къэсащ Беслъэн и дэIэпыкъуэгъу щIалэр – я гъунэгъум и «Москвич»-мкIэ зыкъригъашэри. Гупым гукъыдэжыфI яIэт. Гъэр хъарзынэу кърахьэлIат – губгъуэм илъ гъавэри зэщIакъуэри, вэнри и кIэм нагъэсыжат. Иджы къапэщылъыр я тракторхэм, комбайнхэм хуэм-хуэмурэ епэщэщынырт.

– Къохъусыж! – и дэIэпыкъуэгъур къащыхыхьэм, абы щыгуфIыкIащ Беслъэн.

– Упсэуж.

– НтIэ, дауэрэ къепхьэлIа сессиер?

– Сессиер зыгуэр хъунт, ауэ сыкъыдэкIын и пэ хъыбар гуауэ зэхэсхащ. Бухъарид щыIэжкъым. Нышэдибэ нэхумыщу...

Беслъэн къыщыхъуащ и гур IэдэкIэ быдэу якъузауэ. И нэпс къыфIекIуар щIалэхэм яримыгъэлъагъун щхьэкIэ къэтэджри кIэнауэ лъэныкъуэмкIэ хуэм дыдэурэ иунэтIащ. Ар дауэ? Вэсэмахуэти я унэ кIуэуэ щызэбгъэдэсар. Уеблэмэ дыгъуэпшыхь телефонкIэ щIэупщIат. Беслъэн ищIэрт Бухъарид куэд къызэрыхуэмынэжар, ауэ апхуэдэу зэуэзэпсэу... Арати пщыIэм телъ хьэр ныжэбэ щIэкъугъар. Ар хьэпшыр цIыкIуу къихьауэ щытат Бухъарид. Хьэр апхуэдизкIэ бригадирым есати, дэнэ кIуэми, и ужьым икIыртэкъым. «ТIыс», жриIэмэ, тIысырт. «IукIи, модэкIэ кIуэ», жриIэмэ, щэху цIыкIуу IуигъэзыкIырт.

И гур зыхуз гупсысэм тIэкIу къиутIыпща нэужь, Беслъэн къигъэкIэрэхъуэжщ, адрейхэми машинэхэм зрагуашэри, зэрыгупу дыуэщI кIуащ, хъумакIуэм фIэкIа къэмынэу...

ЖаIэкIэ Беслъэн и фIэщ хъунтэкъым – сыту цIыхушхуэ къекIуэлIа дыуэщIым. Машинэр къэгъэнауэ, цIыхур уэрамым дэхуэртэкъым. Бухъарид и бынхэм, псом хуэмыдэу и пхъуитIым, яукъуэдият: «ГузэвакIуэ къэкIуэну ди благъэ жыжьэхэр нобэ къэмысыфынкIэ хъунщи, пщэдей щIэтлъхьэмэ нэхъыфIщ», жари. АрщхьэкIэ ефэндым идакъым, «Мы тхьэмыщкIэм и псэр бэлыхь щIыхэддзэн щыIэкъым. Дунейри хуабэщи, апхуэдизрэ хьэдэр щагъэлъ хабзэкъым», жери.

«ФIыуэ плъагъу цIыхум и кхъаблэм ущIэувэну псапэщ, езыми и псэр къыпщыгуфIыкIынущ», жаIэу зэхихати, Бухъарид щыдахым, Беслъэн тIэурэ-щэрэ къаIихащ кхъаблэр. Бетэмал, апхуэдэу щIэхыу дунейм зэрехыжынур ищIамэ, телефон Iуэху хэмыту, дыгъуэпшыхь кIуэнти тIэкIу бгъэдэсыжынти. Сыти жыIи, адэм хуэдэу къыхущытащ. Абы и дежщ губгъуэ лэжьыгъэм и щэху псор щызригъэщIари. Псом ящхьэращи, уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжу, унафэщIхэм я пащхьэм зыщумыгъэшу ущытын зэрыхуейр къыхэзылъхьар Бухъаридщ. Щапхъэ хуэхъуащ абы и дуней тетыкIэр, и цIыху хэтыкIэр. Дауи, апхуэдиз цIыху дыуэщIым къэкIуэнтэкъым, пщIэшхуэ иIэу щымытамэ. ИфI мыхъумэ, и зэран цIыхум екIауэ зэхихакъым. Къэралхъан и дей псапэу къыщихьар урикъуни, нэгъуэщI хэмытми. И Iыхьлытэкъым, и благъэтэкъым, итIани, еплъ абы хуищIам. Быни къыдалъхуаи имыIэу я жылэм зи закъуэу дэс цIыхубз гуэрым и унэжьыр къэуэным нэсати, абы и фIыгъэкIэ, унэщIэ екIу цIыкIу хуащIащ. Колхоз председателри

акъылэгъу къищIщ, езыри районым кIуэри пхъащхьэ, чырбыш, кхъуэщын жыпIэми, адрей зыхуеину псори пщIэншэу къыдихри, щIыхьэху защIэкIэ унэр къыхудращIеящ. Уеблэмэ я бригадэр зэрыщыту тIэурэщэрэ кIуащ щIыхьэхум... Аращ, цIыху хуэдэ цIыхуу дунейм тетати, зэхэзыхауэ хъуар къекIуэлIащ. Жьыи хъуатэкъым Бухъарид, илъэс хыщIрэ тхур гъатхэм хуагъэлъэпIа къудейт. Ауэ уз Iейм зэ натIэрыIуапIэ укъищIамэ, ныбжьым еплърэ...

## ИЛЪЭСИПЛI ДЭКIАУЭ

ПIастэр хьэзыр щыхъум, шыуаныр дакъэмкIэ игъэкIуатэри, Сэнят тебэшхуэм хуэфIу лы изу  хьэкум тригъэуващ, лыцIыкIулыбжьэ ищIыну. ДжэдитI игъэжьакIэт. Шэджагъуэ лъандэрэ ар щIэтт пщэфIапIэм, щхьэгъубжэр Iугъэузэщ IыкIа пэтми, тIэкIуи къэпщIэнтIауэ. «СыщIэкIынщи, хадэм тIэкIу сыщыбэуэнщ», жиIэу игу къэкIа къудейуэ, и гуащэр къыщIохьэ:

– Зыкъом щIауэ пщыIэм сопсалъэри, телефоныр къытрахырIым. И, нысащIэ, трактор макъ гъунэгъуу къоIу. Ди хадапхэм ищхьэкIэ щыIэ хьэсэр явэ си гугъэщ. Джабэм удэкIрэ, а тракторым тесым Беслъэн хуебгъэIуэхуамэ хъунт хьэщIэ къызэрытхуэкIуэнур. Сэ сыкIуэнт, ауэ джабэм сыдэкIын къызохьэлъэкI, си лъакъуитIыр...

– Сэ сыкIуэнщ, мамэ, ауэ лыбжьэр тезгъэува къудейщи...

– КIуэ уэ, сэ сыкIэлъыплъынщ.

Сэнят унэм къыщIокI. ПщIантIэм джэгуу дэт и къуэм ар къыщилъагъум, къыбгъэдолъадэ.

– Хьэсэн, умызэрану дэт. Сэ игысту сыIэкIуэжынщ.

– Сэи, сэи!

– Хьэуэ, уэ абы унакIуэ хъунуIым.

ЩIалэ цIыкIум и гъынанэ макъыр щызэхихым, Хьэжыгуащэ щхьэгъубжэ зэIухам и щхьэр къыдегъэж. Иджыт абы гу щылъитар ныcэм щыгъ бостей пIащIэм и ныбэр хэпщIыкIыу къыхэщ зэрыхъуам. Тхьэмахуэ и пэкIэ абы пщIыхьэпIэ илъэгъуат хъыджэбз цIыкIу и IэплIэм ису. «Си пщIыхьэпIэр нахуапIэ хъуну пIэрэ-тIэ?» – и нэгур нэхъри зэлъыIукIащ фызыжьым. И пхъуитIми, и къуэми щIалэ цIыкIу фIэкIа зэрамыIэм щхьэкIэ, куэд щIауэ абы и нэ къыхуикIырт хъыджэбз цIыкIум. «Алыхьым къыдипэсымкIэ сыарэзыщ, щIалэ цIыкIуу къыщIэкIмэ, Хьэсэн къуэш иIэнщ». Сабийр и анэм щыкIэрымыкIым, Хьэжыгуащэ щхьэгъубжэм дэпсэлъыкIащ:

– Ягъэ кIынIым, здэшэ.

Сэнят щIалэ цIыкIум и Iэпэр иубыдри, зэанэзэкъуэр хадэмкIэ кIуэцIрыкIащ.

Джабэм дэкIуейщ, гъущI сеткэм хэлъ бжэ цIыкIумкIэ икIри, хьэсэпэм деж къыщызэтеувыIащ. Хьэсэм хэтт тракторитI вэуэ. Зыр гъунэгъу къащыхуэхъум, Iэ хуищIри, трактористым и щхьэр кабинэм къригъэжащ.

– Сыт ухуейт, ди шыпхъу?

– Беслъэн пщыIэмкIэ щыIэу пIэрэ?

– А-а, ди бригадирым и щхьэгъусэр уэрагъэнщ. Хьэуэ, мо тракторым тесщ. Ар зейм тIэкIу зигъэIыхьшыхьти, абы и пIэкIэ мавэ. Пэплъэ, куэд мыщIэу мыбдей къэсынущ ар.

Дакъикъэ зыбгъупщI, зы пщыкIутху нэхъ дэмыкIыу хьэсэпэм къэблэгъащ трактор етIуанэр. Абы къелъар къыщилъагъум, щIалэ цIыкIур щIопхъуэ:

– Папэ! Папэ!

Къыбгъэдэлъэда и къуэр Беслъэн IэплIэкIэ къищтэщ, тIэу-щэ дридзейри, Сэнят къыпежьащ:

– Сыт, щхьэ сыкъэфлъыхъуэрэ?

– Мамэ сыкъыдигъэкIауэ аращ, «зимыгъэгувэн щхьэкIэ хуэIуэху», жери. Хьэсэн нобэ илъэсищ зэрыхъур пщыгъупщэжа?

– Уэрей, сщымыгъупщэжа!

– ХьэщIэ къытхуэкIуэнухэщ пщыхьэщхьэ.

– Хэт сымэ?

–Уи шыпхъуитIыр, уи малъхъитIри ящIыгъуу. ИтIанэ си анэмрэ си дэлъхумрэ.

– Хъарзынэщ. Ауэ хъыбар евгъащIэу вгъэгузэвэн хуеякъым.

– Тхьэ, едмыгъэщIа. Езыхэращ къэзыIуэхуар, «фыхуей-фыхуэмейми дынэкIуэнущ», жаIэу.

– Хъунщ, зэ сыкъекIуэкIынщи, мо къэна тIэкIур нэзгъэсыжмэ, сынехыжынщ.

Беслъэн щыIуигъэзыкIыжым, щIалэ цIыкIум зыкъыкIэрищIащ.

– Хьэуэ, уэ абы укIуэ хъунуIым, – и къуэм и Iэблэр иубыдащ Сэнят. – АбыкIэ дыгъуж щыIэщ.

Сабийм быдэу зыкъыщришэкIым, Беслъэн абы и Iэпэр еубыд:

– И гугъу умыщI, нрырекIуэ. Мо тIэкIуращ къэнар. Зыри къэхъункъым.

– Мамэ... шхыдэнIэ?

Беслъэн къыпыгуфIыкIри, щхьэгъусэм и дамэм щабэу къытеIэбащ:

– Шхыдэмэ, сэ къыстелъхьэ.

И щIы ныкъуэвэр и кIэм нигъэсыжри, пщыIэм пэмыжыжьэу къыщыувыIащ Беслъэн. И къуэр тракторым къыхуикIын имыдэу, ерагъыущ къызэрытригъэхьар. «Модрей машинэм уизгъэтIысхьэнщ», жимыIамэ, тыншу гурыIуэну къыщIэкIынтэкъым. И «Нива»-м бгъэдишэщ, рулым IуигъэтIысхьэри, пщыIэмкIэ иунэтIащ.

– Сэхьид укъелъыхъуэ, – къыпежьащ абы и гупым щыщ зы щIалэ. –«Къызэрысыжу, къэгъэпсалъэ», жиIащ. Iейуэ къэгубжьа хуэдэщ.

«Сыту пIэрэ агрономым и пэм кърихур? Ар мыкIий-мыгуоуэ, зэпIэзэрыту псалъэу слъэгъуауэ сщIэжыркъым. Арыншамэ, и шхыр и дзажэ дыхьэркъым», – унэм щIыхьэри телефоным Iэбащ Беслъэн.

– Уа, уи местэм щхьэ уимысрэ уэ?

– Ди зы щIалэ гукъыдэмыжти, сутIыпщыжащ нышэдибэ. Абы и пIэкIэ...

– Уи помощникыр тебгъэтIысхьэ хъунутэкъэ? Абы хьэдэ игъейрэ?

– Ар, еджапIэ кIуауэ, сессие щыIэщ.

– Убригадирынумэ, бригадир, щIалэ. Хьэуэ жыпIэрэ, трактористу лажьэ. Сыт уи зэранкIэ сэ бэлыхь сыщIыхэтын хуейр?

– Къэхъуар сыт?

– Районым отчёт жари сыкърахуэкI, сэ уэ узгъуэтыркъым.

Агроном нэхъыщхьэр зыхуей бжыгъэхэр жриIа нэужь, Беслъэн пщыIэм къыщIэкIыжри, и машинэмкIэ иунэтIащ. ГъэщIэгъуэнырақъэ, Сэхьид къызэрыхуилъар абы и жагъуэ хъуакъым, япэхэм хуэдэу. И

щхьэгъусэмрэ и щIалэ цIыкIумрэ къыкIэлъыгъуэзауэ щилъэгъуам, и гум, и псэм щыз хъуа дэрэжэгъуэр абы хуеудыхакъым.

* * *

Хьэсэн хьэпшып цIыкIу зыкъом къыхузэхуахьэсат а пщыхьэщхьэм. Псом хуэмыдэу сабийр зыщыгуфIыкIар Сэнят и анэм къыхуихьа лъакъуэрыгъажэ шэрхъищырт. Гъуэлъыжыгъуэ хъухункIэ къахутекIакъым абы, унэ кIуэцIу яIэр къызэхижыхьу. Беслъэн и Iыхьлы-благъэхэр кIыхьу щысакъым. ПщэдджыжьыЬ псори лэжьапIэ кIуэн хуейти, замыгъэгуващэу зэбгрыкIыжащ.

... Жэщыбг хъуа пэтми, Беслъэн и жеин къакIуэртэкъым. ЗэщIэдэIукIри, къищIащ Сэняти зэрымыжейр. ИкIи щэху цIыкIуу еджащ:

– Сэнят.

– Сыт?

– Щхьэ умыжейрэ?

– СщIэркъым. Уэ-щэ?

– Сэри сыжеифкъым. Уэмщ, щхьэгъубжэр Iусха пэтми. СыщIэкIынщи, хадэмкIэ сихьэнщ. АбыкIэ хьэуар нэхъ щыщIыIэтыIэщ. НакIуэ, ухуеймэ.

– СынэкIуэнт, ауэ... Хьэсэн къэушрэ, «мамэ дей», жиIэмэ-щэ?

– Ар ныжэбэ кIасэущ щыгъуэлъыжар. Нэху щыху къэпIэтIэуэну си фIэщ хъуркъым.

– Ари пэжщ.

ЗэщхьэгъуситIым захуапэри, замыгъэIэуэлъауэурэ хадэм ихьащ.

– Пэжщ, мыбыкIэ тIэкIу нэхъ щIыIэтыIэ хуэдэщ, – къэпсэлъащ Сэнят.

– Мо хадапхэр... джабащхьэрат нэхъыфIыр. НакIуэт, дыдэкIынти.

– Сошынэ, – и лIым и Iэблэр иубыдащ Сэнят.

Беслъэн дыхьэшхащ:

– ЛIо, дыгъужь щыIэ уфIэщIрэ? НакIуэ уэ.

Джабащхьэм дэкIа нэужь, Беслъэн и кIагуэр иубгъури, тIури етIысэхащ.

– Тхьэ, пэжу, мы щIыпIэр щIыIэтыIэфIым, – и щхьэр щхьэгъусэм и дамэм иригъэщIащ Сэнят.

– Мыбдей диван тету ущыжеину сыт и уасэт, – къыпидзыжащ Беслъэн.

Джабащхьэм зыкъомрэ тесащ а тIур, Iэджэ ягу къагъэкIыжу, адэкIэ-мыдэкIэ къиIукI хьэ банэ макъхэр нэхъ кIащхъэ зэрыхъум щIэдэIуу, унагъуэ уэздыгъэхэр чэзууэрэ зэрагъэункIыфIыжым, къуажэр жейм зэрыхилъафэм еплъу. ИтIанэ Сэнят япэу къэтэджыжащ:

– НакIуэ. Уэ пщэдджыжь жьыуэ удэкIынущ, жейкIэ уримыкъуауэ.

– Уэри жьыуэ жэмыр къэпшын хуейщ, жеинкIэ зумыгъэнщIауэ.

Сэнят тIэкIу къэпIыщIауэ къыщыфIэщIым, Беслъэн кIагуэр фIыуэ иутхыпщIри, и щхьэгъусэм и плIэм триубгъуащ. Джабэм къехыжу я унэ щIыхьэжыхукIэ, зыри жаIакъым. ФIэщхъугъуейт а жэщым а тIум нэхърэ нэхъ насыпыфIэ уафэм и щIагъым щIэбгъуэтэну...

# ГУКЪИНЭ ПЩОХЪУ



*Джатокъуэ Юрэ куэдым фIыуэ яльагъу усакIуэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ жанхэр щызэхуэхьэса тхыль зыбжанэ. Юрэ и усэхэр кIэщI дыдэщ, сатыр зыщыплIым фIэкIыркъым, а сатыр кIэщIхэми къыщеIуэтэф гупсысэ куу. Ар щыхьэт тохъуэ Джатокъуэр гъащIэмрэ дунеймрэ фIыуэ зэрыщыгъуазэм, абыхэм нэ жанкIэ зэрыхэплъэфым, зэрынабдзэгубдзаплъэм. Ди зэманым мыхъумыщIагъэу хэльхэр сэтей къэзыщI а усэхэр, зэ уеджамэ, гукъинэ пщохъу, къыбдогъуэгурыкIуэ, дэтхэнэ зы сатырри чэнджэщ щхьэпэ къызыхэпхыну губзыгъагъэщ. Апхуэдэ фIыгъуэ къигъэщIыну хузэфIэкIащ Джатокъуэ Юрэ.*

*Джатокъуэм и усыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ, иджыблагъэ дунейм къытехьащ «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» тхыльыр. Шэч хэлькъым цIыхухэр гуапэу абы зэрыIущIэнум.*

*Нэгъуэщ I тхыль хьэлэмэти къыщIэкIащ Юрэ и къалэмыпэм – «Фамильная энциклопедия рода Гетоковых», нэгъуэщIу жыпIэмэ, Джатокъуэхэ я лъэпкъым и тхыдэ. Апхуэдэ тхыль зыхуэфащэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, зи тхыдэр къулей, жыжьэ дыдэ къыщежьэ, зи цIэр фIыкIэ Iуа лъэпкъ лъэрызехьэрщ. Юрэ и тхыльым ди фIэщ ещI Джатокъуэхэ зэрыапхуэдэ лъэпкъыр. ЛIы цIэрыIуэ куэд къахэкIащ а лъэпкъым, абыхэм ящыщщ усакIуэ, тхыдэтх Джатокъуэ Юрэ.*

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**



# ПIАСКIУЭР УСЫГЪЭ ЩЫПКЪЭЩ

*Сэ сызэджэн тхыль си куэдыкIейщ къэбэрдеибзэкIи, адыгеибзэкIи, урысыбзэкIи, украиныбзэкIи, ауэ псоми сыкъеджэну зэманыр схурикъуркъым: лэжьэни хуейщ, жеини хуейщ, зыгъэпсэхуни хуейщ, дауэдапщэхэми ухэмыту хъуркъым...*

*Джатокъуэ Юрэ и «Джэрпэджэжыр» къыщызитам си гуапи ищIащ икIи «сытым щыгъуэу пIэрэ, зэман къыдэзгъахуэу, мы тхыльым сыщеджэнур?» – жысIэри сигъэгупсысащ. АрщхьэкIэ пщыхьэщхьэшхэ нэужьым тхыльыр зыхуэдэм сеплъыну къызэгуэсхащ. Сыкъеджэу щIэздзэри, и кIэм сынэсыху, згъэтIыльыжыфакъым. Сыдэзыхьэхар усэхэр ем и бийрэ фIым и телъхьэу зэрыунэтIа къудейракъым. Сэ сызытхьэкъуар Юрэ и усэхэм я пIэскIуэкIэращ: зэпIэскIухэм хуищIэу, игъэузу йопIэскIу, йопIэскIу щхьэхуещэхэм, Iужажэхэм, хабзэншэхэм, къинэмыщIхэми уащегъэдыхьэшхри уатрегъакIуэ; зыдэгушыIапхъэхэм ядогушыIэ.*

*Джатокъуэм и сэмэркъэухэм уигу къагъэкIыж джэгуакIуэжьхэм я ауанымрэ я гушыIэмрэ. Абыхэм къару къезытыр я бзэ шэрыуэмрэ я адыгэ хъуэрымрэщ. И кIэщIыращи, юморкIэ уегъэгупсысэ, куэдым гу лъыуегъа-*

*тэ, сыт щхъэкIэ жыпIэмэ, хъуэрым философиер и купщIэщи. А сэмэркъэу пIэскIуэрейхэр зэрыкIэщIми я къарур хегъахъуэ икIи ехъумэ. Сэмэркъэур кIыхь хъумэ, и хъуэрыр мэкIуэд.*

*Юрэ и талантыр, и зэчийр фIыуэ къагурыIуащ ди усакIуэ цIэрыIуэхэм – Тхьэгъэзит Зуберрэ Уэрэзей Афликрэ. Ар сыту гуапэ!*

*Си гугъэщ мы тхылъым ди тхылъеджэхэри арэзы къыщIыну.*

*ПIаскIуэ, Юрэ, уемызэшу пIаскIуэ: ар икIи псапэщ, икIи гуапэщ!*

**НАЛО Заур.**
*2010*

*Усэ кIэщIхэр* ДЖАТОКЪУЭ Юрэ

## ТУРЭ И КУЛЬТУРЭ

Зэфэну псым тепщэч хетхьэщIэ Турэ, —
Аращ абы здынэсыр и культурэр.

## ЛЫКЪУЭ БЮРОКРАТЫМ

Уэсым хуэдэу и щхьэр тхъуащ
Зы жэщ закъуэм Лыкъуэ:
ПщIыхь шынагъуэ илъэгъуащ —
Iуахуу и къулыкъум.

## ЧЭФЫМ

«Си Iуэхущ къызгъыхьэм ди щIыналъэм «НАТО»-р:
Къызэфтыт, — жеIэр, — мыдэ зы гранатэ».

## УЭЧЫЛЫМ

ЯIыгъым щхьэкIэ бзауэ, дауэ,
ПыIэщхьэрыхыу уэри уагъэдауэ.

## ЛУТIЭ И ВАЛЮТЭ

Бгыр къегъакIуэ и деж ЛутIэ:
Къаруушхуэ иIэщ и валютэм.

## ГЪУЩIЫМ

«Сыхуейкъым, жи, — сэ зэи сыдыщэну:
Удыщэмэ, щхьэхуещэхэр къощэнущ».

## БИЗНЕСМЕН ЛУТIЭ

«Сыхэфх иджы, — жи, — депутату», — ЛутIэ,
И жыпым из ищIауэ инвалютэр.

## ДЫГЪУЖЬ МЭЛЫХЪУЭМ

Иритауэ мэлхэм кIэ, мэлыхъуэм
Бжэнхэм деж лэжьапIэ къыщелъыхъуэр.

## ШЫМ

«Къулыкъу къызатмэ, — жеIэр шым, —
Естынщ узыгъуэр къамышым».

## IУЖАЖЭХЭМ Я ДЫУЭЩI

ГъырнэIу защIауэ,
Даш машинэ «МАЗ»-кIэ,
Къалэм и мэрым
ЛIащи и хьэмаскIэр.

## ШОФЁРЫМ

ЖрегъэIэфри и машинэм «тIутI»,
«ЗэрызбгъэщIынур сыт, — жи, — институт?»

## ГУВАЩ

Бэлыхь дешэчыр бжэгъум Шакъым:
Ар щычым щыгъуэ къигъэшакъым.

## ДЖЭДЫГУУ БГЪУ...

Джэдыгуу бгъу зыщыгъыр, гуншэм,
Егъэпсэуфыр лIибгъур джэдыгуншэу.

## УНАФЭЩI ФЭТЕХ

Унафэ пхэнжщ
КъытхуищIыр Гъащтэм:

Iэ ижькIэ къатщтэ хъунур
СэмэгукIэ фIэкI къыдимыгъащтэ.

## ЩIЫБАГЪ ЗИIЭ БАГЪЫМ

Етыф экзамен тыншу Багъым,
Суфлёр къыдэтмэ и щIыбагъым.

## МУРАД

Зэрегъэпэщыр ахъшэ куэду Турэ,
Хыхьэну хэтщи властхэм я структурэм.

## ФО ЗЕЗЫХЬЭМ

Фо зехьэн щегъэтыр Iэпэр зейм,
Ар и Iэпэм ирамыгъэбзейм.

## АХЪШЭНШЭ ЛАЦЭ

«НэхъыфIщ уимыIэм ахъшэ, — жеIэр Лацэ, —
Ар уиIэмэ, пфIихьынущ, — жи, — инфляцэм».



## МЫЛЭ

Акъыл иIэу зелъытэжыр Мылэ,
Пэшх ищIащи делэм и гъуэмылэр.

## ХАМЕЛЕОН

«Зэманым декIур лIыфIщ», — жи, —
Бюрократым,
ЗыщитIэгъау и фащэ
Демократым.

## ТУРЭ И ПРОКУРАТУРЭ

Къыхуогъур фыщIэм, дыгъуэм Турэ:
Щолажьэ и Iыхьлыр прокуратурэм.

## САМОПАЛЫМ ТЕКIУЭДАМ

Хузэхэхужкъым нобэ Шурэ
Лэпс зэфэр шыугъэрэ мышыурэ.

## НАПЭНШЭМ

Абы и нэкIур лэч Iувыжьк Iэ лат:
ХъымпIар имыщIт, кърахми пу нэлат.

## ЗЕБЖЫЖ ТАЛАНТ ИIЭУ ЛИНЭ

«ЗыгуэркIэ мыфI щымыIэ», — жеIэ Линэ,
ИIыгъщи, игъэкIыргъыу мандолинэр.

## «IЭЩIАГЪЭЛI»

Шы хьэлым хъырц хищIыкIкъым Турэ:
Шыд щэнщ щиджар аспирантурэм.

## ХЬЭМИД

Хьэмид, зигъэхъуми, хиубыдащ
ЕкIуэкI мы эпидемием:
Ахъшэшхуэ щIитри, щIигъэхуащ
И шыдыр академием.



## ДУНЕЙР ЗИ ЩЫПЭЛЪАГЪУМ

ХуэмыIуэтэж и нэгу щIэкIахэр Хъупэм,
ФIэкIати зэ ТIрашэ и шкIэ хъупIэм.

## ЧЫЛ УЭЧЫЛ

Езым и щхьэм бадзэр хутехужкъым Чылым.
Сыт мыгъуэр и махуэ ар зи уэчылым?!

## МАЦЭ И «ЛЪАГЪУНЫГЪЭ»

Цинэ, Цуцэ, Быцэ, Цацэ…
Ар зыкъомым йохъуцацэ.

## ТIАРЭ ГИТАРИСТ

ИIуэнтIащ зэманым ТIарэ:
ПщIэншэу пхуеуэркъым гитарэ.

## ДЖЭДУМ

Хъыбар щIэрыпсхэр къеубыд и рацэм,
ЩопхъанкIэри район администрацэм.

## ГУАЩЭНЕЙ

Ихуами мащэм ар щэней,
Iущ мыхъу иджыри Гуащэней.

## БАРЭ

ЩIихакъым фIы, дыгъуамэ Барэ:
КъоIукI лъэхъуэщым и хъыбарыр.

## ТIОРЭ И КОНТОРЭМ

КъекIухь, дэгъэзеяуэ и пэр, ТIорэ:
Щолажьэ ар Шарашкин и конторэм.

## «УНАГЪУЭ ПЕДАГОГИКЭ»

ХагъэтIысхьэр ПIытIэ данэм,
ИщIыжамэ и заданэр.

## ЩХЬЭЗЭ ИЩIАЩ

Утхъуащ зэманыр — къыхуэмыщIэ Къыпым
Здигъэзэнур и нэмэзлыкъыпэр.

## ФЫГЪУЭМ

И лъатэм нэскъым ишхыр фыгъуэм,
Ар хэсу щытми хъугъуэфIыгъуэм.

## МЫСТ

Сыт илэжьми икъукIэ игъуэщ:
Иджыпсту абы и уэлиигъуэщ.

## ДЫД ЗЫЫГЪ ДЕЛЭМ

Иратащи, делэм дыдыр,
ЖыдегъэIэ уэды-ды-дыр.

## МАЛЪХЪЭМ И ПСАЛЪЭ

Укъалъагъур фIыуэ щыкъум,
Жьы иубдымэ уи щIопщыкъум.

## ХЬЭЩЫКЪ ХЪУА ПЩАЩЭМ

Хэмытми едэ усэм рифмэ,
Зытхар а усэр Музэрифмэ.

## ХЬЭУЛЕЙ

Iуэхуншэу гъащIэр ихьмэ Цу,
Абы къощIыкI уэрам хьэцу.

## УГЪУРСЫЗЫМ

Къыщохъу и Iуэхухэр тэмэм хъуауэ,
Зыгуэр илъагъумэ унэхъуауэ.



## ЗИ НЫБЭ ИЗ ЖЭМЫМ

Егъуэт Iусыпхъи,
Хуэмей ар композитор Бахи,
А уэ зи гугъу пщIы
Людвиг Фейербахи.

## БОРИС ПАЩТЫХЬЫМ

И кIэр бжыхьым дихуэжати нацэм,
Уэ ущащIа махуэм коронацэ!

## ЩIЫIУБ ПЕНСИОНЕР

Къимыплъу исщ иджы ар и гъуэм,
Ешхыжри къилъэфар и уэлиигъуэм.

## БАБЫЩ ЗЫЗЫГЪЭГУСАМ

ХьэIупс ищIащ
И гъунэгъу къазыр Уакъым:

ЩыжиIэм «уакъ»,
И «уакъым» къежууакъым.

## ДЫГЪУЖЬ НЭЩIА

Щимыгъуэтыжт щишхын мылицэм, —
Хыхьащ налоговэ полицэм.

## ДИНЭ И АРГЕНТИНЭ

ЙокIуэкI урок. Бгъэдэтщи картэм,
ФIы дыдэу еджэу къащыхъу Динэ,
Европэм къыщелъыхъуэ Аргентинэр.

## ЛИНЭ И МАНДОЛИНЭ

Бийуэ иIэм я нэхейкIэ, Линэ
Къищэхуащ, хуэмейми, мандолинэ.



## РЕЦЕНЗЕНТЫМ И ЕПЛЪЫКIЭ

«Си фIэщ хъуркъым, — жи, —
ПхагъэкIыну и трактатыр ТIатIэ:
Хигъэувакъым текстым, гукъэкI ищIу,
Топтыгин генералым и цитатэ».

## ХИЛЪЭФАКЪЫМ

Ишхати тIэпIу райпом къаша рисыр,
Райфом Iэтащхьэу ягъэкIуащ Борисыр.

## ХЬЭРЭМЫШХЫМ

Абы и дежкIэ гъэри мыгъэ,
Имышхыу щытмэ хьэрэмыгъэ.

## МЫХУЭ ДЕПУТАТ

Хэтха щхьэкIэ депутату Мыхуэ...
Мыхуэ и щхьэ Iуэхум къыдэмыхуэ.

## МАХЪСИДЭ

«Еу-уей мыгъуэ!
Ехьыр, — жеIэр, — си дэр»,
Псым итхьэлэу ирехьэхри,
Нэпсежь Махъсидэ.

## ТIЫХЪУЭМ

ХуэIэзэ хъуащ дыгъуэкIэм
Юрист ТIыхъуэр:
«Утетуи хабзэм, мэхъур, — жи, — удыгъуэ».

## АДЫГЭЩIЭ ДИН

ПщылI «хъарзынэ» къигъуэтащ
АдыгэщIэ Дин:
Тутыныхьэ игъэкIуащ
И адэ Хьэбэдин.



## ТЫКЪУЭМ И ПРОГНОЗ

Ди улахуэр и чэзум
Къыдатыну
Шэс йохьэжыр Тыкъуэр:
«Фегупсысыт. Къэблэгъащ, — жи, —
Зэман Iэ Iэтыгъуэр...»

## НАПИТIЫМ

«Ди хэкур лъэщ дывгъэщI», — жызыIэ КIутIэ
И жыпхэр къэрал ахъшэкIэ екудэ.

## РИРЭ И ЧЭНДЖЭЩ

«Матэ щIэдзауэ упсэуну
Ухуейуэ щытмэ, — жеIэр Рирэ, —
УкъимыкIуэту дежьууф
Зи гупкIэ уисым и «уэрирэм».

## ЛЭГЪУПЭЖЬУ ЛЭЖЬА ХЪУПЫМ

ИIащ ныбжьэгъу куэдыщэ Хъупым,
Лы хэлъу лэпс итыхукIэ и лэгъупым.

## ДЭЛЭЛ ТIУРЭ

«Къызэт закъуи ахъшэ куэду, —
ЖеIэр дэлэл ТIурэ, —
ЩIэзгъэхуэнщ а уи гуэгушри
Сэ аспирантурэм».

## ТIУРЭ И ПЭЖ

«Къулыкъушхуэ къызатынут
Сэри, — жеIэр ТIурэ, —
Сыхэтау щытамэ япэм партноменклатурэм».

## БЕРДРЭ БИБЕРДРЭ

Къыхуеижкъым зыцкIэ
И ныбжьэгъур Берд:
«Мерседес» дыгъуасэ
Къищэхуащ Биберд.

## ДАХЭУЭС ФЫГЪУЭНЭДЫМ

Езым нэхърэ фIэнэхъ хужьыщи
КъесагъащIэ уэсыр,
Сабэ къищтэурэ трепхъэ
Уэсым Дахэуэсым.

## ИНАЛ И НАЛ

Нарт Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейм
ЩIэлъынкIэ хъуну щыта налым
Тритхыхьащ и диссертацэр
Аспирантурэр къэзыух Иналым.

# ЛЪЭХЪЭНЭМ И СУРЭТ



Литературэдж-щIэныгъэлIхэм гу лъатэ XX лIэщIыгъуэм и кIэухым къигъэщIа поэзием цIыхубэ зэхэтыкIэм ехьэлIа гукъэкIыр хэпщIыкIыу зэрыщыкIуэщIым. «ЦIыхубэм къулыкъу яхуэщIэным епха гупсысэхэр токIуэтри, дахагъ, теплъэ гъуэзэджэ къэгъэщIыным лъыхъуэныр нэхъ щхьэпэу къоув». Цензурэр зэрыщымыIэжым, щхьэж и Iуэху еплъыкIэ иIэжыну хуитыныгъэ зэрагъуэтам куэдкIэ зрегъэхъуэж усакIуэм и гупсысэкIэми. УсакIуэ-бегъымбарым и щэныр, гукъинэжу урыс литературэм къыщыунэхуар, адыгэ поэзиеми куэдкIэ екIуалIэу жыпIэ хъунущ. Ар къуэпс быдэкIэ пыщIащ усакIуэ-джэгуакIуэхэм. Нобэрей гъащIэм жьабзэмрэ жьэ нахуэмрэ я мыхьэнэр куэдкIэ нэхъ фагъуэу къыуегъэлъагъу, уеблэмэ языныкъуэхэм деж мыгурыIуэгъуафIэ дыдэу къыпщигъэхъуу. Апхуэдэ щытыкIэм наIуэу къыхощхьэхукI Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэр. ЦIыхубэм яхуэгъэза гупсысэм мыбдеж увыпIэшхуэ щеубыд. Абы теухуауэ Бещтокъуэ Хь. и псалъэхэр къэпхь хъунущ: «А «гражданственностыр» – цIыхубэм, къэралым я Iуэху зытетым уи гур хуэмыгъуэу, ар уи творчествэм къыпкърыщу усэ птхыныр – икъукIэ гугъущ. Абы щыгъуэми, политикэмкIэ, риторикэ жыхуаIэмкIэ уримыхьэкIыу». Пэжщ, нобэрей гъащIэм хэлъ гугъуехьхэм щытепсэлъыхькIэ, Анатолэ риторикэми зыдригъэхьэхыркъым, и усэбзэ макъми егъэлеяуэ зригъэIэтыркъым. Абы и щхьэусыгъуэр, дэ дызэреплъымкIэ, мыращ: усакIуэм и псалъэр япэу зыхуэгъэзар цIыхугъэрщ, ди гъащIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр къэзышэ дуней зэхэлъыкIэ пхэнжхэрщ: *Уи хабзэ пхэнжхэм щIэмычэу / СыкъагъэуIэбжь, дунеижь. («Удз дахэр мысэм IэщIолъхъэ...»)* А дуней зытепсэлъыхьым и хабзэхэм ящыщщ гуфIэгъуэм и кIэщIагъыр, я нэхъыбэм ар нэпцIуи къызэрыщIэкIыр; абы щыгъуэми гухэщIыр пIалъэ кIыхькIэ къызэрызэтеувыIэр, насып къыпхуэкIуам уасэшхуэ щIэптыжын хуей зэрыхъур, хьэрэмыгъэншэм лей зэрытехьэр, нэмысыншагъэмрэ пцIымрэ тыншу гъуэгу зэрагъуэтыр, «хейм и фащэр мысэм зэрыщитIагъэр».

ЗэхъуэкIыныгъэм и Iэужь псэукIэщIэм бэр IэнатIэ гугъу зэрыIуигъэувар, игъащIэ лъандэрэ цIыхум къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр къазэрыфIэмыIуэхужыр, псэм и къулеигъэмрэ мылъкумрэ я зэхущытыкIэр, нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, ар зыгъэпIейтейр, зыгъэгуфIэр, зыгъэгузавэр – ахэращ Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбапIэр зытеухуар. Апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэми, ахэр къызэриIуатэ образхэми нэщхъеифэ къытрагъауэ Анатолэ и усыгъэм. «Сыхуейт сэ зэхэслъхьэну Iэджэ щIауэ...», «Ди кхъухьыр», «Си лъэпкъэгъухэм я деж», «Фадафэ», «Махуэ къэсыхункIэ – нэкIу фэрыщI...», «ГъащIэ-мафIэгужь» усэхэм къагъэлъагъуэ цIыхупсэм егъэлеяуэ лей къытезыгъэхьэ иджырей псэукIэм и теплъэхэр. УсакIуэм а псоми зэдай фIэщыгъэцIэу яритыр «дунеижь и хабзэхэрщ». Гу лъытапхъэщ, Анатолэ дунейм и зэхэлъыкIэр къэзыIуатэ образхэм, суффикс – **жьы** зэрыпигъэувэрейм: *«Зэману зэманыжь ябгэм / Ди гущIэр къызэпеуд»;*



7 Заказ №370

*«Шэрхъ гудзэншэу дунеижь абрагъуэр»; «ГъащIэ-мафIэгужьым гужьу дызэредзэ»*. Ар гупсысэ пыухыкIахэм я нагъыщэу плъытэ хъунущ. Зы лъэныкъуэкIэ, усакIуэм быдэу къыгуроIуэ мы гъащIэм щекIуэкI хабзэхэр ныбжькIэ езы дунейм къызэрыкIэрымыхущэр. Апхуэдэу а Iэмалым дигу къегъэкIыж ижь зэманым пыщIэныгъэ зэрыхудиIэри: *«Дунеижьыр щымыджэмыпцIэу, щIылъэ щхъуантIэр щызэпцIагъащIэм»*. Псом хуэмыдэу а гупсысэхэм нэрылъагъуу зыщаубгъу «Дунеижь» усэм. Сатыр къэс къыкIэлъыкIуэ рефреным – «Уей, дунеижь» – пасэрей адыгэ пшыналъэр уигу къимыгъэкIыжынкIэ Iэмал иIэкъым:

*Е-щхъэзыфIэфIыр зи жьантIэдэсу,*
*Уей, дунеижь!*
*ЩIыхугъэ нэсыр зи бжэкъуагъкъуэту,*
*Уей, дунеижь!*
*АкъылыфIагъэр зыфIэделагъэу,*
*Уей, дунеижь!*
*ФэжьIужь делагъэр зыхуэхъужауэ,*
*Уей, дунеижь!*

Ауэ **жьы**-м мыбдеж къыщигъэлъагъуэр дунейм ныбжьышхуэ зэриIэм и закъуэкъым, атIэ абы и хабзэхэр гум зэримыдэр, зэрижагъуэр наIуэ къытщещI. Апхуэдэ къабзэу усэхэм языхэзым фIэщыгъэцIэ хуэхъуа «гъащIэ-мафIэгужь» образым зыщIишауэ жыпIэ хъунущ усакIуэм щыпсэуну къыхуиуха зэманым и хьэлыр. Мыбдеж занщIэу гу лъыботэ КIыщокъуэ Алим и «МылIэжыныгъэм и мафIэгур» уигу къэзыгъэкIыж зэпэджэжым:

*ГъущI гъуэгуу тIуащIэр къигъэпсалъэу,*
*МакIуэр, макIуэр мафIэгу псынщIэр,*
*МылIэжыныр зэдипIалъэу.*

Мыбдежым мафIэгур щхьэмыгъазэу кIуэ зэманми цIыху гъащIэми я дамыгъэщ. Ар хъуэпсапIэ, лъагапIэ нэху гуэрым хуэкIуэ къарущ. КIыщокъуэм къыщхьэщыкIыу, Мыкъуэжьым и мафIэгум и теплъэр къызэрыгуэкI дыдэщ – ар гужьым ирегъэщхь. КIыщокъуэм и усэм къыщыгъэлъэгъуа мафIэгум гъущI гъуэгур къигъэпсалъэмэ, Мыкъуэжьым ейм макъ жагъуэр егъэIу, гущIэр зэрегъэшх:

*ГъащIэ-мафIэгужьым, гужьу, дызэредзэ,*
*ГъащIэ-мафIэгужьым гущIэр зэрегъэшх,*
*ТфIэфI-тфIэмыфI жыхуэпIэр щайуэ къримыдзэу,*
*ЩхьэрыутIыпщу макIуэ, пхэнжурэ егъэш.*

Апхуэдэ зэгъэпщэныгъэм IупщI дыдэу къегъэлъагъуэ зэпэмыжыжьэ лъэхъэнитIым я щэн зэхуэмыдэхэр: зым мурад, гъуэгу хэха иIэмэ, адрейм здэжэри щIэжэри ищIэжыркъым, гугъэ пыухыкIаи иIэкъым, исхэри зыкIи къыфIэIуэхукъым. ГъащIэм и теплъэ зэмылIэужьыгъуэхэри, цIыхухэм ягъэнэхъапэхэр зэрызэмыщхьри («шей зылъысым, шей зэIещIэ», «хэт щхьэгъубжэм Iутщ, хэт домином дехьэх», «хэт щхьэукъуэу дэсщ плIанэпэм», хэти мэдыхьэшхыр, фадэм и гур жан ищIауэ») хабзэр зезыгъакIуэ къарум и нэIэм щIэту къегъэлъагъуэ КIыщокъуэм:

*А мафIэгум имысыпхъэ*
*Есу пIэрэ, жиIэу, месыр,*
*Контролерыр псынщIэу къосыр,*
*Гъуэгу тхылъ зиIэр зригъащIэу.*

Мыкъуэжьым и усэм а Iуэхугъуэр кIэщIу икIи пыухыкIауэ щокIуэкI – хабзэншагъэр мыбдежым хабзэ нэхъыщхьэ щыхъуащ:

*ГъащIэ-мафIэгужьым псэр щызэхаутэ,*
*Елъытауэ мылъкум, щащIыр зэхэгъэж.*
*НэхъыфIати, жыпIэу, сыкъимытIысхъатэм,*
*ГъащIэ-мафIэгужьым уигу зрегъэбгъэж.*

Апхуэдэ гъащIэм, дауи, кIыфIыгъэр щытепщэщ, ауэ апхуэдэ щытыкIэми гугъэр щыфIэкIуэдыркъым усакIуэм – мащIэ дыдэ фIэкIа мыхъуми, нэху къыдидзын хуэдэу, бжэр дамэдазэу къегъанэ. Бещтокъуэ Хь. зэрыжиIащи, «Гугъэм, хъуэпсапIэм я закъуэкъым усакIуэм и тхыгъэм къыхэтэджыкI лирическэ лIыхъужьым и псэм и щIэгъэкъуэныр. Абы и дежкIэ щIэгъэкъуэнышхуэщ лъагъуныгъэ къабзэр, пэжыр». Апхуэдэу щытми, Мыкъуэжьым и лирикэм тепщэ щыхъуа дуней ткIийм ерыщу пэщIэт къару нэхъыщхьэр езы лирикэ лIыхъужьым и щэн быдэрщ, и зыIыгъыкIэращ. ЖиIэм шэч лъэпкъ къытрыуигъэхьэкъым усакIуэм, гъащIэм зэреплъ щIыкIэм хэлъ захуагъэр апхуэдизу наIуэщи. НехьэкI-къехьэкI хэмылъу, къытригъазэурэ жеIэ дунейм и хабзэжьхэм зэрыхуэмыарэзыр, ауэ абы и гугъу зэрищIыр сытым дежи а и хьэл зэпIэзэрытым итущ: шынагъэ лъэпкъ къыхэмыщу, губжьауэ мыхъущIэу, и макъми зримыгъэIэту:



*Си хужьыр фIыцIэу жыбоIэ,*
*Си фIыцIэм фIыбощыр хужь.*
*Уэ дэрэ дыздемыкIуну*
*Иухагъэнщ, дунеижь.*

Мыкъуэжь Анатолэ и лирикэ лIыхъужьым дэплъагъу хьэл-щэн быдэм зыгуэркIэ уигу къегъэкIыж КIыщокъуэ Алим и творчествэр. АбыкIэ жытIэну дызыхуейр Мыкъуэжьым и усэхэм хэт лирикэ лIыхъужьым и гурыщIэм и зыужьыкIэм нэхъ пасэу адыгэ поэзием щыува хабзэхэм къызэрыпащэрщ. Ауэ а зи гугъу тщIы гурыщIэ къэгъэлъэгъуэкIэри КIыщокъуэм и лирикэри щIыпIэ нэщIым къитэджыкIыркъым. Абыхэм дунейпсо щэнхабзэм усакIуэм лъигъэс гупсысэхэм щыщ Iэджэ зыщIашащ. Ижь-ижьыж лъандэрэ поэзием къигъэщI дунейм усакIуэр пэжым и телъхьэу, абы и лъыхъуакIуэу къегъэлъагъуэ. Абы щхьэкIэ сыт хуэдэ хьэзабри ишэчыну хьэзырщ ар. Аращи, усакIуэр захуагъэм псэемыблэжу щIобэн, и гурыщIэри псом япэу зыхуэгъэзар цIыхурщ. КIыщокъуэм «СоIэтыр усэр сэ Iэщэу» и сатыр цIэрыIуэм поджэж Мыкъуэжьым и «Згъэбзэнущ усэр маисэу» псалъэхэр: *«Гуауэр, гуапэр, фи мурадыр – / Ар дапщэщи IэгукIэ сохь»* (КIыщокъуэ А.); *«ЦIыху мелуанхэм я гуауэр згъэвыну къысхуиухащ».* (Мыкъуэжь А.) ЦIыхухэм ятелъ бэлыхьым щыщ гуэр трихын папщIэ, щхьэузыхь яхуэхъуну хьэзырщ усакIуэр. КIыщокъуэм:

*Жьэгум дэлъ мафIэр мыункIыфIу,*
*Си гъащIэр есыр, дэп имыщIу,*

*ЩIымахуэм щыщу е гъэмахуэу*
*Къэнэнкъым махуэ имылыпщIу.*

Мыкъуэжьым:

*Езыр зыс мафIэм цIыхухэр игъэхуабэм,*
*Ибжынущ къехъулIауэ и хъуэпсапIэр.*
*УсакIуэр делэгъуафIэщ икIи Iущщ,*
*УсакIуэм и гур щIым и щыблэIушщ.*

КIыщокъуэ Алим и лирикэм усакIуэ къалэныр мылIэжыныгъэм хущIэкъуным быдэу пыщIащ, абы и нэкIэщ «лъэхъэнэр зэрыплъэр», абы и вагъуэращ имыжынур. А гупсысэм щыщ гуэрхэри Мыкъуэжьым и лирикэми къыхощ, ауэ зэщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр мылIэжыныгъэм «и нэфI» зыщигъэхуэну ар зэрыхэмытырщ. Лъэхъэнэм и макъымкIэ псэлъэныр и щхьэм хуимыхьми, лъэхъэнитIыр зэрызэпищIэр кууэ зыхещIэ:

*Сэ зэманыжьым срикIэухщ,*
*Сэ зэманыщIэм срищIэдзапIэщ.*
*Сэ лIэщIыгъуитIым сралъэмыжщ,*
*Сэращ къэкIуэнум и кхъухь тедзапIэр.*
**(«Сэ зэманыжьым срикIэухщ...»)**



Мыбдежми гу щылъытапхъэщ усакIуэм и макъыр сытым щыгъуи хуэдэу зэпIэзэрыту къызэрынэм. Апхуэдэ дыдэущ ухыгъэм (ажалым) епха гупсысэми Анатолэ и лирикэм зэрызыщиужьыр («СымыщIэххэу, сэри махуэ гуэрым...», «Ажал ябгэм джакIуэ къызэрищIу...» усэхэр). ЛIэныгъэм и пащхьэм къыщихутэм дежи, гъащIэм «и пащхьэм» щитам хуэдабзэу, бэлыхьу хъуам текIуэну щыIэ къарур лIыгъэрщ, щэн быдэрщ. Ухыгъэм ехьэлIа гупсысэхэр усакIуэхэм я творчествэм увыпIэ хэха щызыубыд темэщ. Ар философие Iуэху еплъыкIэр нэхъ зыпкърышыпсэхэм ящыщ зыщ, ди лирикэми нэхъыбэу абы зыкъызэрыщигъэлъагъуэр а еплъыкIэм бгъэдэмыкIыщэурэщ. Псэ зыIут гуэрым и теплъэм ит хуэдэу ажалыр къыщыхэгъэщхьэхукIа щапхъэхэм закъуэтIакъуэрэщ узэрыщрихьэлIэр лъэпкъ усыгъэм. Арагъэнщ абы занщIэу гу щIылъыптэри. Апхуэдэ теплъэхэр зэбгъапщэу ухуежьэмэ, лIэщIыгъуэ зэпэблагъэхэм я щэнхэм зэрызахъуэж хабзэ гуэрхэр къыхэплъагъукIыфынущ. Къапщтэмэ, Мыкъуэжь Анатолэрэ КIыщокъуэ Алимрэ я IэдакъэщIэкI зи гугъу тщIахэм хэпщIыкIыу къыхэгъэбелджылыкIащ зы лIэщIыгъуэм кърипубыдэ псэукIэм зэрызиужь щIыкIэри, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу къигъэувхэри.

**КЪЭЖЭР Иннэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# АДЫГЭ ПСОРИ ЗЭПЕЩIЭ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м Анкара щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Краснодар, Ставрополь крайхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр.

Къызэхуэсахэр Анкара дэт КАФФЕД-м и унэм щрагъэблэгъащ япэ махуэм икIи зыкъом щIауэ зэрымылъэгъуа зэлъэпкъэгъухэм фIэхъус гуапэ зэрахащ, абдеж хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ щызэдэуэршэращ, Анкара зэрыщылэжьэну программэр яубзыхуащ, зи гугъу ящIыну Iуэхугъуэхэр ягъэнэхуащ. Адыгэм и нэхъыбэ дыдэр щыпсэу къэралым, ди лъэпкъэгъу мелуани 7-м щIигъу зэрыс хэгъэгум ущызэрылъагъуныммрэ ущызэдэпсэлъэнымрэ куэд и уасэт. Ар я нэгу кърихырт къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ.

Анкара щылажьэ КАФФЕД-м и унэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэщIащ. Абы цIыкIухэр щрагъаджэ, къэфэным щыхуагъасэ, адыгэ хьэпшыпхэр щащэ тыкуэн, шхапIэ, хьэщIэ къегъэблэгъапIэ иIэщ. Адыгэ жьэгу, хьэщIэщ хуэдэу ди лъэпкъэгъухэм яIэ унэщ ар, лъэпкъ шхынхэр щапщэфIрэ адыгэ хабзэр щызэрахьэу.

Илъэси 150-м щIигъуауэ хамэ хэку щыпсэу шэрджэсхэм адыгагъэ зэрахэлъыр, я анэдэлъхубзэр зэрагъэшэрыуэр, къыдэкIуэтей щIэблэр лъэпкъым хуэфащэу зэрагъасэр, а псоми гурэ псэкIэ зэрытелажьэр щытлъэгъуащ КАФФЕД-м и унэм. Апхуэдэуи пэш Iэхуитлъэхуитхэр зиIэ унэ къекIу щIэуэ зэращIар дагъэлъэгъуащ, ибгъухэмкIэ «Гупсэрэ» «Си псэрэ» зи цIэ шхапIэхэр иIэу.





**Хасащхьэм хэтхэр Ататюрк и мавзолейм и пщIантIэм дэтщ.**

Хасащхьэм хэтхэр зэхыхьэм ипэ къихуэ махуэм щыIащ Тырку Республикэм и къызэгъэпэщакIуэ, абы и япэ президент Мустафа Кемаль (Ататюрк) и мавзолейм икIи протоколым тету, ДАХ-м и тхьэ-

мадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ КАФФЕД-м и унафэщI Хьэгъундокъуэ Яшаррэ удз гъэгъа Iэрамэр тралъхьащ Ататюрк и кхъащхьэм. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий мавзолейм хьэщIэ хэхахэм папщIэ щIэлъ тхылъым и гупсысэ иритхащ, и Iэри щIидзыжащ.

«Аныткабир» мавзолейм апхуэдэ IуэхукIэ ирагъэблагъэр къэрал лIыщхьэхэмрэ махуэшхуэ пыухыкIахэм хэтхэмрэщ. Тыркум ис лъэпкъхэм бжыгъэкIэ ещанэу къалъытэ адыгэхэми пщIэшхуэ къыхуащIащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI лIыкIуэ гупым апхуэдэ Iэмал къратри. Гупым музейм зыщаплъыхьащ, Ататюрк езым къигъэсэбэпа хьэпшыпхэр, къыхуащIа тыгъэхэр, и гъащIэр къызэрекIуэкIам, и унагъуэ сурэтхэм, нэгъуэщI куэдми къахутепсэлъыхьащ.



КАФФЕД-м и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Хьэткъуэ Аслъэн.

НэхъыжьыфI зимыIэм нэхъыщIэфI иIэкъым жыхуаIэрати, нобэрей Хасащхьэм и унафэщIхэр пщIэ хуащIу и унагъуэ ихьащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэр къызэзыгъэпэщахэм яхэта, илъэс куэдкIэ абы и тхьэмадэу лэжьа, хэхэс адыгэхэм я Iуэху дэгъэкIыным, хамэхэм яхэмыкIуэдэжыным зи гъащIэ псор тезыухуа Хьэткъуэ (Ары) Аслъэн. Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ Аслъэн иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ куум и хъыбарыр хэхэсхэми хэкурысхэми зэращIэр, и цIэр фIыкIэ къызэрыраIуэр, и гуащIэр куэдым щапхъэ зэрахуэхъур. НэхъыжьыфIым къилэжьа пщIэм пэкIуэу, ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Хьэткъуэ Аслъэн хуигъэфэщащ Сэхъурокъуэм.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр щыпсэу щIыналъэм езыгъэблэгъа КАФФЕД-м и унафэщIхэр зэчэнджэщри, зэIущIэшхуэр Анкара пэмыжыжьэу щыт Нарт-къалэ адыгэ жылэм щрагъэкIуэкIыну трауххуащ. Зэхуэсым щызэпсалъэу зэбгъэдэкIыж къудей мыхъуу, унагъуэхэм исыныр, зэкъуэшхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэхъуныр нэхъ къащтэу, жылэ цIыкIум дагъэтIысхьащ хьэщIэхэр.

Нарт-къалэ зыхуэдэ щымыIэ жылэщ, сыту жыпIэмэ, мыбы дэсыр адыгэ унагъуэ защIэщ. Я бзэ, я хабзэ, я тхыдэ зэрахъумэжын Iэмалу къагупсыса хэкIыпIэщ мыр – зэлъэпкъэгъухэр зэрыугъуейри, я мылъку зэхалъхьэри, унэ зэщхьхэр ирагъэщIащ. Хэкужьым ит адыгэ къуажэ дыдэм хуэдэу зэхэсщ мыхэр, адыгэ ерыскъыхэр ягъэхьэзыр, лъэпкъ макъамэхэр къыщоуэ, уеблэмэ унэ кIуэцIхэр адыгэ хьэпшыпхэмкIэ гъэщIэрэщIащ.

Жылэдэсхэм я гуапагъымрэ псэ хуабагъымрэ къызэрыбгъэлъэгъуэжын псалъэ гъуэтыгъуейщ, дэтхэнэри хьэщIэм щыгуфIыкIрэ зэригъафIэр фIэмащIэу елIалIэрт. Гъунэгъухэм адыгэ шхыныгъуэ-

хэр яIыгъыу пщэдджыжьышхэм, пщыхьэщхьэшхэм ирихьэлIэу къекIуэкIырт, я бзэкIэ зэпсалъэрэ хэкужьым къикIахэм зыщамыгъэнщIу зэхэст.

Лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэжын папщIэ ящIа жылэ цIыкIум куэбжэ хэлъщ, и цIэр ину тетхащ, абы и лъабжьэм кIэщIэтщ «1864 гъэм зи хэку къэрахуа адыгэхэм я бзэр, я хабзэр, щэнхабзэр яхъумэжын папщIэ яухуа жылэщ» жиIэу. Илъэсищ къудей хъууэ аращ мы Нарт-къалэр зэраухуэрэ, итIани адыгагъэм и IэфIагъыр щызыхэпщIэу ди лъэпкъэгъу унагъуэ 90-р щызэхэсщ – зылI и быну зэрыIыгърэ адыгэ жьэгур ягъаблэу.



**Хасащхьэм и зэIущIэр йокIуэкI.**

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым Хасащхьэм и зэIущIэм щIидзащ. Хасащхьэм хэтхэм нэмыщI, абы кърихьэлIат КАФФЕД-м хыхьэ хасэ къудамэхэм я тхьэмадэу къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэри. ЗэIущIэм Iуэхугъуи 10-м щIигъум щыхэплъащ.

Абы увыпIэ нэхъыщхьэ щызыубыдар блэкIа пIалъэм ГъэзэщIакIуэ гупым бзэм теухуауэ зэфIигъэкIахэмрэ иджыблагъэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат гупым лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ къыхалъхьа законопроектымрэщ. Курыт еджапIэхэм щIэсхэм я анэдэлъхубзэхэр езыхэм я фIэфIыныгъэм тещIыхьауэ фIэкIа ямыджми хъуну къызыхэщ законым и проектым куэд игъэпIейтеящ, абы иригузэващ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри.

ДАХ-м и комитетым и унафэщI **Щоджэн Iэминат** и къэпсэлъэныгъэр къызэрыщIидзар ГъэзэщIакIуэ гупым и зэIущIэ блэкIа лъандэрэ екIуэкIа пIалъэм бзэм теухуауэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэрщ. Адыгэ тхыбзэр зы щIыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къищта Унафэр Адыгейм еймы къыдиIыгъыну АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат зэрызыхуагъэзар жиIащ Iэминат, икIи абы адэкIэ

унафэ гуэр трищIыхьыну зэрыщыгугъыр къыхигъэщащ. «Дунейпсо Адыгэ Хасэм и архив къызэгъэпэщыным иужь дихьауэ жыпIэ хъунущ, дэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ ди лэжьэгъухэм захуэдгъэзащ адыгэм теухуауэ дэнэ сыт къыщыдэкIами зэхуахьэсу къытхурагъэхьыну».

Iэминат зи гугъу ищIахэм къыпищэу, **Табыщ Мурат** къыщыпсалъэм жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызекIуэ адыгэбзэмрэ Адыгэ Республикэм щызекIуэ адыгэбзэмрэ макъ зэщхьу хэтыр тхыбзэ зэтехуэм игъэзэгъэным теухуа лэжьыгъэри зэрекIуэкIыр, ар къайхъулIэмэ, адыгэбзэми адэкIэ нэхъ зиужьыну къызэрилъытэр.



**Хасэ тхьэмадэхэу** *(сэмэгумкIэ къыщегъэжьауэ):* **ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан (АР), Хьэгъундокъуэ Яшар (КАФФЕД), Сэхъурокъуэ Хьэутий (ДАХ), Аслъэн Алий (КъШР), ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (КъБР).**

– Мыбы теухуа еплъыкIэр адыгейхэм къыддаIыгъ хуэдэу, ауэ унафэ трамыщIыхьурэ екIуэкIащи, дяпэкIэ Iуэхур нэхъ кIуэтэну къытщохъу. Сыту жыпIэмэ, КъумпIылым зэрызыхуэдгъэза тхылъым кърикIуащ, Iэтащхьэм АР-м и щIэныгъэ институтым зэIущIэ къыщызэрагъэпэщу Iуэхум теухуа гупсысэ пыухыкIа къащтэну къалэн зэращищIар.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** ДАХ-м и архивым теухуауэ къыхигъэщащ адыгэхэм ятеухуауэ дэнэ сыт хуэдэ тхылъ къыщыдэкIари, тхыгъэхэри дуней псом щикъухьа шэрджэсхэм къахэкIа цIыху цIэрыIуэхэм я сурэти, Iэрытхи, нэгъуэщIхэуи мин бжыгъэ илъэс 50-м щIигъуауэ зэрызэхуихьэсар, ахэр щIэх-щIэхыурэ зэригъэлъагъуэр, зы музей къызэIуахыу и хьэпшыпхэр, гъэтIылъыгъэхэр щIалъхьэну зэрыщIэлъэIуар. Абы ипкъ иткIэ, нэхъыщIэхэм ХьэфIыцIэм чэнджэщ яритащ, етIуанэ лэжьыгъэ ямыщIэу, а щыIэр зыхуей хуагъэзэну.

– Зы тхыбзэм тет анэдэлъхубзэм ди Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынш зэрищIынур къыхэзгъэщыну сыхуейщ, – жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. – Мыр къызэдгъэпэщыфамэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэ-

нут, абы гугъу иригъэхьынутэкъым дэнэ щыпсэу ди къуэшри. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, зы тхыбзэм ди лъэпкъыр нэхъри зыпищIэжынущ, зэрипхыжынущ, зэгуригъэIуэнущ, къару нэхъыби къытхилъхьэнущ. Гугъущ мы Iуэхур, ауэ ткIийуэ иужь уихьэмэ, пхузэфIэмыкIын хэлъкъым.

**Щоджэн Iумит:**

– Тыркум зы псэлъафэ яIэщ: зы лIы гуэр унащхьэм къехуэхати, зым «дохутыр фыкъыхуеджэ», зым «псы къыхуэфхь», адрейм нэгъуэщI зыгуэр жиIэу щхьэщытти, лIыр къэпсалъэри: «кхъыIэ, унащхьэм къехуэха зыгуэр фыкъысхуеджэ», – жиIащ жи. ПIалъэ зыщIэ, хэкIыпIэ зыщIэ къилъыхъуэу арат, и Iуэху зэрыхъунур къищIэну. АбыкIэ жысIэну сызыхуейр мыращ: дэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр, хэкурысхэр нобэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэм тепщIыхьмэ, фи япэ жыгым дыкъехуэхащ. Хэхэс гъащIэр ди натIэ хъури, ди бзэр тIэщIачащ, ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр тхуэхъумэжкъым, нобэ ди сабийхэр пщIым нэс бжэфмэ, я цIэр адыгэбзэкIэ жаIэфмэ, абы дыщогуфIыкIри дызэхэсщ. Мис абы Iуэхур нэмысын папщIэ, дэнэ щыпсэу адыгэри дызэкъуэвгъэуви ди бзэр дывгъэхъумэ.

**Думэн Iумит** къыхигъэщащ хэкурысхэр зы мэскъалкIэ къикIуэт зэрымыхъунур, УФ-м ис лъэпкъ цIыкIухэр я бзэр зэрахъумэжыным Iэмал имыIэу иужь итын зэрыхуейр. «Бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэнукъым, фэ жэуаплыныгъэшхуэ фи пщэ къыдохуэ ди анэдэлъхубзэр тхъумэжынымкIэ. Дэ мелуан бжыгъэкIэ Тыркум дис щхьэкIэ, ди къарур мащIэщ, дэ плъапIэу диIэр фэращ, нобэ ди бзэкIэ дыпсэлъэнымкIэ, ди хабзэ зетхьэнымкIэ къару тхуэхъур фэращ», – жиIащ Думэным.

**Хьэгъундокъуэ Яшар:**

– Дунейм зы къэралыгъуи тету къыщIэкIынкъым, и бзэм зримыгъэужьу, ипэ иримыгъэщу. Дэ дызэрыс къэралри аращ, тыркубзэ фIэкIа дунейм тригъэтынтэкъым. Урысейми урысыбзэращ япэ ирагъэщыр, шэч хэмылъу. Дэ а псом ди Iуэху хэлъкъым, дэ ди къалэныр адыгэбзэр зэрытхъумэн Iэмалхэр къэгъуэтынырщ. Адыгэбзэр къэралыбзэу къыщалъытэ щIыналъэхэр дыщиIэкIэ, зы сабии и бзэр зримыпэсыжу е зримыгъащIэу исын хуейкъым абы, лIыгъэкIэ еджэн хуейщ сабийр и анэдэлъхубзэм. Ар Iэпэдэгъэлэл тщIырэ щхьэж зэрыхуейуэ дэувэмэ, ди Iуэху къикIынкъым.

Бзэмрэ хабзэмрэ дывгъэхъумэ, маржэ хъужыхэн. ЦIыху мелуаниблым нобэ бзэр ящыгъупщэмэ, адыгэжкъым, дэ дыхуэныкъуэщ адыгэбзэр езыгъэджыфын IэщIагъэ, щIэныгъэ зиIэ цIыхухэм, ди сабийхэр едгъэджэн хуейщ. Бзэр тIурымылъмэ, абыкIэ хэкур къыддэмыIэпыкъумэ, егъэджакIуэрэ зэредгъэджэн тхылъкIэ хэкум зыкъытщIимыгъакъуэмэ, дыхэкIуэдэжынущ, ди къару къихьынукъым зытхъумэжыну, ди щIэблэм адыгэбзэ яIурылъу къэдгъэхъуну.

**Бырс Реджаи** тепсэлъыхьащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэ сабийхэр хэкужьым зэрыщыIэ пIалъэр къызэгъэпэща зэрыхъум. «Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, – пищащ Бырсым. – Иджыри къыздэсым ахэр санаторэхэм щIагъэс, хэкужьым и щIыпIэ нэхъ дахэхэм яшэ, я нэгу зрагъэужь, ягъафIэ. Ар хъарзынэщ. Ауэ абы нэдгъакIуэхэр адыгэ къуажэхэм дэсмэ, адыгэ унагъуэхэм ятевгуашэрэ а махуэ бжыгъэм яхэвгъэсмэ, куэдкIэ нэхъ сэбэпынагъ къыпэкIуэну къыдолъытэ. Дэ ды-

къапщтэмэ, курыт ныбжьым итхэм бзэр нэхъ шэрыуэу щIытIурылъыр Узун-Ййла ит къуажэхэм дыкъызэрыщыхъуарщ. Къуажэрат ди анэдэлъхубзэр къыщыIур, адыгэбзэкIэ дыщызэгурыIуэр.

Хэкум нэдгъакIуэ сабийхэри, къатемыхьэлъэну щытмэ, ныбжьыщIэ зэрыс унагъуэхэм ятевгуэшамэ, зэныбжьэгъу цIыкIухэр адыгэбзэкIэ зэдэуэршэру, зэдэджэгуу зэхэсамэ, бзэр нэхъ зрагъэщIауэ, адыгэ гъащIэм нэхъ дихьэхауэ, адыгэ къуажэхэр къацIыхуауэ къэкIуэжынт жыдоIэри, абыкIэ дыныволъэIу.

Сэхъурокъуэ Хьэутий диIыгъащ Реджаи жиIахэр, икIи гугъуехьыншэу апхуэдэ Iэмал къызэрызэрагъэпэщыфынур къыхигъэщащ, мы гъэмахуэм къэкIуэну цIыкIухэр унагъуэхэм ирагъэсыну унафэ зэрытращIыхьар жиIащ.

ХамэщI щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэр Урысейм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщеджэнум теухуауэ къыщыпсалъэм **Щоджэн Iумит** жиIащ Хэкужьым щеджэнымрэ нэгъуэщI къэралхэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтынымрэ зэрызэщхьэщыкIыр щIалэгъуалэм зэхагъэкIыфу егъэсэн зэрыхуейр. «Илъэси 150-рэ ипэкIэ дыкъызрахуа адэжь щIыналъэм ди бынхэр еджакIуэ щIэдгъэкIуэжым щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным нэмыщI, нэгъуэщI щхьэусыгъуи зэриIэр ди щIалэхэм яжетIэн хуейщ, а гупсысэр щIалэгъуалэм ябгъэдэтлъхьэным ДАХ-ри, абы хэт хасэ къудамэхэри елэжьын хуейщ. Абыхэм хэкум къыздрахын хуейр щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ я закъуэкъым, атIэ лъэпкъ зэхэщIыкIыр, адыгагъэр, адыгэбзэр шэрыуэу ящIэн, яхэлъын хуейщ. Мыбы къэкIуэжа нэужь, лъэпкъ хьэлыр яхэлъын, зи адыгагъэмрэ зи бзэмрэ зыхъумэжхэм яхэдбжэн щхьэкIэ», – жиIащ Iумит.



Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрыхъум теухуауэ къэпсэлъащ **Хьэгъундокъуэ Яшар.** Абы жиIащ КАФФЕД-м и конгрессыр илъэситIым зэ зэрызэхашэр, абы тхьэмадэмрэ щылэжьэнухэмрэ щIэуэ зэрыщыхахыр, зытетыну жыпхъэхэр зэраубзыхур.

– Иджыблагъэ зэхэта зэIущIэм къыщытщта программэм дытету долажьэ. Мы гъэр адыгэбзэм и илъэсу хэтхащи, иджыпсту гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIыр аращ, – жиIащ Яшар. – Хасэ псори къызэхэткIухьурэ адыгэбзэр ирагъэджынымкIэ яIэ Iэмалхэр къыдопщытэ, защIэдгъакъуэурэ я лэжьыгъэм тыдогъэгушхуэ. Къэралым къыдита хабзэм теухуауэ, сабий нэхъыбэ адыгэбзэм къызэретшэлIэным иужь дитщ. Фэ зэрыфщIэщи, Дюздҗэ университетым АдыгэбзэмкIэ факультет къыщызэIутхауэ мэлажьэ, абы нэгъабэ цIыху 15 къыщIэкIащ, ахэр хасэхэм щолажьэ. Къайсэр лъэныкъуэмкIи щыIэ университетым мы гъэм къащтэнущ бзэм, щэнхабзэм хурагъэджэн студентхэр.

Бзэр мащIэу ягъэшэрыуэу, ауэ тхэкIэрэ еджэкIэрэ ямыщIэу куэд дыдэ исщ Тыркум. Ахэр едгъэджэфамэ, куэд къыдэхъулIэнут. КъищынэмыщIауэ, гъэмахуэм сабийхэр хэкум ныдогъакIуэ, илъэситIщы хъуауэ абы сабийхэр къыдошри, зэрыдогъэцIыху, программэ пыухыкIам тету идогъэкIуэкI апхуэдэ зекIуэхэр. Гъэмахуэм Тыркум адыгэ щэнхабзэ фестивалхэм щыщIедзэри, артистхэр къыдогъэблагъэ, абы цIыхухэр зэхуешэс, адыгагъэр къеIэт, лъэпкъ зэхэщIыкIыр къегъэушыж.

**Щоджэн Iумит** тепсэлъыхьащ КАФФЕД-р, нэхъапэм КАФДЕР-у щытар, ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ зэрыдэлажьэм, икIи Тыркум ис адыгэхэм я нэхъыбэр къызэпха зэгухьэныгъэр сыт и пщэ къыдалъхьэми, Iэмал къызэрыхуигъуэткIэ, зэфIигъэкIыу къызэрыгъуэгурыкIуэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Сирием щыпсэу адыгэхэм я Iуэху зытетымрэ абы къикIыжу хэкужьым къэкIуэжа ди лъэпкъэгъухэр адэжь щIыналъэм щекIуэкI гъащIэм зэрыхэзагъэмрэ. Апхуэдэуи **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къытеувыIащ ДАХ-м и XII Конгрессыр къызэрызэрагъэпэщынум, зэрекIуэкIынум, Дунейпсо Адыгэ Хасэм хыхьэну хуей жылагъуэ зэгухьэныгъэщIэхэр зэрыщыIэр, абыхэми зэхуэсышхуэм унафэ зэрыщытращIыхьынур.



**Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэгъундокъуэ Яшар тыгъэ ирет.**



Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** Iуэхугъуэ зыбжанэ къыщыхилъхьащ зэхуэсым икIи IэIэткIэ ахэр даIыгъащ: Нарт эпосым и махуэ гъэувыныр; Къэнжал зауэр зэриухрэ 2018 гъэм илъэс 310-рэ зэрырикъур, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн къызэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъур, Темыркъан Юрэ мы илъэсым и кIэм илъэс 80 зэрыхъур гъэлъэпIэныр, Кавказым щыщ адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр тыркубзэкIэ къыдэгъэкIыныр.

ЗэIущIэм и кIэухым, абы кърихьэлIа хэхэс адыгэхэм я упщIэхэм жэуап иратащ Хасащхьэм хэтхэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

# ГУП ЗЭКЪУЭТЫМ И ПАШЭ



Ди республикэм и къалащхьэ Налшык дэт курыт школ №27-р езым хуэдэ ІуэхущІапІэ нэхъыфІхэм ящыщщ. Абы и унафэщІщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм илъэс 30-м нэблэгъауэ пэрыт Шэрий Мадинэ Аслъэнбий и пхъур. И къулыкъум зэрыпэрыувэрэ илъэси 2-м щІигъуауэ арами, куэдым я дежкІэ нэрылъагъущ ІуэхущІапІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ зэригъуэтар. Шэрийр хуэжыджэрщ сабийхэм я еджэныр нэсу къызэгъэпэщыным епха Іуэху псоми. ЩІэм и лъыхъуакІуэ унафэщІ щыпкъэр хущІокъу и пщэрылъхэр къызыхуэтыншэу зэригъэзэщІэным, Іуэхум щІэщыгъуэ гуэрхэр хилъхьэурэ, ар зэрыригъэфІэкІуэнуми йолІалІэ.

Зи сабиигъуэр Тэрч щІыналъэм щезыхьэкІа бзылъхугъэм Курп Ипщэ курыт школыр къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м и филологие къудамэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. Урысыбзэмрэ литературэмрэ сабийхэм яригъэджу, абы 1991 гъэм лэжьэн щыщІидзащ мы зэманым зи пашэ курыт школ №27-м. Зэрысабийрэ зэхъуапсэ егъэджакІуэ лэжьыгъэм занщІэу дихьэхащ Мадинэ икІи щІэхыу хэзэгъащ. ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэм щІэгъэкъуэн къыхуэхъуащ зыхэхуа гупым и унафэщІхэр, Іуэху зехьэкІэм и щэхухэм щыгъуазэ егъэджакІуэ нэхъыжьхэр. Шэриймрэ и гъэсэнхэмрэ зэгъусэу щІэныгъэм и лъагапІэхэм хущІэкъурт: Мадинэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хуэІэижь хъурт, еджакІуэ цІыкІухэри, я унэтІакІуэм и щапхъэм ирикІуэу, къапэщылъ къалэнхэр зэрагъэзэщІэным хущІэкъурт.

– А лъэхъэнэр сэ хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ егъэджэныгъэм и Іэмалхэм щыгъуазэ зысщІынымкІэ. КъыхэгъэщыпхъэщІ егъэджакІуэм бгъэдэлъ Іэзагъым хэгъэхъуэным гъунэ зэримыІэр, нэхъ тэмэму жыпІэмэ, абы щІэдзапІэ иІэщ, ауэ и кІэухыр плъагъуркъым. А нэщэнэр ІэщІагъэ куэдым я «натІэщ», ауэ щІэблэм я гупсысэр узэщІыным, абыхэм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэным, махуэ къэс зызыхъуэж гъащІэм хуэхьэзыру хэгъэхьэным хуэлажьэ егъэджакІуэм и дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, – жеІэ Мадинэ. – Іуэху зехьэкІэ дахэкІэ цІэрыІуэ мы еджапІэм щекІуэкІ хабзэхэр, ІэщІагъэлІхэм я къалэнхэм хуаІэ жэуаплыныгъэр занщІэу нэрылъагъу сщыхъуащ икІи абыхэм сазэрыдэхъуным сыпылъащ.

ФІыуэ илъагъу ІэнатІэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Мадинэ ІэнатІэщІэм есащ зэман кІэщІым къриубыдэу. Зи бзэр дахэ, зи щІэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екІу зыхэлъ егъэджакІуэ жыджэрым а псомкІи къыдихьэхащ иригъаджэ цІыкІухэр. Ма-

динэ гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуащ а лъэхъэнэм абы и унафэщIу щытахэр, егъэджакIуэ нэхъыжьхэр. ЕгъэджакIуэм къилъыхъуэрт лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакIуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хэплъыхьурэ, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпырт. ЕгъэджакIуэ-къэхутакIуэу, егъэджакIуэ-жэрдэмщIакIуэу, егъэджакIуэ-къызэгъэпэщакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Шэрийм бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм щыгъуазэ хъуащ егъэджэныгъэмкIэ къалэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэр. Ар ирагъэблагъэу хуежьащ департаментым къызэригъэпэщ къалэпсо зэхыхьэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкIуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Абы щыгъуэ Мадинэ иригъэкIуэкIыу щыта дерс зэIухахэм нэрылъагъу щыхъуащ егъэджакIуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр зыхуэдэр, абы ябгъэдилъхьэ щIэныгъэм и кууагъыр здынэсыр, нэхъыжьым нэхъыщIэхэр зыхуиущий гъэсэныгъэ мардэхэр. Абы и нэIэм щIэтхэр дапщэщи жыджэру хэтащ еджапIэм къыщызэрагъэпэщ Iуэху псоми, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэу. ЕгъэджакIуэм бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкIхэм къапэкIуащ зыхэт гупми, иригъаджэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми къабгъэдэкI пщIэрэ нэмысрэ. КъинэмыщIауэ, Шэрийм къыхуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым, министерствэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. 2010 гъэм абы къыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.



2013 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 3-кIэ Мадинэ къызыхуэтыншэу ирихьэкIащ еджапIэм и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ къалэныр. ЯпэщIыкIэ ар щыIащ Налшык дэт гимназие №13-м, иужькIэ, 2015 гъэм, курыт школ №27-м къагъэкIуэжащ. ЛэжьакIуэ гумызагъэр къыкIэлъыкIуэ илъэсым ягъэуващ а еджапIэм и унафэщIу.



Шэрийр зи зэфIэкIым, щIэныгъэм, бгъэдэлъ Iэзагъым хэзыгъахъуэ зэпыт, зи IэщIагъэр дапщэщи зи щIэщыгъуэ, абы темызашэ лэжьакIуэщ. И IэнатIэм зэрыпэрытым хуэдэурэ, абы

зригъэгъуэтащ егъэджэныгъэм и менеджмент ІэщІагъэри, щеджащ ЕгъэджэныгъэмкІэ Урысей академием егъэджэныгъэм зегъэужьынымкІэ и институтми, КъБР-м ІэщІагъэм щыхахъуэ и центрми. Мадинэ ящыщщ и къаруи и зэмани емыблэжу зи пщэрылъхэр зыгъэзащІэхэм, цІыхур фІым хуэущииныр, абы и акъылым зегъэужьыныр, щІэблэм гъэсэныгъэ екІурэ щІэныгъэ куурэ етыныр зи къалэн нэхъыщхьэу къэзылъытэ унафэщІ щыпкъэхэм. Пашэм доплъей школым и егъэджакІуэхэри гъэсакІуэхэри. Апхуэдэу школ унафэщІым сыт щыгъуи и дэІэпыкъуэгъущ и къуэдзэхэу, лэжьакІуэ пашэхэу Шортэн Маргаритэ, Апэнэс Риммэ, Дегтярёвэ Людмилэ, Лу Хьэнифэт, Тохаевэ Мэржан, Жэмыхъуэ Людмилэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

– «Уи быным щІэныгъэфІ игъуэтынымкІэ сыт нэхъыщхьэу къэплъытэр?» – упщІэр зэпт дэтхэнэ адэ-анэми, шэч хэмылъу, жиІэнур зыщ: «Мыхьэнэшхуэ иІэщ ар щІэныгъэ гъуэгум тезышэ и егъэджакІуэм». Ар пэжщ. Дэри дыхущІокъу ди школым и ІэщІагъэлІхэм жылагъуэм пщІэ лъагэ, лъытэныгъэ, нэмыс щаІэным. А псори къыщыпхуэхьынур уи ІэнатІэм хьэлэлу, жэуаплыныгъэр зыхэпщІэу упэрытмэщ, – жеІэ Шэриийм. – Ди деж щолажьэ егъэджакІуэ Іэзэхэр зи щапхъэ гуп узыншэ. ЕджапІэр ирогушхуэ «КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ», «УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и отличник», «КъБР-м и егъэджакІуэ нэхъыфІ», нэгъуэщІ цІэ лъапІэхэри зыхуагъэфэща, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я кандидат хъуа лэжьакІуэфІхэм. Абыхэм куэдкІэ я фІыщІэщ урысейпсо зэпеуэхэм, Егъэджэныгъэ лъэпкъ проектым мызэмытІэу дыкъызэрыщыхэжаныкІар, дызэрыщытекІуар. Ди егъэджакІуэхэм я гъэсэнхэри яхуэфэщэжщ: ди щІэблэр, щІэныгъэ куу къагъэлъагъуэу, дапщэщи хэтщ къалэпсо, республикэпсо, къэралпсо зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, конференцхэм. Апхуэдэуи ди еджакІуэ цІыкІухэр хьарзынэу полъэщ къызэрапщытэ лэжьыгъэхэми школым къызэрыщІэкІ экзаменхэми. Иужьрейуэ ята ЕГЭ-хэм, ОГЭ-м наІуэ къызэращІамкІэ, ныбжьыщІэ 11-м къэпщытэныгъэхэмкІэ къахьыфащ балл 91-м къыщыщІэдзауэ 100-м нэс, цІыху 20-м щІигъум я лэжьыгъэм балл 70-80 хуагъэфэщащ. Школыр къэзыуххэм я нэхъыбапІэм я щІэныгъэм щыпащэ ди щІыналъэм, хамэ щІыпІэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм.

Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ ІэкІуэлъакІуэ Шэриийм и жэрдэмкІэ ар зи пашэ школыр япыщІащ ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, щэнхабзэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэхэм, ветеранхэм я зэгухьэныгъэм, нэгъуэщІхэми. Абы хуэгъэпсащ «Социальнэ ехъулІэныгъэм и школ» фІэщыгъэр зиІэ, Инновацэ зыужьыныгъэмкІэ программэ хэхар. 2016 гъэ лъандэрэ ІуэхущІапІэр долажьэ «Русское слово», «ДРОФА-ВЕНТАНА» тхылъ тедзапІэхэм, «Российский учебник» зэгухьэныгъэм. Урысейм и тхыдэмкІэ, урыс литературэмкІэ абыхэм къыщыдэкІ электрон тхылъхэмкІэ йоджэ школым екІуалІэ ныбжьыщІэхэр, къэралпсо гъэунэхуныгъэм хэту. ЩІэблэр зэ-

ребгъаджэ хъуну тхылъ нэхъыфIхэр убзыхуным теухуат школым иджыблагъэ къыщызэрагъэпэща республикэпсо методикэ семинарри. КъинэмыщIауэ, IуэхущIапIэм щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI щIыналъэпсо зэхыхьэхэр. Апхуэдэт иджы дыдэ абы щызэхаша «Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI-2018» къэралпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэри.






Жыжьэ кIуэцIрыплъ школ унафэщIыр хущIокъу егъэджэныгъэм и фIагъыр езыгъэфIэкIуэну Iэмал псори езыр зи пашэ IуэхущIапIэм къызэрыщигъэсэбэпыным. А мурад лъагэм хуэгъэпсауэ школым щолажьэ ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым нэхъри зезыгъэужь творческэ, спорт гупжьейхэр, предмет зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъ кууэ щыхурагъаджэ факультативхэр. Шэрийм гулъытэ хэха хуещI еджапIэ пэшхэр мультимедийнэ Iэмэпсымэхэмкlэ къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным, технологие пэрытым и зэфIэкIхэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и лъабжьэ щIыным. Зы илъэси къанэркъым IуэхущIапIэр гъэ еджэгъуэщIэм зэпэщу иримыхьэлIэжу. 2017-2018 гъэ еджэгъуэм и пэщIэдзэм екIуэкIа еплъыныгъэ-къэпщытыныгъэм ипкъ иткIэ, курыт школ №27-р халъытащ лъэхъэнэщIэм сыткIи хуэщIауэ ирихьэлIэж къалэ еджапIэ нэхъыфIхэм.

Егъэджэныгъэм пыщIа лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, Мадинэ хуэнабдзэгубдзаплъэщ щIэблэм лъэпкъ, хэкупсэ гъэсэныгъэ екIу егъэгъуэтынми. Школым щылажьэ Зауэ щIыхьым и пэшыр къалащхьэм щынэхъыфIу къалъытащ икIи къыхуагъэфэщащ

Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр. Апхуэдэ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр и мащIэкъым Шэриймиар зи пашэ еджапIэми. Абыхэм яхэтщ школыр зыхэта къэралпсо псапащIэ Iуэхугъуэхэм къапэкIуахэри, хэхыныгъэхэр къызыхуэтыншэу егъэкIуэкIыным егъэджакIуэхэм хуащIа хэлъхьэныгъэр къызэралъытахэри, щIыуэпсыр хъумэным, ветеранхэм гулъытэ яхуэщIыным, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ семинархэр тэрэзу егъэкIуэкIыным, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми жыджэру зэрыхэтам папщIэ къратахэри.

Зи IэщIагъэ мытыншым гурэ псэкIэ бгъэдэт бзылъхугъэм унагъуэ дахи иIэщ. Абырэ и щхьэгъусэ Аулэдинрэ (ар ухуакIуэщ) зэдапIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, я псэм фIэфI IэщIагъэ ирагъэгъуэтащ я хъыджэбзхэу Дианэрэ Алинэрэ.

ЕхъулIэныгъэхэр зи Iэпэгъу Шэрий Мадинэ, унафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм, бзылъхугъэ гуакIуэм, дохъуэхъу узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, насып и куэду, нобэ хуэдэу жыджэру иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну, и унагъуэ дахэм ящхьэщытыну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**

# АДЭЖЬ ХЭКУМ КЪАГЪЭЗЭЖ

*Тыркум, Иорданием, Сирием щатхыжа адыгэ IуэрыIуатэхэр илъэс 60-м щIигъуауэ адэжь щIыналъэм къэрахьэж. Псом япэ ар зи фIыщIэр Елбэд Хьэсэн, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр, КъардэнгъущI Зырамыку, Пщыбий Инал сымэщ. Абыхэм зэхуахьэсыжа лэжьыгъэ щхьэхуэхэр итщ «Адыгэ IуэрыIуатэхэр» (1970), «Гукъинэж» (1993), «Адыгэ IуэрыIуатэ» (1998) тхылъхэм, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Нур», «Зэкъошныгъ» журналхэм традзащ.*

*Иужьрей илъэс 25-м дунейм къытехьащ тхылъ зыбжанэ, хэхэс адыгэхэм я IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэхэр иту – псалъэжьхэр, уэрэдхэр, хъыбарыжьхэр, псысэхэр, гъыбзэхэр, къебжэкIхэр, н.къ. Ахэр ятхыжащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд («Адыгэ мамлюкхэр», Налшык, 1994 гъэ), Чуякъуэ Нэфисэт («Къэзыгъэзэжа налкъутналмэсхэр», Мейкъуапэ, 2002 гъэ) Унэрокъуэхэ Раерэ Мирэрэ, Зэхуэс Айдэмыр («Тыркум ис адыгэхэр. IуэрыIуатэ», Мейкъуапэ, 2004 гъэ), ТIымыжь Хьэмыщэ («Хэхэс дуней», Налшык, 2004 гъэ).*

*Хэкум ираха IуэрыIуатэм нэмыщI, нобэ фи пащхьэ идолъхьэ илъэси 100–150-рэ и пэкIэ Тыркум, Сирием, Иорданием щызэхалъхьа хъыбархэр, уэрэдхэр, гъыбзэхэр... Ахэри, гу зэрылъытэгъуафIэщи, адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ IуэрыIуатэм и фащэхэмкIэ, и хабзэхэмкIэ гъэпсащ. Чуякъуэ Нэфисэт, Унэрокъуэхэ Раерэ Мирэрэ, Зэхуэс Айдемыр сымэ ятхыжа текстхэр къаIуэтэжащ Цей Сание, Нэпсо Орхъэн, Мэт Фикрет, Хьэпышт Хьэмэд, ХьуэкIуэнхэ Шукриерэ Сабриерэ, ХьэцIыкIу Зия, Тэхъу Софие, ТIэшу Хьэуа, нэгъуэщIхэми. Къэбэрдейшэрджэс диалектым текстхэр изыгъэзэгъар зэдзэкIакIуэ Iэзэ Къэрмокъуэ Хьэмидщ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ ТIымыжь Хьэмыщэрэ къаугъуеижа текстхэр къаIуэтэжащ ЖыркIагуэ Хьисэ, Сэмгуэгъу Iэмин (Сирие), Шурдым Ахъмэд, Шупашэ Джэудэт (Иордание), Жэткэр Айтэч, Думэн Кэмал, АфэщIыж Iэмин, Едыджхэ Нихьаирэ Батырайрэ, МэшхуэфI Нэждэт (Тырку) сымэ.*

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**



## ЕМЫКIУ СЫКЪИМЫЩIМЭ

ЩIалэ гуэр ежьащ: «Си благъэ, си ныбжьэгъу зэзгъэлъагъунщ», – жери.

И благъи и ныбжьэгъуи зригъэлъагъури, гъуэгу къытехьэжауэ къыздэкIуэжым, зы жылэ къыблэкIыжын хуейти, дидзыхащ. Жылэм лIы цIэрыIуэ гуэр дэсти, ар зригъэцIыхун мурад ищIащ щIалэм. ЩIэупщIэри, лIы цIэрыIуэм и унэр кърагъэлъэгъуащ. Куэбжэм Iухьауэ, зы пщащэ къыIущIащ:

– Еблагъэ, ди хьэщIэ, – жери.

Пщащэр къэIэбащ, шыр Iихыну. Шыр иритакъым.

– Фи шэщыр сыгъэлъагъу, – жиIащ щIалэм.

Шыр шэщым щIигъэзагъэри, хьэщIэщым ихьащ щIалэр. Бащлъыкъыр зыщхьэрихри, пщащэм иритащ, щIакIуэри иритащ, щIопщри Iихыну къэIэбати, щIопщыр иритакъым. ЩIопщыр езым блыным фIидзащ.

Пщащэр хьэщIэщым икIыжри и адэм деж щIыхьащ. И адэм зигъэсымаджэти, хэлът.

– ХьэщIэ диIэщ, ди адэ, – жиIащ пщащэм.

– ХьэщIэ диIэмэ, хъарзынэкъэ, си хъыджэбз, – къыжриIащ и адэм. – ХуэпщафIэ, Iэнэ хуэхьи, гъэхьэщIэ. ЩIопщцыр зэрыпилъар зэгъэлъагъуи, къызжеIэж.

ХьэщIэщым тригъазэри, щIалэм щIопщцыр зэрыпилъар зригъэлъэгъуащ пщащэм.

– ЩIопщыкIыр IэнэмкIэ гъэзауэ, щIопщыщхьэр бжэмкIэ гъэзауэ пилъащ, – жери пщащэм и адэм хъыбар хуихьыжащ.

– Абы щыгъуэ ар щысын хьэщIэкъым, шхын хьэзыр диIэмэ, Iэнэ хуэхь, – къыжриIащ лIым и пхъум. – Iэнэр пхьауэ хьэщIэщым укъыщикIыжкIэ, пIэм илъ щхьэнтэр къэублэрэкI.

Iэнэр хьэщIэщым ирихьэри, къыщыщIэкIыжым, пIэм илъ щхьэнтэр иублэрэкIащ пщащэм.

– Фи унэ сымаджэ илъ? – къеупщIащ щIалэ хьэщIэр, пщащэм щхьэнтэр щIиублэрэкIар къыгурыIуэри.

– Ди адэр сымаджэу хэлъщ, – жиIащ пщащэм.

– Фи унэ сымаджэ щилъкIэ, сэ Iэнэм сыбгъэдэсынкъым. ЕмыкIу сыкъимыщIмэ, фи адэм деж сихьэнурэ сыщIэупщIэнущ, – къэтэджыжащ щIалэр.

ЩIалэм и псалъэр пщащэм и адэм хуихьыжащ.

– Ар цIыху къилъхуащ, адыгэм игъэсащ, кърекIуи, къысщIреупщIэ – емыкIу сщIыркъым, – жиIащ лIым.

ЛIы цIэрыIуэм деж ихьащ щIалэр.

– Уи ныбжь Тхьэм иригъэкъу, си щIалэ, арэзы сыкъэпщIащ, – жиIащ лIым. – ХьэщIэщым гъэзэжи, ди ерыскъым хэIэбэ.

ЛIы цIэрыIуэр зригъэлъагъущ, я ерыскъы зыIуигъахуэри, щIалэр ежьэжащ, зэман дигъэкIри, лIы цIэрыIуэм и пхъум лъыхъуащ. ЛIы цIэрыIуэм и пхъур щIалэ Iущым къритащ.

## НЫШ ЗАКЪУЭ

ЗэныбжьэгъуитI я благъэ зыдэс къуажэ хьэщIапIэ кIуащ. Щхьэж и благъэ и унэ ихьащ зэныбжьэгъуитIыр, къыщыхьэщIэри къежьэжащ. КъыздэкIуэжым, зыр адрейм йоупщI:

– Дауэ къыпIущIа уи благъэр, сыт уагъэшха?

– Сагъэтхъащ, зыкъыстрафыщIэжащ си благъэм: къэб шыпси, къэб лыбжьи, къэб гъэваи, къэб лэпси сагъэшхри, къэб жыли сагъэIункIащ. ЦIыху тхъэмэ, сагъэтхъащ! – жиIащ зым.

– Сэ къызэрызэгугъуа щыIэкъым: ныш закъуэщ ягу пыкIар, – жиIащ адрейм.

## ШУУЭ ХЬЭДРЫХЭ МЭКIУЭЖ

Зы лIыжь, и ныбжь нэсри, дунейм ехыжащ. Ар зэрылIар щызэхихым, зэман дигъэкIри, щIалэ бзаджэ гуэр къежьащ. Бысымыр щымыIэу зрыригъэхьэлIэри, щIалэ бзаджэр зи тхьэмадэ лIа унэгуащэм деж еблэгъащ:

– ХьэщIэ къихьэмэ, фи гуапэкъэ? – жери.

– ХьэщIэ зи жагъуэ щыIэ! Еблагъэ! – гуфIащ унэгуащэр, Iэни къыхуищтащ.

ЩIалэр шхэуэ здэщысым, унэгуащэр къеупщIащ:

– Дэнэ укъикIрэ, ди хьэщIэ?

– Хьэдрыхэ сыкъокI, – жиIащ щIалэм.

– Дызыхуейуэ укъэдгъуэтащ, – гуфIащ унэгуащэр. – Си тхьэмадэжьыр нэгъабэ лIащ. Хьэдрыхэ ущримыхьэлIауэ пIэрэ? И хъыбар пщIэрэ?

– СощIэ, – жиIащ щIалэм. – Махуэ къэси солъагъу.

– Сыт и хъыбар? Жэнэтым нэсакIэ си тхьэмадэжьыр?

– Жэнэтыбжэм Iутщ. Жэнэтым щIагъэхьа щIыкIэкъым, – жэуап иритыжащ щIалэм.

– Сыту пIэрэ къыдагъуэр? – гузэващ унэгуащэр.

– Дыщэ хущощIэ, нэгъуэщI къыдагъуэркъым.

– Дапщэ зыхущыщIэр?

– Мыпхуэдиз, – жери зыхущыщIэр жриIащ.

– НтIэ, щIалэфI, дыщэ тIэкIу диIэщи, хуздэхь. Си тхьэмадэжьым щхьэкIэ дызэблэн щыIэкъым, – жери унэгуащэм дыщэ къритащ щIалэм.

– Хуздэсхьынщ, Iэрызгъэхьэжынщ.

Зыхуейр зыIэригъэхьэри, щIалэр ежьэжащ.

ЩIалэр ежьэжа къудейуэ, лIыр къэсыжащ. Я дыщэр хьэдрыхэ къикIа щIалэм зэрыритар и лIым жриIащ фызым:

– Уи адэр дыщэ щхьэкIэ жэнэт бжэIупэм дауэ Iудгъэтын! – жери. – Иджыпсту езгъэжьэжа къудейщ щIалэр.



– ДэнэкIэ здигъэзар?

– МобыкIэ, – жери щIалэм здигъэзар къригъэлъэгъуащ.

Шым зридзыжри, лIыр щIалэм кIэлъежэжьащ. ЩIалэр къызэплъэкIыурэ кIуэрти, шур къилъэгъуащ. И ужь къызэрихур къыгурыIуэнтэкъэ! Зы щIалэ къуий вэуэ хэтти, абы бгъэдэлъэдащ дыщэр зыхьыр.

– Мо шур плъагъурэ?

– Солъагъу.

– Къуийм теплъэ хъуркъым ар. Дэнэ щрихьэлIэми, щIопщыр трекъутэ.

– НтIэ лIо сщIэнур? – къэгузэващ къуийр.

Гъуэгу Iуфэм зы жыг Iутт.

– Уэ мо жыгым дэпщей, сэ пхъэIэщэкIыр субыдынщ.

Къуийр жыгым дригъэпщейри, езым пхъэIэщэкIыр иубыдащ.

Шур къэсащ.

– Лъэс гуэр блэмыкIауэ пIэрэ мыбыкIэ? – еупщIащ шур пхъэIэщэкIыр зыIыгъ щIалэм.

– БлэкIакъым: укъыщилъагъум, мо жыгым дэпщеяуэ тесщ, – жиIащ щIалэм.

Шур жыгым бгъэдэлъэдащ:

– Къех мыдэ! – жери.

– Къуийм тхьэр къеуа? Сыт си лажьэр? – жиIащ жыгым тес вакIуэ щIалэм.

– Къуий сылъыхъуэркъым сэ, къех жысIакъэ!

– Сынехынукъым.

– Укъехынукъэ?

– Хьэуэ.

– Уэ пхуэфI сыхъунщ сэ, пщафэкIэ укъеслъэфэхынщи! – жери лIыр епсыхащ, шы IумпIэр щIалэм къыIэщIилъхьэри, жыгым дэпщеящ.

Шым зридзри, щIалэр щIэпхъуэжащ.

Сыт ищIэжынт лIым: и щхьэр къыфIэхуауэ, и унэ ихьэжащ.

– Дауэ хъуа? УщIыхьа? – къыпежьащ унэгуащэр.

– СыщIыхьащ, – жиIащ лIым. – Хьэдрыхэ нэс лъэсу дауэ згъэкIуэжынт: шым згъэшэсри, сутIыпщыжащ...

## СЫТЫМ ДЫКЪЫХУЭБГЪЭЩIА?

Зы абэзэхэ, зы къэбэрдей, зы шапсыгъ, зы убых Тхьэм еупщIащ:

– Сытым дыкъыхуэбгъэщIа? – жари.

– Тхьэр къахэплъэри, абэзэхэм къыжриIащ:

Абэзэхэр пIастэм фыкъыхуэзгъэщIащ. ПIастэр фи шхыныгъуэщ.

Къэбэрдейм къыжриIащ:

– Къэбэрдейр шы дыгъум фыкъыхуэзгъэщIащ, ар IэщIагъэ фхузощI.

Шапсыгъым къыжриIащ:

– Шапсыгъыр пшынэм фыкъыхуэзгъэщIащ, пшынэ феуэ.

Убыхыр щIэупщIащ:

– Дэ-щэ, дэ сытым дыкъыхуэбгъэщIа?

Убыхым къеплъри, Тхьэм жиIащ:

– Фэри? Фэ дунейм фытетыж си гугъатэкъыми...



## СИГУ ЕБГЪЭНУКЪЫМ

Нысэр игъэпсэлъэн папщIэ, тхьэмадэм жэм ирит хабзэт, нэгъуэщI гуэркIи хуэупсэрт. Зы тхьэмадэ нысэ къыхуашати, жэм зэщIэс иритащ. Нысэр гуфIэри, жьэрэIурэ хъуащ. Ар игу ирихьакъым тхьэмадэм.

– Зэ къэдгъэпсэлъащи, ирикъунщ. АфIэкIа къэмыпсалъэкIэ, сигу ебгъэнукъым, – жиIащ тхьэмадэм.

## И УЖЬ ФИКI

Шагуджхэ ейуэ Шумахуэ жари щIалэ лъэрызехьэ гуэр исащ Абэзэхэм. Бжьэдыгъупщым и пхъур лIы иритырти, ар зэхихри, Шумахуэ нысашэ джэгум кIуащ.

Пщым и пхъур, пхъэ вакъэм иту, нысашэ джэгум къыхашэри, пщащэхэм къыхагъэуващ. Шумахуэ джэгум щIэкIуар арати, пщым и пхъур ирихьэжьэри ежьэжащ. И пхъур зэрырахьэжьар жраIащ пщым. Пщащэр нысашэ джэгум яхэзыхыфар зэрымылIыгъэншэр къыгурыIуэнтэкъэ пщым? КIэлъыпхъэрын щыхъум, пщым къажриIащ:

– ФыщIыхьэнукъым. ФыщIыхьэми, къыIэщIэфхыжыфынукъым.

ИтIани кIэлъыпхъэращ пщащэр езыхьэжьам. Шумахуэ сэрэшым зэпрыкIри, яIэщIэкIащ. Пхъэрыр сэрэшым хэнащ, зэпрыкIыфакъым. Пщащэр ирагъэхьри, къагъэзэжащ. Я Iуэху зэрыхъуар пщым жраIащ.

– ДахэкIэ ухэмызэгъамэ, абы IейкIэ къыпыпхын щыIэкъым, и ужь фикI, – къажриIащ пщым, и пхъур лIыгъэ зыхэлъ щIалэм зэрихьар и гуапэ хъуати.

## МЫХЬЭМЭТ IЭШЭ ХЬЭЩIЭЩЫМ ЙОХЬЭ

ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ жьы хъури тIысыжауэ, шы фIадыгъуащ. Шыр щахуар жэщырати, нэху игъэщри, шыдыгъум ялъежьащ Мыхьэмэт Iэшэ. Зы жылэ нэсауэ, пырхъуэм тет пщащэ IущIащ.

– Пщащэ жьырытэдж, шы бламыхуауэ пIэрэ мыбыкIэ, умылъэгъуауэ пIэрэ? – еупщIащ Мыхьэмэт Iэшэ пщащэм.

– Слъэгъуащ, – къыжриIащ пщащэм, – лIибл мэхъу уи шыр зыхуар.

– Упсэу, пщащэ, – жиIащ Мыхьэмэт Iэшэ. – Къэзгъэзэжмэ, фи хьэщIэщ сынихьэнщ.

Ар жери, Мыхьэмэт Iэшэ блэкIащ, шыдыгъум ящIыхьэри, и шыр къатрихыжащ, лIиблым яшхэри къыщIигъури къигъэзэжащ. ЗэрыжиIауэ, пщащэ жьырытэджым и хьэщIэщым щепсыхащ Мыхьэмэт Iэшэ. ХьэщIэщым щIалитI исти, я псэлъэкIэкIи я IукIэщIыкIэкIи игу ирихьакъым Мыхьэмэт Iэшэ. ХьэщIэщым зыщиIэжьакъым, къэшэсри къежьэжащ. Къыщежьэжым, пщащэм жриIащ:

– Уи хьэщIэщ ис щIалэхэм лIыжьыр щIэнэкIалъэ иремыщI. Езыхэр зэрыхъунур хэт ищIэрэ? Ар схуажеIэж.

Мыхьэмэт Iэшэ и псалъэр щIалитIым ягу техуакъым. Псалъэ къахуэзыгъэнар яцIыхуртэкъыми, къежьащ: «Тхуэмыфащэ къытхужиIащ, хуэддэнкъым!» – жари. ЩыщIыхьэм, щIопщкIэ къахэуэурэ, щIалитIыр зэрыса хьэщIэщым кърихулIэжащ Мыхьэмэт Iэшэ.

– Уэ пхуэдэ пщащэм и хьэщIэщ къихьэн яхуэфащэкъым мы щIалэ мыгъасэхэм, – къыжриIащ пщащэм Мыхьэмэт Iэшэ.

– Тхьэмадэ, зыкъэдгъэцIыху: ухэт уэ? – къелъэIуащ щIалитIыр.

– Сэ сыхэтми вжесIэнкъым, мыбыкIэ сыкъэфцIыхункIэ хъунщ, – жери Мыхьэмэт Iэшэ и Iэр къаригъэлъэгъуащ.

*P.S.* ***ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ Урыс-Кавказ зауэм хэта лIыхъужьщ, Псыжь щызауэурэ уIэгъэ хъури, и Iэ лъэныкъуэр къыдэбзэжыртэкъыми, «Iэшэ» дзыр щIытеIукIар аращ. Зауэм 1847 гъэм хэкIуэдащ, жьы хъуху псэуар пэжкъым – хъыбарыр абыкIэ щоуэ.***

## АДЫГЭ ХУЭДЭ ДЭНЭ КЪИПХЫН!

Дзэм сыздыхэтым, зы пэщэ псэлъэгъу сыхуэхъуащ. Пэщэр IуэхукIэ къытхыхьауэ арати, ежьэжын щыхъум, шы IумпIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ субыдри, згъэшэсыжащ. ТIэкIуи сыдэкIуэташ. Пэщэр къызэплъэкIри, къызэджащ:

– Мыдэ къызбгъэдыхьэт, – жери.

Сыбгъэдыхьащ.

– Хэт ущыщ? – къызэупщIащ пэщэр.

– Сыадыгэщ, сышэрджэсщ, Дюзджэм сыщыщщ, – жесIащ.

– Сыщыбгъэшэсыжым, гу лъыстащ узэрыадыгэм, – жиIащ пэщэм. – Адыгэм фIэкIа, апхуэдэ хабзэ къыпкIэлъызезыхьэн щыIэкъым. МащIэ фыхъуащ, армыхъу адыгэм хуэдэ дэнэ къипхын!

Ар жери, пэщэр ежьэжащ.

## ЖЫГ ЗЫХУХАСЭХЭР

Зы лIыжь жыг хисэрти, щIалэхэр къыщIэнэкIащ:

– Жыг щхьэ хэпсэрэ: уи хьэдрыхэ кIуэгъуэщ, нобэ хэпсэ жыгым къыпыкIэнум щыщ пшхын уи гугъэ?

– Сэ нобэ сшхыр си адэжьым хисауэ щыта жыгым къыпыкIэращ. Си ужь къинэнум яшхынур нобэ сэ хэссэ жыгым къыпыкIэнурщ, – жиIащ лIыжьым.

## ЛIЫЖЬ НАБГЪЭ

Зы пщащэ ирахьэжьащ. ЩIалэ гуп кIэлъыпхъэращ пщащэр зыхьым. ЩIыхьакъым, я щхьэр фIэхуауэ къагъэзэжащ. Жылэм зы лIыжь набгъэ дэсти, щIалэ хуэмыхухэм къажриIащ:

– Шым сывгъэшэси, гъуэгум сытевгъэхьэ.

Ягъэшэсри, лIыжь набгъэр ежьащ. Пщащэр зыхьхэр къызэплъэкIащ. Я ужьыр къэзыху шу закъуэр къыщалъагъум, пщащэр гъуэгум къытранэри, унэидзыхьэм я щхьэр щIахьащ:

– Мы шум дыIэщIэукIэнущ, – жари.

Пщащэр къихьыжри, лIыжьыр жылэм дыхьэжащ. Пщащэр зейм яритыжри, лIыжь набгъэр и унэ итIысхьэжащ.

Зыбжанэ дэкIауэ, пщащэр къэзымыхьыжыфа щIалэхэр егупсысащ:

– Iэзэ дывгъаши, лIыжьым и нэр къэдвгъэгъэплъэж, – жари.

ЛIыжьым деж Iэзэ яшащ:

– Iэзэ къодгъэплъынурэ, уи нэр къэдгъэплъэжынущ, – жари.

ЛIыжьым идакъым.

– Сыт къысхувиIуэху: си нэр къэвгъэплъэжмэ, фэракъэ слъагъунур? – къажриIащ лIыжьым щIалэ хуэмыхухэм.

## СЭ САГЪЭШХЭНЩ, УЭ УАГЪАШХЭ ЩЫХЪУАКIЭ



Пщы гуэрым зыпхъу иIэт. Пщащэр сэхъуат, щхьэхынэт, и ани, и ади хэзагъэртэкъым.

ЩIалэ ахъырзэман гуэрым и хъыбар зэхихащ пщым.

Пщым щIалэр къриджащ:

– Зы шыщIэ мыгъасэ сиIэщ, схуэбгъэсэн? – жери.

– Пхуэзгъэсэнщ, – жиIащ щIалэм.

– Абы щыгъуэ мыри пхуэгъэсэнущ уэ, – жери пщым и пхъур щIалэм къритащ.

Унэ ихьа щхьэкIэ, пщым и пхъум и хьэлыр зыхинакъым: зэрыщхьэхынэщ, зэрысэхъуам тетщ. Зы махуи, махуитIи, нэхъыби дэкIащ. ЩIалэр зы пщыхьэщхьэ къыдыхьэжри, и анэм еупщIащ:

– Ди анэ, хэт ныщхьэбэ тхуэпщэфIар?

– Сэращ.

– Уэрамэ, уэ къэтIыси, дышхэнщ, – жиIащ щIалэм.

НысащIэр Iэнэм къигъэтIысакъым: зэанэзэкъуэр шхэху, плIанэпэм дагъэтащ. КъыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэми ар иращIащ. МахуитI-щы дэкIри, пщым и пхъур къэдзыхащ.

– Псыхьэ сыкIуэн, нанэ? – и гуащэм зыхуигъэбзэIэфIащ итIанэ.

– КIуэ, си дахэ, – гуфIащ гуащэр.

КIуэри, псы къихьащ. Жэмыр къишащ. ПщIантIэр ипхъэнкIащ. Унэр зэлъыIуихащ. ЕувалIэри, пщэфIащ.

Пщыхьэщхьэм щIалэр къыдыхьэжащ. Iэнэ къагъэувати:

– Ныщхьэбэ хэт тхуэпщэфIар? – жери щIэупщIащ щIалэр.

– ТIури дыпщэфIащ, – къыжриIащ и анэм.

– Абы щыгъуэ уи нысэри къэгъэтIыси, къыддрешхэ.

«Сахыхьэнщи, си пхъум и Iуэху зытет зэзгъэщIэнщ», – жери пщыр къежьащ. И пхъур пежьащ пщым.

– Дадэ, къэпхьIарэ? Зыгуэр къыумыхьмэ, мы унэм ущагъэшхэнукъым, – жриIащ и адэм.

Пщыр дыхьэшхащ:

– Сэ сагъэшхэнщ, уэ уагъашхэ щыхъуакIэ, – жери.

## АДЭМ И УЭСЯТ

ЛIыжь гуэрым къуибл иIэт, блыри щхьэхынэти, хуэлажьэртэкъым. ЛIэн гъунэгъу щыхъум, лIыжьым и къуэхэр къриджащ.

– Сэ дунейм сохыж, – яжриIащ лIыжьым и къуэ щхьэхынэхэм. – Дыщэ къыфхузогъанэ. Дыщэр мэшыпкъэм щыщIэстIащ. ЗдыщIэстIар сщIэжыркъым. Мэшыпкъэр къэфтIмэ, дыщэр къэвгъуэтыжынщ.

ЛIыжьыр лIэри щIалъхьэжащ. Зэшиблыр мэшыпкъэм зэрыхьащ, бел къащтэри. Мэшыпкъэр зэхатIыхьащ, ауэ дыщэр ягъуэтакъым. Щамыгъуэтым, зэшиблыр хьэсэпэм щетIысэхащ.

– Ди адэм дыхуэлажьэртэкъыми, къыдэбзэджэкIащ, – жаIащ зэшхэм. – Мэшыпкъэр ттIащ, мэш тщIэмэ, ар тхуэхъунщ дыщэ.

## БЫНЫМ ЯЩIЭНУР



Зы щIалэ цIыкIу пхъэ фалъэ ищIырт. Шу гъуэгурыкIуэ блэкIырти, щIалэ цIыкIум къеупщIащ:

– Сыт пщIэр, си щIалэ? – жери.

– Пхъэ фалъэ сощI, – жиIащ щIалэ цIыкIум.

– Хэт зыхуэпщIыр?

– Ди адэм хузощI.

– Сыт уи адэм щIыхуэпщIыр? – игъэщIэгъуащ шум.

– Ди адэм си адэшхуэм пхъэ фалъэ хуищIри, абыкIэ игъэшхащ. Сэри ди адэр мы пхъэ фалъэмкIэ згъэшхэнущ.

– Узахуэщ,– къыщытхъуащ шур щIалэ цIыкIум. – Абы нэхъ пэж жыпIэнкъым.

Адыгэм жаIэ: ебгъэлъагъуращ уи быным ящIэнур.

## ФЫЗЫЖЬ IУЩ

Зы щIалэ пщащэ гуэр фIыуэ илъэгъуати, къишэнут, ауэ пщащэм и анэр жылэм зэрафIэбзаджэм щхьэкIэ лъыхъун тегушхуэртэкъым. Иужьым, фызыжь Iущ гуэрым ечэнджэщащ:

– Мыпхуэдэ пщащэр къэсшэнущ, и анэр цIыхум яфIэбзаджэщи, и пхъур зэрыхъунур сщIэркъым, – жери.

– Зи гугъу пщIы пщащэм я гупэкIэ мей жыгитI итщ, зэбгъурытыпэу. Шууэ кIуэи, уи шыр мей жыгитIым я зэхуаку пхудэгъэкIмэ, еплъ. Абы ущелIалIэкIэ, пщащэм и анэм укъилъагъунщи, къыдэкIынщ. ЖепIэнур уэ пщIэжынщ, – къигъэIущащ фызыжь Iущым щIалэр.

Шууэ кIуэри, мей жыгитIым ирихулIащ щIалэм. Шыр жыг зэхуакум худэмыкIыурэ, зыкъомрэ елIэлIащ. Пщащэм и анэр пщIантIэм къыдэкIащ:

– Сыт узэлIалIэр? – жери.

– Мы си шым и анэр мы жыгитІым я кум дэкІауэ щытащ. Мыр схудэкІыркъыми, аращ сызэлІалІэр, – жэуап етыж щІалэм.

– И анэр дэкІамэ, мыри дэкІынщ, – къыжриІащ фызым.

Пщащэм и анэм къыжриІар фызыжь Іущым къыхуихьыжащ щІалэм.

– Абы щыгъуэ, си щІалэ, пщащэр къэзылъхуам хуэдэ хъужынщ. Иджы уэ пщІэнумкІэ ухуитщ, – къыжриІащ фызыжь Іущым.

## АНДЕЗ СЩТЭНЩИ

Адакъэр Іуэуэ бжэгъу щхьэкІэм здыфІэсым, бажэр кърихьэлІащ.

– Щхьэ зыплІэжрэ, адакъэжь? Сыт ущІэкІийр? – къыбгъэдэкІуэтащ бажэр адакъэм, лъапэпцІий зищІри.

– Азэн соджэ, – жиІащ адакъэм.

– Азэн уджэмэ, сыт пщІэнур?

– Нэмэз сщІынущ, – жиІащ адакъэм.

– Уи закъуэ пщІыну нэмэзыр? Гъусэ уиІэкъэ?

– Си закъуэкъым. Гъусэ сиІэщ.

– Хэт уи гъусэр?

– ПщІантІэм дэлъщ. Си гъусэр къэуша къудейщ.

Хьэм и макъ къэІуащ.

– Ара уи гъусэр?

– Аращ. Гъусэ хъун уи гугъэкъэ?

Бажэм ІуигъэзыкІыжащ.

– Щхьэ уежьэжа? Гъусэ къытхуэхъу уэри, – кІэлъыджащ адакъэр бажэм.

– Андез сщтэнщи, къэзгъэзэжынщ, – жери бажэм лъэныкъуэ зригъэзыжащ.



## МЫЩАФЭ ІЭРЫМЫЛЪХЬЭ

Пщым и пхъум зы щІалэ лъыхъуащ: «КъыздэкІуэ», – жери.

– СыбдэкІуэнщ, мыщафэ къысхуэпхьмэ, – къыжриІащ пщым и пхъум.

И ныбжьэгъу зыщІигъури, щІалэр мэзым кІуащ. Мыщэр къаІууэри, щІалэр иубыдащ. Мыщэм щиубыдым, щІалэм лІа нэпцІ зищІащ, и гъусэр жыгым дэлъеящ.

ЩІалэм къепэмщ-къепэмри, мыщэр мэзым хыхьэжащ. ЩІалэр къэтэджыжри зэсэбэуащ. И гъусэри жыгым къехыжащ.

– Мыщэр къыщопэмым къыбжиІар сыт? – къеупщІащ щІалэм и гъусэр.

– Акъыл зыхэлъ къызжиІащ.

– Сыт?

– Мыщафэ Іэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ, къызжиІащ.

– НэгъуэщІи сыт къыбжиІа?

– Къэрабгъэр гъусэ пщІыуэ, мыщэ уемыбэн, къызжиІащ.

## АДЫГЭКІЭ УЗЭДЖЭ ХЪУНУР

Зы хьэщІэщ дисти, зылІ и псалъэм къыхэхуэ зэпытт: «Адыгэ! Адыгэ! Адыгэм хуэдэ щыІэ!» – жиІэурэ.

– Хэт адыгэкIэ узэджэ хъунур? – сеупщIащ, и жьэр щымыувыIэм.
Зы къэбэрдей къытхэсти, абы къыхедзэ:
– Къэбэрдейращ адыгэкIэ узэджэ хъунур!
– Шапсыгъыращ адыгэр! – идакъым шапсыгъым.
Абэзэхэм жиIащ:
– Абэзэхэращ адыгэр!
– Хьэтыкъуейращ адыгэр! – жиIащ хьэтыкъуейм.
Зы нэхъыжь къытхэсти, псоми я псалъэм едэIуа нэужь, мыр жиIащ:
– ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ и хъыбар зыщIэр – ар зы; хэкум дыщисам щхьэж и жылэ здисар зыщIэжыр – ар тIу; лIэужьыр бжьиблкIэ мауэри, ебланэ лIэужьым нэс къызжезыIэр – ар щы; Сосрыкъуэ щхьэкIэ «лъапэкIэрыхъ-жэмыхъуэрылъху» щIыжаIэр зыщIэр – ар плIы: мис а плIыр зыщIэращ адыгэкIэ узэджэ хъунур. А плIыр къызжефIэмэ, фыадыгэщ.
Къэбэрдейми, шапсыгъми, абэзэхэми, хьэтыкъуейми я жьэр яубыдащ абы и ужькIэ.

## ДОХЪУЩОКЪУЭРЭ КУРГЪУОКЪУЭРЭ

Гъуэгу здытетым, Дохъущокъуэ епсыхри, и шыр гъуэгунапщIэ удзым хиутIыпщхьащ, езым зригъэщIри, щхьэукъуащ. Заул дэкIауэ къызэщыужмэ – шым зы щIалэ шэсауэ елъагъу. КъызэфIэтIысхьэри, Дохъущокъуэ щIалэм еджащ:



– ЩIалэфI, ар сишщ, и ужь икI абы! – жери.
ЩIалэр къедэIуакъым: шым елъэдэкъауэри, ежьэжащ.
Дохъущокъуэ зыри жиIакъым, зыкъиIэтри щIалэм и ужьыр ихуащ, и унэ екIуэлIащ, и шыр бом къыщIишыжри, щIалэр къигъэкIэсри къихьащ.
ЩIалэр щIыунэм иридзащ Дохъущокъуэ, илъэскIэ иригъэсащ, шхын хуригъэхьурэ. Илъэс дигъэкIри, щIалэр щIыунэм къришыжащ.
– Ирикъункъэ щIыунэм узэрисар? – еупщIащ Дохъущокъуэ щIалэм.
– Ирикъунщ, – жиIащ щIалэм.
Iэнэ къыхуищтэри, щIалэр къигъэхьэщIащ Дохъущокъуэ.
– Уи цIэр къызжеIэ иджы, си хьэщIэ, – жиIащ Дохъущокъуэ.
– Кургъуокъуэ, – жиIащ щIалэм.
– АтIэ, Кургъуокъуэ, тIуми ди хьэлыр нобэ щыщIэдзауэ зыхэдгъэн: уэри уи мыш умышэс, сэри кIэс къэсхьынкъым афIэкIа.
АбыкIэ зэгурыIуэри, Дохъущокъуэрэ Кургъуокъуэрэ зэбгъэдэкIыжащ, я хьэлри абы щегъэжьауэ зыханащ.

## МЫР ФЭРАКЪЫМ ЗЫУКIАР

Хъырцыжь Алэ и адэр зыгуэрым къиукIащ. Шэч зыхуащI щыIэти, ар яукIын мурад ящIри, Хъырцыжь Алэрэ и шынэхъыщIитIымрэ ежьащ. Шэч зыхуащIым лажьэ иIэтэкъым, ауэ щыхьэт игъуэтыртэкъыми, зэшищым я анэм деж кIуащ, лажьэ зэримыIэр жриIэну.
Лажьэ зэримыIэр фызыжьым и фIэщ ищIащ.
– Мы лIым и ужь фикI, мыбы лажьэ иIэкъым, – яжриIащ фызыжьым и къуищым.

– Ди унэ исыху, ди хьэщІэщ, – жаІащ зэшищым. – Ди унэ икІыжмэ, ди бийщ: япэ дыщрихьэлІэ дукІынщ.

ЛІыр ежьэжащ, и жылэ дэсыж хъунутэкъыми, и щхьэгъусэр зыщІигъури мэзыр псэупІэ ищІащ. И ужь зэшищыр зэримыкІар ищІэрти, лІыр сакъ зэпытт: Іэщэр жэщи махуи игъэтІылъыртэкъым, жэщыр хъуамэ, и нэбдзыпэ зэтрилъхьэртэкъым.

– ЗумыукІыж, зы жэщ жей, уи бийр уи ужь икІа хъунщ, – къыжриІащ и щхьэгъусэм зыкъом дэкІауэ.

Іэщэр зыкІэрихщ, зитІэщІри, лІыр гъуэлъащ. Жэщыбг хъуауэ, Хъырцыжь зэшищыр къытеуащ. ЛІыр яукІын щыхъум, фызым жиІащ:

– Мыр фэракъым зыукІар. ЗыукІар сэращ.

Зэшхэр зэплъыжащ:

– Фызым игъэхутыкъуа лІыр дэ дукІынкъым, – жари Хъырцыжь зэшхэр ежьэжащ.

## ЗЫРЫЗ-ТІУРЫТІУРЭ ХЬЭМЭ КЪЭПКІЭ КЪЫПХУЭСХЬЫН?

Ди къуажэ зы щІалэ дэсти, мэз кІуащ, пхъэгъэсын къэсшэнщ, жери. Мэзым къыхэкІри, зы мыщэ къыбгъэдыхьащ абы.

– Си лъапэм банэ хэуащ, банэр къысхухэхи, узгъэфІэжынщ, – къыжриІащ мыщэм.

ЩІалэм банэр къыхихащ.

Мыщэр мэзым хыхьэжри, бжьэматэ къыхихащ.

– Мы бжьэматэм фор изщ, фІыкІэ ушх, – жиІащ мыщэм, – ауэ мыр зэростар зыми жепІэ хъунукъым.

– ЖесІэнкъым, – тхьэ иІуащ щІалэм.

Бжьэматэр и дамэм тригъэувэри, щІалэр къуажэм къыдыхьэжащ. Пшапэр зэхэуэху зишыІащ щІалэм – мыщэм бжьэматэ къызэрыритар ибзыщІащ. Пщыхьэщхьэшхэ щышхэм хуэшэчыжакъым: и анэм жриІащ мыщэм бжьэматэ къызэрыритар. Мыщэр щІалэм къыкІэлъыкІуауэ къакІэщІэдэІухьырти, щІалэр и псалъэм зэрепцІыжар зэхихащ.

– Пщэдей унэкІуэнкъэ мэзым – сэ уэ пхуэфащэр уэсщІэнщ, – жери, мыщэр мэзым щІыхьэжащ.

Пхъэгъэсын къихьын хуейти, нэху щыри щІалэр мэзым кІуащ. Бажэм япэ зыкъригъэщащ.

– Мыщэм уи цыр пхуищынущ, псалъэ ептри бгъэпэжакъыми, – къыжриІащ бажэм.

– НтІэ, лІо сщІэнур? – гузэващ щІалэр. – Мыщэм си цыр иумыгъэщ, укъыщІызэлъэІур пхуэсщІэнщ.

– Хъунщ, – жери бажэр мыщэм пежэжьащ, «мэзым щакІуэ къыхыхьащ, зыпэщІумыгъахуэ», жриІэри мыщэр игъэщтащ. Мыщэм и щхьэр щІригъэхьэри, бажэр щІалэм къыбгъэдыхьэжащ.

– Мыщэм укъыІэщІэсхащ, – жиІащ бажэм. – Сыт къысхуэпщІэнур?

– УкъыщІызэлъэІур пхуэсщІэнщ. Сыт нэхъ ухуей?

– Джэд къысхуэхь. Джэдыл сигу къихьащ.

Махуэ къэс зы джэд хуихьурэ, я джэдэщым джэд къыщІинэжакъым щІалэм. Бажэр къыІэщІэужэгъуащ. «Ди джэдыр къыпхуэсхьурэ сухащ», жриІа щхьэкІэ, хэзэгъакъым:

– Фи хьэблэм джэд зиІэ дэсыжкъэ! – жери.

ЩIалэр и щхьэм щIэтIэхъуащ:

– Зырыз-тIурытIурэ къыпхуэсхьын, хьэмэ къэпкIэ къыпхуэсхьын?

– Зырыз-тIурытIурэ къэпхьмэ, къызэмэщIэкIынущ, къызэщIэкъуи, къэпкIэ къысхуэхь, – жиIащ бажэм.

– Хъунщ, – жери щIалэр къыдыхьэжащ.

Зы хьэ къарэжь яIэти, къэпым иригъэтIысхьэри, мэзым ихьащ. Бажэр къыпэплъэрт, и гурыIупсыр къажэу.

ЩIалэм къэпыщхьэр щитIатэм, хьэ къарэжьыр къэпым къилъри, бажэм жьэхэпхъуащ.

Бажэр джэд къыщIэупщIэжакъым афIэкIа.

## МАЛЪХЪЭ

Зы шапсыгъ КIубэхэ малъхъэ яхуэхъуащ. Благъэ зэрахуэхъу нэхъ пIалъэ къыхигъэкIакъым: ди малъхъэм хабзэ хэлъщ жригъэIэн щхьэкIэ, я цIыкIуи я ини нэмыс, пщIэ яхуещI, къапекIухь, яхуимыщIэрэ яхуимылэжьрэ къыигъанэркъым, ар фIэлIыгъэщи.

Махуэ гуэрым, гъуэгу здыдетым, шапсыгъ малъхъэр зы Iэхъушэ ирихьэлIащ.

– Мыр хэт и жэм? – еупщIащ ар Iэхъуэм.

– КIубэхэ я жэмщ, – къыжриIащ Iэхъуэм.

– Iэгъу! – жери шапсыгъ малъхъэр епсыхащ, и шыр уанэкъуапэпхэнж ищIри, езыр жэм Iэхъушэм зы лъэныкъуэкIэ къыщыпэрыуващ. Iэхъуэ дыхьэжыгъуэ хъуху КIубэхэ я жэм Iэхъушэм пэрытащ шапсыгъ малъхъэр.

– КIубэхэ я малъхъэм хабзэшхуэ хэлъщ, я жэм нэгъунэ хабзэ якIэлъызэрехьэ, – жаIащ цIыхухэм.



## АХЪШЭМ НЭСАТЭМЭ

Зы абэзэхэ хьэщIапIэ ежьащ. Гъуэгу здытетым, хъунщIакIуэхэм ярихьэлIащ, Узун-Ййла нэблэгъауэ. Абыхэм къаувыхьри:

– Епсыхи, уи шыр къыдэт! – жаIащ.

Епсыхри, шыр яритащ.

– Уи щIакIуэри къыдэт!

ЩIакIуэри яритащ.

– Уи цейри къыдэт!

Цейри яритащ.

– Уи Iэщэри къыдэт!

Iэщэри яритащ.

– Си ахъшэми фыхуейт? – жиIащ абэзэхэм.

– Ахъшэм и хъер улъагъу, дэ дызыхуейр къытIэрыхьащ, – жари хъунщIакIуэхэм кIэбгъу защIыжащ.

Джанэ-гъуэншэдж фIэкIа щыгъыжтэкъыми, абэзэхэм и унэ игъэзэжащ – хьэщIапIэ дауэ кIуэнт?

– ЛIо къэхъуар? – къеупщIащ зыхыхьэжар.

– ХъунщIакIуэ срихьэлIэри сахъунщIащ: шыми, цейми, Iэщэми, щIакIуэми сыпагъэкIащ.

– Ахъшэр дауэ хъуа?

– Іуэхур ахъшэм нэсатэмэ, уэлэхьи, лъы згъэжэн хуей хъуну къыщІэкІынтэм! – жиІащ абэзэхэм.

## БЖЬЭДЫГЪУ ХЬЭЩІЭХЭР

Демырджы жылэм Хьэнэфыкъуэхэ я зэшитІ дэсащ – Хъурыхъурэ Дахэпсрэ. ЗэшитІыр Гёнен къалэ хьэщІапІэ кІуащ. ЗдэкІуар убых унагъуэт.

– Бжьэдыгъу хьэщІэ къытхуэкІуащ! – жари гуфІащ убыххэр, Іэнэ къыхуащтащ. Іэнэм къытрагъэувар мырамысэщ, джэш мывэ хэгъэтІысхьауэ. «Мырамысэрэ джэшрэ зэдашхмэ, деплъынщ», – жаІащ убыххэм, бжьэдыгъу хьэщІэхэр ягъэунэхун мурад ящІати. Іэнэр къагъэуври, хьэщІэщым икІыжауэ, убыххэр къоплъэ-къодаІуэ.

Дахэпсыр Іэбэри, мырамысэм джэшыр къыхищыпыкІащ:

– Мэ, Хъурыхъу, къэгуэш, пхъэкІэн дыджэгунщ, – жери.

Джэшыр япхъыурэ, пхъэкІэн мэджэгу Хъурыхъурэ Дахэпсрэ. Заул дагъэкІри, убыххэр хьэщІэщым къихьащ:

– ФыкъыттекІуащ! – жари.

Мырамысэмрэ джэшымрэ щІахыжри, убыххэм джэдлыбжьэ къытрагъэуващ, къагъэхьэщІэщ, джэгу къыхуащІри, бжьэдыгъу зэшитІыр кърагъэжьэжащ.

## НЫСАШЭ УЭРЭД



Уэредадэу ридадэ,
Уэредадэ махуэу ди нысэ!
Ди нысэ хуэди щымыІэу
Мы ди щауэм къытхуиши!
Уэредадэу ридадэ,
Уэредадэ махуэу ди нысэ!
Пщыпхъум хуэфІ нысэ Тхьэм уищІи,
Уи гуащэ ныуэхэми уагъафІэу!
Уэредадэу ридадэ,
Уэредадэ махуэу ди нысэ!
Пщыхэр зыгъэлыду,
Гуащэр зыгъэнэхур
Къытхуашагъи, уэредэ,
Дыжьыныбгъэ шууэ,
Шу закъуэ лІыхъум
Къытхуишагъи, уэредэ!

## УМЫЦІЫХУМЭ, ЗЫРИ ЗЫХЭПЩІЭНУКЪЫМ

*(Нэхъыжьхэм жаІэ)*

Ди нэхъыжьхэм къыджаІэрейт: «ЦІыху тІощІитІыр зы матэм дигуауэ дыкъикІащ ди хэкум».

Зэхэгуауэ, лъэ увыпІэ ямыгъуэту, хэкум кхъухькІэ къызэрыраша-ращ апхуэдэу щІыжаІар.

* * *

«Адыгэр зы щIыпIэм щывмыIыгъ, зы щIыпIэм щыфIыгъмэ, фыхущIегъуэжынщ», – жери урыс пащтыхьым тырку сулътIаным апхуэдэ чэнджэщ къритауэ щытащ хэкум дыкъыщрашым щыгъуэ. Тыркум дыкъэсри, адыгэр дракъухьащ, адэ-мыдэкIэ дыхагуэшащ, дызэкъуачын щхьэкIэ.

* * *

ЩIымахуэм щIыIэм уисынщ, гъэмахуэм хуабэм уиукIынщ, адыгэ хабзэр зепхьэн хъумэ. УцIыхумэ, аращ. УмыцIыхумэ, щIыIэри хуабэри зыхэпщIэнукъым.

* * *

Зыр шхэуэ адрейр абы еплъмэ, дунейр къутэжынущ.

* * *

ФызыфI зиIэр джэгу иремыкIуэ – махуэ къэси и джэгущ. Фыз бзаджэ зиIэр хьэдагъэ иремыкIуэ – махуэ къэси и хьэдагъэщ.



## АБЭЗЭХЭМРЭ ШАПСЫГЪХЭМРЭ

Зы шапсыгъ шууэ гъуэгу тетти, гъуэгум зы абэзэхэ щыхуэзащ. Абэзэхэр лъэст. Сэлам зэраха нэужь, абэзэхэр шапсыгъым щIэнэкIащ:

– Мы узытесыр сыт псэущхьэ, си къуэш? – жери.

– Шыщ. Плъагъуркъэ? – жиIащ шапсыгъым.

– Мыр шыуи?

– Шыщ.

– Мыр-щэ? – жери абэзэхэр лъэрыгъым теIэбащ.

– Ар лъэрыгъщ.

– Лъэрыгъщ жоIэ? ГъэщIэгъуэни... Мыри сыт? – уанэм теIэбащ абэзэхэр.

– Уанэщ.

– Уанэ дэгъуи... Мыр-щэ? – джэрыщIэм еIусащ абэзэхэр.

– ДжэрыщIэщ.

– Ари гъэщIэгъуэни... Мыри сыт? – жери абэзэхэм шхуэмылакIэр иубыдащ.

– ШхуэмылакIэщ. Шыр къыжьэдэпкъуэнумэ, шхуэмылакIэм къекъу, – жиIащ шапсыгъым.

– Хьэлэмэти ари... Ярэби, сыхэзэгъэнкIэ хъуну мы шым? Уи лъэрыгъри, уи уанэри, уи джэрыщIэри, уи нахъутэри дэгъуэщ, езы шыри апхуэдэмэ, уехъулIащ. Сышэсрэ сеплъмэ, сыт къэхъун, си къуэш?

– Зыри къэхъункъым, шэс, – жиIащ шапсыгъым.

– Шым сыщыужащи, сыгъэшэсыт.

– Сыт хэлъ абы, – жиIащ шапсыгъым, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ иубыдри. – ШхуэмылакIэр убыди, лъакъуэ сэмэгумкIэ лъэрыгъым иувэ, лъакъуэ ижьыр пIэтмэ, уанэ къуапэр убыд, уанэгум зибдзэмэ, аракъэ зэрыхъур!

– Деплъынти, – жери, елIалIэ зищIурэ, абэзэхэм уанэгум зригъэзэгъащ. – ЩIопщри къэшийт, си къуэш!

ЩIопщыр зыIэригъэхьа нэужь, абэзэхэр шым хэуэри, зричащ.

– УщIихьэнщ, къыжьэдэкъуэ! – кIэлъыджащ шапсыгъыр абэзэхэм. – ШхуэмылакIэм и мыхьэнэр бжесIати!

Ар зэхихыжакъым абэзэхэм: шапсыгъыр, и жьэр ущIауэ гъуэгум къытринэри, макIуэ-мэлъей!

## ХЬЭМ ИРИМЫХУЖЬАТЭМЭ

Зы абэзэхэ мэжджытымкIэ блэкIырт.

– Мор мэжджытым къивмыгъэхьэ, – жаIащ мэжджытым щIэс шапсыгъхэм. – Ар мэжджытым къихьэмэ, жэнэтым и бжэм Iуувэнщи, дэ дригъэхьэнкъым.

Уэрамым хьэ дэлъти, абэзэхэм жьэхэпхъуащ. Хьэр къыщыжьэхэпхъуэм, абэзэхэр, гужьейри, мэжджытым щIэлъэдащ.

– Фэри хьэм фыкърихужьа? – жиIащ абэзэхэм, шапсыгъхэм яхэплъэри.

«Хьэм иримыхужьатэмэ, абэзэхэр мэжджытым ихьэнутэкъым» псэлъафэр абы къыдежьащ.

## ЗЭ КЪЭШЭСЫЖ, СУМЫГЪЭХЬ!

ВытхьэкIумокъуэм и къуажэр мэзым хэсащ. Къуажэр зыхэс мэзыр зригъащIэри, Тамбий и къуэ Нащхъуэжьей урысым хъыбар яхуихьащ. ВытхьэкIумокъуэр ежьауэ, дзэр къалъихьэри, къуажэр зэрапхъуащ. Дзэм ВытхьэкIумокъуэр къаIуущ, яхэлъадэри и анэр къахихыжащ.

– Сэ сыIуэхукъым, си щIалэ, уи нэмыс иумыгъэхь, – жиIащ фызыжьым.

И анэр иригъэувэхри, ВытхьэкIумокъуэр дзэм хэлъэдащ. И щхьэгъусэр къахихыжауэ, зы сэлэт къеуэри, щIалэм и куэр къызэпиудащ. ВытхьэкIумокъуэм и щхьэгъусэр япхъуатэри, дзэр ежьэжащ. И щхьэгъусэр къеджащ:

– Зэ къэшэсыж, сумыгъэхь! – жери.

– Сышэсынт, си лъэм сиIыгъкъым, – жери ВытхьэкIумокъуэм и псэр хэкIащ.



## ДЯПЭКIЭ ИЩIЭНЩ

Сэлэчэрий и къуэ Дэгу гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым зы щIалэ напщIэуфэ щрихьэлIащ. И жьэр ущIауэ, гъуэгущхьибл зэхэкIыпIэм тетщ щIалэр. Сэлэчэрий и къуэ Дэгу шути, щIалэ напщIэуфэм бгъэдыхьэри и дамащхьэм щIопщыкъукIэ теуIуащ:

– Уи жьэр ущIауэ гъуэгум щхьэ утет? – жери.

– Си къалэнщи сытетщ – уи Iуэху хэлъ абы? – жиIащ щIалэм.

– Си Iуэху хэлърэ хэмылърэ уэзгъэлъагъунщ! – жери Сэлэчэрий и къуэм щIалэр пIэжьажьэу къриудащ.

Абдежым вэуэ зылI хэтти, вагъэм къыхэкIри, Сэлэчэрий и къуэ Дэгу къыбгъэдыхьащ.

– Мы щІалэм сыт и лажьэ: гъуэгур зымыщІэм гъуэгур ирегъэлъагъу, лъагъуэр ирегъэлъагъу. ЩІалэм уекъуэншэкІащ, Сэлэчэрий и къуэ! – къегиящ вагъэм къыхэкІа лІыр.

– Ар къызжиІамэ, и гугъу сщІырэт? – жери Сэлэчэрий и къуэр шэсыжащ. – ДяпэкІэ ищІэнщ жэуап зэрат. Хуэфащэр есщІащ. ХьэмкІутІей башкІэ субэрэжьын хуеящ.

– ХьэмкІутІей баш ди хэку илъкъым, – жиІащ щІалэм.

– Фи хэку имылъми, си Іэ илъщ, – жери Сэлэчэрий и къуэ Дэгу ежьэжащ.

## ГУЭРЭФ

ЗылІ гуэрэф къытекІати, тхьэмахуэ хъуауэ дунейм къытехьэртэкъым.

– Си ныбжьэгъужьым зыдигъуэр сыт, дунейкъытехьэ иІэкъым, сыкІуэнщи, сыщІэупщІэнщ, – жери лІым и зы ныбжьэгъу къежьащ.

Щхьэгъубжэм къыдэплъри, и ныбжьэгъур пщІантІэм къызэрыдыхьэр илъэгъуащ лІым.

– ПІэм сыхэзыубыдар гуэрэфщ жесІэмэ, си ныбжьэгъум ауан сыкъищІынщ, – жери лІым и зы нэр щипхащ.

Ныбжьэгъур къыщІыхьэри:

– Щхьэ ухэлъ, сыт къоуэлІар? – къыхуэгузэващ лІым.

– ВыщІэр къызэпыджри, си нэр ирищІащ – ар уфІэмащІэ? – тхьэмыщкІафэ зытригъэуащ лІым.



– Уи нэр выщІэм ирищІа щхьэкІэ ухэлъ хъурэ? – жиІащ щІэупщІакІуэ къыхуэкІуа ныбжьэгъум. – Гуэрэф къытекІамэ, ара хъунщ дунейм къыщІытемыхьэр жысІэри, сыбгъэгузэващ.

## УИ ШЫР АДАКЪЭХЪУЩ, УИ СЭШХУЭМ УДЗ ЕХЪУ

Зы пщащэ псэлъыхъу и куэдт. Хэт къылъыхъуми, дзы къахуигъуэтурэ, кърherгъэкІуэтырт. И Іэщэ-фащэкІэ зызэригъэпэщри, зы щІалэжь ежьащ:

– Сэ дзы къысфІищыфынкъым! – жери.

И сэшхуэр гуэлэлурэ хъун кІырым пхыкІри, щІалэжьыр пщащэм деж Іухьащ.

– Псоми дзы къахубогъуэт. Сэ сыт къысхуэбгъуэтын? – жиІащ щІалэжьым.

Пщащэр щІалэжьым къеплъащ: шы ныбэф тесщ, и сэшхуэм удз ихъуащ.

– Уи шыр адакъэхъущ, уи сэшхуэм удз ехъу, – жиІащ пщащэм. – Нэджыхъуэхэ уащыщ хъунщ.

– Сызыщыщыр къэпщІакІэ тхьэ соІуэ! – жери щІалэжьым къыІуигъэзыкІыжащ.

## ЛІЫКІУЭ ЩІАЛЭ

Гъунэгъу къуажэм я мэлыхъуэр къафІихьащ Сэлэчэрий и къуэм. Нэхъыжь ягъакІуэри, къаритыжакъым мэлыхъуэр. Тхьэмадэ ягъакІуэри, къаритыжакъым – зыри хэзэгъакъым Сэлэчэрий и къуэм. Зыри щыхэмызагъэм, зы щІалэщІэ къэуващ:

– Сэ сывгъакIуэ Сэлэчэрий и къуэм деж, мэлыхъуэр къеIысхыжынщ, – жери.

– Ди нэхъыжьи ди нэхъ щIали зыхэмызэгъам уэ дауэ ухэзэгъэн? – ядакъым жылэм.

– СывгъакIуэ, сыхэзэгъэнщ, – икIуэтыжакъым щIалэщIэр. ЩимыкIуэтыжым:

– КIуэ, зэрыхъу тлъагъунщ, – щIалэщIэр яутIыпщащ.

Сэлэчэрий и къуэм деж кIуэри, щIалэщIэр елъэIуащ:

– Ди мэлыхъуэр къызэтыж, – жери.

– Уэстыжынукъым, – къыжриIащ Сэлэчэрий и къуэм.

– Къызэтыж, Сэлэчэрий и къуэ, – тригъэчыныхьащ щIалэщIэм.

– Уэстыжынукъым, жысIакъэ! – къыщIэкIиящ Сэлэчэрий и къуэр.

– УщIегъуэжынщ. Къызэтыж.

– Хьэмэ къилъхуа, дапщэрэ бжесIэн хуей зэрозмытыжынур, – нэхъри къыщIэгубжьащ щIалэщIэм Сэлэчэрий и къуэр.

– Адрей уи мыхъумыщIагъэ псоми хуэдэщ мыри, – жиIэри щIалэщIэр ежьэжащ.

Заулрэ щысри, щIалэм лъригъэжьащ Сэлэчэрий и къуэм:

– Къевгъэгъазэ, – жери.

ЩIалэщIэм къигъэзэжащ.

– КъызжепIам къибгъэкIар сыт? – еупщIащ Сэлэчэрий и къуэр щIалэщIэм.

– Узыщыхьэн хуейм ущыхьакъым, уздэкуэшын хуейм укуэшакъым, къэпшэн хуейр къэпшакъым.

Ар щыжиIэм, мэлыхъуэр къритыжри, щIалэр къиутIыпщыжащ Сэлэчэрий и къуэм, псалъи къыпидзыжакъым.

ЛIы хей иукIри, Сэлэчэрий и къуэр щтапIэ ихьэжауэ хэхэст, хуэмыфащэ псэжь къишауэ абы бгъэдэсти, аращ щIалэщIэм ирихъуэнар.

## АРИ ПЭЖЩ

Зы щIалэ мэз кIуауэ къуэладжэ дыхьащ. МэзылIым Iууэри, лIыр иубыдащ.

– СыутIыпщыж, – жери щIалэр мэзылIым елъэIуащ.

– УзутIыпщыжынщ, псалъэ пэжищ къызжепIэмэ, – къыпиубыдащ мэзылIым.

– БжесIэнщ.

– Сыт къызжепIэн?

– Уэ узыдэс къуэладжэ игъащIэкIэ сыдыхьэнкъым, – жиIащ щIалэм.

– Ар зы. Узахуэщ. ЕтIуанэр-щэ?

– Сыкъыдыхьэрэ сыдэкIыжамэ, игъащIэкIэ къытезгъэзэжынкъым.

– Ар тIу. АбыкIи узахуэщ. Ещанэуи сыт къызжепIэн?

– Си хъыбар зэхэзыха мы къуэладжэм къыдыхьэнкъым.

– Ари пэжщ, – жери мэзылIым щIалэр къиутIыпщыжащ.

## ГУР ЗЭРЫГЪУМ...

Адыгэр Тыркум къэсри (Урыс-Кавказ зауэм и ужькIэ), Дузджэ лъэныкъуэмкIэ яутIыпщащ:

– Фи нэ къыфIэнэм деж псэупIэ фхуэхъун къыщыхэфх, – жари.

Тхьэмадэхэр ежьэри, куэдрэ заплъыхьащ. Иужьым, ягу зэщыуауэ, етIысэхащ ахэр. Я щхьэр къыфIэхуауэ, хоплъэри щысщ.

– Щхьэ фыхэплъэрэ? Фигу иримыхьыр сыт? – къеупщIащ тхьэмадэхэм.

– Мы щIыпIэр псэупIэ тхуэхъунукъым, – ядакъым абыхэм.

– Сыт щIыфхуэмыхъунур?

– Итырыгъу фIэкIа, пщIащэ пыту зы жыг дыщрихьэлIакъым мы лъахэм. Мыбдеж псэупIэ тхуэхъумэ, дэри аращ къытщыщIынур – дыкIуэдынущ.

– Фи тхьэ фызэреплъщ, – къыжраIащ адыгэхэм.

Сыт ящIэнт: абдежым щетIысэхын хуей хъуащ.

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ: абдеж щетIысэхахэм къащыщIар аращ.

## МАФIЭМ УХЭТЫН ПЛЪЭКIЫНУКЪЫМ

ЛIыжь Iущ гуэрым, Щауэ Мухьэрэм жыхуаIэм, къиIуэтэжауэ зэхэсхар мыращ.

Урыс пащтыхьыр адыгэм я деж къакIуэри, къажриIащ:

– Зы илъэс нэхъ физгъэсыжынукъым фи хэкум: е Уэсмэнлым фыкIуэнщ е Сыбырым фысхунщ.

Ар къащыжриIэм, адыгэм я тхьэмадэхэр Уэсмэнлым къагъэкIуащ, сулътIан Хьэзизым деж.

СулътIан Хьэзизым къажриIащ:

– Ахъшэ фэстынщ, щIыгу фэстынщ, унэ фхуезгъэщIынщ, Кавказым сыт хуэдиз адыгэ исми, си деж кърекIуэ.

Тхьэмадэхэм ягъэзэжа нэужь, зэхэтIысхьэри мазищкIэ зэхэсащ. Инджылызми ягъэкIуащ. Абыи къажриIащ:

– Си деж фыкъакIуэ.

Ауэ ар нэхъыжьхэм ядакъым.

– Уэсмэнлым дыкIуэмэ, жэнэтым дихьэнущ, – жаIащ, ар цIыхум я фIэщ ящIри, мыбыкIэ къэкIуащ.

Дузджэм итIысхьахэр кхъухькIэ къызэпрыкIащ хым. Ахъчэшэхъыр деж хы Iуфэм адыгэ куэд щыкIуэдащ, я кхъэлъахэр иджыри уолъагъу...

– Урысейм дыкъызэрикIа вакъэкIэ жэнэтым дихьэнкъым, – къилъащ ахэр, я вакъэхэр хым хадзэри, кхъухьым лъапцIэу къикIащ.

ЩIыр дыгъэм къигъэплъауэ пщтырти, я лъэгур къис щыхъум, шапсыгъхэр губжьащ:

– Мыпхуэдэ мафIэм ухэтын плъэкIынукъым! – жари.

ЗаIэтыжри, Щам лъэныкъуэмкIэ Хьэлэбым кIуащ.

## НЫСЭМРЭ ПЩЫПХЪУМРЭ

Нысэм и пщыпхъу пщащэм псэлъыхъу къыхуепсыхынути, пщащэм жиIащ:

– Псэлъыхъур къэсмэ, «си пщыпхъуфI!» жыIи, къызэджэ. – «Сыт сызэрыфIыр?» жысIэмэ, «дэнрэ бзэнкIэ уфIщ» жыIэ – ар зэхегъэх псэлъыхъум.

Псэлъыхъур къэсри, еблэгъащ.

– А си пщыпхъуфI! – жери джащ нысэр.

Пщащэр къихьащ.
– Сыт сызэрыфIыр, си нысэ? – гуфIащ пщащэр.
– Шхэнрэ жеинкIэ уфIщ, – жиIащ нысэм, псэлъыхъум зэхихыу.

## ДИ ЩХЬЭМ КЪРИКIУАР

Ди лъэпкъыр БулгъэристанымкIэ къэкIуащ. Дунай къыщызэпрыкIым, псым куэд итхьэлащ. ИужькIэ Дузджэ къэIэпхъуащ, си адэшхуэри яхэту.

Хэкум къыщрахум, хьэпшып гуэр, Iэщэ-фащэ, дыжьын зыIыгъам, шхынкIэ яхъуэжурэ, абы къуэсащ. Адыгэ бзылъхугъэхэр, я сабийхэр я Iэблэм тесу, Булгъэристаным лъаIуэу итащ, сабийр Iызыхым ирату, еплъурэ я куэщIым ирамыгъэлIыхьын щхьэкIэ...

Си щыкъу адэ Лъэцэрыкъуэ Хьэрун хэкум къриха дыжьын бжэмышхыр си унэ илъщ. Зы сэшхуи зэзгъэгъуэтыжащ си благъэ фызыжь и фIыгъэкIэ. Сабийм къешэкIа хъыданкIэ щIэуфауэ хэкум къэрахащ сэшхуэр. Ар Лъэцэрыкъуэхэ я унэ илъащ. Iэщэ-фащэ, дыжьын хуэдэхэр трахыну унафэ щащIым щыгъуэ сэшхуэр блыпкъым хаери яхъумащ. Унэр жьы хъууэ щакъутэжым, сэшхуэр къагъуэтыжащ. Бжэ блыпкъым хаяуи зыщIэж исыжтэкъым унэм. Сэшхуэр тIу хъурти, зыр ягъэкIуэдащ, зыр ди унэ илъщ.

Пэгъур Ахьмэд жари тыркудзэм адыгэ щIалэ хэтти, Булгъэристаным къикIыжахэр щIыIэмрэ мэжэщIалIэмрэ зэтриукIэ щыхъум, зы бзылъхугъэ абы деж кIуащ:

– Уи аскэрым яшхым щыщ гуэр къыдэт, сабийхэр тфIызэтолIэ, – жери.

Пэгъур Ахьмэдым шхыни щыгъыни къаритащ, сабийхэр къызэтенамэ, аращ зи фIыгъэр.



## ЕМЫКIУ

Зы бзылъхугъэ, и щIалэ цIыкIу щIыгъуу, уэрамым дыхьауэ лIыжь къаIущащ.

– Хэт и щIалэ мы цIыкIур? – къеупщIащ лIыжьыр.
– Ди анэм и пхъурылъхущ, – жэуап итащ бзылъхугъэм.
– Тхьэм къыхуигъэхьу, – жери блэкIащ лIыжьыр.

НэгъуэщI зы бзылъхугъи ирихьэлIащ лIыжьыр. Абыи щIалэ цIыкIу щIыгъут.

– Хэт и щIалэ мы цIыкIур? – щIэупщIащ лIыжьыр.

И тхьэмадэм и цIэ къриIуэри, бзылъхугъэм жиIащ:

– Пщымахуэ и къуэрылъхущ.

Бзылъхугъэм и тхьэмадэм и цIэ къыщриIуэм, ар емыкIу ищIри, лIыжьым зыри жиIакъым.

## ЩIАКIУИБЛ ЕЩIЫФ

Хьэкум хьэлыгъуибл иридзэри, нысэр псыхьэ кIуащ. Нысэр къэтыху, хьэлыгъуиблыр жьащ. Хьэкум кърихыжри, блыри пщыпхъум ишхащ. Нысэр къыдыхьэжмэ – хьэлыгъуиблыр хьэкум илъыжкъым.

– Блыри сэ сшхащ, – жиIащ пщыпхъум.

– Блыри дауэ пшха? – игъэщІэгъуащ нысэм. – Блыри дауэ?

Ар здигъэщІагъуэм, плъэри, нысэм зы шу къилъэгъуащ. Шур къэблагъэри, къэувыІащ.

– Сыт зи гугъу пщІыр, ди шыпхъу? Сыт бгъэщІагъуэр? – къеупщІащ шур.

– Си пщыпхъум зы махуэм щІакІуибл ещІыф – аращ згъэщІагъуэр, – жиІащ нысэм.

– Пщыпхъу ІэпэІэсэ уиІи! – жери шур ежьэжащ, зэхихар игъэщІагъуэурэ.

## ПСЭУПІЭ ЯХУЭХЪУАР

Амасием и гъунэгъуу зы адыгэ жылэ тІысати, илІыхьащ, щІыри псыри щІагъуэтэкъыми. Унагъуэ заул къэнати, Беслъэнеймрэ Ярбашымрэ яхэтІысхьэжащ. АкІэжьхэ ейт ахэр, шапсыгът. Шапсыгъ жылэр зэрысам (Амасие деж) зыри итІысхьэжакъым иужькІэ, зэрыщІыпІэ нэщІщ. Абдеж илІыхьахэм я кхъэлъахэхэр зэрыщытщ иджыри, «Шэрджэс мэзарлыкъ» (кхъэ) жиІэу тетхауэ. АкІэжькуейкІэ еджэу щытащ. Къэбэрдейхэми кърата щІыпІэр ягу ирихьакъым, дыгъэр щыгуащІэти. «Дэ мы щхьэплъыжьхэм (алавитхэм) дагурыІуэнкъым», – жари ежьащ, заІэтыжри. Зы къуэладжэ дыхьэри, дыжьын къамэкІэ щІыр кърatІыкІащ.

– Ди жылэжьым и мэ къыщыпщІехьэ мыбдеж, – жари къэбэрдейхэр къуэладжэм дэтІысхьащ. ДурачайкІэ йоджэ къэбэрдей жылэм. Гугъуехь куэд ялъэгъуащ а щІыпІэм изэгъэху. Иджы Іэщри я куэдщ, я гъавэри къохъулІэ.



## ХЭТ ШЫР ЗЫХУЭФАЩЭР?

Зы азыгъэ (абхъаз) гъуэгу здытетым лъэпагуэ (тырку) шууэ кърихьэлІащ. Шыр лъэпагуэм къыІэщІигъэкІын мурад ищІащ азыгъэм.

– Си ныбжьэгъур шы бэлыхь утеси! – жери лъэпагуэм и шым щытхъуащ азыгъэр.

– УиІамэ, уэри утесынт, – зигъэщІэгъуащ лъэпагуэм. – Шэджагъуэ нэмэз сщІынущ, шыр схуэІыгъ, – къепсыхащ лъэпагуэр.

– Шы дэгъуэщ, – жиІащ азыгъэм, шхуэмылакІэр иубыдри. – Жэр?

– Жэрщ, – жиІащ лъэпагуэм, щІопщри къиишиящ. – Мыри схуэІыгъ, нэмэз сщІыху.

ЩІопщыр къыщыІэрыхьэм, шым зридзри, азыгъэр макІуэ-мэлъей!

Лъэпагуэр тхьэусыхэри, азыгъэр хеящІэм иритащ.

– Фи шы тесыкІэ сывгъэлъагъу, – къажриІащ хеящІэм лъэпагуэмрэ азыгъэмрэ.

ТІури гъуэрыгъуэурэ шэсурэ я шы тесыкІэр хеящІэм ирагъэлъэгъуащ: шым зыщритІэм, лъэпагуэр шыпхэмкІэ къыпыщэтащ, азыгъэм шыр иригъэлъри игъэджэгуащ.

– Мы шы дэгъуэм и напэр тепх хъунукъым: шыр зыхуэфащэм Іэрыхьащ, – жери хеящІэм шыр азыгъэм къритащ.

## ПСАЛЪЭЖЬХЭР

- Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.
- Нэхъыжьым жегъэIэ, нэхъыщIэм егъэIуэтэж.
- Узыхыхьар нэфмэ, уэри уи нэр уфIыцI.
- Уи ужьыр къэзыхум уемыбэн.
- Хьэр пщIантIэм дэмыхуэжмэ, дыгъужьым ехь.
- Шым еуи, вым еубзэ.
- Узыщыгугъым гугъэпс урегъафэ.
- Хамэ ущие тхьэмахуэщи, хабзэ хьэху махуищщ.
- ЩIэныгъэншагъэр узщи, Iэзэгъуэ зимыIэр делагъэщ.
- Щхьэхынэ и уанэ дэпкъым фIедзэж.
- Зи щхьэ мылажьэм лажьэ къехь.
- Уи фэм уахихьэнщ, уи ныбэм уакъыхихыжынщ.
- Бзаджэм ущымышынэ, бзаджэрылъхум щышынэ.
- Уи гъусэ гъуэгум къытумынэ.
- Узыщагъэтэджыжын щIыпIэ ущымытIыс.
- Шыщхьэр пIэщIэкIамэ, шыкIэм укIэлъымыIэбэж.
- Фэ псэу яхэбдзэмэ, фэ ныкъуэ къахэпхыжынщ.

## УЗУН ЯЙЛА ЩАУСА УЭРЭД

Дэ ди къуэпсыр Кавказ къуршхэм къыщожьэ.
Мэхькамэжьхэр Бахъсэныщхьэ щаухуэ.
Хабзэухуэм жылагъуищу загуэш,
Чы гъэшахэр ди щIыгъунэм къыхасэ,
Мэухасэри шу шэсынхэр ирагъажьэ.
Дэ псэупIэкIэ жылэ псоми датекIуэт,
ЗекIуэ дгъакIуэм лъэныкъуищ гущэр къалъэщIт.
Ди шыбзыжьхэр Къурей губгъуэм къыщехъут.
Ди Iэщ цIыкIухэм мо Къущхьэхъур я хъупIэт.
ДымыщIэхэурэ ИстамбылкIэ дыножьэ,
«Дин-ислъамыр щаухуащ» жытIэурэ дынокIуэ.
Ди хэкужьым и щIыгу дахэр дымыгъуэтыж.
Мэлыжьищ гущэри, лъэщIэсдыгъуэщи, зыдохуэ.
Ди мэш тIэкIур мэис жэпым тфIесыж,
Уэсыр къесым, къанжалыщхьэщи, мэджыджэ.
Мэкъу зыхуэкIыр и пащIэкIэм щIофие,
Жьы фий макъым ди гужь бзаджэр тхурех.
Илъэс никъуэр, зы къэмынэу, щIымахуэщ.
Махуэ закъуэ нэр къигъаплъэу къыхэмыкI.
Мы щIыгужьыр дэ псэупIэ тхуэмыхъун,
Ди щIыгу дахэр пщIэ имыIэу дгъэкIуэдащ.
ДызыгъэкIуэдам щIапIэ кIуэдыр къыхукIуэ,
Урысыжьым щIапIэ кIуэдыр къыхукIуэ!
Мы уэрэдыр дриджэгуурэ жыдмыIэ,
Мы уэрэдыр догузавэ гущэри жыдоIэ.

## КЪАРС ЗАУЭ

*Япэрей дунейпсо зауэм Энвер-пэщэм и дзэм хэту ежьэу къэзымыгъэзэжа адыгэ щIалэхэм хуаусащ.*

Урысей топми, уей-рэу,
Фи чэр къекъутэ, уей,
Мыгъэрей бжьыхьэми къэмыкъутэжмэ,
Дынэгугъэжкъыми дэ.

Шы щхъуантIэжь цIыкIури, уей-рэу,
ЗэрыкIэмащIэрэ, уей,
Адыгэ щIалэурэ зи гъащIэ мащIэхэр
Къарс фагъэкIуа мыгъуи, уей!

ХьэпцIий хьэнтхъупсыми, уей-рэу,
Фыкъырагъафэрэ, уей!
Дэ дызщыгугъхэми Къарсым и губгъуэхэр
Лъым евгъэфа мыгъуи, уей!

Сарыкъамышыми, уей-рэу,
Шэр къыдолъалъэри, уей,
Узнейлэ шухэри Сарыкъамышмэ
Щелъэлъэха мыгъуи, уей!



Мо къуалэбзухэми, уей-рэу,
Къыздагъэзэжри, уей,
КъэвгъэзэжынкIэрэ дэ дыфщыгугъырти,
Гугъэ димыIэж мыгъуэ, уей!

## ИСТАМБЫЛАКIУЭ

*Ежьу:*
Нэрирау рирарэ, рирарау рира,
Нэрирара рирарай, Пщыкъан дэгужь, гущэ-ей.

Кхъухьым и бэракъ гущэр жьыбгъэми зэрехьэ,
Дызэрызехьэурэ хэкум докIыж, гущэри-ей.

*Ежьу.*

Псы Iуфэ дзэл гущэр къызэдогъагъэ,
ДызэщIэгъуагэурэ хэкум докIыж, гущэри-ей.

*Ежьу.*

Хэкум и мэлхэри Къущхьэхъум макIуэ,
Дэ дыкъыздэкIуа гущэр гъуэншэдж лъэпахъуэти,
ПыIэ хъурей, гущэ-ей.

*Ежьу.*

Хэкум и хъыджэбзхэри джэгум зэрошэ,
Дызэрызешэурэ хэкум докIыж, гущэри-ей.

*Ежьу.*

Хэкум щыIэ щIалэхэр дыщэм къекъутэ,
Мы хэку къута гущэм дыкъэкIуэжа, гущи-ей.

*Ежьу.*

Хэкум щыIэ щIалэхэм шагъдийр къагъажэ,
Шыдыр щыщIащIэм дыкъэкIуа, гущи-ей.

*Ежьу.*

*Мы уэрэдыр зыусар Жухэ япхъущ, и цIэр Жансурэтщ. Жансурэт къыщалъхуар Тыркум щыщ адыгэ жылэщ – Къунашейщ. А къуажэр Къайсери вилайетым хеубыдэ.*

*Уэрэдыр щиусам (1936 гъэм) Жансурэт илъэс 22-м итт, зыхуиусар фIыуэ илъэгъуа щIалэт, – Молэ Хьэжбэчырт.*

*Жу Жансурэт, уэрэдыр дэзыгъэтхыжа Думэн Кэмал зэрыжиIэжымкIэ, пшынауэ Iэзэт, пщащэ дахэт, къабзэт, нэмысыфIэт. Молэхэ я щIалэри хахуэт, щыпкъэт. Ауэ зэпсэгъуитIым я насып зэхэлъtэкъым.*

## ЖУ ЖАНСУРЭТ И УЭРЭД

Данагъуэр данлъэкI щащIыжмэ, сэрмыгъуэ,
Бзуущхьэ хызогъэзагъэ.
ПIэщхьагъкIэ зигу мызэгъахэр, сэрмыгъуэ,
ДунейкIэ жыхьэнэмэи!



Мэрэшым фи шухьэ Iувыр, сэрмыгъуэ
АтIэ мыгъуэ къызогъэлажьэр.
Си ныбжьым къэслъэгъуар, сэрмыгъуэ,
А щIалэм сщигъэгъупщаи!

Къайсэрым фи истасьоным* , сэрмыгъуэ,
МафIэгур къызэрытошэ.
Зэпылъу зэрымышахэми, сэрмыгъуэ,
Дунейми сыт щалъэгъуа?

Къайсэрым фи электрикри, сэрмыгъуэ,
АтIэ мыгъуэ къызэлъыщIонэ,
А щIалэр си гум къыщыкIкIэ, сэрмыгьуэ,
Iэл фIыцIэу сыкъызэщIонэ.

Данагъуэу си щхьэцыгъуэшхуэри, сэрмыгъуэ,
Мажьэдзэм схузэгуимых.
ПхъэхкIэрэ сызэгуэфхамэ, сэрмыгъуэ,
А щIалэр сигу имыкIын!

Данагъуэу си щхьэцыгъуэшхуэр, сэрмыгъуэ,
ПIэ лъапэм щызогъэлъалъэ.
АтIэ мыгъуэ къезгъэлъэлъэхыурэ, сэрмыгъуэ,
Рэху Алыхь, пIэ кIуэцI сокIуэжыр.

---

* Истасьон – станц, гъущI гъуэгу къэувыIэпIэ.

Данагъуэу си бохуцей цIыкIури, сэрмыгъуэ,
АтIэ мыгъуэ къыздокIэрахъуэ,
Рэху Алыхь, сыкъекIэрэхъуэкIри, сэрмыгъуэ,
Амбарым сикIэрэхъуаи!

Алману[1] си пшынэ фIыцIэри, сэрмыгъуэ,
АтIэ мыгъуэ пхъуантэм щощыгъуэ.
Рэху Алыхь, жэщищ-махуищкIэ, сэрмыгъуэ,
Амбарым сыщыщыгъуаи.

Бжьэпсурэ си пшынэ дахэри, сэрмыгъуэ,
Дыгъэпсым хызогъэпсалъэ.
А щIалэм зэ сезыгъэпсалъэми, сэрмыгъуэ,
ДунейкIэ жэнэтыр ейщ.

Жыжьэурэ укъысхуоуври, сэрмыгъуэ,
ТэрмэшкIэ укъызопсалъэ.
Гъунэгъуурэ дызэбгъэпсалъэтэм, сэрмыгъуэ,
Ди Iуэхухэр нэхъ зэфIэкIынут.

*Щэныбэ Къазий ипхъу Хьэжгуащэ къыщалъхуари къыщыхъуари Къайсэри вилайетым хиубыдэ Щэныбей къуажэрщ. Илъэс 22-м ит пщащэ тхъэIухудыр, езыр хуэмейуэ, курд беижь гуэрым иращащ. Ар зи IэрыкIыр Къарэкъуий къуажэм и унафэщI, Щэныбэхэ я пхъурылъху Адыгэунэ Къасымт.*



*Щэныбейм илъэс 75-рэ и пэкIэ къэбэрдей унагъуищэ щыпсэут. А жылэм дэс пщащэхэм хуэдэу дахэ къэгъуэтыгъуейт, абы щрагъэкIуэкI джэгухэр узэхъуэпсэнт.*

*Хьэжгуащэ дыщаси лъагъунлъагъуи и адэ-анэм деж зэи яхуэкIуэжакъым. Къраха лейр игу имыхуу лIэжащ. Щэныбейм зыгъэзэжар абы иуса гъыбзэрщ.*

## ЩЭНЫБЭ ХЬЭЖГУАЩЭ И ГЪЫБЗЭ

Диабэчыр[2] гъуэгур уи нэшэкъашэщ, ералыхь,
Си насыпыншагъэм, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ералыхь, курдыр къысхуиша мыгъуэщ, ералыхь.
ЛIыгъурхьэблэ губгъуэр, рэууи,
Зэрыпсынэншэ мыгъуэ, ералыхь.
Азалыхьым и шэри, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ералыхь, Адыгэунэм къытихуэ, ералыхь!

ЛIыгъур Чыкъалми, рэууи,
Чалымыр[3] къешэ мыгъуэ, ералыхь,
Банкънот щийкIэрэ, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ералыхь, курдым сыраща мыгъуэщ, ералыхь!

Уэр ди къуажэ щIалэхэр, рэууи,
Джэгум зэдокIуэ мыгъуи, ералыхь.
ЯдэмыкIуэжынри, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ералыхь, курдым къыхукIуэ мыгъуэ, ералыхь.

---

[1] Алман – нэмыцэ.
[2] Диабэчыр – курд къуажэ.
[3] Чалым – зэрыщымыту зызыщI, зыкъызыфIэщIыжа.

Ар ди къуажэ хьэжьхэр, рэууи,
Къызэдобанэ мыгъуэ, ералыхь.
Ар сыкъибэныкIыурэ, сэрмыгъуэ дыдэ, ералыхь,
Диабэчыр сашэ мыгъуэ, ералыхь!

Жылэ анэ-адэми, рэууи,
Iэулэдыр къащтэ мыгъуэ, ералыхь.
Ар сянэ-сядэми, сэрмыгъуэ дыдэ, ералыхь,
Ахъшэ нэхъ къащта мыгъуэщ, ералыхь!

## ЗАУЭ УЭРЭДЫЖЬ

Уэр ди ныбжьым дызытеса щIыгумрэ, уей,
Уэр ди ныбжьым зетхуа шы гуартэмрэ, уей,
Къэзакъыжьхэм щыттырах махуэм, сэрмахуэ,
Къэзэуат хэлъурэ зыдывгъэгъалIэркъэ?!

*Ежьу:*
Дывгъэунэ, губгъуэр зи унэхэ!
Дывгъэзауэ зауэр зи хабзэхэ!
Ди тхьэ и унэу ди унэ лъапIэм, сэрмахуэ,
Напэ хужькIэрэ девгъэкIуэлIэжхэ!

Уэр абрэдж бжьэпэурэ ди кхъэхалъэхэр, уей,
Уэр Ахъмэтыбгыурэ ди фо щIэхупIэхэр, уей,
Урысыжьхэм къащыхуэнэ махуэм, сэрмахуэ,
Къэзэуат хэлъурэ зыдывгъэгъалIэркъэ?!

*Ежьу.*

## ПСЫИКIЫЖ ГУАУЭШХУЭ

*(Гъыбзэ)*

Урысым и пщышхуэхэр Кавказым къыхуолIэ,
ЛIыгъэр зэтрахыу жаIэурэ, зауэр къыдащIылIэ.

*Ежьу:*
ПсыикIыж мы махуэхэр сыту лажьэшхуэ,
Лажьэу къыттехьа мыгъуэхэм ди гур кърашхыкI.
Ар къыдэзыщIылIэ гущэри мелуанищэм щIегъур,
ЗэращIылIэ лъэпкъыр Iэбжьыб хуэдиз мыхъу.

ЛIы ящэхуагъэу тхэтхэри зэрыгъаблэ нэгухэ,
Былымыжь нэкIухэти, ди хэгъэгур ящэ.

*Ежьу.*

Молэ ныкъуэу тхэтхэм уаз пхэнжхэр къытхуащIыр,
Дэ тхуэпсэу хуэдэу жаIэурэ, леишхуэ къыдахыр.

*Ежьу.*

Нэдж-нэпцIу тхэтхэм, гущэ загъэщихъышхуэ,
Абыхэм тхьэ Iуэху дащIри, дызэтралъащIэ.

*Ежьу.*

Дэ ди хьэдэ пхъэбгъухэу ди щIыбхэм ипхахэр,
Ирыдагъэхыжыну жаIэурэ псори дагъэшынэ.

*Ежьу.*
Хым и уае сыджхэри кхъухь ныбэхэм къоуэ,
ЗэтелIа бдзэжьейхэр ди бгъумкIэ щызоуэ.

*Ежьу.*

Урысым и пщышхуэхэр IэщэкIэ къытхуолъыр,
Муслъымэн хэгъэгу гущэхэр нэфIкIэ къыдоплъыр.

*Ежьу.*

## АДЫГЭ БЫНХЭРЩ ДИ ГУМ ПЫМЫКIЫР
*(Гъыбзэ)*

Инджылыз кхъухьлъатэхэр КъунейтIрэ къыдоуэ,
Дэ ди гум къеуэ закъуэ мыгъуэр Шурдым Ихьсанщ.
Инджылыз кхъухьлъатэхэр дяужь имыкIыххэ,
Ди гум пымыкIыххэ мыгъуэр адыгэ бынхэрщ.

Федаин зауэлI гущэр аскэр хуэлажьэщ,
Дэ дызыхуэзыгъэлажьэр франджы зауэлIыжьхэращ.
Федаин зауэлIым мэхъур и гур цIыкIу,
Мы дуней хъурей мыгъуэр дэ къыдоцIыкIуэкI.

Хьэсанэ щIалэ гущэр псынэпс щIыIэ йофэ,
Шэ къызытехуа закъуэр БетIар Хъусеныращ.
Шэриф Тауфикъым Магъэрэр къекIухьыр,
Къумым къыщыткIухь мыгъуэурэ дыкъызэхэнащ.

Хьэрып аскэрыжь гущэхэр IэпэкIэ машхэ,
Дэ дызышхыжынур инджылызхэращ.
КъунейтIрэ къалэбгъу гущэм псыIэрышэр щожэр,
Лъыпсыр щежэх мыгъуэр Джолан губгъуэращ.

Тел Абузие гущэм дыгъэр кIэропсэ,
Ди псэм и ныкъуэм Сириер ибгынащ.
Кэрим Чэрим гущэм бэракъыр къехыжыр,
Мы зы Алыхьталэм дэ дызэхуихьыж.

## ХЭКУР ДОБГЫНЭ
*(Гъыбзэ)*

Анзор и къуэжьым Iуэхухэр зэрехьэ,
Хъыбар къэзыхьыжыр Пщыунэ Къазийщ,
Хэкум докIыж мыгъуэри!
Налшыч тетыжьым паспорт къыдет,
Ди гум къыщIитхъыурэ, хэкум драш,
Хэкум докIыж мыгъуэри!
Пщэдджыжь мафIэгур къыткIэщIолъадэ,
Дызэхолъадэри, ди щхьэр догъей,

Хэкум драш мыгъуэри!
Данэ IэлъэщIыр жьыуейм зэрехьэ,
А зы Алыхьым дызэхуихьыж,
Хэкум дыпокI мыгъуэри!
Тенджыз ФIыцIэжьым кхъухьхэр щызоуэ,
Щауей хьэжыжьым Iуфэр къежыхь,
Хэкур добгынэ мыгъуэри!
Балъкъызу дахэм пшынэр къегъаджэ,
Благъэр къыдэджэм дамыгъуэтыж,
Хэкур тIэщIокI мыгъуэри!
Консулым щIэсыр пащIэ бзииплъщ,
Сабийхэм дахэплъэмэ, ди гур мэуз,
Хэкур къытфIонэ мыгъуэри!
Тырку къурIэнаджэр ди гум и жагъуэщ,
Мыр зи Iэужьым бгышхуэ къытеуэ!
Ди гур къутауэ хэкум докIыж!

## АДЫГЭ БЫНХЭМ Я КIУЭДЫКIЭ

*Ди лъэпкъ уэрэдыжьхэм я гъэпсыкIэм тету яусащ «Адыгэ бынхэм я кIуэдыкIэ» гъыбзэр. Ар зытеухуар 1948 гъэм екIуэкIа журт-хьэрып зауэм хэта адыгэ зауэлIхэрщ. Гъыбзэр Сирием къикIыжа Уджыхъу Ихьсан къиIуэтэжащ.*

*Щхьэхуитыныгъэ зыгъуэта хьэрыпхэр я къэралыгъуэр гъэбыдэным еужьэрэкIыу яужь итт, я щIыналъэр яубыдыну журтхэр къыщежьам щыгъуэ. Абы ирихьэлIэу Франджым дзэ академие къыщызыуха Анзор Джэуад Рэкъкъэ къалэм щыпсэу и адэ-анэм я деж къокIуэж. Ауэ щIалэм къыхуиухатэкъым зыхуэзэша и Iыхьлыхэм гу ящихуэху ябгъэдэсыну – ар псынщIэу дзэм ираджэ. Джэуад унафэщI хуащI еIэ-епхъуэкIэ къызэрагъэпэща шэрджэс батальон шу 800 зыхэтым.*

*Адыгэ шухэр Сирием и дзэ бригадэм щынэхъыфIт. Абыхэм Дэгъание, Дар-Дарэ, Сэмэхь, Тел-Азизат, Тел-Риш щIыпIэхэм лIыгъэ щызэрахьащ. Тел-Риш быдапIэр къыщащтэм адыгэ зауэлIу 22-рэ хэкIуэдащ. Журтхэм нэхъ зыщагъэбыдар Тел-Азизат дежт.*

*Сирием и армэм и унафэщI аз-Заим Хъусни я пашэу хьэрыпыдзэр а Iуащхьэм йобгъэрыкIуэ, ауэ хэщIыныгъэшхуэ игъуэтауэ къокIуэтыж. ИтIанэ а къалэн гугъур Анзор Джэуад и шуудзэм и пщэ иральхьэ.*

*Тел-Азизат лъагапIэм тет Къэхьуэш жылагъуэр щIытIхэр, щIыунэхэр, щIы щIагъ хъумапIэхэр зиIэ быдапIэ журтхэм ящIат. Джэуад щIыпIэм щыгъуазэ зыхуещI, бийм и тIасхъапIэхэр къещIэ, итIанэ и зауэлIхэр ирешажьэ. Езыр япэ итт: «Маржэ, фыкъимыкIуэт!» – жиIэу. Джэуад и шэрджэс шуейхэм Къэхьуэш къащтэри, адэкIэ мэкIуатэ. А зауэм папщIэ Анзор Джэуад «Сирием и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащ. «Мушахь Умайя» щIыхь лентIри къратащ.*

*Гуузщ лIыхъужьыр зытекIуэдэжа щхьэусыгъуэр жыпIэну. ЩIалэр егъэлеяуэ тутын ефэрейт. Зы жэщ гуэрым тутын ефэну щIыунэм къыщIэкIауэ, нэхум гу къылъитэри, бийр топкIэ къеуащ. Топышэм ихьащ адыгэлI щэджащэр.*

*Анзор Джэуад и цIэр мыкIуэдыжын ищIащ ар зыхуэзэуа хьэрып лъэпкъми – абы и цIэр зэрехьэ Дамаск и уэрам нэхъ дахэ дыдэм. Дэри*

*къытхуэнащ хамэм шэпэIудз хуащIу къекIуэкIа адыгэ бынхэм я кIуэдыкIэ хъуам теухуа гъыбзэр.*

Рэу-уей, уэтIымей фочыжь гущэри
Фи плIэ тIэкIум къыфхураблэкIри,
Зи псэ IэфIым емыблэжа гущэри
Хьэлау Абдул-Къадыр мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

Рэу-уей, ди Абдул-Къадыр цIыкIу гущэми
Ныбжьэгъухэм IуэрыIуэдз захуещIри,
«Зауэ» жаIэм, зызымыщIэжа гущэри
ТIэшхэ я Мэдин мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

Рэу-уей, хьэрып муджахьед гущэми
Биишэм зыкъыдегъазэри,
Япэу шэм зыхуэзыгъазэ гущэри
Абазэ Хьэний мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

Рэу-уей, хьэрып лъакъуапцIэ гущэри
Динар парэкIэ ящэри.
Динар лъыпсыджэр къэзыщэхуа гущэри
Адыгэ бынхэра мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.



Рэу-уей, уэтIымей бэракъ гущэри
Жьыбгъэ мащIэм зэрехьэри,
Хабзэм фыкъимыхьыж гущэурэ,
Фи хьэдэр къытхуахьыжа мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

Рэу-уей, Анзор Джэуад гущэми
Дзэ пашэу зауэр еублэри,
Уащхъуэдэмыщхъуэу зауэр зыублэ гущэри
Ансокъуэ Издин мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

Рэу-уей, фи шыщхъуэ цIыкIу гущэри
Хы Iуфэм щывогъэджэгури,
Зи псэ IэфIым ириджэгуа гущэри
Хъалид Мыхьэмэт мыгъуи – фыадыгэ кIуэдт.

*Усэхэр* МЭЗ Аниуар



## ЖЭЩГЪУЭЛЪ



Дадэ сыхигъэлъщ и гупэ —
Сэ сырижэщгъуэлъщ.
Зэрызэхэуэххэу пшапэр,
Щхьэгъубжэм сыдоплъ.

Жэщ щыхъунум сыхуопIащIэ,
Ар збзыщIын слъэмыкI.
СыщIэпIащIэр дадэ ещIэ,
Арщи — погуфIыкI.

Дадэ пIэр схуигъэхуэбэнущ,
Сэ зыстIэщIыжыху.
Таурыхъ Iэджэ къызжиIэнущ,
Жейм сыхилъэфэху.

## ГЪУНЭГЪУ НАНЭ

Пшагъуэ, пшагъуэ, сыт си лъагъуэр
ЩIэпщIыр си нэм имылъагъу?
Гъунэгъу нанэ сигу къэкIащи,
СекIуэкIынут лъагъунлъагъу.

Сыхуолъасэ, сыхуотхьэщIэ,
И бжэIупэр хузопхъэнкI.
Езы нани къысхуещI фIыщIэ,
IэпIохуэшхуэ къызешэкI.

Нанэ и Iэр зэтедзауэ
Щысу слъагъукъым, Iуэху и куэдщ.
ЗгъэгуфIащи — сэ гуфIапщIэу
СхуещIыр Iэлъэ, цы лъэпэд.

УМЫГЪЫНАНЭ

Сыт ущIэгъынанэр,
Нанэ и фо шыр?
КъэкIуэжынщ уи мами, —
Жыжьэ кIуакъым ар.

ПIэпIуухьэ кIуащи,
Къомбэу къыпхуихьынщ,
ПIастэ хипIытIэнщи,
IэфIу уигъэшхынщ.

Уисщ и куэщIым Нанэ, —
Сабыр цIыкIуу ис!
Еплъыт, кIущэ Науи
ПIапIум пэплъэу щысщ...

ДАДЭ

Хьэблэм цIыкIуу дэсыр
Дадэ и ныбжьэгъущ.
Ахэр къызэхуосри,
Къыхуохъу уэршэрэгъу.

Абыхэм ящыщу
Дадэ къыщохъуж.
ЦIыкIухэр къепщIэкIащи,
Ар умылъагъуж.

## ЖЬЫРЫТЭДЖ

Месыр, къоджэ
Хьэрхьупыр.
Плъэгъуа, плъэгъуа
Жьырытэдж!
Абы фIощIыр
ЦIыкIуи ини
Къигъэушу
Къигъэтэдж.
«Хьэрхьупыр
Къэджэн ипэ,
Пщэдджыжьышхэ
Умышхам —
УкъагъапцIэу
Махуэр пхьынущ», —
Аращ жаIэу
Зэхэсхар.
Ауэ нобэ,
СыкъамыщIэу,
Псоми сэ
СебзэджэкIащ:
Сыкъэтэджщ,
ЗыстхьэщIщ,
Зысхуапэщ,
Сышхэри —
СыкъыщIэкIащ.

## ЛАЛИНЭ

И махуэшхуэщ ди Лалинэ, —
ТхьэIухуду зихуэпащ.
Гуащэ къыхуищэхури Нанэ,
Фо шыр цIыкIу игъэгуфIащ.

Зыщигъэнщ1къым, йобзэрабзэ,
Гуапэу IэплIэ ирешэкI,
Езым хуэдэу дахэ ищIу,
КърешэкIыр дарийхэкI.

ИгъэтIылъмэ, гъын къыщыхъуу,
Махуэ псом кърихьэкIащ.
Еша гуащэр, жэщ зэрыхъуу,
Гущэ цIыкIум хипхэжащ.

## КЪУЭРЫЛЪХУ ЦIЫКIУР

Къуэрылъху цIыкIур
Мэгъынанэ:
«Къысхуэщэху, — жи, —
Хьэлыгъуанэ».
«Хьэлыгъуанэр гъурщ, —
Жи, нанэ, —
IуищIыкIынщ
Уи дзапэфIанэр».
Сабийм ещI
И макъыр щэху:
«Хъунщ-тIэ,
Зы торт къысхуэщэху!..»



## КЪАЗ КЪЭКIУХЬЛЪАКЪУЭ

КъэкIухьлъакъуэ ди къазыхъум
Дытемыплъэ махуэ псом.
Небэ-къебэу макIуэ псыхъуэм,
Зигъэтхъэжу тесщ ар псым.

«МэжэлIа хъунщ, — жеIэр нанэ, —
ФыкIуи псыхъуэм къыдэфхуж».
Къэтхужыну дыхуежьамэ.
Къазыр къытхудэмыкIыж.

Дыхэтщ къазыр дгъэшынэну:
«Псыхъуэ гуащэм уиубыдынщ.
Цыуэ птетыр птричынщи,
Къауц щхьэнтэ ар ищIынщ».

Ауэ ари къыфIэIуэхукъым,
КъемыплъэкI, къыдопэгэкI.

Дыхыхьэфкъым зытес псышхуэм,
Езыр пщIэнкъым кхъухьу фIэкI.

## КIУЩЭ ХЪУАЩ ЖЕЙНЭД

Мо ди кIущэ
ЩакIуэ Iэзэу
Зызэман щытащ.
Бзу нэгъунэ
ЕщэкIуэфу
Жыгхэми тесащ.
Иджы кIущэ
Бзуи
Дзыгъуи
КъыфIэмыIуэхуж.
Машхэ,
Унэм щIэсхэм
ТщIыгъуу,
Шхамэ —
Мэгъуэлъыж.
КIущэ
Iейуэ хъуащ
Щхьэхынэ,
Iейуэ хъуащ
Жейнэд.
Еша хъунщ ар —
ЩIрырес унэм.
Абы ищIар
Куэдщ!

## ХЬЭНДЫРАБГЪУЭ

ЩетIысэхри
Хьэндырабгъуэр
Удз гъэгъа
Дахащэм,
Хэгъуэщащ
ЗэрылъэIэсу,
Хэбзэха
КъыпфIэщIу.

Лъэтэжынут —
И гум пыкIкъым
Гъэр зыщIа
Накъыгъэр…
А теплъэгъуэм
Дихьэхауэ,
ПогуфIыкIыр
Дыгъэр.

## МАХЪШЭ

Махъшэ, махъшэ,
Лъакъуэ кIыхь,
Гъуэгу утету
ГъащIэр уохь.
УщызекIуэр уэ
ПшахъуэщIщ,
Дунейм теткъым
Ар зыпэщI.
Хьэлъэу къыптыралъхьэр
Уохь.
Хым ещхь пшахъуэм
Ущыкхъухьщ.

## ЦЫЖЬБАНЭ

Ди хьэмыщэ хъийм икIауэ,
Ди бжэIупэм къыщобанэ.
Зэрызехьэу дыщIэкIащи —
Къыдолъагъур зы цыжьбанэ.

Ей, цыжьбанэ, ей, цыжьбанэ,
Зумыгъанэ уэ лъэданэ.
Птетрэ пэт апхуэдиз банэ,
Ущышынэура хьэ банэм?

Хьэм уэ зыри къуищIэфынкъым,
БгъэпщIэунщ, хэбгъауэм банэ.
Уэ уи жагъуэ дэри тщIынкъым,
Iэджэ щIауэ къыпхуокI ди нэ.



10 Заказ №370

Лъабэ цIыкIукIэ къыумыжыхьу
Щхьэ ухъуа уэ зэпэхъурей?
Тасыр дэ ди бэрэбанэу
Уэдгъэщ Iынкъэ ислъэмей.

## ШЫНАКЪЫКIЫМ И ЖЭУАП

— Уэ сыноплъри,
ШынакъыкI,
Дунейм теткъым
Сигу къэмыкI.
Сэ уи теплъэр
СогъэщIагъуэ,
УзищIысри
КъысхуэщIакъым.
— Мыдэ си кIэр
Зэ пыгъэху,
КъысхэкIынур
Уэ плъагъунщ:
Хьэндыркъуакъуэ
Къуакъуэ цIыкIу
СыпкIэ-сылъэу
Сэ сыхъунщ.

## ХЬЭНЦЭГУАЩЭ

*«Хьэнцэгуащэ къыдошэкIыр,*
*Ялыхь уэшх къегъэщэщэх!»*

ЩIалэ цIыкIуи
Хъыджэбз цIыкIуи —
Хьэблэм дэсыр
Дызэхуос.
Хьэнцэгуащэ
Идошажьэ —
ИдошалIэ
Унэ къэс.
Псыр пэгункIэ
КъыдакIыхыу
ДагъэпскIами,
Догъуащыж.

Хьэнцэгуащэ
КъетшэкIауэ
ТхьэлъэIушхуэ
Дэ дощIыж.
ЩыгъыныжькIэ
Тхуэпа башым
И сэбэп дэ
КъыдэкIащ:
УридэкIуеиным
Хуэдэу,
Нэху щыхункIэ
Уэшх къешхащ.

## ХЬЭЛЪЭЗЕШЭ МАФIЭГУ

Быргуэ-быргуэу,
Быргуэ-сыргуэу
Хьэлъэ къезышэкI,
Къыптралъхьэр
Уэ уи хьэлъэщ,
УеIэ-уекъуу
ИбохьэкI.
ПхузэфIэкIыр
Сытемынэ!
Япэм тIэкIу
УсфIэауант...
СымыщIа щхьа —
Уемыни,
Хьэлъэзешэ,
Пелуан!

## IУАЩХЬЭ

Ди къуажэбгъум
ЩыIэ Iуащхьэм
ГъуэрыгъуапщкIуэ
Дыщоджэгу.
Iуащхьэр лъагэщ
Уафэм щIэуэу,
Дыщоджэгури
Дыщоджэгу...

Балигъ дыхъумэ,
А ди Iуащхьэр
КъэкIыжынщ
Дэ куэдрэ дигу.
Зым пэдмыщI
Ди сабиигъуэр
Къытеднэнщ
Абы и щыгу.

## ЖЬАПЩЭ

Къыкъуэуауэ бещтоужьыр,
ЕудыныщIэ ди дэшхуейр,
ИрегъащIэ ар хъыринэ,
Къыпегъэху дэ куэдыкIей.

Игъэсысри игу пэщыхукIэ,
Бгъуэтмэ къащтэ — бзэхыжащ.
Къытхуэхъуащ жьыр сэбэпышхуэ:
ЩIыкIухэм дэкIэ зыттIыжащ.



## МАЗЭ НЫКЪУЭ

Мазэ ныкъуэр къабзэу
Уэгум къиуващ,
Вагъуэхэр къехъуапсэу,
Сеплъри, къысщыхъуащ.

УэфIу тIэкIу щытыну
Дунейр къыщIэкIынщ.
Мазэ ныкъуэр хэхъуэ
ЗащIэу екIуэкIынщ.

Мазэ къэс зы мазэ
Уафэм къыщоунэху, —
Мэхъури хъуреябзэ,
Жэщыр тхуегъэнэху.

## ШАР

Машэ шар къыхуащэхуати —
Хъуреишхуэу игъэпщащ,
Шарыр лъагэу иІэтати —
Жьым ІэщІихри, уэм хихьащ.

И Іэ цІыкІухэр ишияуэ
Машэ цІыкІу допкІей-долъей:
«Уафэ лъащІэм лъэІэсыну
Дэнэ сэ къисхын пкІэлъей!»

## ЛЭГЪУПЫКЪУ

Уэшх нэужьым,
Уэшх нэужьым
КъищІыжащи
Лэгъупыкъу,
ПхужыІэнкъым
Абы ищІэр!
ЗешэщІ,
Уафэр хуримыкъу.
Зэмыфэгъуу
Ар зэщІоблэ,
Удз гъэгъари
Дихьэхащ...
Асыхьэту
Асыхьэтым —
Дауэ ухъут —
Ар бзэхыжащ.
Дызэхэту
Дыкъигъанэу,
Дунеяплъэ
Ежьэжа?



*Гуэнгъэпщ Хьэсэнбий Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1941 гъэм апрелым и 7-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ар, комсомолым и путевкэкIэ ягъакIуэри, «Искож» комбинатыр зыухуэхэм яхэтащ. Дзэм къулыкъу щищIэу къигъэзэжа иужь, а комбинат дыдэм къигъэзэжри, илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ, нэгъуэщI IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэми пэрытащ.*

*Дэнэ щымыIами, сыт имыщIами, Гуэнгъэпщым ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI тхылъхэр зэи IэщIыб ищIакъым, «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Iуащхьэмахуэ» журналымрэ и ныбжьэгъуфIу къогъуэгурыкIуэ. Абы и статьяхэр нэхъ пасэхэм мызэ-мытIэу къытехуащ «Ленин гъуэгу» газетым.*

*Литературэр, усыгъэр фIыуэ зылъагъу, дахагъэр зи псэм хэлъ Хьэсэнбий, езыми, игу къыщыпылъадэхэм деж, рассказ кIэщIхэмрэ усэхэмрэ етх. Ди гуапэу тыдодзэ Гуэнгъэпщым ди редакцэм къигъэхьахэм ящыщ тхыгъитI.*



## ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий

# ЗЭМАН ХЬЭЛЪЭ

*Рассказ*

«Зы гъэшкIэ япIа» жыхуаIэм хуэдэу зэныбжьэгъуищ дыхъурти, махуэ къэс дызэхуэзэ пэтми, итIани, дызэрыуэжэгъутэкъым. Пэжщ, къэхъурт дыщызэфIэни, дыщызэзауи, ауэ псынщIэ дыдэу дызэкIужырт.

Ди теплъэм утепсэлъыхьмэ, щыри дызэхуэдэу жыпIэ хъунут. Абы къизгъэкIыр къытхуащэхуауэ, щIэуэ, дыдейуэ, тхуэхъуу зыри зэрытщымыгъырт. Ди щIыфэм илъIамэ, ахэр нэхъыжьхэм яхуэмыхъужу къыщахыжауэ, зэIытхъауэ, лэжьауэ гъуэншэджыжь, джанэжь сытхэу апхуэдэт. Жыжьэу ущыту укъеплъмэ, плъагъурт абыхэм цIыхубзыIэ куэд щIауэ зэралъэмыIэсар. ЛъэIэсынуми, яжьыщIынуми, хущIыхьэгъуэрэ сабынрэ яIэтэкъым.

Зауэ нэужьти, дэнэкIи псалъэмакъыу щекIуэкIыр зытеухуар ерыскъым и къэгъуэтынырт. ЗыгъэщIэрэщIэн, щыгъынышIэ щытIэгъэн жыхуэпIэхэм зыри елIэлIэжыртэкъым. Бжэгъу упэпцIа яIыгъыу цIыхухэр губгъуэм итт, жумэрэныгъуэхэр къатIэщIу. Махуэм нартыху кIэчан зытIущ къагъуэтамэ, ар я гуфIэгъуэшхуэт. Шейуэ ирафыр хьэцыбанэм къыщIэвыкIа псым шыгъу хэдзауэ арат. Абы дашхыну хьэлу Iыхьэ зымыгъуэтри куэдт.

Псом хуэмыдэу гугъу ехьыр махуэр зи кIыхьагъым хьэмфIанэ яIыгъыу пщIэуэ губгъуэм ит цIыхубзхэрт. Абыхэм псоми щIы Iыхьэ яIэт, Iэмал имыIэу япщIэн хуейуэ. Зи Iыхьэ и кIэм нэзыгъэсыфым зы

хьэлIамэ псо иратырт, Iыхьэ някъуэ фIэкIа зыхуэмыпщIам иратыр хьэлIамэ някъуэт. ХьэлIамэ псо зылъысахэм къахэкIырт и някъуэр езым ишхрэ адрей къэнар и сабийхэм яхуэзыхь. Сабий быдзафэр къызыхуагъэнэн зимыIэхэм губгъуэм здахьырт. Хьэсэпэм и деж кумб къыщратIыкIырт, абы ирагъэтIысхьэрти, езыхэр пщIэуэ хэувэжырт. Мис апхуэдэу зэман гугъут ди сабиигъуэр зрихьэлIар.

Ауэ ди щIалэгъуэт, ди делэгъуэти, зэ ди ныбэ изу дышхамэ, а гугъуехь псори тщыгъупщэжырт.

Пщыхьэщхьэм дызэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ, етIуанэ махуэм, дыгъэр шэджагъуэ хуеплъэкI хъуауэ, уэрамитIыр щызэблэкIым и деж щыри дыщызэхуэзащ. Абдеж щедгъажьэри, зыр зым едэмэпкъауэм, зым адрейм лъакъуэпэщIэдз хуищIым, дызэрызекъуэурэ зы уэрам зэв цIыкIу гуэрым дыкъыдэхутащ. Куэдрэ дызэрызехьа иужь, адэкIэ тхуэмыхьыж щыхъум, дызэгурыIуэри, зыдгъэпсэхуну мывэжь гуэрым дытетIысхьащ.

Зыдгъэпсэхуу дыздэщысым, сыплъэри къэслъэгъуащ мывэсэрей гъуанэм ит кхъуэщыныр. Сэ зыкъомрэ абы сеплъащ, зыри жызмыIэу. Си гугъэт мо сыздэмэжалIэм ар си нэм къыфIэщIу арауэ. ИужькIэ схуэмышэчыжу зыхуэзгъэзащ нэхъ балигъыу къытхэт БетIал.

– Еплъыт, БетIал, мо гъуанэм итыр кхъуэщын си гугъэщ.

БетIал плъэри:

– Уэлэхьи, пэжмэ, – жиIащ.



– Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, дауэ а кхъуэщыныр абдеж къызэрыщыхутар? Нэмыцэхэм ирагъэувэу къащыгъупщауэ пIэрэ?

БетIал жиIэм пэж хэлът. Зауэ нэужьым нэмыцэхэм къагъэнат хьэпшып хуэдэу, зэрыджэгу Iэмэпсымэ хуэдэу зыгуэрхэр, къызэращтэу къауэрэ, цIыхухэр Iисраф зэтрищIэу.

– Ар сэ псынщIэ Iейуэ къысхуэщIэнущ, – жиIащ алъандэм зыри жызымыIэу щыса Умар. – Дэ кхъуэщынышхуэ диIэу щытащ, псы пэгунищ ихуэу. Ауэ шхын щхьэкIэ дылIэ щыхъум, ди анэм хьэжыгъэ пэгункIэ ефэндым ирищэжащ.

Арати, БетIалрэ сэрэ жытIэнум дыхунэмысу, Умар жэри кхъуэщыныр гъуанэм кърипхъуэтащ.

– Уо-у, мыбы шху изу итщ, – жиIащ абы.

ФIэкI хэмылъуи, кхъуэщыныр игъэщIейри, фIыуэ хэфащ. Псори ирифыну къыщIэкIынт, БетIал IэщIэпхъуэу къытримыхамэ.

– Щхъухь хэлъми умыщIэу, утегужьеикIауэ уофэри, – жиIащ БетIал, кхъуэщыныр къыIэщIиха нэужь.

– Апхуэдэ щхъухь махуэ къэс тхьэм къызит, – жиIащ Умар. – Уефэнумэ, ефэ, уемыфэнумэ, къызэтыж.

БетIал кхъуэщыныр игъэщIейри, зыгуэрым зэрегупсысыр наIуэу, фIэмыфIыщэ хуэдэурэ тIэу-щэ еIубащ.

Кхъуэщыныр сэ къыщысIэрыхьам итыж щIагъуэ щыIэтэкъым. Моуэ сеIубыну си жьэм щысхь дыдэм БетIал къэкIиящ:

– ПсынщIэу кхъуэщыныр гъэувыжи зывгъэпщкIу. Мы уэрамым тету зы фыз гуэр къокIуэри, си фIэщ хъуркъым а кхъуэщыныр абы имейуэ.

Дэ мывэсэрейм дыщхьэпрылъри, дыкъыкъуэплъу дыкъэувыжащ. Дыплъэмэ, зы цIыхубз бэлэбанэ гуэр къакIуэрт, и Iэблэ ижьым зы са-

бий тесу, Iэ сэмэгумкIэ илъэсищ зи ныбжьын щIалэ цIыкIум и Iэпэр иIыгъыу. Кхъуэщыным и деж къыщысым, занщIэу и къэпхъуати, и утхыпщIи зы ищIащ. Кхъуэщыныр зэрынэщIыр къыщищIэм, лъэгуажьэмыщхьэу щIым зытридзэри, гъыуэ щIидзащ:

– Уэ сыунэхъужа мыгъуэщ, унэм къыщIэзна сабиищым сыт мыгъуэр езгъэшхыну иджы, сыкъыздэкIуа мыгъуэми зыри къызатакъым.

Зичэтхъэжу гъырт цIыхубзыр, уигу щIэмыузынкIэ Iэмал имыIэу. И нэ пIащитIым къыщIэж нэпсыр и сабиитIым ятещащэрт. Дэ ди пIэм дижыхьауэ дыщытт, щIэщхъу къытщыщIам Iэнкун дищIауэ. Асыхьэтым дэ дымыщIэн щыIэтэкъым ди къуаншагъэр дгъэзэкIуэжын папщIэ, ауэ сыт ди Iэмалт – цIыхубзым дызэрыдэIэпыкъун ахъши ерыскъыи дэ дбгъэдэлътэкъым. Дигу къэкIат псынщIэу унэм дыкIуэжу, сыт хуэдэ ерыскъы щIэлъми къыхуэтхьыну, ауэ ди унэхэм бзум яшхын щIэлътэкъым. ЦIыхубзым и гъы макъым сабиитIми я гъы макъыр къыщыхыхьэжам, Умаррэ сэрэ дыгъыну къедгъэжьат, ауэ: «ДыкъищIэнущ, щывгъэт», – жиIэу БетIал къыщытщIэгубжьэм, тлъэмыкIыу дыувыIэжащ.

СабиитIым гъын къыщаублэм, цIыхубзым къаруэ иIэр зэхуихьэсри, и гъыныр зэпигъэуащ. Хуэмурэ къэтэджыжщ, ихъуреягъкIэ зэ зиплъыхьыжри, тхьэмыщкIэр небэ-къебэу и гъуэгу техьэжащ.

Дэри игъащIэкIэ тщымыгъупщэжыну дигу къинащ а махуэм ди нэгу щIэкIар. Абы къыщыщIэдзауэ, дэ хьэкъыу тпхыкIащ нэгъуэщIым и хьэпшып уеIусэ зэрымыхъунур, зейм хуит укъимыщIауэ.

... Шху кхъуэщыным и ужькIэ, дэ псыхъуэмкIэ дунэтIащ. Щыми гукъыдэжи дэрэжэгъуи дбгъэдэлътэкъым, апхуэдизкIэ цIыхубзым и гъы макъым ди гур ириудати. Зытэлай дэкIри, дэ щIэддзащ нобэрей Iуэхум щхьэкIэ зым зыр дгъэкъуэншэжу. Си ныбжьэгъуит Iым сэ сагъэкъуэншэну хэтт, ауэ сэри сыкъикIуэтыртэкъым. 

– Сэ кхъуэщыныр фэзгъэлъэгъуауэ аращ, къафщти фефэ жысIэу зыри фыхэзгъэзыхьакъым, – жысIэрт сэ.

Ар щыжысIэм, БетIал Умар дежкIэ еплъэкIри жиIащ:

– Уэращ зи ягъэр. Сыт уэ кхъуэщыныр гъуанэм къипхыу ущIефар? ПщIэртэкъэ ар узэрымейр?

– Шхын щхьэкIэ сылIэрти, аращ сыщIефар, – жиIащ Умар, гъынанэурэ. – Сэ дыгъуасэ лъандэрэ зы чыржын закъуэ фIэкIа сшхакъым. ИтIанэ, сэ си гугъащ ар абдеж изыгъэувам щыгъупщэжауэ.

Апхуэдэу дызэдауэурэ псыхъуэми дыкъэблэгъащ. УдзыпцIэм дыхэту дыздэкIуэм, сэ удзым хэлъу сомищ къэзгъуэтащ, зэкIэрыту. А зэманым апхуэдэ тхылъымпIэ ахъшэ щыIэт. Сомищым щыри тIэпIыжу дыкъигъэшхэнурэ икIи къыдэхуэжынут.

– КхъыIэ, тыкуэным псынщIэу дывгъажи, кIэнфетрэ пряникрэ къэдвгъэщэху, – лъаIуэрт Умар.

Абы и псалъэр иухатэкъым, БетIал къэIэбэу сомищыр къыщысIэщIичам.

– Сабий ухъуа, IэфIыкIэ пшхыуэ. Сомищыр сэ къызощтэ, тутын кърисщэхуну. МахуитI хъуауэ сIухуакъым, плъагъуркъэ си напIэхэр къызэрыпщар.

БетIал ар щыжиIэм, дэри тфIэгуэныхь хъури, зыри тхужыIэжакъым.

– Фымынэщхъей, иджы къэдгъуэтымкIэ сыт фыхуейми къэтщэхунщ, – гушыIэу къыщIигъужащ абы.

– Уи щхьэ гъумыжьыр къэгъэпцІэж абыкІэ, уи гугъэу къыщІэкІынщ сомищ кърипхъыхыу уафэгум зыгуэр ису, – зыхуэмыубыду пидзыжащ Умар.

А псалъэмакъым и ужькІэ щым дыхъужри, ди лъакъуэхэр щІэщІэу дыздэкІуэм, дыплъэри Іугъуэ къэтлъэгъуащ.

– Хэт нэхъапэ нэмысынрэ? – жиІащ БетІал.

Щыми зитчри, напІэзыпІэм дынэсащ а щІыпІэм. Мыбдеж цІыху зэрыщысар къапщІэу, мафІэ ункІыфІыжам иджыри Іугъуэ къыхеху, мафІэм и хъуреягъкІэ мывэшхуэхэмрэ пхъэ тыкъырхэмрэ щылъщ, газетыжьи тхылъымпІэжьи куэду щызэтелъщ. Арати, зыгуэр къызэрыдгъуэтынур ди псэм ищІа хуэдэ, тхылъымпІэжьхэр зэІытпщІыкІыу щІыдодзэ.

Абы щІэддзэн ипэкІэ БетІал къыдоупщІ: «Мы дыкъызрихьэлІар фщІэрэ?» – жеІэри. Дэ тІум ди дамэр дыдошей, зэрыдмыщІэр къэдгъэлъагъуэу.

– АтІэ, фымыщІэмэ, фыкъэдаІуэ, – жиІащ абы. – Бригадиру ирагъэджахэм нобэ экзамен ятыжащ, мис ахэращ мыбдеж щызэхэсар. Урысхэм зэрыжаІэщи, «обмывать» ящІыжащ къызэраухар.

Іуэхур зытетыр БетІал къыджиІа нэужь, дэ нэхъри дытегушхуауэ тхылъымпІэхэр зэІытпщІыкІыу щІэддзащ. Сэ псом япэ къэзгъуэтащ дзажэналъищу зэгуэт мэлыл Іыхьэ. Ар газетым быдэу кІуэцІышыхьат. Дэ апхуэдизкІэ дыкъэгуфІати, ди гурыІупсыр къажэрт. Сэ зэрыдмыІыгъым къыхэкІыу, мывэкІэ ар зэпыдудри, дытІысри дегъуащ. Куэд щІауэ лы здэдмышхыжам, дэ ар апхуэдизкІэ ІэфІ къытщыхъуати, ди нэр къижу зытплъыхьырт, иджыри зыгуэр къэдгъуэтыну пІэрэ, жыхуэтІэу. МащІэ-куэдми, ерыскъы гуэр тІухуати, дэ нэжэгужэ дыкъэхъуащ. БетІал къыдгуригъэІуащ бригадиру еджахэм я Іуэху зыІутыр. КъызэрыщІэкІымкІэ, адрей къуажэхэми хуэдэу, ди къуажэми дэсыжтэкъым щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІ. Хэти зауэм хэкІуэдат, хэти гъейм ихьат. Иджы хэкІыпІэу къагъуэтар мырат: тІэкІунитІэ нэхъ мыхъуми, щІэныгъэ гуэр зыбгъэдэлъхэр къыхашурэ, курс къызэІуахауэ, колхоз лэжьыгъэм хурагъаджэрт, колхозыр къаІэтыжын щхьэкІэ.

– Уэлэхьи, сэри седжэнтэм бригадиру, – жысІащ сэ, БетІал и псалъэр иуха нэужь. – Шым утесу губгъуэшхуэр къэпкІухьу, гъавэ бэв къэбгъэкІыу, цІыхухэм унафэ яхуэпщІу... Іейт-тІэ ар?

– Уэлэхьи, мыІейт, – жиІащ БетІал. – Ар къыплъысын папщІэ фІыуэ уеджэн хуейщ, Гуэгуш (арат си ныбжьэгъухэр къызэрызэджэр, си напэм уэгу куэду зэрыхэтым щхьэкІэ).

БетІал и нэ щІыбагъкІэ дэри дызэреджэр Хьэжыт, ауэ ар зэхихыу жыпІэ хъунутэкъым, занщІэу зыкъыуидзынут. Ар Хьэжы щІэхъуари вжесІэнщ. Я жэмыжьыр пщэдджыжь къэс псафэ щихукІэ, гъуэгур зэпызыупщІу ежэх псы цІыкІум кърихьэхыу хуэзэрт мэ дахэ къызыкІэрих мыІэрысэ плъыжь цІыкІухэм. БетІал ахэр къыхищыпыкІыурэ ишхырт. Ахэр апхуэдизкІэ игу ирихьати, зы махуэ гуэрым а мыІэрысэр зэрыт хадэм ихьэу и гуфІакІэм дэз къыпичауэ къелъэжыну зыщигъэхьэзырым, Хьэжым иубыдащ. Ар, тхьэм щхьэкІэ, къеуакъым, ауэ апхуэдизкІэ къигъэукІытати, къеуамэ нэхъ къищтэнут. Абы лъандэрэ Хьэжым и гугъу тщІыуэ идэртэкъым. ЦІыхугъэшхуэ хэлъу къыщІэкІат Хьэжым: фІыуэ къиужьыгущ, зы мыІэрысэ пэгуни къритри къиутІыпщыжат.

Псом хуэмыдэу лей Iей къызылъысар Умарт. Къуажэм дэсащ лIыжь хьэбыршыбыр гуэр, хьэсэпэхъумэу лажьэу. Ар апхуэдизкIэ бзаджэнаджэт, напэншэти, и бзаджэнаджагъэм и цIэр дэкIуэдыжри, дунейм ехыжыху цIыхухэр ЩIиргъкIэ къеджэу щытащ. Абы упэщIэхуамэ, къоплъынутэкъым, усабийми уцIыхубзми. ЩIопщкIэ къоуэнут. «ЩIиргъ къокIуэ», жаIамэ, цIыхур щIым щIэпщхьэным хуэдэт, апхуэдизкIэ игъэшынэрти. КIэртIофыпкъэ, нартыхупкъэ яутIыпщыжахэм утехьэу зы нартыхуи зы кIэртIофи къэпщтэну ухуиттэкъым, псори птрихынурэ уиубэрэжьынут. Мис а бзаджэнаджэм хуэзат Умар. ЯпэщIыкIэ абы ар шыбгъэкIэ кърихуэкIащ, иужькIэ щIалэм хуэмышэчыжу щыджалэм, щIопщкIэ къеухыурэ иубэрэжьащ, бригадирыр къыхуэзэу къытрихыжыху. Абы зыми унафэ къыхуищIатэкъым, гъавэ къыкIэрыхуахэр къыумыгъэщып, жиIэу. Ауэ езыр апхуэдизкIэ угъурсызт, напэншэти, цIыхум и зэран фIэкIа, и сэбэп лъыхъуэртэкъым. И хьэбыршыбырыгъэми текIуэдэжащ. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ.

Зэгуэрым абы къигъэувыIат цIыхубз гуп, кIэртIофщыпэ къикIыжу. Арати, япежьэри я пэгунхэр къатрихащ, иныкъуэхэми щIопщкIэ къахэуащ. Ари фIэмащIэу, цIыхубзхэм я гуфIакIэм дэIэбэну хуежьащ. Нэхъ хэкIуэтауэ зы цIыхубз яхэтти, ар щилъагъум, ЩIиргъым зыкъыхуигъэзащ:

– Зэ умыпIащIэ, ЩIиргъ, – жиIащ абы, – сэ зыгуэр бжесIэнущи, къедаIуэ. Уи щхьэр моуэ къехьэх.

ЩIиргъым лъахъшэ зыкъищIри, фызыр абы ехъуцэцащ:

– Пщэдей дэ зы джэд укIарэ зы бжьэрэ тIыгъыу дыкъыIухьэнщ, кхъыIэ, зыщIыпIи думыхуу, дутIыпщыж.

ЩIиргъри зыхуеиххэр арати, фызхэр къиутIыпщыжащ. ЕтIуанэ махуэм, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, ЩIиргъ и Iур игъаджэу шым тесу здэщытым, плъэмэ, къелъагъу дыгъуасэрей фыз гупыр къызэрыкIуэр. ЩIиргъ къэзыгъэгугъар къыбгъэдохьэри къыжреIэ:

– НакIуэ, ЩIиргъ, псыхъуэмкIэ ныдыхьэ, дэ Iэджэ къыпхуэтхьащ, удгъэтхъэжынущ.

ЩIиргъыр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ шым къепсыхащ. Фызым Iэлъэщ Iыр иубгъури:

– Моуэ тетIысхьэ зэкIэ, дэ Iэнэр иджыпсту къэдузэдынщ, – жиIащ.

Фызым ар жиIэн щиухым, ябгъукIэ къыщыт фызым и IэлъэщIыр ЩIиргъ и щхьэм фIипхъуэри, фIикъузыкIыжащ, абы зыри имылъагъун хуэдэу. Ар къеIат, къэтэджын и гугъэу, ауэ мыдрейхэр къежэри ирагухыжащ. И IитIри и лъакъуитIри япхри, мывэ хъурейрэ башкIэ яубэрэжьащ, цIыху мыхъужыну.

Абы и ужькIэ пIэхэнэ хъури, куэд мыщIэу дунейм ехыжащ, цIыхухэми я гум жьы дихужащ. Ауэ нобэр къыздэсым Умар «ЩIиргъ» псалъэр зэхих хъуркъым, къощтэри...

Мэлыл Iыхьэм дегъуу дыкъэтэджыжа нэужь, лъыхъуэн едгъэжьэжри, БетIал къигъуэтащ тепщэч хъуреишхуэ, кIэтIий гъэва зэпыгъэлъэлъа изу илъу.

– ФыкъакIуэ псынщIэу, – къэкIиящ БетIал.

Умаррэ сэрэ зитчауэ дыщыжэм, Умар зыгуэрым елъэпэуащ. Къищтэрэ еплъмэ, пIастэ тыкъырт тхылъымпIэм кIуэцIылъыр.

– Уэлэхьи, фIы дыдэ хъуамэ, – жиIащ БетIал. – КIэтIийм дэтшхынщ.

КIэтIийм и ужькIэ сэ къэзгъуэтащ джэдыл Iыхьищ зэрылъ пхъэ фалъэ. Ауэ сэ занщIэу си ныбжьэгъухэм яжесIащ:

– Уэлэхьи, мыбы щыщ зыри фэзмытыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди унагъуэм ерыскъы щIэлъкъым, мамэ къэкIуэжмэ, ишхыни ипщэфIыни диIэкъым.

Тхьэм щхьэкIэ, си ныбжьэгъухэр нэщхъ IейкIэ къызэплъа мыхъумэ, зыри къызжаIакъым.

Апхуэдэурэ дэ зыкъомрэ дыхэщыпыхьащ бригадирхэм я ныкъуэшххэм. ГъэщIэгъуэныракъэ, къэдгъуэтхэр псори IэкIуэлъакIуэу тхылъымпIэ кIуэцIышыхьат, итIани гурыIуэгъуэтэкъым, щхьэ къамыщтэжарэ. А гупсысэмкIэ БетIал зыщыхуэзгъазэм, мыращ къызжиIар:

– Сэ си гугъэщ абы и щхьэусыгъуэр къэсщIауэ. Мыдэ фыкъакIуэт...

Ар жиIэри, тIури и ужь диту дришэжьащ. Лъэбакъуэ зыбгъупщI ткIуа нэужь: «Феплъыт мыбы, – жиIащ, зэбгъурылъу щылъ птулъкIитIым баш цIыкIу иIыгъымкIэ теIэбэри. – Мы утхъуа хуэдэр «цырибон» жыхуаIэращ, мыдрейр – аркъэщ. Мыбдеж щысахэм мис мы тIур зэхакIэри, я щхьэм итыр ирихуащ, икIи бынунэм хуахьыну къагъэхьэзырахэри къащыгъупщащ. А тIур зэи зэхэпкIэ хъунукъым, делэ уещI».

– Ар уэ дэнэ щыпщIэр? – щIэупщIащ Умар.

– Слъэгъуащ си нитIкIэ, Мышэхэ я хьэгъуэлIыгъуэм сыщыкIуам. Зы щIалэжь гуэрым а фадитIыр зэхикIэри, унагъуэр бэлыхь хидзат...



Мы махуэм ди жагъуэ хъун гуэрхэр къытхуихьами, иужьым ди IутIыжыгъуэу зихъуэжри дытхъэжат.

Бригадирхэм я фIыщIэкIэ, мы тхьэмахуэм къриубыдэу ди ныбэ изу зэ дышхат. Ауэ сыт дымышхами, къытIэщIэщIа щIэщхъур ди гум къинауэ илъти, гукъыдэж лъэпкъ диIэтэкъым. ДызэпкърылэлУ, зым и ужь адрейр иту дыкъыздэкIуэжым, БетIал къызэплъэкIри Умар къегуоуащ:

– СлIо, ЩIиргъ, ушхэкъуауэ уземыкIуэжыфу ара? – жиIэри.

Асыхьэтым ди гугъащ Умар зыкъричу БетIал зыкъридзыну, арщхьэкIэ абы жиIар нэгъуэщIщ:

– КхъыIэ, мы тIыгъ ерыскъыхэр зэхэдвгъалъхьи, нобэрей фыз тхьэмыщкIэм хуэдвгъэхь, абы и сабий цIыкIу мыгъуэхэр Iэджэуи мэжалIэу къыщIэкIынщ.

Умар жиIам БетIал хигъэгупсысыхьащ. Иужьым къыпыгуфIыкIри:

– «Бынитху зиIэ фыз флъэгъуа?» жытIэу къуажэм дыхэбгъэтыну ара дыщIэупщIэу, хьэмэрэ уэ пцIыхурэ щыпсэур? – зыкъыхуигъэзащ Умар.

Ауэ Умари къикIуэтакъым:

– Сэ къэсцIыхужащ ар. ШкIэ къыдэсхуауэ сыхуэзауэ щытащ. Къалэжь лъапэ дежщ щыпсэур (арат бгыжь къыгуэуам дызэреджэр). ИтIанэ, абдеж щыпсэухэр унагъуэ зытIущ хъууэ аращи, пщIантIэм дыдыхьэм, Iэмал имыIэу сабийхэм я гъы макъ зэхэтхынущ.

Сыт тщIэнт, Умар апхуэдэу щытригъэчыныхьым, дэ тIури акъылэгъу дыхъури, щыми зэгъусэу зитчащ.

ЯпэщIыкIэ ерыскъыуэ тIыгъыу хъуар зэхэтлъхьэри, БетIал еттащ. Сыт хуэдэу щымытми, ар нэхъыжьт, цIыху бгъэдыхьэкIи нэхъ ищIэрт.

Къалэжь лъапэ дыкъыщысам, пэж дыдэу, зы пщIантIэ гуэрым сабий гъы макъ къыдэIукIыу зэхэтхащ.

– Къэдгъуэта хуэдэщ, – жиIащ БетIал, здэкIуэм къызэплъэкIри. – Фэ моуэ мыбдеж фыщыт, сэ нэхъ гъунэгъу зысщIынщи сыджэнщ.

БетIал и джэ макъыр зэхамыхыу, тIэу-щэ джащ. Зытэлай дэкIри, зыгуэрым бжэр къыIуихащ. Дыплъэмэ, нобэрей цIыхубзырат. Дэ зыкIэ дыкъэгуфIати! Ди шыпхъу гуэр дыхуэза фIэкIа пщIэнтэкъым. А тIум зэжраIахэр дэ зэхэтхакъым, ауэ ерыскъы хуэтхьахэр и IэплIэм илъу къыпыгуфIыкIыу цIыхубзыр щIыхьэжу щытлъагъум, ди гукъыдэжым зэуэ зыкъиIэтыжащ. Зы хьэлъэ гуэр ди плIэм дэхужа хуэдэ, хэтIэ-хэсэ тщIыуэ щIэддзащ, апхуэдизкIэ дыкъэгушхуэжати. «Хьэжы БетIал! Хьэжы БетIал!» – жытIэурэ дыкIийрт. БетIали, зэрифIэщкIэ дыхьэшх мыхъумэ, и жагъуэ ищIыртэкъым.

Арати, абдеж Хьэжыри, ЦIиргъри, Гуэгушри дызэрыубыдыжри, зыхэптIэнумэ, къеблагъэ!

ГуфIэгъуэшхуэм апхуэдизу дызэщIиубыдати, ди фэм щызу дахуапэу, ди ныбэ изу дагъэшха фIэкIа пщIэнтэкъым.

---



БАНЭХУ

Банэху си Iэпэм къыхэуауэ,
ХэзмылъагъукIыу селIэлIапэрт.
Мыузми ар сыхигъэзыхьу,
СыIэбэм, си псэр игъэбампIэрт.

Абдеж ущытти, гу слъыптауэ,
Псалъэншэу мастэр сIэпыбох.
Си Iэпэр щабэу бубыдауэ,
Банэхур хуэмурэ къыхох.

Куэд щIауэ банэр хэмылъыжми,
Си Iэ пIыгъар схуемыхьэхыж.
Уигу хуабэу къеуэр зыхэсщIами,
ТхьэIухудыр сэ узмыгъуэтыж.

Зэгуэр сыпхуэзэжыну сщIатэм,
Банэгу IэдакъэкIэ сIуэтынт.
Уэ Iэпэ щабэр сысей ухъутэм,
Си гум хэлъ банэр хэхужынт.

# ПСАЛЪЭЖЬУ ЗЭХЭЛЪ ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ





*ЕкIуэкIыу:* **6.** ... езыгъажьэ и щхьэ лажьэ хохуэж. **7.** ПщыIэ унэ сыкъыщалъхуи, ... лэгъунэ сыщылIэж. **9.** ... нэхърэ накъэпакъэ. **13.** Зи ... псэум тхьэр къеуащ. **14.** Мыдэф и ... кIыхьщ. **15.** ... насып зэхэгъэкIыпIэщ. **16.** Данэ ... зепхьэмэ, данэ ... зэIыпхыжынщ. **19.** Уи фызрэ ... уи дзыхь иумыгъэз. **21.** ... пщIар нэгъуэщIым пхуищIа хуэдэщ. **23.** ... зимыIэ щыIэкъым. **26.** ... зыдэсым фо дещIэ. **27.** ... дагъуищэ егъэпщкIу. **28.** ... зэребгъасэщ, нысэр зэресащ. **31.** ... лIа нэхърэ лIа ... . **33.** Бгъэр куэдрэ ..., и дамэр мэкъутэ. **34.** Жылэр зыгъашхэр шхын ... малIэ. **37.** ... — Iуданэ, убзэмэ — бзыхьэхуэ. **40.** ... зыщIи, итIанэ щIэлъэIу. **41.** ... дыджым гур егъэузри, хущхъуэ дыджым узыр

егъэхъуж. **42.** ... умыхъуу, къуажэ ухъункъым. **43.** ... нэужь бгъуэтыжыр ныбжьэгъущ. **46.** ЕмыкIури ... ищIэркъым. **47.** ... и пIалъэр ущыIущIэщ.

*Къехыу:* **1.** ... къохьэри, унэхьэ ireху. **2.** И адэм и ... и къуэм къыхохуэ. **3.** ... зэраукIа башщ. **4.** Зи ... зымыгъэфIам фIыкIэ ущымыгугъ. **5.** ... махуэщ, къэунэхури мазэщ. **8.** Уи адэ и ... гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ. **10.** ... пэт хьэхущ. **11.** Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ ... . **12.** Уи ... Iейми, нэхъыфI бгъуэтынкъым. **17.** ... Iутщ, бажэкIэ пытщ. **18.** Хамэ ... нэхърэ ди унэжь. **19.** ... щхьэкIэ щтапIэ сихьэжынкъым. **20.** ... нэхърэ шыпхъу нэф. **22.** Хьэ ... тIысыпIэншэщ. **24.** Уи ... уи нитIрэ. **25.** Джатэ и ... нанэ щыIэкъым. **29.** ... умыуэ, къоуэм ущымысхь. **30.** ТхьэмыщкIэм и псалъэ ... жыIэщ. **32.** ... лъэужьыншэ хъуркъым. **33.** Я нэхъыжь и ... я хъыджэбз екъутэ. **35.** ... гъунэ мэш щумыщIэ. **36.** Нэхъыжь кIэлъыджэркъым, ... . **38.** ... къэкIухьи, уи унэ ихьэж. **39.** ... угъуеялэщ. **43.** ... ирихьыр IэфIщ, фIыуэ плъагъур дахэщ. **44.** АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **45.** ... щыкъуеййм лъапцIэу ухэмыувэ.



---

**ЕплIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Шыбзыхъуэ. **6.** Зэрэгъыж. **9.** Джэдгъэф. **10.** Гъуэгухэр. **11.** Псы. **12.** ХьэIупэ. **14.** Елмэс. **18.** ЩIакIуэ. **20.** АдэкIэ. **21.** ЖьакIуэ. **23.** Къардэн. **24.** «Къэрабэ». **27.** Афэху. **29.** Абазэ. **31.** Къущхьэ. **32.** Зэгуэр. **33.** «Уэсят». **34.** «Нур». **35.** ТхьэIухуд. **37.** Акъсырэ. **39.** Вагъуэбаш. **41.** Къэрмокъуэ.

*Къехыу:* **1.** Жьы. **2.** Быдэ. **3.** Хъурзэ. **4.** Шы. **5.** ШэджыхьэщIэ. **7.** Жыраслъэн. **8.** Мысачэ. **13.** Псэ. **15.** Лыжь. **16.** Гуащэгъагъ. **17.** Къэрэгъэш. **19.** КIурацэ. **22.** Акъбащ. **25.** Гамзатов. **26.** Жэмтхьэлэ. **28.** Хужьэ. **30.** АфIэунэ. **31.** Къудэ. **36.** Хуабэ. **38.** Къарэ. **40.** Акъ. **42.** Къул.

# ЩЫГЪУЭ ПСАЛЪЭ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и культурэм, литературэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ: и ныбжьыр илъэс 66-м иту 2018 гъэм сентябрым и 1-м дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэта, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь ХьэIупщы МуIэед.

ХьэIупщы МуIэед ТIалэ и къуэр КъБАССР-м щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм 1952 гъэм декабрым и 20-м къыщалъхуащ. 1970 гъэм къуажэ школыр къиухри, илъэскIэ ухуакIуэ бригадэм щылэжьащ. 1971-1973 гъэхэм советыдзэм къулыкъу щищIащ. Абы щыгъуэщ МуIэед журналистикэм гу щыхуищIар. Ленинград военнэ округым къыдигъэкI «На страже Родины» газетым и тхыгъэхэр къытрыригъадзэурэ а IэщIагъэм дихьэхыпауэ абы къегъэзэж къыщалъхуа къуажэм.

Дзэ къулыкъур щIыхь пылъу зэфIэзыгъэкIа ХьэIупщыр КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щIотIысхьэ. Ар къиуха нэужь, я къуажэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ илъэситIкIэ щрегъаджэ. Литературэм пымыщIа нэгъуэщI лэжьыгъэхэми пэрытащ МуIэед. Ауэ, дэнэ щымыIами, абы тхэн Iуэхур зэи IэщIыб ищIакъым. 1981 гъэм куэд щIауэ здырагъэблагъэ радиокомитетым корреспонденту мэув. Журналист IэщIагъэм ехьэлIауэ къигъэлъагъуэ зэфIэкIхэм щхьэкIэ къулыкъукIэ драгъэкIуэтейуэрэ, абы IэнатIэ зыбжанэ зэблехъу: «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и консультантщ, жэуап зыхь и секретарщ, «Iуащхьэмахуэ» журналым публицистикэмкIэ и отделым и унафэщIщ. 2012 гъэм ХьэIупщыр пенсэм макIуэ, арщхьэкIэ, мазэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIауэ, а журнал дыдэм жэуап зыхь секретару ирагъэблэгъэж. А IэнатIэм ар пэрытащ дунейм ехыжыху.

МуIэед и Iэдакъэ къыщIэкIащ статьяхэр, очеркхэр, рецензэхэр, интервьюхэр. Урыс тхакIуэхэм я тхыгъэ зыбжани абы адыгэбзэм Iэзэу къригъэтIэсащ.

ХьэIупщым и новеллэхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэсауэ тхылъитI дунейм къытехьащ – «Къулъкъужын макъамэхэр», «Хуэрэджейр мэгъагъэ» жыхуиIэхэр. И ещанэ тхылъым и Iэрытхыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щIэлъщ, куэд мыщIэу къыдэкIын хуейуэ. Иджырей гъащIэм и лъэныкъуэ псори къыщIэгъэлъауэ къыщигъэлъэгъуэж роман зэритхми щыгъуазэ дищIат МуIэед. АрщхьэкIэ ар тхылъеджэхэм я пащхьэ ирилъхьэну хунэсакъым.

Дунейпсо тхыдэми, культурэми, литературэми, гъащIэм и адрей лъэныкъуэ куэдми фIыуэ хищIыкIт ХьэIупщым. Арагъэнт абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри купщIафIэ, щIэщыгъуэ, гуимыхуж щIэхъур.

Зи гупсысэр жан, зи гурыщIэр куу, зи анэдэлъхубзэр гугъэзагъэу зыгъэшэрыуэ тхакIуэт ар. Ди критикхэм гу зэрылъатащи, абы и творчествэр хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуащ ди лъэпкъ литературэм.

Акъыл гъэтIыса зиIэ, хабзэ, нэмыс зыхэлъ, и лэжьэгъухэми, и ныбжьэгъухэми, и унагъуэми, и Iыхьлы-благъэхэми яхуэгумащIэ, хузэфIэкIымкIэ дэтхэнэми дэIэпыкъуну хьэзыр цIыху щыпкъэт МуIэед.

И тхыгъэхэр, и IуэхущIафэхэр, и цIыхугъэ дахэр фэеплъу къытхуэзыгъэна ди ныбжьэгъуфIыр, тхакIуэ гъуэзэджэр икIи журналист Iэзэр дэ зэи дигу ихункъым.

Ахърэт нэху Тхьэм къыуит, МуIэед.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№5**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Истепанова Залина (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 02.10.18. Выход в свет 25.10.18
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.064 экз. Заказ №370
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Калюжнэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

*(1943)*

## СИ ХЭКУМ

Ухунэсакъым уэ къэплъхуну Гёте.
УхущIыхьакъым уэ къэплъхун Шекспир.
Насып щигуэшым щыгъуэ Алыхь дотэм,
Къуитат насыпу щыIэм я нэхъ ткIийр.

Къухьэпlэ пшэплъу, уи щIым телът мафIэсыр,
КъуэкIыпIэ пшэплъу, ипIэрт уилъкIэ щIыр.
Уи Iуащхьэмахуэ дыгъэр ныпу фIэлъу,
ИтIани гугъэм я нэхъыфIыр пщIырт.

Бэлыхьым, къуршу, уи плIэр къыдихуами,
Пщхьэрыхуу пыIэ, уи щхьэр мылъэхъша.
Шэм я нэхъ пщтыр и натIэм къытехуами,
Хуэпэжт уи мывэм уи бын мэхъэшар!

Къыумылъхуфами Гёте – ар къыпхуадэ,
Шекспир къыпщIэмыхъуами – къыпхуагъэгъу.
Ауэ уэ нобэ къыпщIэжа къуэпс-хадэр,
Си хэку, нэмысу игъуэ, умыгъэгъу!